KAJIAN FILOLOGI SÅHÅ PIWULANG *MORAL* WONTÊN ING *SÊRAT PIWULANG*

SKRIPSI

Dipunajêngakên dhatêng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

kanggé Njangkêpi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh

Gelar Sarjana Pendidikan

déning

Hasan Shiddiq

NIM 15205241024

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2020

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan "*Kajian Filologi* såhå Piwulang *Moral* wontên ing *Sêrat Piwulang*" mênikå sampun angsal palilah saking *Pembimbing* supados dipunujèkakên ing pandadaran

Yogyakarta, 13 Maret 2020

Ingkang nyarujuki

Pembimbing

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.
NIP 19610313 198811 2 002

PANGÊSAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kajian Filologi* Wontên ing *Sêrat Piwulang* mênikå sampun dipunandharakên wontên pandadaran sangajênging *Dewan Penguji* rikålå tanggal 15 Mei 2020 såhå dipuntêtêpakên lulus.

DEWAN PENGUJI

Asmå	***Jabatan***	**Tapak Asmå**	**Tanggal**
Dra. Hesti Mulyani, M.Hum	*Ketua Penguji*	……	28 Mei 2020
Avi Meilawati, S.Pd, M.A	*Sekretaris Penguji*	……	28 Mei 2020
Dr. Drs. Afendy Widayat ,M.Phill	*Penguji Utama*	……	28 Mei 2020

Yogtakarta, 29 Mei 2020
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Dr. Dra. Sri Harti Widyastuti ,M.Hum
NIP. 19621008 198803 2 001

WÊDHARAN

Ingkang *tanda tangan* wontên ing ngandhap mênikå, kulå:

Nåmå : Hasan Shiddiq

NIM : 15205241024

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharakên bilih *karya ilmiah* mênikå sêratan kulå piyambak. Samangrêtos kulå, *karya ilmiah* mênikå isinipun botên dipunsêrat déning tiyang sanès, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kulå pêndhêt minångkå *acuan* kanthi adhêdhasar tåtå cårå såhå *etika* nyêrat *karya ilmiah* ingkang limrah.

Sêratan ing wêdharan mênikå kasêrat kanthi saèstu. Manawi kasunyatanipun kabuktèn bilih wêdharan mênikå botên lêrês, bab mênikå dados tanggêl jawab kulå pribadi.

Yogyakarta, 13 Maret 2020

Panyêrat

Hasan Shiddiq

NIM 15205241024

SÊSANTI

Teruslah melangkah ke depan meskipun kamu sering jatuh (Ibu Sumaryati)

PISUNGSUNG

Skripsi mênikå kulå pisungsungakên dhatêng tiyang sêpuh kulå Bapak Joko Susiono såhå Ibu Sumaryati ingkang sampun paring panyêngkuyung såhå dongå pangèstu satêmah *skripsi* mênikå sagêd karampungakên

PRAWACÅNÅ

Alhamdulillahirabbil'alamin, panyêrat ngaturakên puja såhå puji sukur dhumatêng Allah SWT, ingkang sampun paring kasarasan, kanikmatan, såhå kabêgjan dhatêng panyêrat, satêmah *karya ilmiah* kanthi irah-irahan *Kajian Filologi* såhå piwulang *moral* wontên *Sêrat Piwulang* mênikå sagêd kasêrat kanthi lancar. Ing kalodhangan mènikå, panyêrat ugi ngaturakên agunging panuwun dhatêng

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa ,M.Pd minångkå Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wêkdal kanggé sinau wontên Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni
2. Ibu Dr. Dra. Sri Harti Widyastuti ,M.Hum minångkå Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan kanggé nglampahi panalitèn mênikå
3. Bapak Dr. Drs. Afendy Widayat ,M.Phil minångkå Pangarså Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kanggé nglampahi panalitèn mênikå
4. Ibu Dra. Hesti Mulyani ,M.Hum minångkå *dosen pembimbing* ingkang sampun paring *bimbingan skripsi*, piwulang, tlatos anggènipun nuntun, såhå pandongå dhatêng panyêrat.
5. Bapak Drs. Hardiyanto ,M.Hum minångkå dosen pembimbing akademik ingkang sampun paring bimbingan sadanguning kulå sinau wontên ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Bapak-Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh, piwulang, såhå wêjangan murakabi dhatêng panyêrat
7. *Staf* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu *administrasi perkuliahan* dhatêng panyêrat.
8. *Petugas Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang* ingkang sampun paring pambiyantu dhatêng panaliti kanggé nindakakên *pengamatan langsung naskah Sêrat Piwulang*
9. Tiyang sêpuh kulå, Bapak Joko Susiono såhå Ibu Sumaryati, panyêrat ngaturakên agunging panuwun awit saking paringipun dongå pangèstu, såhå wêjangan-wêjanganipun, satêmah panyêrat sagêd mujudakên *skripsi* mênikå.

10. Sadhèrèk kulå, Mas Yanuar Eko Suryatmaja såhå Dhik Asyam Aziz ingkang sampun paring panyêngkuyung, satêmah panyêrat sagêd ngrampungakên *skripsi* mênikå.
11. Kåncå-kåncå Kelas A PBD 2015 utawi Paguyuban Astråkårå ingkang sampun sukå panjurung såhå pandonganipun anggèn kulå nyêrat *skripsi* mênikå.
12. Sadåyå *pihak* ingkang botên sagêd kulå sêbutakên, ingkang sampun paring panyêngkuyung, panjurung, såhå pandonganipun dhatêng panyêrat.

Têmtu kémawon *skripsi* mênikå ingkang dipundamêl déning panyêrat dèrèng sagêd, amargi taksih wontên kêkirangan såhå lêpatipun. Pramilå, sadåyå pamrayogi såhå panyaruwé saking pårå pamaos tansah katampi kanthi bingahing manah såhå atur agunging panuwun. Salajêngipun ingkang pungkasan, panyêrat tansah ndêdongå såhå gadhah pangajab mugi *skripsi* mênikå sagêd murakabi mungguing pårå pamaos.

Yogyakarta, 13 Maret 2020

Panyêrat,

Hasan Shiddiq

PRATÉLAN ISI

kåcå

IRAH-IRAHAN …… i

PASARUJUKAN ……. ii

PANGÊSAHAN…… iii

WÊDHARAN ……...……..... iv

SÊSANTI ……. v

PISUNGSUNG ……. vi

PRAWACÅNÅ …… vii

PRATÉLAN ISI ……... ix

PRATÉLAN *TABEL* ……..... xii

PRATÉLAN GAMBAR …… xiv

PRATÉLAN CUPLIKAN ……..... xv

PRATÉLAN CÊKAKAN ……. xvi

PRATÉLAN *BAGAN* ……... xvii

PRATÉLAN *LAMPIRAN* ……. xviii

PANDOM *EJAAN* ……... xix

SARINING PANALITÈN ……... xxi

BAB I PURWÅKÅ

A. Dhasaring Panalitèn ……..... 1

B. Undéraning Prakawis ……. 7

C. Watêsaning Prakawis …..…… 8

D. Wosing Panalitèn …….. 8

E. Ancasing Panalitèn ……..…… 9

F. Paédahing Panalitèn ……..…….. 9

G. Pangrêtosan Têmbung-têmbung ing Irah-irahan ……..... 10

BAB II GÊGARAN *TEORI*

A. *Teori* ingkang Dipunginakakên …….. 12

B. *Filologi* …… 12

1. Pangrêtosan *Filologi* ……..... 12

2. Ancasipun *Filologi* …….. 13

3. *Aliran Filologi* ……. 14
a. *Aliran Filologi Tradisional* ……..... 14
b. *Aliran Filologi Modern* ….……. 15
4. *Objek* Panalitèn *Filologi* …….…….. 16
a. *Naskah* …… 16
b. *Teks* ……. 17
5. Lampahing Panalitèn *Filologi* ……... 19
a. *Inventarisasi Naskah* …… 19
b. *Deskripsi Naskah* ……. 20
c. *Alih Tulis* …….. 23
1) *Transkripsi* ……. 23
2) *Transliterasi* ……... 24
d. *Suntingan Teks* ……. 24
1) *Teori Suntingan Teks* …….. 25
2) *Aparat Kritik* ……... 26
e. *Terjemahan Teks* …….. 26
f. Pangrêmbag Isining *Teks* …….. 27
C. Piwulang *Moral* ……. 28
D. Panalitèn ingkang Jumbuh ……. 30

BAB III CÅRÅ PANALITÈN

A. Jinising Panalitèn ……. 32
B. *Sumber Data* Panalitèn …… 33
C. Cårå Ngêmpalakên *Data* ……. 33
D. *Instrumen* Panalitèn ……. 38
E. *Teknik* Ngêsahakên *Data* ….…… 42
F. *Teknik Analisis Data* ……..…….. 43

BAB IV ASILING PANALITÈN SÅHÅ PANGRÊMBAGIPUN

A. *Inventarisasi Naskah Sêrat Piwulang* …….. 45
B. *Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang* …… 45
C. *Transkripsi Teks* …… 53
D. *Transliterasi Teks*, *Suntingan Teks* wontên ing *Naskah Sêrat Piwulang* . 54

a. Pandom *Transliterasi* …… 54
b. Pandom *Suntingan* …… 67
c. Asiling *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks* wontên ing *Naskah Sêrat Piwulang* ……... 67
d. *Aparat kritik* ing *teks* wontên *naskah Sêrat Piwulang* ……. 118
e. Temuan sêratan ingkang lêpat …….. 124
f. *Ciri khas* sêrataning …….. 126

E. *Terjemahan* såhå Cathêthan *Terjemahan Teks* wontèn ing *Naskah Sêrat Piwulang* ……... 128
1) *Terjemahan Teks* wontèn ing *Naskah Sêrat Piwulang* ……... 128
2) Cathêthan *Terjemahan Teks* wontên ing *Naskah Sêrat Piwulang* .. 183

F. Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang* såhå Pangrêmbagipun …… 185
1. Piwulang manungså dhumatêng Gusti …… 189
2. Piwulang manungså dhatêng sêsami ……... 202
3. Piwulang manungså tumrap piyambakipun ……. 219

BAB V PANUTUP

A. Dudutan …… 257
B. *Implikasi* ……... 260
C. Pamrayogi ……... 260

KAPUSTAKAN 262
LAMPIRAN ……... 268

PRATÉLAN *TABEL*

kåcå

Tabel 1: *Inventarisasi naskah*……. 4

Tabel 2: Deskripsi panalitèn ingkang jumbuh…… 30

Tabel 3: *Kartu Data Asiling Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang*……. 39

Tabel 4: *Kartu Data Transliterasi* såhå *Suntingan Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang*…… 41

Tabel 5: *Kartu Data* Asiling *Terjemahan Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang*.. 42

Tabel 6: *Kartu Data Aparat Kritik* wontên ing *Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang*……. 42

Tabel 7: *Kartu Data* Piwulang *Moral* saking *Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang*……. 42

Tabel 8: Asiling *Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang*…….. 46

Tabel 9: Katrangan Sajawinipun *Teks*……... 52

Tabel 10: Aksårå Lêgênå såhå Pasanganipun…… 55

Tabel 11: Aksårå Murdå…… 57

Tabel 12: Panyêrating Aksårå Murdå ingkang botên trêp……. 58

Tabel 13: Aksårå swårå…….. 59

Tabel 14: Sandhangan swårå……. 59

Tabel 15: Sandhangan panyigêging wandå……... 60

Tabel 16: Sandhangan wyanjånå……... 60

Tabel 17: Têmbung dwilinggå……..……. 61

Tabel 18: Têmbung dwipurwå……... 61

Tabel 19: Têmbung *homorgan*……... 62

Tabel 20: Sêrataning hå antêp…… 62

Tabel 21: Sêrataning hå ampang…… 62

Tabel 22: Panyêrating vokal o nasal dipunsêrat dados vokal å……. 63

Tabel 23: Tulådhå Panyêrating /ê/ pêpêt såhå /e/ taling…… 63

Tabel 24: *Afiksasi*…….. 64

Tabel 25: Aksårå kapital minångkå aksårå pisanan ingkang nêdahakên tiyang……. 65

Tabel 26: Aksårå kapital minångkå aksårå pisanan ingkang nêdahakên papan……. 65

Tabel 27: Panganggéning tåndhå pamaos…….…… 65

Tabel 28: *Transliterasi Standar* såhå *Suntingan Teks Edisi Standar Teks* wontên ing *Naskah Sêrat Piwulang*…….. 68

Tabel 29*: Aparat Kritik*……. 119

Tabel 30: *Temuan* sêratan ingkang lêpat…….. 124

Tabel 31: *Ciri khas* Sêrataning *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*……... 127

Tabel 32: Asiling *Terjemahan Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*……..... 128

Tabel 33 : Pårågå wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*…… 185

Tabel 34: Piwulang *Moral* antawisipun Manungså dhumatêng Gusti…… 189

Tabel 35: Piwulang *Moral* antawisipun Manungså dhatêng Sêsami…….. 202

Tabel 36: Piwulang *Moral* antawisipun Manungså tumrap Piyambakipun.... 219

PRATÉLAN GAMBAR

kåcå

Gambar 1: *Sampul depan naskah Sêrat Piwulang*…….. 2

PRATÉLAN CUPLIKAN

kåcå

Cuplikan 1 *ragam* aksårå Jåwå ngêtumbar…….. 19

Cuplikan 2 Sêratan "*Serat Piwulang*"……... 48

Cuplikan 3 sêratan aksårå Latin wontên *samak dalam Sêrat Piwulang*…… 50

Cuplikan 4 Nomêring kåcå (kåcå 9) *naskah Sêrat Piwulang*…… 51

Cuplikan 5 Tuladhanipun panyêrating *transkripsi teks*……. 54

PRATÉLAN *BAGAN*

kåcå

Bagan 1: Såråsilah parågå *teks tinimbang asor aluwung ngluhurakên badanipun* …..……..……..... 187

Bagan 2 : Såråsilah kakluargan wontên *teks cariyosipun tiyang ngantêpi sêdyå*.……..……... 187

Bagan 3 : Såråsilah kakluargan wontên *teks cariyos nglampahi padamêlan ingkang dipunsagêdi sartå dipunrêmêni*…….. 187

Bagan 4 : Såråsilah kakluargan wontên *teks pangaosipun kasagêdan* ……...188

PRATÉLAN CÊKAKAN

No. : Nomêr

LAMPIRAN

kåcå

Lampiran I : Sêratan Cithak *Teks Sêrat Piwulang* ingkang Kasimpen ing *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang*……... 266

Lampiran II : *Asiling Transkripsi Teks Sêrat Piwulang* ……. 316

Lampiran III : Layang Idin Panalitèn ing *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang*…… 428

PANDOM *EJAAN*

Pandom *ejaan* ingkang dipunginakakên wontên ing *karya ilmiah* mênikå wontên kalih, inggih mênikå pandom *ejaan* kanggé båså Indonésia såhå pandom *ejaan* kanggé båså Jawi. Pandom éjaan båså Indonésia sadayanipun ngginakakên *Ejaan Bahasa Indonesia yang Disempurnakan (EyD)*. Wondéné pandom *ejaan* båså Jawi sakêdhik radi nyêbal saking *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Balai Penelitian Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta, 1991), inggih mênikå tåndhå ê kanggé nyêrat fonem / ə / ugêlipun ê kados ing têmbung sêgêr "*segar*", tåndhå é kanggé nyêrat fonem / e / ungelipun é kados ing têmbung méjå "*meja*", såhå tåndhå è kanggé nyêrat fonem / æ / ungêlipun è kados ing têmbung golèk "*mencari*". Sasanèsipun mênikå tåndhå å kanggé nyêrat fonem / ɔ / ungêlipun å kados ing têmbung sartå "*serta*".

Irah-irahan *naskah* såhå pêthikan-pêthikan abåså Jawi ngginakakên *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* kanggé nggampilakên panyêratipun. Ananging, kanggé aksårå e ngginakakên tåndhå ê kanggé nyêrat fonem / ə /, tåndhå é kanggé nyêrat fonem / e /, ugi ngginakakên tåndhå è kanggé nyêrat fonem / æ /, såhå aksårå a (lêgênå) ngginakakên tåndhå å kanggé nyêrat fonem / ɔ /.

Sadåyå irah-irahaning buku ingkang kasêrat mawi aksårå Latin ingkang ngginakakên ejaan sadèrèngipun *EyD*, têtêp kasêrat mênåpå wontênipun murih têtêp kajagi aslinipun, ugi supados botên nuwuhakên salah tapsir. Kanggé irah-irahaning buku utawi *naskah* sêratan aksårå Jåwå kajumbuhakên kaliyan *EyD*.

KAJIAN FILOLOGI SÅHÅ PIWULANG *MORAL* WONTÊN *SÊRAT PIWULANG*

déning: Hasan Shiddiq
NIM 15205241024

SARINING PANALITÈN

Ancasing panalitèn mênikå kanggé: (1) ngandharakên asiling *inventarisasi naskah Sêrat Piwulang*, (2) ngandharakên *deskripsi naskah Sêrat Piwulang*, (3) ndamêl *transkripsi teks Sêrat Piwulang*, (4) ndamêl *transliterasi teks Sêrat Piwulang*, (5) ndamêl *suntingan teks Sêrat Piwulang*, (6) ndamêl *terjemahan teks Sêrat Piwulang*, såhå (7) ngandharakên *piwulang moral* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*.

Panalitèn mênikå ngginakakên *metode* panalitèn *filologi modern* såhå *metode* panalitèn *filologi deskriptif*. *Metode* panalitèn *filologi* dipunginakakên kanggé nggarap *naskah Sêrat Piwulang* ingkang kasêrat mawi aksårå Jåwå cithak. *Metode* panalitèn *deskriptif* dipunginakakên kanggé ngandharakên *naskah Sêrat Piwulang* kanthi *objektif*. *Sumber* panalitèn mênikå, *naskah Sêrat Piwulang koleksi Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang*. *Teknik* ngêmpalakên *data* ing panalitèn mênikå ngginakakên lampahing panalitèn *filologi*, inggih mênikå *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah*, *transkripsi teks*, *transliterasi teks*, *suntingan teks*, såhå *terjemahan teks*. Salajêngipun isining *teks* dipun-*analisis* ngginakakên *analisis deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakakên, inggih mênikå *reliabilitas inttrarater* såhå *interrater*.

Asiling panalitèn mênikå ngandharakên pitung bab. Sapisan, kapanggihakên satunggal *eksemplar naskah Sêrat Piwulang* ingkang kasimpen ing *Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang*. Kaping kalih, kawontênaning (*deskripsi*) *naskah Sêrat Piwulang* taksih saé, sêratanipun taksih cêthå, såhå gampil dipunwaos. Kaping tigå, *transkripsi teks* dipungarap kanthi ngginakakên *metode transkripsi diplomatik*. Sakawan, *transliterasi teks* dipungarap kanthi ngéwahi sêratan aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin adhêdhasar *Ejaan yang Disempurnakan*. Gangsal, *suntingan teks* ngginakakên *metode suntingan edisi standar*, wondéné sadåyå éwah-éwahan ing *suntingan teks* kaandharakên ing *aparat kritik*, *temuan* sêratan, såhå *ciri khas* sêrataning *teks*. Enêm, *terjemahan teks* dipungarap kanthi ngginakakên *metode terjemahan harfiah*, *terjemahan isi*, såhå terjemahan *bebas*. Sadåyå *metode terjemahan* mênikå dipungarap kanthi *kontekstual*. Ing *terjemahan teks*, wontên têmbung-têmbung ingkang wontên cathêthan *terjemahan*-ipun kanggé nggampilakên nêgêsi têmbung-têmbung ingkang angèl dipun-*terjemah*-akên kanthi kasêrat *alternatif pemahaman*-ipun. Pitu, asiling ngrêmbag isining teks *Sêrat Piwulang* kapanggihakên tigang jinis piwulang *moral*, inggih piwulang *moral* manungså dhumatêng Gusti, piwulang *moral* manungså dhatêng sêsami, såhå piwulang *moral* manungså tumrap piyambakipun.

Pamijining têmbung: *filologi*, piwulang *moral*, *Teks Sêrat Piwulang*

BAB I

PURWÅKÅ

A. Dhasaring Panalitèn

Wontên ing nagari Indonesia mliginipun wontên ing tanah Jawi, kathah pintên-pintên têtilaran kabudayan saking pårå lêluhur. Ing jaman rumiyin, têtilaran leluhur wontên ingkang awujud wêwangunan såhå sêratan. Ingkang awujud wêwangunan, inggih mênikå candhi, pêtilasan, mêsjid, lan sanès-sanèsipun. Wondéné têtilaran ingkang awujud sêratan, inggih mênikå *naskah*, *prasasti*, *dokumen*, lan sanès-sanèsipun. Salah satunggaling têtilaranipun pårå lêluhur ingkang awujud sêratan, inggih mênikå *naskah*.

Naskah inggih mênikå salah satunggaling karyå ingkang kasêrat mawi tangan (carik) ingkang asli mênåpå déné salinanipun (Darusuprapta, 1984: 1). Wondéné jinising *naskah* inggih mênikå carik, cithak, såhå lésan. Behrend (1990: X-XIII) ngandharakên bilih salêbêting *naskah* Jawi tamtu ngêwrat mawarni-warni jinis *naskah* adhêdhasar andharaning *teks*-ipun ingkang kapérang dados 14, inggih mênikå (1) *sejarah*, (2) *silsilah*, (3) *hukum*, (4) bab ringgit, (5) sastrå, (6) sastrå ringgit, (7) piwulang, (8) Islam, (9) primbon, (10) båså, (11) *musik*, (12) *tari-tarian*, (13) *adat istiadat*, såhå (14) *lain-lain*. Wondéné *naskah* adhêdhasar dhapukaning *teks* wontên tigå, inggih mênikå gancaran, sêkar, såhå *drama*.

Naskah-naskah kinå mênikå kasimpên wontên ing bêbadan pamaréntah ingkang ancasipun kanggé nglêstantunakên warisan asiling kabudayan. Bêbadan pamaréntah mênikå antawisipun, inggih mênikå *perpustakaan* såhå *museum*.

Wontên ing sapérangan papan ugi dipunpanggihakên bilih *naskah-naskah* kinå mênikå kasimpên déning tiyang pribadi.

Saking pintên-pintên jinis *naskah* adhêdhasar andharaning *teks*, wontên sapérangan *naskah* ingkang ngêwrat *teks* piwulang. *Teks* piwulang, inggih mênikå ngandharakên bab ajaran tiyang salèh, suci, såhå wicaksånå (Behrend, 1990: XI). Salah satunggaling *naskah* ingkang ngêwrat piwulang inggih mênikå *Sêrat Piwulang*. *Naskah Sêrat Piwulang*, inggih mênikå salah satunggaling *naskah* ingkang kasimpên ing *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang* kanthi *kode* 8 X 2.2 Pra s.



Gambar 1: *Sampul depan naskah Sêrat Piwulang*

Wondéné wontên pérangan *samak* kasêrat makatên. *Naskah Sêrat Piwulang* mênikå kaanggit déning Mas Prawirasudirja såha *naskah* mênikå

kacithak déning Indonesische Drukkerij taun 1917. *Naskah Sêrat Piwulang* mênikå ngêwrat andharan ingkang dipunsêbut *teks* ingkang prêlu dipunlêstantunakên.

Teks ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, inggih mênikå *teks* ingkang ngandharakên kawruh ing pagêsangan. *Teks* mênikå dipunpérang dados sakawan bab, inggih mênikå (1) Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun, (2) Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdya, (3) Cariyos anglampahi padamêlan ingkang dipunsagêdi sarta dipunrêmêni, såhå (4) Pangaosipun kasagêdan (Prawirasudirja, 1917: 48). Wontên ing panalitèn mênikå, sadåyå *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kadadosakên *objek* panalitèn *filologi*.

Salah satunggal lampahing panalitèn ingkang sagêd dipuntindakakên, inggih mênikå lampahing panalitèn *filologi*. *Filologi* inggih mênikå salah satunggaling ngèlmi ingkang gêgayutan kaliyan wohing karyå sinêrat ingkang ngêwrat bab båså, kasusastran, såhå kabudayan. Wondéné lampahing panalitèn filologi inggih mênikå: (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah*, (3) *transkripsi*, (4) *transliterasi*, (5) *suntingan* teks, såhå (6) *terjemahan teks*. Salajêngipun, isining *teks* dipunrêmbag kanthi ngginakakên ngèlmi budåyå, mliginipun ngèlmi piwulang *moral*.

Ancasing ngandharakên *inventarisasi naskah*, inggih mênikå kanggé mangrêtosi mênåpå inggih wontên *naskah* sajinis, dipunsimpên wontên pundi kémawon, såhå jumlahipun pintên. Salajêngipun, kanggé ndamêl *inventarisasi naskah Sêrat Piwulang*, dipunlampahi kanthi *studi katalog* såhå *pengamatan*

langsung kawontênaning *naskah*. *Studi katalog* dipunlampahi kanthi madosi katranganipun *naskah* adhêdhasar *katalog*. Asiling saking *studi katalog* såhå *pengamatan langsung* wontên papan panyimpêning *naskah*, kapanggihakên satunggal *eksemplar naskah Sêrat Piwulang*. Salajêngipun, kaandharakên papan panyimpêning *Sêrat Piwulang* såhå minångkå *Inventarisasi naskah Sêrat Piwulang* ing panalitèn mênikå.

Tabel 1*: *Inventarisasi naskah

No.	**Papan Panyimpêning *Naskah* adhêdhasar *studi katalog***	***Kode Naskah***	**Jumlah**
1.	Perpustakaan Museum Sonobudoyo Yogyakarta (Behrend, 1990)	-	-
2.	Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta (Tim Penyusun, 2016)	-	-
3.	Perpustakaan Balai Bahasa Yogyakarta (Haryati, 2016)	-	-
4.	Perpustakaan Rumah Budaya Tembi Bantul (Kusalamani, 2003)	-	-
5.	Perpustakaan Kraton Yogyakarta (Lindsay, 1994)	-	-
6.	Perpustakaan Pura Pakualaman (Saktimulya, 2005)	-	-
7.	Perpustakaan Nasional Republik Indonesia Jakarta (Behrend, 1998)	-	-
8.	Fakultas Sastra Universitas Indonesia Depok (Behrend, 1997)	-	-
9.	Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang	8 X 2.2 Pra s	1
Jumlah total* asiling *Inventarisasi Naskah			1

Naskah Sêrat Piwulang kapanggihakên ing *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang.* Kawontênaning *naskah Sêrat Piwulang* taksih saé såhå jangkêp, sêratanipun taksih sagêd kawaos, botên wontên kåcå ingkang

ical, kertas-ipun taksih saé. Ananging, wontên *sampul naskah* pérangan ngandhap ingkang bolong, nanging botên wontên *pengaruh* tumrap *naskah Sêrat Piwulang*.

Adhêdhasar andharan ing nginggil, *Sêrat Piwulang* sagêd dipundadosakên *sumber* panalitèn *filologi*. Panalitèn mênikå kaangkah supados piwulang *moral* ingkang kawrat wontên ing *Sêrat Piwulang* sagêd dipunsinaoni, dipunmangrêtosi, såhå dipuncakakên déning masarakat. Dhasar pamilihing *Sêrat Piwulang* dados *sumber* panalitèn *filologi* mènikå wontên gangsal prakawis, Prakawis-prakawis kasêbut kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1. *Sêrat Piwulang* mênikå *teks*-ipun kasêrat kanthi dhapukan gancaran utawi *prosa*. Pramilå, sagêd nggampilakên anggènipun mangrêtosi isining *naskah* tinimbang *naskah* ingkang dipunsêrat mawi dhapukan sêkar.
2. Kawontênaning *naskah Sêrat Piwulang* taksih saé. Pramilå, anggénipun maos såhå ndamêl *alih tulis*-ipun sagêd langkung gampil.
3. Saking asiling s*tudi katalog*, *pengamatan langsung*, såhå *pengecekan internet*, *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* mênikå dèrèng naté dipungarap kanthi lampahing panalitèn *filologi*. Pramilå, dèrèng dipunasilakên lampahing panalitèn *filologi* minångkå asiling panalitèn *filologi*.
4. *Teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* ngêwrat bab piwulang *moral*, ingkang wontên gayutanipun manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng sêsami, såhå manungså tumrap piyambakipun. Pramilå, bab mênikå kêdah dipunmangrêtosi déning masarakat minångkå salah satunggaling kawruh kanggé nggayuh pagêsanganipun.

5. Kanthi naliti *naskah Sêrat Piwulang* såhå isining *teks*-ipun, dados salah satunggaling upåyå kanggé nglêstantunakên budåyå Jawi, mliginipun *naskah* såhå *teks*.

Teks ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* mênikå awujud sêratan cithak mawi aksårå Jåwå ingkang sampun botên umum dipunmangrêtosi déning sapérangan masarakat jaman samênikå. Pramilå *teks*-ipun dipundamêl *alih tulis*-ipun kanthi ndamêl *transkripsi* såhå *transliterasi*. Ancasipun ndamêl *transkripsi* supados kanggé nglêstantunakên aksårå Jåwå såhå ndamêl *transliterasi* sagêd kawaos déning masarakat ingkang dèrèng paham sêratan mawi aksårå Jåwå.

Sasampunipun ndamêl *alih tulis*, salajêngipun inggih ndamêl *suntingan teks* kanthi *aparat kritik*-ipun. Ancasipun ndamêl *suntingan teks*, inggih mênikå kanggé ngéwahi sêrataning *teks* såhå langkung sagêd dipunmangrêtosi déning pamaos. Ananging, wontên ing *suntingan* kasêbut taksih têtêp nyêrat sêrataning *teks* ingkang dados *ciri khas*-ipun.

Sasampunipun dipundamêl *alih tulis* såhå *suntingan teks*, taksih wontên prakawis ngéngingi basanipun. *Teks*-ipun ugi dipundamêl alih båså utawi *terjemahan*-ipun. Wondéné ancasing ndamêl *terjemahan*, inggih mênikå supados isinipun sagêd dipunmangrêtosi déning tiyang ingkang botên mangrêtos båså Jawi. Sasampunipun ndamêl *terjemahan teks*-ipun, salajêngipun inggih ndamêl *analisis* isining *teks*-ipun ingkang kajumbuhakên kaliyan ngèlmi budåyå, mliginipun bab piwulang *moral* supados sagêd maédahi mungguhing gêsangipun masarakat.

Têmbung budåyå asalipun saking båsâ *Sansekerta* "*buddhayah*", têmbung jamak saking "*budhi*" ingkang ngêwrat têgês *budi* utawi *akal* (Koentjaraningrat, 2009: 146). Pramilå, têmbung budåyå atêgês *pikiran* utawi akal budi, *adat istiadat* ingkang sampun dados pakulinan.

Piwulang *moral* prêlu dipuntaliti, amargi piwulang *moral* mênikå bab ingkang wigatos. *Moral* mênikå tamtu wontên gayutipun kaliyan budi pêkêrti såhå kasagêdan nêmtokakên lêrês mênåpå lêpatipun tumindak. Kajawi mênikå, kanthi naliti satunggaling *teks Sêrat Piwulang* ingkang dipunsêrat mawi aksårå Jåwå sagêd dados satunggaling upåyå nglêstantunakên budåyå Jawi.

B. Undêraning Prakawis

Adhêdhasar saking dhasaring panalitèn ingkang sampun kaandharakên ing nginggil, pramilå sagêd dipunpêndhêt undêraning prakawis ingkang gayut kaliyan *naskah Sêrat Piwulang*. Undêraning prakawis ingkang prêlu kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

1. Prêlunipun ngandharakên *inventarisasi naskah Sêrat Piwulang.*
2. *Deskripsi naskah Sêrat Piwulang* ingkang prêlu kaandharakên.
3. Prêlunipun ndamêl *transkripsi teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*
4. Prêlunipun ndamêl *transliterasi teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*
5. Prêlunipun ndamêl *suntingan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*

6. Prêlunipun ndamêl *terjemahan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*
7. Wigatosing piwulang *moral* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*

C. Watêsaning Prakawis

Ngèngingi kathahipun undêraning prakawis ing nginggil jumbuh kaliyan panalitèn mênikå, pramilå sadåyå prakawis-prakawis ingkang kaandharakên prêlu dipunwatêsi. Wondéné watêsaning prakawis ing panalitèn mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Inventarisasi naskah Sêrat Piwulang.*
2. *Deskripsi naskah Sêrat Piwulang.*
3. *Transkripsi teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*
4. *Transliterasi teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*
5. *Suntingan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*
6. *Terjemahan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*
7. Piwulang *moral* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*

D. Wosing Prakawis

Adhêdhasar saking undêraning prakawis såhå watêsaning prakawis wonten ing nginggil mênikå. Wosing prakawis ing panalitèn mênikå kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

1. Kadospundi *inventarisasi naskah Sêrat Piwulang*?
2. Kadospundi *deskripsi naskah Sêrat Piwulang*?
3. Kadospundi *transkripsi teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*?

4. Kadospundi *transliterasi teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*?
5. Kadospundi *suntingan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*?
6. Kadospundi *terjemahan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*?
7. Menåpå kémawon piwulang *moral* wontên ing *teks Sêrat Piwulang*?

E. Ancasing Panalitèn

Adhêdhasar wosing panalitèn ing nginggil mênikå, katamtokakên ancasing panalitèn mênikå. Wondéné ancasing panaliten mênikå kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1. Ngandharakên asiling *inventarisasi naskah Sêrat Piwulang*.
2. Ngandharakên *deskripsi naskah Sêrat Piwulang*.
3. Ndamêl *transkripsi teks Sêrat Piwulang*.
4. Ndamêl *transliterasi teks Sêrat Piwulang*.
5. Ndamêl *suntingan teks Sêrat Piwulang*.
6. Ndamêl *terjemahan teks Sêrat Piwulang*.
7. Ngandharakên *piwulang moral* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*.

F. Paédahing Panalitèn

Asiling panalitèn mênikå kaajab sagêd dados piwulang kanggé sadåyå tiyang ingkang maos panalitèn mênikå. Wondéné paédahing panaliten kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. Lampahing panalitèn *filologi* mênikå sagêdå nambahi sêsêrêpan panalitèn tumrap *naskah Sêrat Piwulang.*

b. Asiling *transkripsi teks* ingkang kawrat ing *naskah Serat Piwulang* sagêdå kanggé nglêstantunakên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang.*

c. Asiling *transliterasi* såhå *suntingan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* sagêd nggampilakên pamaos ingkang kirang paham bab aksårå Jåwå.

d. Asiling *terjemahan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* mawi basa *Indonesia* kaajab sagêd nggampilakên anggènipun mangrêtosi isining *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, mliginipun tiyang ingkang taksih dèrèng paham bab båså Jawi.

e. Asiling pangrêmbag wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* mênikå kaajab sagêd nambah pangrêtosan ngèlmi piwulang *moral* ingkang kawrat wontên ing *naskah Sêrat Piwulang.*

G. Pangrêtosan Têmbung-têmbung ing Irah-irahan

1. *Kajian filologi* kapérang dados kalih têmbung, inggih mênikå *kajian* såhå *filologi.* Wondéné kalih têmbung ing nginggil kaandharakên ing ngandhap mênikå.

a. *Kajian* inggih mênikå asiling *studi*, *telaah*, ngrêmbag, såhå nyinaoni.

b. *Filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang *objek* panalitènipun *manuskrip-manuskrip* jaman rumiyin (Sitrisni, lumantar https://sastrawacana.id/definisi-filologi-menurut-para-ahli/).

Dados, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *kajian filologi*, inggih mênikå asiling *telaah* ngéngingi ngèlmi ingkang *objek* panalitènipun *manuskrip-manuskrip* jaman rumiyin.

2. Piwulang *Moral* kapérang dados kalih têmbung, inggih mênikå têmbung piwulang såhå têmbung *moral*. Wondéné têgêsipun kalih têmbung kasêbut kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. Piwulang inggih mênikå pitutur, wêwarah, såhå pangajaran.

b. *Moral* inggih mênikå tumindak ingkang nêmtokakên kadospundi tumindak ingkang saé såhå kadospundi tumindak ingkang awon supados mangrêtosi budi pekerti pagêsangan wontên ing masarakat.

Kanthi makatên piwulang *moral*, inggih mênikå piwulang utawi pitutur kanggé nêdahakên mênåpå ingkang kêdah såhå saé dipunlampahi déning manungså.

3. *Sêrat Piwulang* inggih mênikå salah satunggaling irah-irahan *naskah* minångkå *koleksi Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang* kanthi *kode* 8 X 2.2 Pra s ingkang kaanggit déning Mas Prawirasudirja guru mantri ing Garung Wonosobo. *Sêrat Piwulang* mênikå *teks*-ipun ngêwrat bab piwulang *moral* tumrap pagêsanganing tiyang ing jaman rumiyin ingkang taksih murakabi mungguing pagêsangan tiyang jaman samênikå.

BAB II

GÊGARAN *TEORI*

A. *Teori* ingkang Dipunginakakên

Teori ingkang dipunginakakên kanggé saråná nindakakên salah satunggaling panalitèn, inggih mênikå kanggé dhasar lampahing panalitèn ingkang katindakakên. *Teori* ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå, inggih mênikå *teori* lampahing panalitèn *filologi*. *Teori* sanèsipun ingkang dipunginakakên inggih mênikå isining *teks Sêrat Piwulang*. Isi sêrat mênikå gayut kaliyan piwulang *moral* wontên ing pagêsangan tiyang. Wondéné *teori-teori* dipunginakakên ing panalitèn mênikå kaandharakên ing ngandhap mênikå.

B. *Filologi*

1. Pangrêtosan *Filologi*

Têmbung *filologi* asalipun saking båsâ *Yunani*, inggih mênikå *philos* såhå *logos*. Têmbung *philos* têgêsipun '*cinta*','rêmên' såhå *logos* inggih ménikå 'tembung', '*kata*'. Adhêdhasar saking katrangan mênikå, sagêd kaandharakên bilih têgêsipun têmbung *filologi*, inggih mênikå '*cinta kata*', 'rêmên têtêmbungan' (Shipley såhå Wegenvoort lumantar Baroroh-Baried, 1985: 1). Salajêngipun, têgêsipun *filologi* éwah dados 'rêmên sinau', 'rêmên dhatêng ngèlmi', 'rêmên bab sastrå', 'rêmên bab kabudayan'.

Filologi inggih mênikå salah satunggaling ngèlmi ingkang gayut kaliyan maos *naskah* (Fathurrahman, 2015: 14-15). Wondéné Turner (2014: 5) ngandharakên bilih "*philology is the only label large enough to cover all such studies of languages and text*" (*filologi* inggih mênikå ngêlmi ingkang wiyar kanggé saråná nyinaoni *studi* båsâ såhå *teks*). *Filologi* inggih mênikå *disiplin*

ngèlmi ingkang kanggé saråná ngrêmbag asiling båså, sastrå, såhå budåyå satunggaling bångså mawi *kajian* båså awujud sêratan (Suryani, 2012: 2-4). Salajêngipun, Saputra (2008: 4) ugi ngandharakên bilih *filologi*, inggih mênikå ngèlmi ingkang dipunginakakên kanggé saråná nyinaoni *naskah* såhå *teks* lami.

Adhêdhasar pamanggih wontên ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang dipunginakakên kanggé saråná nyinau *naskah* såhå ngandharakên wosing *teks* kanthi nggayutakên kaliyan bab båså, kasusastran, såhå kabudayan ing satunggaling bångså ingkang sampun wontên ing jaman rumiyin. Pangrêtosan *filologi* dipunginakakên ing panalitèn mênikå awit panalitèn mênikå naliti *naskah* såhå *teks* kanthi irah-irahan *Sêrat Piwulang* ingkang kasêrat mawi aksårå Jåwå såhå sêratan cithak. Panalitèn mênikå ngandharakên isinipun *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* ingkang dipungayutakên kaliyan ngèlmi bab båså, sastrå, såhå budåyå.

2. Ancasipun *Filologi*

Ancasipun panalitèn *filologi* kapérang dados kalih, inggih mênikå ancas ingkang *umum* såhå ancas ingkang *khusus* (Baroroh-Baried, 1985: 5). Wondéné kalih ancasing *filologi* kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

a) Ancas *umum*

1) Kanggé mangrêtosi asil kabudayan bångså kanthi awujud lésan såhå sêratan.
2) Kanggé ngandharakên *fungsi* såhå têgêsing *teks*.
3) Ngandharakên *nilai-nilai* kabudayan jaman rumiyin minångkå *alternatif perkembangan* kabudayan.

b) Ancas *khusus*

1) Kanggé ndamêl *suntingan teks* ingkang paling cêlak kaliyan aslinipun.
2) Ngandharakên *sejarah* dumadosing *teks* såhå *sejarah perkembangan teks*.
3) Ngandharakên *resepsi* utawi panampinipun masarakat pamaos tumrap satunggaling *teks* wontên ing satunggaling wêkdal panampinipun.

Adhêdhasar ancasing panalitèn *filologi* ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih ancasing panalitèn *filologi* tumrap *naskah* såhå *teks Sêrat Piwulang*, inggih mênikå ngandharakên ginanipun têtilaran tumraping pårå pamaosipun, ing jaman rumiyin såhå ing jaman samênikå. Kajawi mênikå, botên mahyakakên *teks* kanggé dipunwaos kémawon, nanging ugi ndamêl *transkripsi* såhå *transliterasi teks*, ndamêl *suntingan teks*, såhå ndamêl *terjemahan teks*. Salajêngipun ndamêl pangrêmbag isining *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*.

3. *Aliran Filologi*

Filologi mênikå dipupérang dados kalih *aliran*, inggih mênikå *aliran filologi tradisional* såhå *aliran filologi modern*. *Aliran filologi* mênikå wontên kanthi jalaran kathahipun *penyalinan berulang-ulang* têtilaran kabudayan ingkang sinerat, satêmah ngasilakên wujuding *salinan* ingkang *bermacam-macam (varian)* (Baroroh-Baried, 1985: 1-2). Wondéné kalih *aliran filologi* kaandharakên ing ngandhap mênikå.

a. *Aliran Filologi Tradisional*

Aliran filologi tradisional inggih mênikå *aliran filologi* ingkang nggatosakên *variasi* minångkå wujud ingkang *korup* utawi kirang. Wontên ing

aliran filologi tradisional, *ahli filologi* ngginakakên pangraosipun kanggé milih *naskah* ingkang *hipotesis*-ipun kaanggêp *asli*, utawi ingkang paling cêlak kaliyan aslinipun (Baroroh-Baried, 1985: 1-2). Ancasipun *aliran filologi tradisional*, inggih mênikå kanggé manggihakên *naskah* ingkang sapisanan, *autograf* utawi asli (Suryani, 2012: 7).

b. *Aliran Filologi Modern*

Aliran filologi modern, inggih mênikå *aliran filologi* ingkang andharanipun ngandharakên bilih kawontênan *variasi naskah* mênikå minångkå wujud *kreasi* saking pårå panyalin. *Varian*-*varian* mênikå dipunanggêp minångkå *kreativitas* kanggé mangrêtosi wosing *teks*, *pemaknaan teks*, nglêrêsakên mênåpå ingkang dipunanggêp botên lêrês, såhå dipunjumbuhakên kaliyan ngèlmi båså, sastrå, budåyå, agami, sartå *tata politik* ingkang wontên ing jamanipun (Baroroh-Baried, 1985: 3). Salajêngipun, wondéné ancasing *filologi modern* miturut Mulyani (2014: 9), inggih mênikå kanggé manggihakên *varian naskah* minångkå asiling *kreasi* såhå *kreativitas*.

Adhêdhasar katrangan ing nginggil, *aliran filologi* ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå inggih *aliran filologi modern*. Salajêngipun, anggènipun ngandharakên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kajumbuhakên kaliyan ngèlmi kabudayan (mliginipun bab piwulang *moral*).

4. *Objek* Panalitèn *Filologi*

Sabên ngèlmi wontên *objek* panalitènipun piyambak-piyambak. *Objek* panalitèn *filologi* wontên kalih, inggih mênikå *naskah* såhå *teks*. Wondéné pangrêtosan *naskah* såhå *teks* mênikå kaandharakên ing ngandhap menikå.

a. *Naskah*

Naskah inggih mênikå salah satunggaling asiling budåyå awujud sêratan ingkang sipatipun *konkret*, ingkang taksih kasêrat mawi sêratan tangan utawi carik, ingkang taksih asli mênåpå déné têdhakanipun (Baroroh-Baried, 1985: 54). Miturut Saputra (2008: 26), *naskah* inggih mênikå saråná *komunikasi* antawisipun panyêrat ingkang gadhah kabudayan rikålå jaman rumiyin kaliyan pamaos wontên ing mångså salajêngipun. Fathurrahman (2015: 27) ngandharakên bilih *naskah*, inggih mênikå salah satunggaling *sumber primer* langkung *otentik* såhå wontên gayutipun antawisipun jaman rumiyin kaliyan jaman samênikå. Wondéné Sulistyorini (2015: 18) ngandharakên bilih *naskah*, inggih mênikå salah satunggaling karyå ingkang isinipun *ide* utawi *gagasan*.

Adhêdhasar pamanggih ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih pangrêtosan *naskah* inggih mênikå salah satunggal têtilaraning pårå lêluhur dumados saking rêrangkéning têmbung ingkang ngêwrat *ide* utawi *gagasan* jaman rumiyin.

Jumbuh kaliyan dudutan ing nginggil, wondéné *naskah* ingkang dados *sumber panaliten* inggih mênikå *naskah* ingkang ngêwrat *teks Sêrat Piwulang*. Wondéné *naskah* kasêbut kalêbêt *naskah* cithak. *Naskah Sêrat Piwulang* ngêwrat *teks* utawi andharan bab piwulang *moral* wontên ing pagêsangan tiyang. Wondéné

andharan ngéngingi *teks Sêrat Piwulang* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kaandharakên ing pérangan pangêrtosing *teks*.

b. *Teks*

Teks inggih mênikå tèmbung utawi ukårå ingkang nyawiji dados sêratan utawi *karya tulis* (*Kamus Istilah Filologi,* 1977: 85). Suryani (2012: 47) ngandharakên bilih *teks* inggih mênikå *kandungan* utawi isining *teks* ingkang sipatipun *abstrak*, wondéné anggènipun mangrêtosi isining *teks* kanthi cårå dipunwaos rumiyin. Wondéné miturut Onions (lumantar Darusuprapta, 1984: 1), *teks* inggih mênikå rêrangkéning têtêmbungan awujud waosan kanthi isi tartamtu.

Saking pamanggih ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *teks* inggih mênikå rêrangkèning têmbung utawi ukårå wontên salêbeting *naskah* ing jaman rumiyin ingkang ngêwrat *kandungan* såhå asipat *abstrak*. Kanggé mangrètosi isinipun, pramilå *teks* dipunwaos rumiyin. Makatên ugi isining *Sêrat Piwulang* sagêd dipunmangrêtosi sasampunipun dipunwaos. Isining *teks Sêrat Piwulang* mênikå ngandharakên bab kabudayan, inggih mênikå bab piwulang *moral* tumrap pagêsangan tiyang.

Miturut Ismaun (1996: 7-10) wontên sakawan *ragam* aksårå Jåwå. Wondéné sakawan *ragam* aksårå Jåwå kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

1) Mbåtå Sarimbag

Ragam aksårå mbåtå sarimbag, inggih mênikå wujuding aksårå Jåwå awujud “rimbag”, inggih mênikå *persegi* kados båtå. Aksårå mênikå kathah

kaginakakên wontên ing pasinaon aksårå Jåwå *pemula*, wontên ing samak, *prasasti*, såhå *manuskrip*.

2) Ngêtumbar

Ragam aksårå ngêtumbar inggih mênikå aksårå Jåwå ingkang awujud sêtêngah bundêr kados tumbar. *Ragam* aksårå mênikå awis dipunpanggihi wontên ing sêratan *pemula*. Ingkang asring ngginakakên aksårå ngêtumbar mênikå tiyang ingkang tlatos såhå sêtiti.

3) Mucuk Êri

Ragam aksårå mucuk êri inggih mênikå *ragam* aksårå Jåwå ingkang awujud *sudut lancip* kados êri ing pérangan tartamtu, sagêd pucukipun mênåpå déné sêrataning aksårå pérangan nginggil. *Ragam* aksårå mucuk êri mênikå ugi awis dipunpanggihi. Kathah-kathaipun, dipunpanggihi wontên ing *naskah* utawi *manuskrip* rontal.

4) *Kombinasi*

Ragam aksårå *kombinasi*, inggih mênikå wujuding aksårå Jawanipun campuran saking tigang ragam aksårå Jåwå kasêbut, inggih mênikå mbåtå sarimbag, ngêtumbar, såhå mucuk êri. *Kombinasi* botên namung ing sabên aksårå kémawon, nanging sagêd ing sabên larik, *alinea*, mênåpå déné sabên kåcå.

Adhedhasar andharan ing nginggil, saking sakawan ragam aksårå Jåwå ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks Sêrat Piwulang* inggih mênikå ngetumbar. Pérangan mênikå adhêdhasar saking wujud pucuking aksårå Jåwå ingkang dipunginakakên mênikå awujud satêngah bundêr.



Cuplikan 1 *ragam* aksårå Jåwå ngêtumbar

5. Lampahing Panalitèn *Filologi*

Naskah såhå *teks* inggih mênikå *objek* panalitèn *filologi*. Ancasipun inggih mênikå supados mangrêtosi *deskripsi* saking *objek filologi*. Wontên ênêm lampahing panalitèn *filologi* ingkang kêdah dipunmangrêtosi, inggih mênikå (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah*, (3) *Alis tulis*, inggih mênikå *transkripsi teks* såhå *transliterasi teks*, (4) *suntingan teks*, såhå (5) *terjemahan teks*. Salajêngipun ingkang pungkasan, isining *teks* dipunrêmbag. Wondéné ênêm lampahing panalitèn *filologi* kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

a. *Inventarisasi naskah*

Inventarisasi naskah inggih mênikå ngêmpalakên sadåyå naskah ingkang dipunpadosi kanthi cårå *studi katalog* såhå *pengamatan langsung*. Ancasipun kanggé mangrêtosi gunggungipun *naskah*, nemtokakên *naskah* ingkang badhê dipuntliti, såhå nemtokakên *metode* panalitèn ingkang katindakakên (Djamaris, 1997 lumantar Mulyani, 2014: 37).

Wontên ing lampahing panalitèn mênikå, sadåyå *naskah* ingkang taksih satunggal *varian* dipuntindakakên *inventarisasi* supados mangrêtosi *identitas* dhasar sabên *naskah* (Rochmansyah, 2017: 82). Fathurrahman (2015: 74) ngandharakên bilih *inventarisasi naskah* katindakakên kanggé madosi såhå nyêrat salinan kawontênanipun *naskah* ingkang badhé dipuntaliti. *Inventarisasi naskah* katindakakên kanthi kalih cårå, inggih mênikå *studi katalog* såhå *pengamatan langsung. Studi katalog* inggih mênikå cårå ngêmpalakên *naskah* kanthi pados

referensi utawi *katalog*. Salajêngipun *pengamatan langsung* inggih mênikå ningali langsung wontên ing papan panyimpêning *naskah*.

Adhêdhasar *inventarisasi naskah* kapanggihakên satunggal *eksemplar Sêrat Piwulang*, inggih mênikå *naskah Sêrat Piwulang* ingkang kasimpên ing *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang* kanthi nomêr *koleksi* 8 X 2.2 Pra s. Ingkang dados *objek* panalitèn *filologi* inggih mênikå *naskah Sêrat Piwulang* ingkang kasimpên ing *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang* kanthi nomêr *koleksi* 8 X 2.2 Pra s.

b. *Deskripsi Naskah*

Sasampunipun *inventarisasi naskah*, salajêngipun nindakakên *deskripsi naskah*. *Deskripsi naskah* inggih mênikå ndamel *identitas* utawi ngandharakên kawontênan *naskah* kanthi dipuntaliti såhå dipunandharakên kanthi cêthå (Djamaris, 1997, lumantar Mulyani, 2014: 37). Miturut Saputra (2008: 82-83), *deskripsi naskah* katindakakên kanggé ngêmpalakên katrangan ingkang gayut kaliyan kawontenanipun *naskah* ingkang dados *objek* panalitèn *filologi*. Darusuprapta (lumantar Mulyani, 2012: 6) ngandharakên bilih bab-bab ingkang prêlu dipundamêl *deskripsi naskah* urut-urutanipun kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

1) papan panyimpêning *naskah*, inggih mênikå andharan ingkang ngewrat bab sintên ingkang nyimpên (pribadi, pamarintah, mênåpå swasta), wontên ing pundi papan panyimpênipun, nomêr *kodèks*-ipun pintên.
2) irah-irahanipun mênåpå, kasêrat wontên ing pundi, kasêrat piyambak dêning panyêratipun, mênåpå andharan saking tiyang sanès, sêrataning irah-irahan ing wontên salêbêting *manuskrip* mênåpå ing sajawining *manuskrip*.
3) sintên ingkang nyêrat, mênåpå kasêrat dêning tiyang ingkang kagungan gagasan mênåpå kasêrat dêning tiyang sanès awit nuhoni dhawuh (wontên *pemrakarsa*-nipun).

4) Samak, samaking *manuskrip* kadamêl saking punåpå, mênåpå saking kulit, kêrdhus, lajêng kadospundi kawontênaning samak pérangan ngajêng såhå pérangan wingking, mênåpå taksih wêtah, bolong, gripis, mênåpå malah sampun risak, rupining samakipun mênåpå, mênåpå wontên sêratan, gambar utawi rêrêngganipun, manawi wontên kadospundi wujudipun, mênåpå isining sêratanipun.
5) Jilidan, kadospundi mênggah jilidanipun, dipundondomi mênåpå botên, wontên pérangan-pérangan jilidan (*kuras* utawi *kateren*) mênåpå botên, kadospundi kawontênaning jilidanipun taksih kêkah mênåpå sampun kêndho, manawi kêndho mênåpå wontên lêmbar-lêmbaring dlancang ingkang pêthil utawi ucul saking jilidanipun.
6) Ukuraning *manuskrip* kadospundi, ukuran wiyar såhå panjangipun pintên, kandêlipun pintên (ugi sagêd kaukur kanthi *centimeter* utawi kathahipun pupuh såhå pådå pintên manawi kasêrat kanthi dhapukan sêkar, manawi gancaran kathahing kacanipun pintên).
7) Ukuraning *teks* kadospundi, ukuran wiyar såhå panjangipun pintên, mênåpå wontên ingkang kasêrat namung sêpalih, sapråtigan, sakpråsakawanipun raining dlancang, lsp.
8) Sêratan, jinising aksårå ingkang kaginakakên kanggé nyêrat *teks* mênåpå kémawon (mênåpå aksårå Jåwå/ aksårå Arab Pégon/ aksårå Latin mênåpå wontên sanèsipun), kadospundi mênggah wujuding aksårå (mbåtå sarimbag, ngêtumbar, mucuk êri, mênåpå *kombinasi*), kadospundi mênggah ukuraning aksårå (agêng, cêkapan, mênåpå alit), kasêrat miring mênåpå jêjêg, tandhêsing sêratanipun kandhêl mênåpå tipis, kasêrat mawi mangsi rupi mênåpå, kasêrat ing kêbêting dlancang sisih pundi *verso* mênåpå *recto*, kasêrat déning tiyang ingkang sampun kulinå nyêrat mênåpå botên, sêratanipun gampil kawaos mênåpå angel kawaos.
9) Rêrênggan, mênåpå wontên rêrêngganipun, manawi wontên kasêrat ing pundi kémawon, kadospundi mênggah wujudipun, kasêrat utawi kagambar mawi mangsi mênåpå kémawon, wontên gayutipun kaliyan andharaning *teks* mênåpå botên. (inggih andharan sadèrèngipun *teks* utawi andharan wiwitaning *teks*
10) Manggålå, mênåpå wontên manggalanipun (inggih andharan sadèrèngipun *teks* utawi andharan wiwitaning *teks* utawi andharan wiwitaning sêrataning *manuskrip*), manawi wontên isinipun ngandharakên bab mênåpå kémawon, kasêrat déning ingkang kagungan gagasan mênåpå tiyang sanès.
11) *kolofon*, mênåpå wontên *kolofon*-ipun (inggih andharan sasampunipun *teks* utawi andharan pèrangan wingking ing pungkasanipun sarataning *manuskrip*), manawi wontên isinipun ngandharakên bab mênåpå kémawon, kasêrat déning ingkang kagungan gagasan mênåpå tiyang sanès.

12) Dhapukan, kadospundi mênggah dhapukaning *teks*, mênåpå kadhapuk kanthi dhapukan gancaran, sêkar, pawicantênan utawi *drama* mênåpå kombinasi, manawi dhapukan gancaran: pintên jumlahing larik sabên kacaning dlancang, manawi mawi dhapukan sêkar, inggih dhapukan sêkar måcåpat: pintên cacahing pupuh såhå pådå ing sabên pupuhipun, mawi jinising sêkar mênåpå kémawon.
13) Tåndhå pamaos, ngginakakên tåndhå pamaos mênåpå kémawon, wontên ing dhapukan pundi kémawon, kasêrat mawi mangsi ménåpå kémawon, wujuding tåndhå kadospundi, mênåpå wontên panåndhå sanèsipun, såhå kaginakakên kanggé mênåpå kémawon.
14) Isi, isining *teks* mênikå jangkêp mênåpå kirang, kapunggêl mênåpå awujud *fragmen*, kadospundi mênggah andharan isining *teks*.
15) Jinis, kalêbêt ing golonganing jinis *manuskrip* mênåpå, kadospundi mênggah titikanipun.
16) Båså, ngginakakên ragam båså mênåpå kémawon, båså Jawi *ragam* kråmå, ngoko, mênåpå campuran, kadospundi mênggah båså ingkang dipunginakakên: mawi båså baku, ênggèn-ênggènan, mênåpå campuran, mênåpå inggih wontên båså sanèsipun sinaosa namung cuplikan Arab, melayu mênåpå sanèsipun.
17) Cathêthan, mênåpå wontên cathêthan ing salêbêting *teks* ingkang wontên gayutipun kaliyan *teks*, manawi wontên kasêrat ngantos pintên kåcå, wontên ing kåcå pundi kémawon, kadospundi mênggah isi andharaning cathêthan; mênåpå wontên cathêthan ing sajawining *teks* inggih ing pinggiring dlancang (*pias/margin*): wontên pintên kåcå, ing kåcå pintên kémawon, kadospundi mênggah isi andharaning cathêthan. Manawi wontên cathêthan ing sajawining *manuskrip* utawi *witness*, kaandharakên wontên ing pundi kémawon (*manuskrip* sanèsipun, *katalog*, artikel), kadospundi mênggah gêgayutanipun antawisipun satunggal såhå satunggalipun, kadospundi mênggah boboting andharan ingkang langkung murakabi dhatêng sawênèhing ngèlmu utawi panggêsanganing masarakat.

Salajêngipun, wontên kalih *model* andharan *deskripsi naskah* ingkang sagêd dipunginakakên, inggih mênikå *model tabel* såhå *model uraian* (Saputra, 2008: 84). Kalih-kalihipun *model* mênikå wontên langkung såhå wontên kirangipun. Manawi kalih *model* mênikå dipunginakakên sêsarêngan badhé langkung saé.

Saking andharan wontên nginggil, *model deskripsi naskah* ingkang dipunginakakên ing panalitèn menikå inggih *model tabel* såhå *model uraian*. *Model tabel* dipunginakakên kanthi ancas supados *deskripsi naskah Sêrat Piwulang* gampil dipunmangrêtosi. Salajêngipun, asiling *deskripsi naskah Sêrat Piwulang* mênikå dipundamêl *model uraian*. Pramilå, sadåyå paprincèning *deskripsi naskah* sagêd dipunmangrêtosi déning pamaos.

c. *Alih tulis*

Alih tulis inggih mênikå nggantos sêrataning *teks* kanthi aksårå ingkang sami kaliyan aksårå sêrataning *teks* utawi mawi aksårå ingkang bêdå. *Alih tulis* sagêd kapérang dados kalih warni, inggih mênikå *transkripsi* såhå *transliterasi* (Mulyani, 2014: 30). Wondéné *transkripsi* såhå *transliterasi* kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

1) *Transkripsi*

Transkripsi inggih mênikå *alih tulis* sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang sami kaliyan aksåråning *teks* (Baroroh-Baried, 1985: 65). Miturut Robson (1994: 24), *transkripsi* inggih mênikå nyalin aksårå saking salah satunggaling papan dhatêng papan sanèsipun. Têgêsipun, aksaranipun sami ananging papanipun bédå. Anggènipun nindakakên *transkripsi* mênikå ngginakakên *metode*. *Transkripsi* mênikå wontên kalih *metode*, inggih mênikå *transkripsi diplomatik* såhå *transkripsi standar*. Wondéné andharaning *metode transkripsi* sagêd kawaos wontên ing bab caraning panalitèn *sub*-bab caranipun ngêmpalakên *data*.

2) *Transliterasi*

Transliterasi inggih mênikå nggantos jinis sêratan saking aksårå satunggal dhatêng aksårå sanèsipun (Baroroh-Baried, 1985: 65). Wondéné miturut Robson (1994: 24), *transliterasi* inggih mênikå *alih tulis* saking satunggal sêratan dhatêng aksåra sanèsipun, têgêsipun aksaranipun bédå. Salajêngipun, miturut *Kamus Istilah Filologi* (1977: 4) têgêsipun *transliterasi*, inggih mênikå nggantos aksårå saking aksårå satunggal dhatêng aksårå sanèsipun.

Saking pamanggih wontên ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *Translitêrasi* inggih mênikå *alih tulis* ingkang ngginakakên jinis sêratan sanès utawi alih aksårå, bédå kaliyan sêratan ingkang dipunginakakên wontên *naskah* ingkang dipunsalin. *Metode transliterasi* ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå inggih *metode transliterasi standar*. Wondéné andharaning *metode transliterasi* sagêd kawaos wontên ing bab III cårå panalitèn *sub*-bab caranipun ngêmpalakên *data*.

Alih tulis ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå inggih *transkripsi* såhå *transliterasi*. *Transkripsi* katindakakên amargi *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat mawi aksårå Jåwå cithak, satêmah prêlu ndamêl *transkripsi*. Wondéné *transliterasi* katindakakên adhêdhasar *Ejaan yang Disempurnakan* (*EyD*) ingkang lumampah. *Metode transkripsi* ingkang dipuntindakakên, inggih mênikå *metode transkripsi diplomatik*. Wondéné *metode transliterasi* ingkang dipuntindakakên, inggih mênikå *metode transliterasi standar*. Andharan ngéngingi *metode transkripsi* såhå *metode transliterasi* ingkang jangkêp sagêd kawaos wontên ing bab III cårå panalitèn.

d. *Suntingan Teks*

1) *Teori Suntingan Teks*

Lampahing panalitèn *filologi* ingkang salajêngipun inggih mênikå *suntingan teks*. *Suntingan teks* inggih mênikå *proses* nglêrêsakên têmbung ingkang lêpat wontên ing salêbêtipun *teks* ingkang dipuntaliti. *Suntingan* mênikå dipunlampahi supados botên wontên sêratan ingkang lêpat wontên ing *teks*, saking *isi*, båså såhå *isi* sêratan kanthi taliti. Fathurahman (2015: 88) ngandharakên bilih *suntingan* katindakakên kanthi ndamêl *edisi teks* ingkang gampil dipunwaos såhå dipunmangrêtosi tiyang sanèsipun.

Suntingan teks kapérang dados kalih jinis, inggih mênikå *suntingan teks edisi diplomatik* såhå *suntingan teks edisi standar* (Baroroh-Baried, 1985: 69). *Suntingan teks diplomatik*, inggih mênikå *suntingan* dipuntindakakên kanthi cårå botên ngéwahi mênåpå-mênåpå, kanthi mênåpå wontênipun. Wondéné *suntingan teks standar*, inggih mênikå ngandharakên *teks* kanthi nglêrêsakên kalêpatan-kalêpatan såhå sêratan ingkang botên ajêg, såhå *ejaan*-ipun dipungayutakên kaliyan *ejaan* ingkang gumathok.

Wontên ing panalitèn mênikå, *suntingan teks Sêrat Piwulang* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *suntingan teks edisi standar*. Supados sagêd dipunasilakên *teks* ingkang sêratanipun ajêg såhå lêrês, pramilå *teks*-ipun langkung gampil dipunmangrêtosi déning pamaos. Salajêngipun, wontên sapérangan sêratan ingkang botên dipunéwahi wujudipun, inggih supados têtêp lêstantun ciri *khas teks*-ipun.

2) ***Aparat Kritik***

Asiling *suntingan teks* dipunsêrat ing *aparat* kritik. Aparat *kritik* dipunginakakên kanggé ngandharakên titikaning sadåyå wujuding éwah-éwahan (Mulyani, lumantar https://bagawanabiyasa.wordpress.com/2015/12/02/filologi/). Wujud éwah-éwahan mênikå inggih kanthi ngginakakên tåndhå-tåndhå kanggé nggantos, nambahi, såhå ngirangi aksårå, wandå, utawi têtêmbungan ingkang dipun-*sunting*.

Aparat kritik ing panalitèn mênikå ngginakakên tåndhå-tåndhå ingkang dipunginakakên kanggé éwah-éwahan aksårå utawi têmbung wontên ing *naskah*. Wondéné tåndhå-tåndhå ingkang dipunginakakên kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) (…) : dipunginakakên kanggé tåndhå bilih wontên ingkang dipunkirangi aksårå mênåpå déné têmbungipun.
2) < … > : dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipuntambahi aksårå mênåpå déné têmbungipun,
3) { … } : dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipungantos aksårå utawi têmbungipun.
4) Anggènipun nyêrat nomêr wontên ing sabên *aparat kritik* ngginakakên ångkå Arab ingkang kasêrat aksårå Latin (..[1], ..[2], ..[3], lsp).

e. ***Terjemahan***

Terjemahan teks, inggih mênikå *transformasi teks* saking satunggal båsa dhatêng båsa sanèsipun tanpå ngéwahi isining *teks* aslinipun (Jager, lumantar Moentaha, 2006: 9). Salajêngipun Pinchuck (1977: 38) ngandharakên bilih

"*Translation is a process of finding a target language equivalent for a source language utterance*" (*Terjemahan* inggih mênikå proses ngéwahi saking båså satunggal dhatêng båså sanès). Miturut Catford (1965: 20) "*Translation is the replacement of textual material in one language by equivalent textual material in another language*" (*terjemahan* inggih mênikå *alih teks* saking båså *sumber* dhatêng båså *sasaran*).

Saking pamanggih wontên nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *terjemahan* inggih mênika *alih* båså utawi nggantos båså satunggal dhatêng båså sanèsipun. *Terjemahan* dipunlampahi kanthi ancas tartamtu. Ancasipun *terjemahan* inggih mênikå (1) nggampilakên anggénipun naliti wosing *teks*, (2) nggampilakên pamaos ingkang botên sagêd nguwaosi båså *teks*, mangrêtosi isining *naskah*, såhå (3) kanggé mindhahakên piwulang ing *teks* saking båså *sumber* dhatêng båså *sasaran*.

Bab-bab ingkang prêlu dipungatosakên kanggé ndamêl *terjemahan*, inggih mênikå wontên warni tigå (Darusuprapta, 1984: 9). Wondéné tigang warnining bab kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Paham saèstu båså *sumber*, inggih mênikå båså ingkang dipun-*terjemah*-akên.
2) Paham saèstu båså *sasaran*, inggih mênikå båså ingkang kanggé ndamêl *terjemahan*.
3) Pangrêtosan kawontênan gêsanging masarakat rikålå *teks* dipunsêrat.

f. Pangrêmbag isining *teks*

Lampahing panalitèn ingkang pungkasan inggih mênikå *analisis isi teks* utawi nêgêsi isining *teks*. Fathurrahman (2015: 96) ngandharakên bilih *analisis isi*

teks inggih mênikå nindakakên *telaah* saking *teks* mênåpå déné konteks-ipun ingkang gayut kaliyan *perspektif* ingkang dipunginakakên. Wontên ing *naskah* Jawi kathah prakawis ingkang sagêd dipun-*analisis teks*. *Teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* inggih mênikå *teks* kanthi dhapukan gancaran. Wontên ing panalitèn mênikå, *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sèrat Piwulang* dipunrêmbag kagayutakên kaliyan ngèlmi piwulang *moral*.

C. Piwulang *Moral*

Piwulang inggih mênikå pitutur, wêwarah, pangajaran (Poerwadarminta, 1939: 495). Têmbung '*moral*' asalipun saking båså Latin '*mores*' ingkang têgêsipun '*adat kebiasaan'*. Saking mênikå sagêd dipunmangrêtosi bilih têgêsipun *moral* inggih mênikå pandom solah bawaning gêsang. *Moral* inggih mênikå salah satunggaling *rangkaian nilai* saking mapintên-pintên tumindak ingkang kénging dipuntindakakên såhå botên kénging dipuntindakakên (Gunarsa, lumantar https://www.academia.edu/10472893/Makalah_tentang_Moral). Wondéné Hasan (1981: 65), *moral* inggih mênikå prakawis ingkang wontên gayutipun kaliyan tumindak ingkang nêdahakên pundi ingkang kaanggêp saé utawi awon.

Piwulang *Moral* botên namung gayut antawisipun manungså kaliyan manungså sanès, nanging ugi gayut kaliyan tumindak manungså dhumateng Gusti, manungså dhatêng priyantun sanès, såhå tumrap piyambakipun (De Vos, 1987: 73). Wondéné tigang jinis piwulang *moral* kaandharakên wontèn ngandhap mênikå.

1. Manungså Dhumatêng Gusti

Manungså kédah mêmuji dhumatêng Gusti. Pamujining manungså sagêd dipunwujudakên kanthi tansah ngaturakên raos sukur mênåpå ingkang sampun dipunparingakên déning Gusti. Kajawi mênikå, manungså kêdah nindakakên sadåyå ingkang sampun dados Dhawuhipun Gusti, såhå nilar sadåyå menåpå ingkang dados awisanipun.

2. Manungså dhatêng sêsami

Manungså mbetahakên sêsamining dumados supados sagêd gêsang. Amargi manungså botên sagêd gêsang piyambakan ing donyå mênikå. Dados, manungså kêdah tumindak ingkang saé dhatêng sintên kémawon. Tumindaking priyantun dhatêng priyantun sanès sagêd awujud sêsrawungan, rukun, têpå salirå, jujur, såhå tansah kurmat dhatêng tiyang sanès miturut drajatipun (Suseno, 1988: 38).

3. Manungså tumrap piyambakipun

Sanèsipun manungså mênikå kêdah saé dhumatêng Gusti såhå sanèsipun, manungså ugi kêdah saé tumrap piyambakipun. Jumbuh antawisipun manungså tumrap piyambakipun gadhah ancas supados sagêd ndamêl kapribadèn ingkang saé. Pramilå, tumindakipun botên ngrugèkakên piyambakipun såhå tiyang sanès.

Piwulang *moral* wontên ing *Sêrat Piwulang* inggih mênikå salah satunggaling pralambang saking masarakat ngèngingi tindak-tanduk ingkang saé mênåpå déné ingkang awon. Piwulang *moral* kasêbut inggih mênikå salah satunggaling *pandangan hidup* panganggit dhatêng pamaos, supados sagêd dipunginakakên minångkå piwulang tumrap pårå pamaos.

D. Panalitèn Ingkang Jumbuh

Panalitèn ingkang jumbuh mênikå dipunpêndhêt saking panalitèn *filologi* ingkang sampun katindakakên såhå ngginakakên kanggé *referensi* panalitèn mênikå. Wondéné panalitèn kanthi irah-irahan *Kajian Filologi såhå Piwulang Moral wontên ing Serat Piwulang* kaliyan panalitènipun ing ngandhap mênikå.

a. Ayustin (2014) kanthi irah-irahan *Kajian Filologi wontên Sêrat Ngèlmu Dåyåprabåwå*.
b. Ria Nur Hanifah (2014) kanthi irah-irahan *Kajian Filologi* såhå *Analisis* Kawruh Raosing Gêsang ingkang Sajatos wontên *Sêrat Wédyå Praståwå*

***Tabel 2 : Deskripsi* panalitèn ingkang jumbuh**

No.	Prakawis	***Sêrat Ngèlmu Dåyåprabåwå***	***Sêrat Wédyå Praståwå***	***Sêrat Piwulang***
1.	Jinis Panalitèn	*Filologi modern deskriptif*	*Filologi modern deskriptif*	*Filologi modern deskriptif*
2.	Jinis sêrataning aksårå	Aksårå Jåwå Carik	Aksårå Jåwå Cithak	Aksårå Jåwå Cithak
3.	Dhapukan *teks*	Gancaran	Sêkar	Gancaran
4.	*Metode Transliterasi*	*Transliterasi standar*	*Transliterasi standar*	*Transliterasi standar*
5.	*Metode Suntingan Teks*	*Suntingan teks edisi standar*	*Suntingan teks edisi standar*	*Suntingan teks edisi standar*
6.	Ancasing Panalitèn	Ngandharakên isining *teks Sêrat Ngèlmu Dåyåprabåwå*	Ngandharakên piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos wontên teks *Sêrat Wédyå Praståwå*.	Ngandharakên piwulang *moral* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*

Panalitènipun ingkang jumbuh kaliyan panalitèn mênikå inggih pérangan jinis panalitèn amargi jinis panalitèn ingkang dipunginakakên inggih panalitèn *filologi modern deskriptif*. Wondéné aksaranipun sadåyå sinêrat kanthi aksårå

Jåwå. Salajêngipun, *metode transliterasi* ingkang dipunginakakên, inggih mênikå kanthi *metode transliterasi standar*. *Metode suntingan* ingkang dipunginakakên ugi sami, inggih mênikå *suntingan teks edisi standar* sadåyå.

Salajêngipun, pérangan ingkang botên jumbuh inggih pérangan jinis sêratan *teks Sêrat Dåyåprabåwå* sinêrat aksårå Jåwå carik. Dhapukan *teks Sêrat Wédyå Praståwå* sinêrat kanthi dhapukan sêkar. Salajêngipun ingkang pungkasan, ancasing panalitèn mênikå inggih ngandharakên piwulang *moral* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, panalitènipun Ayustin (2014) ancasipun inggih ngrêmbag bab lampah pangudining nggayuh ngèlmu dåyåprabåwå wontên *teks Sêrat Ngèlmu Dåyåprabåwå*, wondéné panalitènipun Ria Nur Hanifah (2014) Ngandharakên piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos wontên *teks Sêrat Wédyå Praståwå*.

Adhêdhasar andharan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih pérangan ingkang botên jumbuh saking panalitèn mênikå såhå panalitènipun Ayustin (2014) såhå panalitènipun Ria Nur Hanifah (2014) nêdahakên bilih panalitèn mênikå dèrèng naté wontên ingkang nggarap. Dados saking andharan ing nginggil mênikå, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih panalitèn "*Kajian Filologi* såhå Piwulang *Moral* wontên ing *Sêrat Piwulang*" mênikå dèrèng wontên ingkang naliti.

BAB III

CÅRÅ PANALITÈN

Cårå panalitèn ingkang dipunginakakên, inggih mênikå *metodologi* såhå *metode* ingkang gayut kaliyan panalitèn *filologi*. *Metodologi* såhå *metode* panalitèn dipunginakakên kanggé saråhå nindakakên *kajian filologi* såhå pados piwulang *moral* wontên ing *Sêrat Piwulang*. Wondéné cårå panalitèn mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

A. Jinising Panalitèn

Jinising panalitèn ingkang dipuntindakakên ing panalitèn mênikå inggih panalitèn *deskriptif* såhå panalitèn *filologi modern*. Kaelan (2005: 58) ngandharakên bilih panalitèn *deskriptif*, inggih mênikå salah satunggaling cårå kanggé naliti satunggaling *objek* kanthi ancas ndamêl andharan, gêgambaran kanthi *objektif* såhå *sistematis*, ingkang gayut kaliyan *fakta* såhå gêgayutaning antawisipun *unsur-unsur*-ipun. Ancasipun panalitèn mênikå ngginakakên panalitèn *deskriptif* inggih kanggé *mengkaji* såhå ngandharakên isining *teks* ingkang gayut kaliyan piwulang *moral* ing salêbêting *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*.

Wondéné panalitèn *filologi modern* dipunginakakên kanggé nggarap *Sêrat Piwulang* ingkang wujudipun *naskah* cithak. Ancasing panalitèn *filologi modern*, inggih mênikå naliti salah satunggaling *naskah* kanthi lampahing panalitèn *filologi*. Lampahing panalitèn *filologi* inggih mênikå *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah*, *transkripsi teks*, *transliterasi teks*, *suntingan teks*, *terjemahan teks*. Salajêngipun, isining *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*

minångkå *sumber* panalitèn ing panalitèn mênikå dipunrêmbag ngginakakên ngèlmi budåyå, mliginipun ngèlmi piwulang *moral*.

B. *Sumber Data* Panalitèn

Sumber panalitèn wontên ing panalitèn mênikå inggih *naskah* såhå *teks Sêrat Piwulang*. Wondéné *sumber data* panalitènipun, inggih mênikå sadåyå péranganing *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. *Naskah Sêrat Piwulang* kasimpên wontên ing *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang* kanthi nomêr *koleksi* 8 X 2.2 Pra s. *Naskah* mênikå kasêrat mawi aksårå Jåwå cithak såhå ngginakakên båsa Jawi anyar. *Teks Sêrat Piwulang* mênikå kasêrat kanthi dhapukan gancaran. *Sêrat Piwulang* menikå kaanggit déning Mas Prawirasudirja, ing Wonosobo rikålå 1917.

C. Cårå Ngêmpalakên *Data*

Cårå ngêmpalakên *data* wontên ing panalitèn mênikå ngginakakên cårå lampahing panalitèn *filologi*. Lampahing panalitèn mênikå katindakakên adhêdhasar 1) *inventarisasi naskah*, 2) *deskripsi naskah*, 3) *transkripsi teks*, 4) *transliterasi teks*, 5) *suntingan teks*, såhå 6) *terjemahan teks*. Salajêngipun, ndamêl pangrêmbag piwulang *moral* wontên ing *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Wondéné lampahing panalitèn *filologi* kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1) *Inventarisasi Naskah*

Inventarisasi naskah katindakakên kanthi cårå *studi katalog* såhå *pengamatan langsung*. *Studi katalog* mênikå dipunlampahi kanthi maos pintên-pintên *katalog*. Salajêngipun, inggih mênikå *inventarisasi naskah* kanthi cårå

ningali *langsung* wontên ing papan panyimpêning *naskah* ingkang dipundadosakên *objek* panalitèn *filologi*. Adhêdhasar *studi katalog* såhå *pengamatan langsung* wontên ing papan panyimpêning *naskah, naskah Sêrat Piwulang* ingkang dipundadosakên *sumber* panalitèn mênikå namung satunggal *eksemplar naskah* ingkang kasimpên wontên ing *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang* kanthi nomêr *koleksi* 8 X 2.2 Pra s.

2) *Deskripsi Naskah*

Deskripsi naskah katindakakên kanggé ngandharakên katrangan minångkå gêgambaran kawontênaning *naskah* ingkang dados *sumber* panalitèn mênikå. *Deskripsi naskah Sêrat Piwulang* kaandharakên mawi *Kartu data*. *Kartu data* awujud *tabel* ingkang isinipun, inggih mênikå papan panyimpêning *naskah*, panyêrat, nomêr *koleksi*, irah-irahan, manggålå, *kolofon*, kawontênaning *naskah*, jinis bahan *naskah*, lan sapanunggalanipun.

3) *Transkripsi Teks*

Metode transkripsi wontên kalih warni, inggih mênikå *metode transkripsi diplomatik* såhå *metode transkripsi standar*. *Metode transkripsi diplomatik*, inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl alih tulis sêrataning *teks* kados déné sêrataning *teks*. Wondéné *metode transkripsi standar*, inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl alih tulis sêrataning *teks* kajumbuhakên kaliyan *Ejaan yang Disempurnakan* (*EyD*).

Metode transkripsi ingkang katindakakên ing panalitèn mênikå inggih *metode transkripsi diplomatik*. *Metode transkripsi diplomatik* katindakakên kanthi ndamêl alih tulis sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang sami, inggih mênikå

aksårå Jåwå. Ancasipun ndamêl *transkripsi teks*, inggih mênikå kanggé ndamêl salinanipun *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Kajawi ndamêl têdhakanipun, *transkripsi teks* inggih ugi kalêbêt satunggaling usaha kanggé nglêslantunakên *naskah*.

4) *Transliterasi Teks*

Metode transliterasi kapérang dados kalih warni, inggih mênikå *metode transliterasi diplomatik* såhå *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi diplomatik*, inggih mênikå cårå ndamêl *alih tulis* sêrataning *teks* ingkang kasêrat kanthi mênåpå kawontênan jumbuh sêratan *teks*-ipun kanthi aksårå ingkang bédå. Wondéné *metode transliterasi standar*, inggih mênikå cårå ndamêl *alih tulis* sêrataning *teks* ingkang kasêrat adhêdhasar *Ejaan yang Disempurnakan* (*EyD*).

Wontên ing panalitèn mênikå, *metode transliterasi* ingkang katindakakên, inggih mênikå *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi standar* dipuntindakakên kanthi nggantos aksårå saking aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin adhêdhasar buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa yang Disempurnakan* (Balai Penelitian Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta, 1991). Wontên ingkang kêdah dipungatosakên nalikå ndamêl *transliterasi teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, inggih mênikå bab sêrataning wandå, tåndhå pamaos, såhå éjaanipun.

5) *Suntingan Teks* såhå *Aparat Kritik*

Teks ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* mênikå kalêbêt *naskah tunggal*, amargi namung kapanggihakên wontên satunggal *eksemplar*. Pramilå, *metode suntingan teks* ingkang dipunginakakên inggih *metode suntingan teks*

edisi standar. *Metode* mênikå dipuntindakakên kanthi cårå nglêrêsakên têmbung-témbung ingkang lêpat såhå *standarisasi ejaan* adhêdhasar buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa yang Disempurnakan* (Balai Penelitian Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta, 1991) såhå *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939).

Wontên ing panalitèn mênikå, *suntingan teks* katindakakên kanthi nambahi, ngirangi, utawi nggantos sêrataning *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Asiling *suntingan teks* dipunsêrat ing *tabel*, dipundamêl *aparat kritik*-ipun. Sasampunipun ndamêl *aparat kritik*, salajêngipun dipunandharakên mawi têtêmbungan ingkang cêthå.

6) *Terjemahan Teks*

Terjemahan utawi alih båså, inggih mênikå nggantos båsåning *teks* dhatêng båså sanèsipun utawi *terjemahan* inggih mênikå gantosipun båså saking båså *sumber* wontên ing båså ingkang dipunmangrêtosi. *Terjemahan teks* kapérang dados tigang *metode*, inggih mênikå *terjemahan harfiah, terjemahan isi,* såhå *terjemahan bebas*. Wondéné tigang *metode terjemahan* miturut Mulyani (2014: 48), kaandharakên wontên ngandhap mênikå.

1. *Terjemahan harfiah*, inggih mênikå *terjemahan* sabên têmbung ingkang sami kaliyan aslinipun utawi *terjemahan antar-baris*.
2. *Terjemahan* isi, inggih mênikå têmbung-têmbung utawi *ungkapan* ingkang dipunginakakên wontên båså *sumber* dipungantos kaliyan têmbung-têmbung båså *sasaran* ingkang jumbuh.

3. *Terjemahan bebas*, inggih mênikå nêrjêmahakên kanthi cårå nggantos sadåyå båsså *sumber* dhatêng båsså sasaran kanthi *bebas* tanpå ngéwahi wosipun ingkang dipunandharakên ing *teks*.

Wondéné *terjemahan teks* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi*, såhå *terjamahan bebas*. *Terjemahan teks* dipundamêl supados *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* sagêd langkung gampil dipunmangrêtosi déning masarakat. *Terjemahan teks* ing *naskah Sêrat Piwulang* mênikå båsså *teks* ingkang båsså Jawi dipungantos mawi båsså *Indonesia*.

Terjemahan teks ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* dipunwiwiti ngginakakên *metode terjemahan harfiah*. Manawi *terjemahan teks Sêrat Piwulang* botên sagêd dipungarap kanthi *terjemahan harfiah*, salajêngipun têtêmbungan ing *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* sagêd dipun-*terjemah*-akên ngginakakên *metode terjemahan isi* utawi *makna*. Wondené têmbung-têmbung ing *teks Sêrat Piwulang* botên sagêd ka-*terjemah*-akên kanthi *terjemahan harfiah* såhå *isi*, milå têtêmbungan ing *teks* mênikå sagêd dipungantos ngginakakên *terjemahan bebas*. Sadåyå caraning *terjemahan teks* mênikå dipunlampahi supados sagêd ngasilakên *terjemahan* ingkang langkung *kontekstual*. Asiling *terjemahan teks* mênikå sagêd nggampilakên anggènipun ndamêl pangrêmbag ing bab sakawan.

7) Pangrêmbag isining *teks*

Sasampunipun sadåyå lampahing panalitèn *filologi* katindakakên, salajêngipun inggih mênikå ndamêl pangrêmbag isining *teks* ing *naskah Sêrat*

Piwulang. Pangrêmbag isining *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* dipundamêl kanthi ngandharakên mênåpå kémawon *piwulang moral* ingkang kawrat wontên salèbêting *teks* ing *naskah Sêrat Piwulang*. Pangrêmbag isining *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* katindakakên kanthi nêgêsi isining *teks*. *Metode* nêgêsi *teks* ingkang dipuntindakakên wontên kalih *metode*, inggih mênikå kanthi cårå maos *heuristik* såhå *hermeneutik*. Maos *teks* kanthi cårå *heuristik*, inggih mènikå cårå maos kanthi madosi têgêsing têmbung-têmbung ingkang jumbuh kaliyan *konvensi* båså utawi nêgêsi kanthi jumbuh kaliyan têgêsing têmbung ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939).

Wondéné anggènipun maos *teks* kanthi cårå *hermeneutik* dipuntindakakên adhêdhasar têgêsing têtêmbungan wontên ing *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Dados, ancasipun maos kanthi cårå *hermeneutik*, inggih mênikå kanggé mangrêtosi rêrangkéning ukårå ingkang trêp ing *teks* mênikå. Kajawi mênikå, maos kanthi cårå *hermeneutik* dipuntindakakên kanggé milah-milahakên wosing *teks* supados sagêd ngandharakên *data* ingkang ngêwrat *unsur* piwulang *moral*. Piwulang *moral* kapérang dados tigang piwulang, inggih mênikå tumindak manungså dhumateng Gusti, manungså dhatêng sêsami, såhå manungså tumrap piyambakipun.

D. *Instrumen* Panalitèn

Instrumen panalitèn ingkang katindakakên wontên ing panalitèn mênikå awujud *kartu data*. *Kartu data* dipundamêl kanggé nyêrat *data-data* ingkang dipunrêmbag. Wondéné wujud *kartu data* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. *Kartu data Deskripsi Naskah*

Kartu data mênikå dipunginakakên kanggé nyêrat kawontênaning *fisik* (*naskah*). Wujudipun *kartu data* kasêrat mawi *tabel* kados ing ngandhap mènikå.

Tabel 3*: *Kartu Data Asiling Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang

No.	Katrangan	*Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang*
1	Papan panyimpêning *naskah*	
2	Panyêrat	
3	Nomêr *koleksi*	
4	Irah-irahan a. Kasêrat ing pundi kémawon såhå kåcå pintên? b. Adhêdhasar katrangan ing *teks* utawi *katalog*?	
5.	Manggålå/andharan ing wiwitan *teks* ingkang botên gayut kaliyan wosing *teks* a. Wêdharanipun b. Wêkdal pungkasaning nyêrat c. Pawadan anggènipun nyêrat d. Ancas anggènipun nyêrat e. Pangajab rikålå nyêrat f. Ukårå pêpuji dhatêng Gusti g. Ukårå pêpuji dhateng panguåså/ nabi h. Papan panyêratan	
6.	*Kolofon*/panutup a. Wêdharanipun b. Wêkdal pungkasaning nyêrat c. Papan rikålå nyêrat d. Asmanipun panganggit e. Pawadan panyêratan f. Ancasing panyêratan g. Pangajab rikålå nyêrat	

Tabel salajêngipun

No.	Katrangan	*Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang*
7.	Kawontênaning *naskah*	
8.	Jinis bahan *naskah*	
9.	Samaking *naskah* (warninipun, wujudipun, kawontênanipun, bahanipun, Såhå rêrênggan)	
10.	Cacahing larik sabên sakåcå	
11.	Kandêling *naskah*	
12.	Cacahing kåcå *naskah* ingkang dipuntaliti	
13.	Ukuraning *naskah* (p x l)	
14.	Ukuran *teks* (p x l)	
15.	Ukuran *margin teks* (ingkang dipuntaliti) a. nginggil b. ngandhap c. têngên d. kiwå	
16.	Isining *naskah* (satunggal mênåpå kêmpalan saking pintèn-pintên *teks*)	
17.	Jinis *teks*-ipun	
18.	Dhapukanipun *teks* (sêkar menåpå gancaran)	
19.	Jinis aksårå ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks*	
20.	Nomêr kåcå (kasêrat ing pundi, warni mênåpå, kanthi jinising ångkå menåpå)	
21.	Wujuding aksårå (mbåtå sarimbag, ngètumbar, mucuk êri, nyacing, *kombinasi*)	
22.	Ukuraning aksårå	
23.	Sikaping aksårå (jêjêg, miring nêngên, utawi ngiwå)	

Tabel salajêngipun

No.	Katrangan	*Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang*
24.	Tandhêsaning aksårå (kandêl, tipis utawi sanèsipun)	
25.	Warnining mangsi	
26.	Basaning *teks* (Båså Jawi Anyar, Båså Jawi *Pertengahan*, Båså Jawi Kinå)	
27.	Wadånå rênggan (*hiasan* gambar)/ *iluminasi*: wêdharakên, warni, *goresan*, mangsi	

b. *Kartu Data Transliterasi* såhå *Suntingan Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*

Sasampunipun maos *teks Sêrat Piwulang*, salajêngipun *teks Sêrat Piwulang* dipundamêl *transliterasi* såhå *suntingan teks*-ipun. Wondéné wujud *kartu data* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel* 4: *Kartu Data Transliterasi* såhå *Suntingan Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang

Asiling *Transliterasi Teks Sêrat Piwulang*	Asiling *Suntingan Standar Teks Sêrat Piwulang*

c. *Kartu Data Terjemahan Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*

Sasampunipun *teks Sêrat Piwulang* dipun-*transliterasi* såhå dipundamêl *suntingan teks*-ipun, salajêngipun inggih mênikå ndamêl *terjemahan teks*-ipun. *Terjemahan teks* dipuntindakakên kanthi nggantos båså *sumber* dhatêng båså sanèsipun. Wujuding *kartu data* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel* 5: *Kartu Data* Asiling *Terjemahan Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang

Asiling *Suntingan Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang*	***Terjemahan Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang***

d. *Kartu Data Aparat Kritik*

Ginanipun *kartu data* mênikå kanggé ngandharakên wujud têtêmbungan sadèrèngipun dipun-*sunting*, sasampunipun dipun-*sunting*, såhå wujuding *suntingan teks*-ipun. Wondéné wujud *kartu data* kasêrat mawi *tabel* wontên ing ngandhap mênikå.

Tabel* 6: *Kartu Data Aparat Kritik* wontên ing *Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang

No.	***Transliterasi standar***	***Suntingan***	***Sasampunipun dipun-sunting***	**Kasêrat ing**

e. *Kartu Data* ingkang Gayut kaliyan Piwulang *Moral*

Kartu data mênikå dipunginakakên kanggé nyathêt manawi sampun angsal *data* saking *sumber data* ingkang gayut kaliyan panalitèn mênikå. Wondéné wujud *kartu data* kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel* 7: *Kartu Data* Piwulang *Moral* saking *Teks* ing *Naskah Sêrat Piwulang

No.	**Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang***	***Terjemahan***

E. *Teknik* Ngêsahakên *Data*

Cårå ngêsahakên *data* ing panalitèn mênikå wontên kalih cårå, inggih mênikå *validitas data* såhå *reliabilitas data*. *Validitas data* wontên ing panalitèn mênikå ngginakakên *validitas semantik*. Hurford såhå Heasley (lumantar

https://www.artikelsiana.com/2017/11/pengertian-semantik-unsur-jenis-manfaat.html) ngandharakên bilih *semantik* inggih mênikå ngèlmi ingkang ngandharakên bab têgêsing têmbung wontên salêbêting båså. Salajêngipun Parera (2004 : 42), ngandharakên bilih *semantik*, inggih mênikå *studi* såhå *analisis* bab maknå båså. Dados, *validitas semantik* dipunginakakên kanggé madosi maknå saking *data* ingkang gayut kaliyan *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kanthi dhapukan gancaran.

Wondéné *uji reliabilitas* ing panalitèn mênikå ngginakakên *reliabilitas intrarater* såhå *reliabilitas interrater*. *Reliabilitas intrarater* dipuntindakakên kanthi cårå dipunwaos makaping-kaping supados angsal *data* ingkang ajêg (Kaelan, 2005: 177). *Reliabilitas intrarater* dipuntindakakên kanthi *mandiri*. Wondéné *reliabilitas interrater* mênikå katindakakên kanthi *konsultasi* dhatêng tiyang ingkang mangrêtosi bab ingkang dipuntaliti, inggih mênikå dhatêng *dosen pembimbing skripsi* panalitèn *filologi*.

F. *Teknik Analisis Data*

Teknik analisis data ingkang dipunginakakên inggih mènikå *analisis data kualitatif*. Bogdan såhå Bilklen (lumantar Moleong 2008: 248) ngandharakên bilih *analisis data kualitatif* inggih mênikå upåyå ingkang katindakakên kanthi pados *data*, *pembagian data*, angsal bab ingkang wigatos, såhå dipunpêndhêt dudutan kanggé dipunandharakên dhatêng tiyang sanès. *Analisis data kualitatif* ingkang dipuntindakakên kanthi ngandharakén isining *sumber data* panalitèn mênikå kanthi cêthå. Lampahing *metode analisis data* ingkang sagêd dipunginakakên ing panalitèn mênikå inggih, (1) *reduksi data*, (2) *klasifikasi*

data, (3) *display data*, (4) *penafsiran, interpretasi*, såhå damél dudutan (Kaelan, 2005: 68-70). Wondéné sakawan lampahan *analisis data* kaandharakên wontên ing ngandhap ménikå.

1) *Reduksi data*, inggih mênikå ngringkês *data*, milih *data*, såhå *memfokuskan data* wontên ing *Sêrat Piwulang*.
2) *Klasifikasi data* katindakakên kanthi ngêmpalakên *data* ingkang ngêwrat piwulang *moral* wontên ing *kartu data*.
3) *Display data* inggih mênikå nyêrat *data* ing salêbêting *teks Sêrat Piwulang* ingkang jumbuh kaliyan *kategori* jinising piwulang *moral* wontên ing *kartu data*.
4) *Penafsiran data* inggih mênikå lampahing *analisis* dipuntindakakên kanthi ngrêmbag såhå ngandharakên *data* ingkang wontên ing salêbêting *teks Sêrat Piwulang* kanthi *deskriptif*.

Adhêdhasar andharan wontên nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih kanggé ndamêl *analisis data* tumrap *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* mênikå ngêcakakên sakawan lampahing *analisis data* mênikå. Sakawan lampahing *analisis data* ingkang dipuntindakakên tumrap *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, inggih mênikå *reduksi data*, *klasifikasi data*, *display data*, såhå *penafsiran data*. Salajêngipun, lampahing *analisis data* mênikå katindakakên kanthi urut kados ingkang sampun kaandharakên wontên nginggil mênikå.

BAB IV

ASILING PANALITÈN SÅHÅ PANGRÊMBAGIPUN

A. *Inventarisasi Naskah Sêrat Piwulang*

Inventarisasi naskah Sêrat Piwulang ing panalitèn mênikå dipuntindakakên kanthi *studi katalog* såhå *pengamatan langsung* wontên papan panyimpêning *naskah*. *Studi katalog* dipunlampahi kanthi maos ngginakakên *katalog* kanggé madosi kawontênaning *naskah*. *Katalog* ingkang dipunginakakên kanggé *studi katalog* wontên wolung *katalog*. Wondéné irah-irahaning *katalog-katalog* ingkang dipunginakakên kanggé *studi katalog* sampun kaandharakên wontên ing bab I pérangan dhasaring panalitèn. Sasampunipun nindakakên *studi katalog*, lampahing *inventarisasi naskah* salajêngipun, inggih mênikå *pengamatan langsung*. *Pengamatan langsung* dipuntindakakên kanthi mangrêtosi piyambak kawontênaning *naskah* ing papan panyimpêning *naskah*.

Adhêdhasar asiling *studi katalog* såhå *pengamatan langsung* wontên papan panyimpêning *naskah*, kapanggihakên bilih gunggunging *naskah Sêrat Piwulang* namung satunggal *eksemplar*. *Naskah Sêrat Piwulang* botên kapanggihakên wontên ing *katalog*. Ananging, asiling *pengamatan langsung* wontên ing papan panyimpêning *naskah*, *naskah Sêrat Piwulang* kapanggihakên wontên *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang*.

B. *Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang*

Sumber panalitèn ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå, inggih *naskah Sêrat Piwulang* ingkang kasimpên ing *Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang* kanthi nomêr *koleksi* 8 X 2.2 Pra s.

Salajêngipun, asiling *deskripsi naskah Sêrat Piwulang* kasêrat mawi *tabel* wontên ing ngandhap mênikå.

Tabel* 8: Asiling *Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang

No.	Katrangan	Asiling *Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang*
1	Papan panyimpêning *naskah*	Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita, Semarang
2	Panyêrat	Mas Prawirasudirja
3	Nomêr *koleksi*	8 X 2.2 Pra s
4	Irah-irahan a. Kasêrat ing pundi kémawon sâhå kåcå pintên? b. Adhêdhasar katrangan ing *teks* utawi *katalog*?	Irah-irahaning *naskah* kapanggihakên wontên ing samak ngajêng, inggih kasêrat *Sêrat Piwulang*. Irah-irahanipun adhêdhasar *teks*.
5.	Manggålå	-
6.	*Kolofon*	-
7.	Kawontênaning *naskah*	*Sêrat Piwulang* mênikå ajinis *naskah* cithak. Kawontênaning *naskah* mênikå rêsik, sêratanipun taksih cêthå sâhå gampil dipunwaos, botên wontên dlancang ingkang risak.
8.	*Samak naskah*	Warni *samak naskah Sêrat Piwulang* jingga, kadamêl saking kêrtas kandêl warni jingga dipunjilid ngginakakên kêrtas warni abrit.. Kawontênaning samak taksih saé, sêratanipun ugi taksih sagêd kawaos.
9.	Jinis bahan *naskah*	Dlancang polos
10.	Cacahing larik sabên sakåcå	Kathah-kathahipun 24 larik. Kajawi ing kåcå 3 wontên 21 larik, kåcå 6 sâhå 15 wontên 22 larik, kåcå 29 wontên 23 larik, sâhå kåcå 47 wontên 14 larik.
11.	Kandêling *naskah*	0,3 cm utawi 48 kåcå
12.	Cacahing kacaning *naskah* ingkang dipuntaliti	45 kåcå, inggih mênikå saking kåcå 3 dumugi kåcå 48.

Tabel salajêngipun

No.	Katrangan	Asiling *Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang*
13.	Ukuraning *naskah* (p x l)	p = 21,6 cm l = 13,5 cm
14.	Ukuran *teks* (p x l)	16,6 cm x 9,2 cm
15.	Ukuran *margin teks* a. nginggil b. ngandhap c. têngên d. kiwå	 a. 2,8 cm b. 3,2 cm c. 1,9 cm d. 1,6 cm
16.	Isining *naskah*	Isining *naskah Sêrat Piwulang* kêmpalan saking sakawan *teks* cariyos. Wontên ing kåcå 48, kasêrat irah-irahaning *teks*, makatên. 1. Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun (kåcå 3-6). 2. Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå (kåcå 6-15). 3. Cariyos nglampahi padamêlan ingkang disagêdi sartå dipunrêmêni (kåcå 15-29). 4. Pangaosipun kasagêdan (kåcå 29-47).
17.	Jinis *Teks*-ipun	*Teks* Piwulang
18.	Dhapukanipun *teks*	Gancaran
19.	Jinis aksårå ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks*	Aksårå Jåwå sêratan cithak såhå Aksårå Latin
20.	Nomêr kåcå	Nomêr kåcå wontên ing têngah kåcå pérangan nginggil, kasêrat kanthi ångkå Latin. Sadåyå *penomeran* dipunsêrat kanthi mangsi warni cêmêng
21.	Wujuding aksårå	Ngêtumbar
22.	Ukuraning aksårå	Alit
23.	Sikaping aksårå	Jêjêg
24.	Tandhêsaning aksårå	Kandêl
25.	Warnining mangsi	Cêmêng

Tabel salajêngipun

No.	Katrangan	Asiling ***Deskripsi Naskah Sêrat Piwulang***
26.	Basaning *teks*	Båså Jawi Anyar
27.	Wadånå rênggan (*hiasan* gambar)	-

Lumantaring *tabel deskripsi naskah Sêrat Piwulang* ing nginggil mênikå sagêd dipunmagrêtosi kawontênaning *naskah Sêrat Piwulang* kanthi ringkês såhå cêthå minångkå *sumber* panalitèn *filologi*. Wondéné asiling *deskripsi naskah Sêrat Piwulang* langkung jangkêp kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

1. Irah-irahaning, Papan Panyimpêning, såhå Nomêr *Koleksi Naskah*

Irah-irahaning *naskah* ingkang dipuntêmtokakên dados *sumber* panalitèn, inggih mênikå *Sêrat Piwulang* kados ingkang dipunsêrat wontên *samak luar* kados sêratan ing ngandhap mênikå.



Cuplikan 2 Sêratan "*Serat Piwulang*"

Irah-irahaning *naskah* mênikå kasêrat wontên *samak dalam* ingkang dipunsêrat ngginakakên aksårå Jåwå såhå adhêdhasar *studi katalog* såhå *pengamatan langsung* wontên papan panyimpêning *naskah*. *Naskah* ingkang ngêwrat *teks Sêrat Piwulang* ingkang dipundadosakên minångkå *objek* panalitèn mênikå kalêbêt *koleksi Perpustakaan Museum Jawa Tengah Ranggawarsita Semarang* kanthi nomêr *koleksi*, inggih mênikå 8 X 2.2 Pra s.

2. Kawontênaning *naskah* såhå jinising *bahan naskah*

Kawontênaning *naskah Sêrat Piwulang* taksih saé, jilidan taksih kêncêng, Dlancang ingkang kanggé nyêrat *naskah Sêrat Piwulang* inggih taksih saé, satêmah *naskah Sêrat Piwulang* såhå *teks*-ipun sagêd dipunwaos kanthi gampil. Jinising bahan *naskah* ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *naskah Sêrat Piwulang*, inggih mênikå dlancang polos.

3. Isining *Naskah* såhå Jinis *Naskah*

Naskah Sêrat Piwulang ngêwrat sakawan *teks*, inggih mênikå (1) Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun, (2) Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdya, (3) Cariyos anglampahi padamêlan ingkang dipunsagêdi sarta dipunrêmêni, såhå (4) Pangaosipun kasagêdan. *Naskah* mênikå awujud *naskah* cithak. *Naskah* ingkang ngêwrat *Teks Sêrat Piwulang* dipunlêbêtakên ing jinising *naskah* adhêdhasar andharan isinipun (*teks*). Wondéné sadåyå *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* dipundadosakên minångkå *objek* panalitèn *filologi*..

4. Jinising Aksårå, Båsåning, såhå Dhapukaning *Teks*

Teks Sèrat Piwulang kasêrat kanthi ngginakakên kalih aksårå, inggih mênikå aksårå Jåwå cithak såhå aksårå Latin. Aksårå Jåwå cithak kasêrat ngginakakên mangsi warni cêmêng, satêmah sêratanipun sagêd dipunwaos kanthi cêthå. *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang* kasêrat kanthi dhapukan gancaran. Salajêngipun ingkang aksårå Latin kasêrat ing *samak luar* såhå *samak dalam naskah*. Wondéné wujud aksaranipun, inggih mênikå ngêtumbar. Sikaping aksaranipun, inggih mênikå jêjêg. Basaning *teks* ingkang dipunginakakên kanggé

ngandharakên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, inggih mênikå båsså Jawi anyar. Wondéné aksårå Latin wontên ing *samak dalam naskah Sêrat Piwulang* såhå *teks-ipun,* inggih mênikå têmbung-têmbung kanthi båsså Walandi.


Serie uitgaven door bemiddeling van de Commissie voor de
Volkslectuur No. 292.

Cuplikan 3 sêratan aksårå Latin wontên *samak dalam Sêrat Piwulang*.

5. Ukuraning *Naskah*, Ukuranipun *Teks*, såhå Ukuranipun *Margin*

Samaking *naskah* kadamêl saking kêrtas kandêl dipunjilid ngginakakên kêrtas warni abrit. Ukuran *naskah Sêrat Piwulang*, inggih mênikå panjang saha *lebar*-ipun 21,6 cm x 13,5 cm. Kandêling *naskah* inggih mênikå 0,3 cm utawi 48 kåcå. Kathahing kåcå ingkang dipuntaliti wontên 45 kåcå. Botên namung *naskah*-ipun, *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* ugi dipunukur. Wiyaripun *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, inggih mênikå 9,2 cm. Wondéné panjangipun, inggih mênikå 16,6 cm.

Salajêngipun, ukuran *margin* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* dipunétang ing sabên watêsing aksårå ing nginggil, ngandhap, kiwå, mênåpå déné têngên. Wondéné ukuranipun *margin* ing nginggil, inggih mênikå 2,8 cm, sisih ngandhap 3,2 cm, sisih kiwå 1,9 cm, såhå sisih têngên 1,6 cm. Cacahing larik sabên sakåcå, inggih mênikå 24 larik, kajawi ing kåcå 3 wontên 21 larik, kåcå 6 såhå 15 wontên 22 larik, kåcå 29 wontên 23 larik, såhå kåcå 47 wontên 14 larik.

6. Nomêring Kåcå *Naskah*

Nomêring kåcå wontên *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat ngginakakên ångkå Latin ing pérangan têngah nginggil. Wiwit saking kåcå satunggal såhå kåcå kalih nomêring kåcå botên dipunsêrat. Kåcå satunggal isinipun sami kaliyan *samak luar*. Kåcå kalih kothong. Kåcå tigå wiwitaning *teks*, wondéné kåcå 48 *daftar* isinipun sêrat. Nomêring kåcå ingkang dipunsêrat wiwit saking kåcå tigå dumugi pungkasan, inggih mênikå kåcå 48 ingkang kasêrat ngginakakên ångkå Latin. Mênggah nomêring kåcå *naskah* ingkang kasêrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kados ingkang kacuplikakên ing ngandhap mênikå.



Cuplikan 4 Nomêring kåcå (kåcå 9) *naskah Sêrat Piwulang*

7. Katrangan Sajawinipun *Teks*

Katrangan sajawining *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* wontên warni-warni. Katrangan mênikå wontên gangsal *poin* ingkang arupi *stempel* nomêr *inventaris*, *stempel proyek PELITA*, *stempel* papan panyimpêning, såhå sêratan saking tiyang sanès. Wondéné andharan mênikå kasêrat mawi *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel* 9: Katrangan Sajawinipun *Teks

No.	Cuplikan	Katrangan
1.		Cuplikan mênikå nêdahakên *stempel inventaris* Perpustakaan Museum Negeri Propinsi Jawa Tengah. Kapanggihakên wontên *samak dalam naskah*.
2.		Cuplikan mênikå nêdahakên *stempel proyek* PELITA *pengembangan permuseuman Jawa Tengah tahun* 1981-1982. Kapanggihakên wontên *samak dalam naskah* såhå kåcå 48.
3.		Cuplikan mênikå nêdahakên papan *koleksi naskah*, inggih mênikå *Perp. Museum Negeri Propinsi Jawa Tengah*. Kapanggihakên wontên ing *samak dalam naskah* såhå kåcå 19.
4.		Cuplikan mênikå nêdahakên nomêr ingkang kasêrat astå mawi aksårå Latin, kanthi ngginakakên *pensil*. Kapanggihakên wontên ing *samak dalam naskah*
5.		Cuplikan mênikå nêdahakên nomêr *inventaris* ingkang lami. Kapanggihakên wontên ing *samak dalam naskah*.
6.		Cuplikan mênikå nêdahakên sêratan "*Kitab ini baik untuk orang awam*". Kapanggihakên wontên ing kåcå 41.

C. *Transkripsi Teks*

Transkripsi inggih mênikå *alih tulis* sêrataning *teks* saking aksårå asal dhatêng aksårå ingkang sami (Djamaris, 1977: 29). *Transkripsi* wontên ing *teks Sêrat Piwulang* ngginakakên *metode transkripsi diplomatik*. *Metode transkripsi diplomatik* dipunlampahi kanthi alih tulis sêrataning *teks* saking aksårå Jåwå dados *teks* ingkang kasêrat mawi aksårå Jåwå ugi. Sinaosa ngginakakên *metode transkripsi diplomatik*, nanging wontên sapérangan aksårå ingkang kasêrat botên sami kaliyan *teks* aslinipun. Wondéné prakawis mênikå kaandharakên minångkå pandom *transkripsi* kados ing ngandhap mênikå.

a. *Transkripsi teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* dipunwiwiti saking *samak luar*, salajêngipun kåcå 3 dumugi kåcå 48.
b. Pérangan kåcå 1 såhå 2 botên dipundamêl *transkripsi*-nipun, amargi kåcå 1 isinipun sami kaliyan *samak luar naskah*. Salajêngipun kåcå 2 botên wontên isinipun utawi kosong.
c. *Transkripsi teks Sêrat Piwulang* ing panalitèn mênikå ngginakakên wujud sêrataning *teks* adhêdhasar saking sêrataning panaliti piyambak, botên sami kaliyan wujud sêrataning *teks* aslinipun, ugi urut-urutaning sêrataning *teks* kajumbuhakên kaliyan kawontênaning dlancang sabên kacanipun. *Transkripsi* ing panalitèn mênikå inggih saking sêratan cithak dados sêratan carik.
d. Panyêrating gantosing kåcå kasêrat mawi tåndhå garis jêjêg (|) såhå angkaning kåcå kasêrat wontên ing sisih têngên *teks*. Wondéné tulådhå

panyêrating gantosing kåcå såhå angkaning kåcå kacuplikakên wontên ing ngandhap mênikå.

Cuplikan 5 Tuladhanipun panyêrating *transkripsi teks*

Prakawis mênikå katindakakên supados gampil anggènipun njumbuhakên aksårå, têmbung utawi têtêmbungan wontên ing kåcå ingkang gayut kaliyan sêrataning *teks* sabên kacanipun. Asiling *transkripsi diplomatik* tumrap *teks Sêrat Piwulang* kasêrat wontên ing *Lampiran* II.

D. *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks*

Metode transliterasi wontên ing panalitèn mênikå ngginakakên *metode transliterasi standar*. *Transliterasi teks* ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå inggih *transliterasi teks* saking aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin. Asiling *transliterasi standar*, inggih mênikå kanggé ngandharakên sêratan ingkang *korup* såhå botên jumbuh kaliyan *konteks* isining *teks*, supados sagêd kawaos kanthi saé, nggampilakên anggènipun maos, såhå mangrêtosi *teks*, sartå nggampilakên anggènipun ndamêl *suntingan teks*. Wondéné pandom *transliterasi*, pandom *suntingan*, asiling *transliterasi teks*, asiling *suntingan teks*, såhå *aparat kritik* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. Pandom *Transliterasi*

Naskah Sêrat Piwulang dipunsêrat mawi aksårå Jåwå cithak. Wondéné andharan bab pandom *transliterasi* aksårå Jåwå wontên ing *Sêrat Piwulang* kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

1) Aksårå Lêgênå såhå Pasanganipun

Aksårå Lêgênå utawi aksårå carakan mênikå wontên kalih dåså aksårå (Mulyani, 2015: 6). Aksårå Jåwå mênikå dipunwiwiti saking aksårå hå såhå dipunpungkasi aksårå ngå. Wondéné wujuding aksårå Jåwå såhå pasanganipun wontên ing *Sêrat Piwulang* inggih kados ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 10: Aksårå Lêgênå såhå Pasanganipun**

No.	Aksårå Jåwå carakan	Pasangan	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
1.		…		asor	3,1
2.		…		manawi	7,14
3.		…		cariyos a…	15,4
4.		…		radèn	19,7
5.		…		kalêbêtakên magang	20,18
6.		…		dipunrêmêni	15,5
7.		…		botên wontên pa…	15,15
8.		…		sugih	15,12

Tabel salajêngipun

No.	Aksårå Jåwå carakan	Pasangan	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
9.		…		utåwå	4,14
10.		…		sawaliké	5,9
11.		…		saupåmå	5,12
12.		…		dhêmên a…	3,4
13.		…		jalêr	7,3
14.		…		tiyang	3,12
15.		-		nyêbrot la…	4,16
16.		…		maéså	15,8
17.		…		guru	3,9
18.		…		bédå	3,9
19.		…		gêthing	5,8

Tabel salajêngipun

No.	Aksårå Jåwå carakan	Pasangan	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
20.		…		ngajèni	5,17

2) Aksårå murdå såhå pasanganipun

Aksåra murdå mênikå kaginakakên kanggé nyêrat têmbung-têmbung ingkang gayut kaliyan agami såhå Gusti, namanipun tiyang, såhå nåmå papan padunungan. Mulyani (2015: 6) ngandharakên bilih aksårå murdå cacahipun botên sami kaliyan aksårå carakan, namung wontên wolung aksårå. Aksårå murdå mênikå wontên Nå/nå, Kå/nå, Tå/tå, Så/så, På/på, Gå/gå, såhå Bå/bå. Wontên ing *Sêrat Piwulang* namung kapanggihakên tigang aksårå murdå, inggih mênikå Nå/nå, Tå/tå, såhå Så/så. Wondéné tigang aksårå murdå kasêrat ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 11: Aksårå Murdå**

No.	Nåmå Aksårå Murdå	Wujud Aksårå Murdå	Tulådhå Sêratan	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
1.	Tå/tå			Radèn Tuwuh	21,9
2.	Så/så			Wångså Wijåyå	29,7
3.	Gå/gå			Gusti	46,21

Tabel salajêngipun

No.	Nåmå Aksårå Murdå	Wujud Aksårå Murdå	Tulådhå Sêratan	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
4.	På/på			Pangéran	41,15

Ing salêbêtipun *naskah* ingkang ngêwrat *teks Sêrat Piwulang*, wontên têtêmbungan ingkang botên jumbuh kaliyan tåtå panyêrating aksårå Murdå jaman samênikå. Aksaranipun inggih mênikå aksårå murdå Nå. Aksårå murdå wontên ing *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* dipunginakakên minångkå Nå *lingual*. Wondéné tuladhanipun têtêmbungan ingkang botên jumbuh kaliyan tåtå panyêrating aksårå Murdå kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 12: Panyêrating Aksårå Murdå ingkang botên trêp**

No.	Nåmå Aksårå Murdå	Wujud Aksårå Murdå	Tulådhå Sêratan	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
1.	Nå/nå			aṇdhap asor	andhap-asor	3,11

3) Aksårå swårå

Aksårå swårå inggih mênikå aksårå ingkang ancasipun kanggé nyêrat têmbung-têmbung ngamåncå, langkung-langkung aksårå Arab (Mulyani, 2015: 9). Aksårå swårå kapanggihakên wontên gangsal aksårå, inggih mênikå A/a, I/i, É/é, U/u, såhå O/o. Ananging, wontên ing *naskah Sêrat Piwulang* namung kapanggihakên satunggal aksårå swårå, inggih mênikå aksårå swårå A/a. Wondéné satunggal aksårå swårå kasêrat wontên ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 13: Aksårå swårå**

No.	Nåmå aksårå swårå	Wujud aksårå swårå	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
1.	A/a			ahli waris ing…	17,8

4) Sandhangan

Sandhangan inggih mênikå tåndhå *diakritik* ingkang dipunginakakên kanggé mbédakakên ungêling wandå ing båså Jawi (Mulyani, 2015: 10). Sandhangan aksårå Jåwå kapérang dados tigå sandhangan, inggih mênikå sandhangan swårå, sandhangan panyigêging wandå, såhå sandhangan wyanjånå. Wondéné andharan tigå sandhangan kasêrat wontên ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 14: Sandhangan swårå**

No.	Nåmå sandhangan	Wujud sandhangan	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
1.	Wulu	…		tinimbang	16,5
2.	Pêpêt	…		botên kénging	16,14
3.	Suku	…		pamulangan agêng	18,8
4.	Taling			éling	6,5
5.	taling-tarung			kantor	20,13

***Tabel* 15: Sandhangan panyigêging wandå**

No.	Nåmå sandhangan	Wujud sandhangan	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
1.	Pangkon			pêkên	30,5
2.	Wignyan			tigang rupiyah	8,10
3.	Layar	…		pitutur	22,1
4.	Cêcak	…		nanging	22,19

***Tabel* 16: Sandhangan wyanjånå**

No.	Nåmå sandhangan	Wujud sandhangan	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
1.	Kêrêt	…		prêlu	10,15
2.	Péngkal			mulyå	47,5
3.	Cåkrå			griyå	13,12

5) Panyêrating têmbung dwilinggå

Panyêrating *transliterasi* têmbung dwilinggå ngginakakên wontên ing panalitèn mênikå ngginakakên tåndhå panggandhèng (-) supados trêp kaliyan wêwaton anggènipun nyêrat aksårå Latin. Wondéné tulådhå panyêrating têmbung dwilinggå ingkang kapanggihakên wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat lumantar *tabel* ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 17: Têmbung dwilinggå**

No.	Tulådhå Panganggénipun	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
1.		sêpuh-sêpuh	3,9

6) Panyêrating têmbung dwipurwå

Têmbung dwipurwå inggih mênikå tèmbung ingkang purwaning linggå dipunrangkêp (Antunsuhono, 1953: 39). Anggènipun nyêrat dwipurwå wontên *teks Sêrat Piwulang*, dipunjumbuhakên adhêdhasar *ejaan* båså Jawi *standar*. Wondéné tulådhå panyêrating têmbung dwipurwå ingkang kapanggihakên ing *teks Sêrat Piwulang* kasêrat mawi *tabel* ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 18: Têmbung dwipurwå**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	Kåcå, larik
1.		…n mumulang	n… mêmulang	3,8

7) Panyêrating têmbung ingkang sipatipun *homorgan*

Têmbung *homorgan*, inggih mênikå têmbung ingkang dipunasilakên saking daerah ingkang sami (Tim Penyusun, lumantar https://jagokata.com/arti-kata/homorgan.html). Têmbung *homorgan* dipuntandhani kanthi têmbung wontên wandå kaping kalih utawi pungkasaning dipunwiwiti kanthi *konsonan* c utawi j. Manawi ngginakakên aksårå Jåwå, *konsonan* c utawi j ingkang miwiti wandå kaping kalih utawi pungkasan, pramilå *konsonan nasal* panyigêging wandå kapisan kasêrat kanthi *konsonan nasal* ny. Wondéné tulådhå wontên ing *Sêrat Piwulang* kasêrat wontên ing ngandhap mênikå.

Tabel* 19: Têmbung *homorgan

No.	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	Kåcå, Larik
1.		a**nyji**gung	a**nji**gung	4,6

8) Panyêrating aksårå /hå/

Salajêngipun, panyêrating aksårå hå dipunpilah dados kalih jinis, inggih mênikå hå antêp såhå hå ampang. Aksårå hå ingkang pocapanipun antêp utawi cêthå kasêrat *transliterasi*-ipun dados hå. Wondéné hå ampang kasêrat *transliterasi*-ipun dados a/å, i, u, ê/é/è, utawi o. Tuladhanipun hå antêp såhå hå ampang ingkang kapanggihakên wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat mawi *tabel* ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 20: Sêrataning hå antêp**

No.	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	Kåcå, Larik
1.		såhå	såhå	40,1

***Tabel* 21: Sêrataning hå ampang**

No.	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	Kåcå, Larik
1.		hananging	ananging	38,8

9) Panyêrating vokal o nasal dipunsêrat dados vokal å utawi taling-tarung palsu

Panyêrating /o/ dados /å/ dipunwastani taling-tarung palsu, jalaran manawi têmbungipun rinakêtan panambang mênåpå kémawon taling-tarungipun ical (Mulyani, 2015: 26). Wondéné tulådhå panyêrating taling-tarung palsu ingkang

kapanggihakên wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat lumantar *tabel* ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 22: Panyêrating vokal o nasal dipunsêrat dados vokal å**

No.	Tulådhå Sêratan	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	Kåcå, Larik
1.		mongkå	mångkå	9,23

10) Panyêrating /e/ kanthi ngginakakên diakritik /ê/, /é/, såhå /è/

Wontên ing aksårå Jåwå, panyêrating /e/ wontên kalih *variasi*, inggih mênikå tåndhå *diakritik* /ê/ utawi /è/ kanggé nyêrat /e/ taling. Salajêngipun, wondéné tulådhå panyêrating /e/ taling wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat lumantar *tabel* kados ing ngandhap mênikå

***Tabel* 23: Tulådhå Panyêrating /ê/ pêpêt såhå /e/ taling**

No.	Tulådhå sêratan	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	Kåcå, Larik
1.		déning	déning	29,8
2.		sarèh	sarèh	31,22
3.		tabêri	tabêri	31,23

11) *Pengulangan* satunggaling aksårå rangkêp ingkang dipunsêbabakên amargi *afiksasi* utawi wujud têmbung linggå

Afiksasi inggih mênikå éwahipun têmbung amargi wontên *proses imbuhan afiks* (Ramlan, 2012: 56). Herawati, Rustono, såhå Poedjosoedarmo (2016: 528) ngandharakên bilih *afiks* ing båså Jawi kapérang dados sakawan, inggih mênikå

atêr-atêr, sêsêlan, panambang, såhå atêr-atêr + panambang. Têmbung ingkang kawuwuhan *proses afiksasi* manawi dipunsêrat ngginakakên aksårå Jåwå̤, satêmah ing pungkasaning têmbung linggå dipunsêrat rangkêp. Ananging, wontên ing *transliterasi standar* aksårå rangkêp mênikå dipunsêrat satunggal kémawon. Wondéné tulådhå sêratan ingkang dipunpanggihakên wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat lumantar *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel* 24: *Afiksasi

No.	**Tulådhå sêratan**	***Transliterasi Diplomatik***	***Transliterasi Standar***	**Kåcå, Larik**
1.		angaje**nn**i	angaje**n**i	3,12

12) Panganggèning aksårå *kapital* dipunjumbuhakên kaliyan aturan panyêrating aksårå Latin

Panyêrating aksårå *kapital* wontên ing *Sêrat Piwulang* kajumbuhakên kaliyan aturan panyêrating aksårå Latin. Aksårå *kapital* kaginakakên minångkå aksårå sapisanan kanggé sêsêbatan nåmå, bab ingkang gayut kaliyan sêsêbataning Gusti såhå agåmå, såhå namaning papan. Wondéné tulådhå panyèrating aksårå *kapital* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat lumantar *tabel* ing ngandhap mênikå.

a. Aksårå *kapital* minângkå aksårå pisanan ingkang nêdahakên tiyang

***Tabel* 25: Aksårå kapital minângkå aksårå pisanan ingkang nêdahakên tiyang**

No.	Tulâdhå sêratan	*Transliterasi Standar*	Kâcå, Larik
1.		Wângsâ Wiryâ	31,22

b. Aksårå *kapital* minângkå aksårå pisanan ingkang nêdahakên papan

***Tabel* 26: Aksårå kapital minângkå aksårå pisanan ingkang nêdahakên papan**

No.	Tulâdhå sêratan	*Transliterasi Standar*	Kâcå, Larik
1.		Dhusun Sêtayu	29,6

11) Panganggéning tândhâ pamaos

***Tabel* 27: Panganggéning tândhâ pamaos**

No.	Tândhâ pamaos	Wujud	Katrangan	*Transliterasi Standar*
1.	adêg-adêg		Wujud tândhâ kanggé wiwitaning *alinea*, utawi dipunginakakên wontên wiwitaning ukårå.	Kasêrat kanthi dipun-*tab* manêngên
2.	pâdâ lingsâ	…	Wujud tândhâ dipunginakakên kanggé napasing pamaos, kanggé misah ukårå utawi gâtrâ ing têmbung	Kasêrat kanthi tândhâ koma (,)
3.	Pâdâ lungsi	…	Tândhâ kanggé gantosipun tândhâ titik, inggih mênikâ kanggé misahakên ukårå ingkang botên nunggal.	Kasêrat nggin-akakên tândhâ titik (.)

Tabel salajêngipun

No.	Tåndhå pamaos	Wujud	Katrangan	*Transliterasi Standar*
4.	Pangkon		Tåndhå minångkå pungkasaning gatrå, ugi kaginakakên kanggé napasing pamaos. Manawi napasan utawi andhêganing waosan sampun wontên pangkonipun, mênikå kaanggêp pådå lingså	Dipunsêrat ngginakakên tåndhå koma (,)
5.	Pangkon såhå pådå lingså		Dipunginakakên kanggé mungkasi ukårå	Kasêrat nggina-akên tåndhå titik (.)
6.	Pådå pangkat	… …	Kanggé tåndhå wiwitaning pacêlathon	Kasêrat nggina-kakên tåndhå titik kalih (:).

12) Panyêrating Kacaning *Naskah*

Panyêrating kåcå *naskah* dipunsérat kanthi ngginakakên ångkå Latin. Manawi wontên ing antawisipun têmbung, nomêr kåcå dipuntambahi tåndhå –[…]-. Kosok-wangsulipun, manawi nomêr kåcå ing sangajênging têmbung dipuntambahi tåndhå […]. Wondéné tulådhå anggènipun nyêrat tåndhå [...] kados ing ngandhap mênikå.

1. Tåndhå […] ing satêngahing têmbung

   … nyêpa-[5]-ki marang …

2. Tåndhå […] ing sangajêngipun utawi antawisipun kalih têmbung

   … biså katêkan sasêdyané.” [9] Sasampunipun kawaos, sêrat …

b. Pandom *Suntingan*

Suntingan teks ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn menikå, inggih ménikå *suntingan edisi standar*. Wondéné tåndhå-tåndhå ingkang dipunginakakên kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) (…..) tåndhå mênikå dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipunkirangi aksårå mênåpå déné têmbungipun
2) < … > : dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipuntambahi aksårå mênåpå déné têmbungipun,
3) { … } : dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipungantos aksårå utawi têmbungipun.
4) Anggènipun nyêrat nomêr wontên ing sabên *aparat kritik* ngginakakên ångkå Arab ingkang kasêrat aksårå Latin (..[1], ..[2], ..[3], lsp).

c. Asiling *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks* wontên ing *Naskah Sêrat Piwulang*

Metode transliterasi teks Sêrat Piwulang ingkang katindakakên inggih mênikå *metode transliterasi standar* såhå *suntingan teks Sêrat Piwulang* mênikå ngginakakên *metode suntingan edisi standar*. Cårå anggènipun ndamêl *transliterasi* såhå *suntingan* mênikå adhêdhasar *Ejaan yang Disempurnakan (EyD)* ingkang lumampah såhå *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) kanggé njumbuhakên têgês-têgêsing têmbung ingkang kirang trêp. Wondéné asiling *transliterasi* såhå *suntingan teks Sêrat Piwulang* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

Tabel* 28: *Transliterasi Standar* såhå *Suntingan Teks Edisi Standar Teks* wontên ing *Naskah Sêrat Piwulang

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Sêrat Piwulang Anggitanipun Mas Prawiråsudirjå Mantri guru ing Garung Wånåsåbå Kaêcap ing Indonesische drukkerij Ing Wèltêvrèdên 1917	*Sêrat Piwulang* Anggitanipun Mas Prawiråsudirjå Mantri guru ing Garung Wånåsåbå Kaêcap ing Indonesische drukkerij Ing Wèltêvrèdên 1917
[3] 1. Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun Wontên satunggilipun tiyang sêpuh wicantên dhatêng pårå nèm-nèman makatên: "Wong urip åjå dhêmên asor, bêcik luhurnå awakmu". Ing ngriku wontên tiyang ênèm satunggil pitakèn: "Kadospundi Kyai, têrangipun ungêl-ungêlan ingkang sampéyan lairakên punikå, saking pamanggih kulå kalêbêt élok sangêt, bêdå kaliyan piwulangipun pårå guru tuwin tiyang sêpuh-sêpuh sanèsipun. Ingkang limrah anggènipun mêmulang anak putu utawi pårå murid, supados sami andhap-asor, purun ngawon têmbung sakêcap, lampah satindak, angajèni ing sêsami, murih tiyang-tiyang sami rêmên lan asih, sugih sanak sadhèrèk, mitrå, tuwin kawanuhan, watêkipun wilujêng. Saupami manggih kasusahan, tumuntên angsal pitulungan saking tiyang sanès. Ing samangké Kyai paring piwulang kosok-wangsulipun, botên kénging asor, kêdah angluhurakên badanipun." Tiyang sêpuh mirêng pitakèn makatên punikå sakalangkung sukå	[3] 1. Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun Wontên satunggilipun tiyang sêpuh wicantên dhatêng pårå nèm-nèman makatên: "Wong urip åjå dhêmên asor, bêcik luhurnå awakmu". Ing ngriku wontên tiyang ênèm satunggil pitakèn, "Kadospundi Kyai, têrangipun ungêl-ungêlan ingkang sampèyan lairakên punikå, saking pamanggih kulå kalêbêt élok sangêt, bêdå kaliyan piwulangipun pårå guru tuwin tiyang sêpuh-sêpuh sanèsipun. Ingkang limrah anggènipun mêmulang anak putu utawi pårå murid, supados samiyå andhap asor, purun ngawon têmbung sakêcap, lampah satindak, angajèni ing sasami, murih tiyang-tiyang sami rêmên lan asih, sugih sanak sadhèrèk mitrå tuwin kawanuhan, watêkipun wilujêng. Saupami manggih kasusahan, tumuntên angsal pitulungan saking tiyang sanès. Ing samangké Kyai paring piwulang kosok-wangsulipun, botên kénging asor, kêdah angluhurakên badanipun." Tiyang sêpuh mirêng pitakèn makatên punikå sakalangkung sukå

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
bingah ing manah sartå angalêmbånå dhatêng tiyang ênèm ingkang pitakèn, yèn piyambakipun satunggiling tiyang titi pariksa nyuraos pikajênganipun wulangan, wicantênipun tiyang sêpuh: ” Kowé, ênggèr	bingah ing manah sartå angalêmbånå dhatêng tiyang ênèm ingkang pitakèn, yèn piyambakipun satunggiling tiyang titi pariksa nyuraos pikajênganipun wulangan, wicantênipun tiyang sêpuh: ” Kowé, ênggèr
[4] kênå dakarani wong bêgjå, pinaringan ati padhang lan sabar, niti pariksa maksudé pitutur. Yèn mangkono, adat sing uwis kalakon arang kalèru patrapé. Bêdå bangêt karo wong kang watak gugup, unèn-unèn durung pinikir kêpriyé bênêré, kêsusu ditindakaké baé, wêkasan salang surup kalèru panganggoné, anjigung sikil **dari**[1] jalaraning tibå”. Mungguh unèn-unèn ing dhuwur mau, uwis jårwå, karêpé anyingkirånå samubarang gawé kang ngasoraké awakmu. Sawaliké: “Nglakonånå pagawéyan sing kuwåwå anjunjung awakmu marang kaluhuran, déné jalèntrèhè kåyå ing ngisor iki.” Kang ngasoraké awak, yaiku: 1. mélikan, nyandhang lan mangan kang ora mêtu såkå pêrêsané kringêté dhéwé, liré: “Dhêmên anjêjaluk, ngandêlaké utåwå anjagakaké pawèwèh sartå pitulungané wong liyå, gêdhéné manèh gêlêm anglakoni panggawé ålå, ngêngapusi, nyênyolong, ngutil, nyêbrot, lan sapanunggalané. 2. bodho, jalaran ora gêlêm sinau, têtakon utawå nênitèni kalakuané wong liyå milih kang ålå lan bêcik, sabab lumrahé wong bodho mau	[4] kênå dakarani wong bêgjå, pinaringan ati padhang lan sabar, niti pariksa maksudé pitutur. Yèn mangkono, adat sing uwis kalakon arang kalèru patrapé. Bêdå bangêt karo wong kang watak gugup, unèn-unèn durung pinikir kêpriyé bênêré, kêsusu ditindakaké baé, wêkasan salang surup kalèru panganggoné, anjigung sikil **dari<ji>**[1] jalaraning tibå”. Mungguh unèn-unèn ing dhuwur mau, uwis jårwå, karêpé anyingkirånå samubarang gawé kang ngasoraké awakmu. Sawaliké: “Nglakonånå pagawéyan sing kuwåwå anjunjung awakmu marang kaluhuran, déné jalèntrèhè kåyå ing ngisor iki.” Kang ngasoraké awak, yaiku: 1. mélikan, nyandhang lan mangan kang ora mêtu såkå pêrêsané kringêté dhéwé, liré: “Dhêmên anjêjaluk, ngandêlaké utåwå anjagakaké pawèwèh sartå pitulungané wong liyå, gêdhéné manèh gêlêm anglakoni panggawé ålå. ngêngapusi, nyênyolong, ngutil, nyêbrot, lan sapanunggalané. 2. bodho, jalaran ora gêlêm sinau, têtakon utawå nênitèni kalakuané wong liyå milih kang ålå lan bêcik, sabab lumrahé wong bodho mau

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
disapirakaké déning sapådhå-pådhå, ånå pakumpulané wong akèh, kalungguhaké ing buri panggonan pêtêng. Yèn ånå rêmbug, ora biså urun-urun anggunêm, barêng gêlêm nyambungi rêmbug, sok kalèru, digêguyu ing akèh. 3. kêsèd, sungkanan ing samubarang gawé, watêké nyêpa-	disapirakaké déning sapådhå-pådhå, ånå pakumpulané wong akèh, kalungguhaké ing buri panggonan pêtêng. Yèn ånå rêmbug, ora biså urun-urun anggunêm, barêng gêlêm nyambungi rêmbug, sok kalèru, digêguyu ing akèh. 3. kêsèd, sungkanan ing samubarang gawé, watêké nyêpa-
-[5]-kki marang kacingkrangan. Mångkå wong iku yèn tumibå mlarat, gugur kaluhurané, kabèh sing pådhå kacukupan kudu arêp maréntah sartå ora ngajèni, déné kang mlarat mau kêpêksa manut, sabab butuh. 4. angkuh, sumangkéyèn, ambêk adigang adigung adiguna, lan sapapadhané. Iki kåyå upamané kumandhang, wong kang andêlêng lan ngrungu **masthi²** nirokaké, malah yèn ora kabênêran, pådhå gêthing ngarah bilahiné. Déné kang kuwåwå angluhuraké awakmu, iyå sawaliké ing dhuwur iku, gamblangé takjèrèng manèh kåyå ing ngisor iki. 1. Nyandhang manganå såkå kaskayamu dhéwé Åjå dhêmên olèh pawèwèh såkå wong liyå. Saupåmå ånå wong wèwèh ing kowè minångkå tåndhå katrêsnan, tampanånå kalawan sênênging ati, nanging sabiså-biså tumuli walêsên katrêsnané, sabab yèn ora mangkono, anggêpé wong mau nganggokaké ing kowé, anggarap murah gawé sawênang-wênang lan kurang ngajèni. Såyå akèh	-[5]-kki marang kacingkrangan. Mångkå wong iku yèn tumibå mlarat, gugur kaluhuraké, kabèh sing pådhå kacukupan kudu arêp maréntah sartå ora ngajèni, déné kang mlarat mau kêpêksa manut, sabab butuh. 4. angkuh, sumangkéyèn, ambêk adigang adigung adiguna, lan sapapadhané. Iki kåyå upamané kumandhang, wong kang andêlêng lan ngrungu **m{ê}sthi²** nirokaké, malah yèn ora kabênêran, pådhå gêthing ngarah bilahiné. Déné kang kuwåwå angluhuraké awakmu, iyå sawaliké ing dhuwur iku, gamblangé takjèrèng manèh kåyå ing ngisor iki. 1. Nyandhang manganå såkå kaskayamu dhéwé Åjå dhêmên olèh pawèwèh såkå wong liyå. Saupåmå ånå wong wèwèh ing kowè minångkå tåndhå katrêsnan, tampanånå kalawan sênênging ati, nanging sabiså-biså tumuli walêsên katrêsnané, sabab yèn ora mangkono, anggêpé wong mau nganggokaké ing kowé, anggarap murah gawé sawênang-wênang lan kurang ngajèni. Såyå akèh

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
ênggoné nganggokaké, wuwuh sêru olèhè ngidak. Luwih manèh saupåmå anggoné nganggokaké mau ora kalawan mulungé dhéwé, lantaran dijaluki kanthi pêksså anandukaké roså lan kuwasané, **masthi²** anuwuhaké gêthing, ing lair mênêng, nanging batiné ngandhut watu. 2. Ditabêri mardi budi Têtakon lan anon tinon marang pari polahé liyå, jaringånå lêlabêté kang bêcik-bêcik, ajå kalèru patrapé: "Anduwèni kawruh mung kanggo umuk umuk-	ênggoné nganggokaké, wuwuh sêru olèhè ngidak. Luwih manèh saupåmå anggoné nganggokaké mau ora kalawan mulungé dhéwé, lantaran dijaluki kanthi pêksså anandukaké roså lan kuwasané, **m{ê}sthi²** anuwuhaké gêthing, ing lair mênêng, nanging batiné ngandhut watu. 2. Ditabêri mardi budi Têtakon lan anon tinon marang pari polahé liyå, jaringånå lêlabêté kang bêcik-bêcik, ajå kalèru patrapé: "Anduwèni kawruh mung kanggo umuk umuk-
-[6]-kan. Watêké wong kang kapadhan kawruhé dadi asih, déné sing kalindhih panêmuné pådhå wêdi angajèni, åpå manèh wong kang nêdyå ngangsu mamrih marang kawruhmu, såyå bangêt ênggoné sumungkêm. 3. Dikêskil ngupåyå kasil. Élingå: "Mångså kang koaanggo nyambut gawé, sanadyan mung sadhélå, iyå ånå ajiné. Lan manèh sing gêmi marang rêjêki, nanging åjå cêthil. Rêjêki iku kang anjalari cukup. Wong kang kacukupan **masthi²** kajèn kèringan. Luwih manèh yèn murah ati gêlêm dêdånå marang wong kacingkrangan lan kasangsaran, såyå sugih sanak sadulur mitrå kawanuhan, kabèh pådhå guyub suyud ing kowé." 4. Nandukna tingkah paripolah luwês sartå andhap asor, têmbung ruruh amanis, ora agawé pinggêt atining liyå, supåyå wong liyå nimbangånå mangkono marang kowé. Sawisé pådhå kolakoni pituturku ing dhuwur mau, kênå takpasthèkaké	-[6]-kan. Watêké wong kang kapadhan kawruhé dadi asih, déné sing kalindhih panêmuné pådhå wêdi angajèni, åpå manèh wong kang nêdyå ngangsu mamrih marang kawruhmu, såyå bangêt ênggoné sumungkêm. 3. Dikêskil ngupåyå kasil. Élingå: "Mångså kang koaanggo nyambut gawé, sanadyan mung sadhélå, iyå ånå ajiné. Lan manèh sing gêmi marang rêjêki, nanging åjå cêthil. Rêjêki iku kang anjalari cukup. Wong kang kacukupan **m{ê}sthi²** kajèn kèringan. Luwih manèh yèn murah ati gêlêm dêdånå marang wong kacingkrangan lan kasangsaran, såyå sugih sanak sadulur mitrå kawanuhan, kabèh pådhå guyub suyud ing kowé." 4. Nandukna tingkah paripolah luwês sartå andhap asor, têmbung ruruh amanis, ora agawé pinggêt atining liyå, supåyå wong liyå nimbangånå mangkono marang kowé. Sawisé pådhå kolakoni pituturku ing dhuwur mau, kênå takpasthèkaké

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
dadi luhur awakmu, ora ånå wong kang gawé sawiyah ing kowé. Sadåyå piwulangipun tumancêb ing manah, pårå ênèm ingkang mirêngakên sukå bingah sartå badhé anglampahi pitêdah kalayan têmên-têmên, supados sagêd anggayuhing kautamèn. 2. Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå Ing satunggalipun nagari agêng wontên tiyang nåmå Jåyå Santosâ, da-	dadi luhur awakmu, ora ånå wong kang gawé sawiyah ing kowé. Sadåyå piwulangipun tumancêb ing manah, pårå ênèm ingkang mirêngakên sukå bingah sartå badhé anglampahi pitêdah kalayan têmên-têmên, supados sagêd anggayuhing kautamèn. 2. Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå Ing satunggalipun nagari agêng wontên tiyang nåmå Jåyå Santosâ, da-
-[7]-dos mandhor gudhang panyimpênan barang-barang ingkang badhé kaêmotakên dhatêng baitå kapal, angsal balånjå wulanan salawé rupiyah, gadhah anak tigå sami jalêr **têksih**[a] alit-alit sêdhêngipun sumêkul. Sarèhning wontên nagari agêng, sadåyå prêluning ngagêsang mawi tumbas kalayan awis, mångkå rêncang laré alit-alit, botên sagêd nyambi sêsadéyan utawi nyambut damêl sanèsipun, sanajan panganggénipun artå balånjå dipunatos-atos, mêjahi sawarnining kasukan ingkang ambêborosi, manahipun narimah ugêr sagêd nêdhå kaliyan manganggé sawatawis pantês, éwådéné sabên pundhatan wulan balanjanipun têlas kémawon, namung bêgjå botên gadhah sambutan. Jåyå Santosâ jalêr èstri sakalangkung prihatos, sabab ing têmbé manawi anakipun sampun agêng-agêng, waragading gêsangipun tamtu badhé mindhak kathah, mångkå botên gadhah	-[7]-dos mandhor gudhang panyimpênan barang-barang ingkang badhé kaêmotakên dhatêng baitå kapal, angsal balånjå wulanan salawé rupiyah, gadhah anak tigå sami jalêr **têksih**[a] alit-alit sêdhêngipun sumêkul. Sarèhning wontên nagari agêng, sadåyå prêluning ngagêsang mawi tumbas kalayan awis, mångkå rêncang laré alit-alit, botên sagêd nyambi sêsadéyan utawi nyambut damêl sanèsipun, sanajan panganggénipun artå balånjå dipunatos-atos, mêjahi sawarnining kasukan ingkang ambêborosi, manahipun narimah ugêr sagêd nêdhå kaliyan manganggé sawatawis pantês, éwådéné sabên pundhatan wulan balanjanipun têlas kémawon, namung bêgjå botên gadhah sambutan. Jåyå Santosâ jalêr èstri sakalangkung prihatos, sabab ing têmbé manawi anakipun sampun agêng-agêng, waragading gêsangipun tamtu badhé mindhak kathah, mångkå botên gadhah

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
simpênan artå utawi gêgantungan warni barang ingkang pangaos. Anuju satunggiling dalu wanci sirêp laré, Jåyå Santosa jalêr èstri sami jêjagongan lan rêraosan makatên: "Kêpriyé, Êmbokné? Yèn salawasé urip mangkéné baé, ora biså omah-omah utåwå nyèlèngi såkå dhuwit balånjå **masthi²** såyå lawas imbah-imbuh rêkasané, bésuk mangsané anakmu gêdhé-gêdhé kudu kapardi marang kapintêran dilêbokaké sêkolah, åpå manèh bakal nyupitaké, sanajan mung bubur sapiring iyå ngêtokaké wragad kanggo slamêtan. Kajåbå såkå iku du-	simpênan artå utawi gêgantungan warni barang ingkang pangaos. Anuju satunggiling dalu wanci sirêp laré, Jåyå Santosa jalêr èstri sami jêjagongan lan rêraosan makatên: "Kêpriyé, Êmbokné? Yèn salawasé urip mangkéné baé, ora biså omah-omah utåwå nyèlèngi såkå dhuwit balånjå **m{ê}sthi²** såyå lawas imbah-imbuh rêkasané, bésuk mangsané anakmu gêdhé-gêdhé kudu kapardi marang kapintêran dilêbokaké sêkolah, åpå manèh bakal nyupitaké, sanajan mung bubur sapiring iyå ngêtokaké wragad kanggo slamêtan. Kajåbå såkå iku du-
-[8]-rung duwé dhuwit kanggo sadhiyan pangan manåwå ginanjar ånå bêbåyå salah mångså utåwå yèn wis tuwå ora biså nyambut gawé. Kang iku prayogå pikirên, mumpung durung tumibå kasangsaran." Sakèndêlipun Jåyå Santosa rêraosan kados ing nginggil punikå, ingkang èstri manahipun sakalangkung sêdhih, kuwatos sangêt kanalangsan kêkirangan têdhå bénjing sêpuhipun, lajêng rêmbagan badhé nyudå balanjanipun sabên wulan saringgit kalêbêtakên ing cèlèngan. Ingkang tigang rupiyah kanggé nyéwå griyå. Calon waragad sêkolah wiwit dipunwontêni sawulan sarupiyah, dados sabên wulan namung kapanci yåtrå wolulas satêngah rupiyah, punikå kêdah kacêkap-cêkapakên. Sarêng sampun agolong rêmbag, Jåyå Santosa matur dhatêng pangagêngipun kantor pos, badhé	-[8]-rung duwé dhuwit kanggo sadhiyan pangan manåwå ginanjar ånå bêbåyå salah mångså utåwå yèn wis tuwå ora biså nyambut gawé. Kang iku prayogå pikirên, mumpung durung tumibå kasangsaran." Sakèndêlipun Jåyå Santosa rêraosan kados ing nginggil punikå, ingkang èstri manahipun sakalangkung sêdhih, kuwatos sangêt kanalangsan kêkirangan têdhå bénjing sêpuhipun, lajêng rêmbagan badhé nyudå balanjanipun sabên wulan saringgit kalêbêtakên ing cèlèngan. Ingkang tigang rupiyah kanggé nyéwå griyå. Calon waragad sêkolah wiwit dipunwontêni sawulan sarupiyah, dados sabên wulan namung kapanci yåtrå wolulas satêngah rupiyah, punikå kêdah kacêkap-cêkapakên. Sarêng sampun agolong rêmbag, Jåyå Santosa matur dhatêng pangagêngipun kantor pos, badhé

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
anglêbêti cèlèngan sabên wulan saringgit, pangagêng wau andhangani, lajêng maringi buku alit kaliyan bintang satunggil, minångkå pratåndhå piyambakipun gadhah cèlèngan ing kantor pos. Makatên salajêngipun, Sabên wulan botên naté lowong anggènipun nyèlèngi. Anuju satunggil dintên, wanci Asar Jåyå Santoså saking gudhang badhé mantuk, wontên têngah margi manggih sêrat sasuwèk, dipunpêndhêt lajêng kawaos awon nganggur kaliyan lumampah, ungêling sêrat makatên: "Bêgjå kang santoså ngantêpi niyat sawiji, sabab dayané luwih gêdhé, kênå basakaké, kuwåwå anjugrugaké gunung watu kang gêdhé dhuwur, biså katêkan sasêdyané."	anglêbêti cèlèngan sabên wulan saringgit, pangagêng wau andhangani, lajêng maringi buku alit kaliyan bintang satunggil, minångkå pratåndhå piyambakipun gadhah cèlèngan ing kantor pos. Makatên salajêngipun, Sabên wulan botên naté lowong anggènipun nyèlèngi. Anuju satunggil dintên, wanci Asar Jåyå Santoså saking gudhang badhé mantuk, wontên têngah margi manggih sêrat sasuwèk, dipunpêndhêt lajêng kawaos awon nganggur kaliyan lumampah, ungêling sêrat makatên: "Bêgjå kang santoså ngantêpi niyat sawiji, sabab dayané luwih gêdhé, kênå basakaké, kuwåwå anjugrugaké gunung watu kang gêdhé dhuwur, biså katêkan sasêdyané."
[9] Sasampunipun kawaos, sêrat kalêbêtakên ing kanthonganing rasukanipun, samargi-margi ungêling sêrat ginagas-gagas karaosakên, pinanggih ing manah saé sangêt sartå agêng pigunanipun, ciptanipun: "Surasané layang iki èdi têmên, isi piwulang luwih mulyå, iki jimat kang gêdhé kasiyaté. Sanajan dalancang mung sasuwèk, ajiné ngungkuli kêncånå sawungkal." Dumugi ing griyå, Jåyå Santoså linggih ngaso wontên ambèn kaliyan médang, nuntên mawartos dhatêng ingkang èstri yèn manggih sêrat suraosipun langkung èdi, kénging kanggé lantaran anjunjung badanipun anggayuh kamulyaning donyå.	[9] Sasampunipun kawaos. sêrat kalêbêtakên ing kanthonganing rasukanipun, samargi-margi ungêling sêrat ginagas-gagas karaosakên, pinanggih ing manah saé sangêt sartå agêng pigunanipun, ciptanipun: "Surasané layang iki èdi têmên, isi piwulang luwih mulyå, iki jimat kang gêdhé kasiyaté. Sanajan dalancang mung sasuwèk, ajiné ngungkuli kêncånå sawungkal." Dumugi ing griyå, Jåyå Santoså linggih ngaso wontên ambèn kaliyan médang, nuntên mawartos dhatêng ingkang èstri yèn manggih sêrat suraosipun langkung èdi, kénging kanggé lantaran anjunjung badanipun anggayuh kamulyaning donyå.

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Wicantênipun: "Êmbokné, anggonku pådhå têmén-têmên ngantêpi niyat, Sabên sasi nglêboni cèlèngan saringgit, saiki nêmu sêksi unine layang kiyé, tandhané lagi rong taun baé wis duwé dhuwit sawidak rupiyah, uripku sadinåné kåyå ajêg. Sanajan ånå kurangé sawatårå, ora kongsi gawé sangsarané awakmu." Ingkang èstri nyêlani wicantên: "Inggih Pakné, ungêling sêrat niku **panci**[b] yêktos, malah wontên malih bathiné, saniki manah kulå ayêm, badan karaos sêgêr, kêkiyatan ênggih mindhak roså, jalaran saking èngêt gadhah artå cèlèngan wau, kénging kanggé jagi-jagi manawi kêkirangan utawi ontên bêbåyå salah mångså. Bédå sangêt kalih dhèk riyin nalikå dèrèng nyèlèngi, ugêr êmpun mèh cumpêt wulané botên anggêgêm artå, raosing manah langkung sêdhih, mångkå panangisé anak nêdhå sêkul botên kénging disêmadosi, malah kulå piyambak rumaos ang-	Wicantênipun: "Êmbokné, anggonku pådhå têmén-têmên ngantêpi niyat, Sabên sasi nglêboni cèlèngan saringgit, saiki nêmu sêksi unine layang kiyé, tandhané lagi rong taun baé wis duwé dhuwit sawidak rupiyah, uripku sadinåné kåyå ajêg. Sanajan ånå kurangé sawatårå, ora kongsi gawé sangsarané awakmu." Ingkang èstri nyêlani wicantên: "Inggih Pakné, ungêling sêrat niku **panci**[b] yêktos, malah wontên malih bathiné, saniki manah kulå ayêm, badan karaos sêgêr, kêkiyatan ênggih mindhak roså, jalaran saking èngêt gadhah artå cèlèngan wau, kénging kanggé jagi-jagi manawi kêkirangan utawi ontên bêbåyå salah mångså. Bédå sangêt kalih dhèk riyin nalikå dèrèng nyèlèngi, ugêr êmpun mèh cumpêt wulané botên anggêgêm artå, raosing manah langkung sêdhih, mångkå panangisé anak nêdhå sêkul botên kénging disêmadosi, malah kulå piyambak rumaos ang-
-[10]-grangsang, nêmbé nêdhå sêkul ngantos tuwuk ewådéné kêpéngin jajan. Sarêng saniki marêm, awis-awis gadhah pépénginan." Ingkang jalêr mangsuli: "Iyå **panci**[b] mangkono, håwå nêpsuné wong ora duwé lumrah murkå angångså-ångså kåyå wong ngêlih wêtêngé, sok sugih pépénginan. Sanajan mêstas mangan warêg, ånå kêtélå, kimpul, kumudu-kudu arêp ngêmplok, nanging yèn wong kacukupan, sawisé mangan warêg, karåså marêm ånåå kêtan iwak	-[10]-grangsang, nêmbé nêdhå sêkul ngantos tuwuk ewådéné kêpéngin jaran. Sarêng saniki marêm, awis-awis gadhah pépénginan." Ingkang jalêr mangsuli, "Iyå **panci**[b] mangkono, håwå nêpsuné wong ora duwé lumrah murkå angångså-ångså kåyå wong ngêlih wêtêngé, sok sugih pépénginan. Sanajan mêstas mangan warêg, ånå kêtélå, kimpul, kumudu-kudu arêp ngêmplok, nanging yèn wong kacukupan, sawisé mangan warêg, karåså marêm ånåå kêtan iwak

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
ing ngarêpé êmoh nyuwil." Ingkang èstri sumambêt: "Sarèhning saniki êmpun yêktos dayaning kacêkapan wau andamêl marêm lan ayêming manah, rintên dalu kulå sêsuwun, mugi-mugi lulus pinaringan ati kang santoså, sagêdå nyèlèngi ajêg salaminé." Wangsulanipun ingkang jalêr: "Iyå bênêr, ênggoné nyèlèngi diajêgké, nanging såkå karêpku arêp dakanggo gawé omah sing pantês. Kang sapisan, prêlu ing ngatasé wong urip kudu duwé panggonan sing têmtu. Kapindhoné, sawisé duwé omah aku imbuh kauntungan sêsasi telung rupiyah, sabab lèrèn olèhè nyèwå. Dhuwit telung rupiyah mau kanggo muwuhi cèlèngan, dadi sêsasiné limang rupiyah satêngah. Katêluné, omah iku mung prêlu kanggo manggon baé, ugå biså ngaling-alingi kanisthan, ngluhuraké darajat sawatårå, krånå tumrapé wong bumi manåwå ora duwé omah, kalêbu golongané påpå, sanajan dianggoå golèk pawitan dhuwit nyênyilih utåwå utang-utang iyå diandêl marang kang duwé dhuwit."	ing ngarêpé êmoh nyuwil." Ingkang èstri sumambêt: "Sarèhning saniki êmpun yêktos dayaning kacêkapan wau andamêl marêm lan ayêming manah, rintên dalu kulå sêsuwun, mugi-mugi lulus pinaringan ati kang santoså, sagêdå nyèlèngi ajêg salaminé." Wangsulanipun ingkang jalêr: "Iyå bênêr, ênggoné nyèlèngi diajêgké, nanging såkå karêpku arêp dakanggo gawé omah sing pantês. Kang sapisan, prêlu ing ngatasé wong urip kudu duwé panggonan sing têmtu. Kapindhoné, sawisé duwé omah aku imbuh kauntungan sêsasi telung rupiyah, sabab lèrèn olèhè nyèwå. Dhuwit telung rupiyah mau kanggo muwuhi cèlèngan, dadi sêsasiné limang rupiyah satêngah. Katêluné, omah iku mung prêlu kanggo manggon baé, ugå biså ngaling-alingi kanisthan, ngluhuraké darajat sawatårå, krånå tumrapé wong bumi manåwå ora duwé omah, kalêbu golongané påpå, sanajan dianggoå golèk pawitan dhuwit nyênyilih utåwå utang-utang iyå diandêl marang kang duwé dhuwit."
[11] Ingkang èstri mênggak: "Bok êmpun kêsêså kangêngên panjångkå riyin, Pakné, dhuwit cèlèngan sawidak rupiyah niku ing ngatasé têng nagari agêng, ajêng nyukupi sapintên, mångkå sadåyå dadosan tuwin bahu ingkang anggarap wis sangêt. Manawi ajêng damêl griyå kang pantêsing nagari ngriki, apêsé kêdah nyêpêng artå gangsalatus rupiyah, milå prayogi	[11] Ingkang èstri mênggak: "Bok êmpun kêsêså kangêngên panjångkå riyin, Pakné, dhuwit cèlèngan sawidak rupiyah niku ing ngatasé têng nagari agêng, ajêng nyukupi sapintên, mångkå sadåyå dadosan tuwin bahu ingkang anggarap wis sangêt. Manawi ajêng damêl griyå kang pantêsing nagari ngriki, apêsé kêdah nyêpêng artå gangsalatus rupiyah, milå prayogi

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kasandèkaké mawon kajêng dikå niku, Pakné, gampil bénjing nèk cèlèngané êmpun ngalumpuk kathah, tumuntên diniyati." Ingkang jalêr: "Panêmu mangkono iku bênêr bangêt, nanging åjå kêsusu mapasi rêmbug, pikirên dhisik dikongsi katêmu bêciké, såkå karêpku mêksa arêp gawé omah, ora dadi sasasi, sataun. Ora dadi sataun, iya sawindu, pati-pati mundur yèn durung rampung, ngirås anyatakaké unèn-unèn kang kasêbut ing layang mau. Mungguh såkå pangiraku, janji langgêng santosa ing ngati, têmên-têmên ênggoné ngantêpi karêpé, kåyå-kåyå ora wurung, bakal katêkan sêjaku. Såpå ngirå rayap kéwan kang gumrêmêt biså gawé gumuk gêdhé lan santosa. Déné kang dhisik aku tuku pomahan karo dandanan sing bångså awèt, supåyå yèn ånå apêsé ora biså banjuraké, gampang didol maném." Ingkang èstri lajêng kèndêl kémawon, botên mangsuli punåpå-punåpå, namung mêmuji sagêdå kasêmbadan sêdyanipun. Jåyå Santosa pados pémahan ing salêbêtipun kithå radi pinggir, murih pikantuk mirah pangaosipun, nanging milih papan ingkang	kasandèkaké mawon kajêng dikå niku, Pakné, gampil bénjing nèk cèlèngané êmpun ngalumpuk kathah, tumuntên diniyati." Ingkang jalêr: "Panêmu mangkono iku bênêr bangêt, nanging åjå kêsusu mapasi rêmbug, pikirên dhisik dikongsi katêmu bêciké, såkå karêpku mêksa arêp gawé omah, ora dadi sasasi, sataun. Ora dadi sataun, iya sawindu, pati-pati mundur yèn durung rampung, ngiråså nyatakaké unèn-unèn kang kasêbut ing layang mau. Mungguh såkå pangiraku, janji langgêng santosa ing ngati, têmên-têmên ênggoné ngantêpi karêpé, kåyå-kåyå ora wurung, bakal katêkan sêjaku. Såpå ngirå rayap kéwan kang gumrêmêt biså gawé gumuk gêdhé lan santosa. Déné kang dhisik aku tuku pomahan karo dandanan sing bångså awèt,supåyå yèn ånå apêsé ora biså banjuraké, gampang didol maném." Ingkang èstri lajêng kèndêl kémawon, botên mangsuli punåpå-punåpå, namung mêmuji sagêdå kasêmbadan sêdyanipun. Jåyå Santosa pados pémahan ing salêbêtipun kithå radi pinggir, murih pikantuk mirah pangaosipun, nanging milih papan ingkang
[12] Waradin, cakêt margi agêng tuwin angsal toyå ilèn. Botên antawis lami, sampun pikantuk pakawisan wiyaripun kalih dåså ubin, rêgi sawidak rupiyah sampun kabayar kêncèng. Sabên wulan artå ingkang	[12] Waradin, cakêt margi agêng tuwin angsal toyå ilèn. Botên antawis lami, sampun pikantuk pakawisan wiyaripun kalih dåså ubin, rêgi sawidak rupiyah sampun kabayar kêncèng. Sabên wulan artå ingkang

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*
masthi² dipuncèlèngi katumbasakên kajêng, dêling, gêndhèng såhå sanès-sanèsipun ingkang prêlu kanggé sapikantukipun. Lami-lami sagêd pêpak, lajêng wiwit kagarap, ngundang undhagi ingkang mangêrtos, sabên wulan namung kagarap kawan utawi gangsal dintên, sacêkapipun artå saringgit kanggé épahan undhagi. Déné padamêlan ingkang gampil-gampil, kadostå: Baturing griyå, atrap usuk, gêndhèng, gêdhèg sêsaminipun kagarap piyambak wanci sontên samantukipun saking padamêlan tuwin dintên ngahad, yèn panuju botên nyambut damêl ing gudhang, ingkang dipundamêl rumiyin griyå pawon adêgipun cakêt pager wingking. Sarêng sampun dados, Jåyå Santosa ngalih dhatêng griyå pawon mau, ing lêbêt namung cêkap patilêman tuwin ambèn alit satunggil, sangêt anggènipun kaluthêkan, sêsak botên sagêd dêdèkèk barang barang darbékipun, sawarnining barang ingkang bångså agêng: Méjå, kursi såhå sanèsipun katitipakên ing tånggå. Tiyang ingkang katitipan inggih bingah, jalaran sagêd nganggé botên mawi nyênyambut. Artå tigang rupiyah ingkang **masdhi²** kanggé séwan griyå kawêwahakên artå saringgit wau, dados sawulanipun kanggé epahan anggarap griyå gangsal rupiyah satengah. Saking têmên-têmên ngantêpi niyatipun, salêbêting wolung taun griyå sampun dados, agêngipun cê-	**m{ê}sthi²** dipuncèlèngi katumbasakên kajêng, dêling, gêndhèng såhå sanès-sanèsipun ingkang prêlu kanggé sapikantukipun. Lami-lami sagêd pêpak, lajêng wiwit kagarap, ngundang undhagi ingkang mangêrtos, sabên wulan namung kagarap kawan utawi gangsal dintên, sacêkapipun artå saringgit kanggé épahan undhagi. Déné padamêlan ingkang gampil-gampil, kadostå: Baturing griyå, atrap usuk, gêndhèng, gêdhèg sêsaminipun kagarap piyambak wanci sontên samantukipun saking padamêlan tuwin dintên ngahad, yèn panuju botên nyambut damêl ing gudhang, ingkang dipundamêl rumiyin griyå pawon adêgipun cakêt pager wingking. Sarêng sampun dados, Jåyå Santosa ngalih dhatêng griyå pawon mau, ing lêbêt namung cêkap patilêman tuwin ambèn alit satunggil, sangêt anggènipun kaluthêkan, sêsak botên sagêd dêdèkèk barang barang darbékipun, sawarnining barang ingkang bångså agêng: Méjå, kursi såhå sanèsipun katitipakên ing tånggå. Tiyang ingkang katitipan inggih bingah, jalaran sagêd nganggé botên mawi nyênyambut. Artå tigang rupiyah ingkang **m{ê}s{t}hi²** kanggé séwan griyå kawêwahakên artå saringgit wau, dados sawulanipun kanggé epahan anggarap griyå gangsal rupiyah satengah. Saking têmên-têmên ngantêpi niyatipun, salêbêting wolung taun griyå sampun dados, agêngipun cê-
-[13]-kapan, wangunipun saé såhå	-[13]-kapan, wangunipun saé såhå

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kêkah. Balungan kajêng jatos kalêrêsan abên-abênanipun. Palataran ngajêng karênggå sêsêkaran, kiwå têngên waradin såhå rêsik dipunbrangkal sèlå alit-alit, ingkang dipunémbå dalêmipun pårå walandi. Jåyå Santoså lajêng ngalih anglêbêt griyå énggal, tilasipun kanggé griyå pawon, déné tilas griyå pawon ingkang rumiyin dipunanggé kandhang ayam lan wadhah kajêng. Sarèhnè griyå wau têksih lugas, dèrèng dipunêcèt utawi nganggé rêrênggan murih asri, manahipun Jåyå Santoså têksih cuwå sangêt, milå sabên wulan artå ingkang gangsal rupiyah satêngah lêstantun kanggé maragadi, katumbasakên êcèt, kêrè, aling-aling jandhélå, lampit, lampu såhå sanès-sanèsipun isèn-isèning griyå ngiras kanggé pasrèn. Sarêng sampun rampung sarêrêngganipun, tiningalan langkung asri andamêl sênênging manah. Sok tiyangå sami ngalêm kantêpanipun tuwin kathah ingkang niru damêl griyå nulad pratikêlipun Jåyå Santoså, dados piyambakipun botên namung damêl sênênging manahipun piyambak kémawon, malah dados tuladanipun ngakathah såhå dados pitakènan ing bab tiyang damêl griyå. Kacariyos, dèrèng lami mandhor gudhang wau nganggèni griyanipun, kalêrêsan wontên walandi dhatêng énggal saking nagari måncå, pados sewan griyå alit-alitan ugêr cêkap dipunanggéni såhå pantês, kadadosan nyéwå griyanipun Jåyå Santoså	kêkah. Balungan kajêng jatos kalêrêsan abên-abênanipun. Palataran ngajêng karênggå sêsêkaran. Kiwå têngên waradin såhå rêsik dipunbrangkal sèlå alit-alit, ingkang dipunémbå dalêmipun pårå walandi. Jåyå Santoså lajêng ngalih anglêbêt griyå énggal, tilasipun kanggé griyå pawon, déné tilas griyå pawon ingkang rumiyin dipunanggé kandhang ayam lan wadhah kajêng. Sarèhnè griyå wau têksih lugas, dèrèng dipunêcèt utawi nganggé rêrênggan murih asri, manahipun Jåyå Santoså têksih cuwå sangêt, milå sabên wulan artå ingkang gangsal rupiyah satêngah lêstantun kanggé maragadi, katumbasakên êcèt , kêrè, aling-aling jandhélå, lampit, lampu såhå sanès-sanèsipun isèn-isèning griyå ngiras kanggé pasrèn. Sarêng sampun rampung sarêrêngganipun, tiningalan langkung asri andamêl sênênging manah. Sok tiyangå sami ngalêm kantêpanipun tuwin kathah ingkang niru damêl griyå nulad pratikêlipun Jåyå Santoså, dados piyambakipun botên namung damêl sênênging manahipun piyambak kémawon, malah dados tuladanipun ngakathah såhå dados pitakènan ing bab tiyang damêl griyå. Kacariyos, dèrèng lami mandhor gudhang wau nganggèni griyanipun, kalêrêsan wontên walandi dhatêng énggal saking nagari måncå, pados sewan griyå alit-alitan ugêr cêkap dipunanggéni såhå pantês, kadadosan nyéwå griyanipun Jåyå Santoså

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
sawulan f 10, ingkang gadhah griyå kêdah amangsuli nyéwå griyå tilasipun rumiyin sawulan f 3, dados piyambakipun gadhah pamêdal sa-	sawulan f 10, ingkang gadhah griyå kêdah amangsuli nyéwå griyå tilasipun rumiyin sawulan f 3, dados piyambakipun gadhah pamêdal sa-
-[14]-wulanipun f 35, wragading gêsangipun kaindhakakên f 22, séwå griyå f 3, ingkang f 10, ajêg kalêbêtakên dhatêng cèlèngan. Sawêg gangsal taun laminipun, sagêd damêl malih griyå langkung agêng sakêdhik tinimbang ingkang sampun, **pangragapipun**[(1)] radi énggal sartå gampil awit sampun mindhak pratikêlipun sartå wêwah artå ingkang kanggé wragad. Griyå wau kaséwakakên malih sawulanipun f 12,50, sapunikå gadhah pamêdal sabên wulan f 47,50. Sarêng sampun gadhah griyå kalih, nuntên damêl griyå alit ingkang dipunanggèni piyambak. Sarèhning mandhor wau sampun sêpuh, lajêng kèndêl saking padamêlan, jalêr èstri manggèn griyå alit, anak-anakipun jalêr sampun misah pados pagêsangan piyambak. Déné artå cèlèngan sawontênipun kapêndhêt kanggé pawitan pados rêjêki sinambi nganggur. Ing wasånå Jåyå Santosâ jalêr èstri manggih kamulyan sasampuning sêpuh, artå séwan griyå katêdhå écå, satirahipun kanggé jagi-jagi bok manawi ing têmbé wontên damêlipun, sampun ngantos andamêl rêkaosing anak tuwin sadhèrèk, malah mênawi sagêd luwung têtulung sakiyatipun. Kathah ingkang wicantên makatên: “Uripé Jåyå Santosâ	-[14]-wulanipun f 35, wragading gêsangipun kaindhakakên f 22, séwå griyå f 3, ingkang f 10, ajêg kalêbêtakên dhatêng cèlèngan. Sawêg gangsal taun laminipun, sagêd damêl malih griyå langkung agêng sakêdhik tinimbang ingkang sampun, **panggarapipun**[(1)] radi énggal sartå gampil awit sampun mindhak pratikêlipun sartå wêwah artå ingkang kanggé wragad. Griyå wau kaséwakakên malih sawulanipun f 12,50, sapunikå gadhah pamêdal sabên wulan f 47,50. Sarêng sampun gadhah griyå kalih, nuntên damêl griyå alit ingkang dipunanggèni piyambak. Sarèhning mandhor wau sampun sêpuh, lajêng kèndêl saking padamêlan, jalêr èstri manggèn griyå alit, anak-anakipun jalêr sampun misah pados pagêsangan piyambak. Déné artå cèlèngan sawontênipun kapêndhêt kanggé pawitan pados rêjêki sinambi nganggur. Ing wasånå Jåyå Santosâ jalêr èstri manggih kamulyan sasampuning sêpuh, artå séwan griyå katêdhå écå, satirahipun kanggé jagi-jagi bok manawi ing têmbé wontên damêlipun, sampun ngantos andamêl rêkaosing anak tuwin sadhèrèk, malah mênawi sagêd luwung têtulung sakiyatipun. Kathah ingkang wicantên makatên: “Uripé Jåyå Santosâ

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kabênêran, bêgjané katêmu tuwå, dadi ånå kanggo liru sudaning kêkuwatan karo pâncådriyané. Déné wong kang cilåkå ora mangkono, malaraté kêtêmu tuwå, kêkuwatané wis ora kêna kanggo golèk kasil, pandêlêng, pangrungu, kabèh wis sudå, mung kari håwå nêpsu mêmangan énak kang isih, dadi marakké-	kabênêran, bêgjané katêmu tuwå, dadi ånå kanggo liru sudaning kêkuwatan karo påcådriyané. Déné wong kang cilåkå ora mangkono, malaraté kêtêmu tuwå, kêkuwatané wis ora kêna kanggo golèk kasil, pandêlêng, pangrungu, kabèh wis sudå, mung kari håwå nêpsu mêmangan énak kang isih, dadi marakké-
[15] ngimbuhi kacingkrangané, sing akèh pådhå tumibå ing kasangsaran." Ingkang punikå: "Tiyang gêsang prêlu sangêt anjagi wiwit têksih ênèm, anglêmpakakén rêjêki kanggé sangu sasampuning sêpuh." 3. Cariyos anglampahi padamêlan ingkang disagêdi sartå dipunrêmêni. Wontên priyantun agêng sugih artå tuwin donyå brånå pèni-pèni råjåpèni, kagungan dalêm gêdhong pêpak isi pirantosing griyå èdi-èdi, ngingah råjå kåyå: kapal, maéså lan lêmbu sami pêpilihan, ing salêbêtipun nagari ngriku långkå priyantun ingkang sami kasugihanipun. Sarèhning sampun kacêkapan, anggènipun anglampahi padamêlan jênjêm, botên kêkathahên ingkang kagalih. Mênggah ingkang dados jalaraning sugih makatên punikå, sabab balanjanipun kathah, anggènipun ngastå padamêlan sampun lami, mångkå watêkipun gêmi titi ngatos-atos, sagêd sangêt mranåtå salêbêting dalêm, botên wontên padamêlan bundhêt atumpang	[15] ngimbuhi kacingkrangané, sing akèh pådhå tumibå ing kasangsaran." Ingkang punikå: "Tiyang gêsang prêlu sangêt anjagi wiwit têksih ênèm, anglêmpakakén rêjêki kanggé sangu sasampuning sêpuh." 3. Cariyos anglampahi padamêlan ingkang disagêdi sartå dipunrêmêni. Wontên priyantun agêng sugih artå tuwin donyå brånå pèni-pèni råjåpèni, kagungan dalêm gêdhong pêpak isi pirantosing griyå èdi-èdi, ngingah råjå kåyå: kapal, maéså lan lêmbu sami pêpilihan, ing salêbêtipun nagari ngriku långkå priyantun ingkang sami kasugihanipun. Sarèhning sampun kacêkapan, anggènipun anglampahi padamêlan jênjêm, botên kêkathahên ingkang kagalih. Mênggah ingkang dados jalaraning sugih makatên punikå, sabab balanjanipun kathah, anggènipun ngastå padamêlan sampun lami, mångkå watêkipun gêmi titi ngatos-atos, sagêd sangêt mranåtå salêbêting dalêm, botên wontên padamêlan bundhêt atumpang

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
suh utawi barang ingkang kacicir utawi katlisut. Isèn-isèning dalêm méjå, kursi, lampu, lampit, lêmantun sapanunggilanipun, amung saprêlunipun ingkang kanggé kémawon, ananging sadåyå bångså pêpêthingan saé-saé sartå awèt kanggénipun. Agêm-agêman katêmtokakên, ingkang kagêm padintênan, paméran manawi kalêrês tindak utawi kekêmpalan, tuwin kanggé pasamuwan agêng, satunggil-tunggilipun kapilih ingkang awèt såhå pa-	suh utawi barang ingkang kacicir utawi katlisut. Isèn-isèning dalêm méjå, kursi, lampu, lampit, lêmantun sapanunggilanipun, amung saprêlunipun ingkang kanggé kémawon, ananging sadåyå bångså pêpêthingan saé-saé sartå awèt kanggénipun. Agêm-agêman katêmtokakên, ingkang kagêm padintênan, paméran manawi kalêrês tindak utawi kekêmpalan, tuwin kanggé pasamuwan agêng, satunggil-tunggilipun kapilih ingkang awèt såhå pa-
-[16]-ntês, botên kêrså kêkathahên warni tuwin cacah, namung kapêsthi **sacêkapiun(2)** kanggé sontan-santun. Abdinipun botên kathah, nanging nyêkapi, sabab milih tiyang ingkang têmên, tabêri, lan ngêrtos ing damêl, sabên wulan kaparingan balånjå langkung kathah tinimbang kaliyan abdinipun priyantun sanès, dados manahipun sami mantêp kumawulå, botên gadhah èngêtan nêjå késah pados pasuwitan malih, amargi sampun sumêrêp botên badhé pikantuk bêndårå ingkang paring balånjå sami kathahipun kados ingkang sampun. Pårå abdi wau sabên dintên sami tumandang ing damêl botên mawi ngêntosi dhawuhing Bêndårå, lajêng cakut anggarap padamêlanipun piyambak-piyambak ingkang sampun katêmtokakên dados cêcêpênganipun. Nganggènipun artå balånja angatos-atos sangêt, sadåyå kanthi étangan lêrês, botên kenging corok-	-[16]-ntês, botên kêrså kêkathahên warni tuwin cacah, namung kapêsthi **sacêkapipun(2)** kanggé sontan-santun. Abdinipun botên kathah, nanging nyêkapi, sabab milih tiyang ingkang têmên, tabêri, lan ngêrtos ing damêl, sabên wulan kaparingan balånjå langkung kathah tinimbang kaliyan abdinipun priyantun sanès, dados manahipun sami mantêp kumawulå, botên gadhah èngêtan nêjå késah pados pasuwitan malih, amargi sampun sumêrêp botên badhé pikantuk bêndårå ingkang paring balånjå sami kathahipun kados ingkang sampun. Pårå abdi wau sabên dintên sami tumandang ing damêl botên mawi ngêntosi dhawuhing Bêndårå, lajêng cakut anggarap padamêlanipun piyambak-piyambak ingkang sampun katêmtokakên dados cêcêpênganipun. Nganggènipun artå balånja angatos-atos sangêt, sadåyå kanthi étangan lêrês, botên kenging corok-

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
cinorok langkung saking mêsthinipun, manawi badhé mêmundhut punåpå-punåpå kêdah kagalih rumiyin dipuntimbang kaliyan prèlunipun, saupami pinanggih kirang prêlu inggih lajêng sandé pamundhutipun. Saking sangêtipun angatos-atos, sampun ingkang artå kêthipan minggah dhatêng rupiyahan, sanajan namung artå sabribil manawi wêdalipun botèn dunung, tansah dados panggalih, ngéman wêdaling artå sigar wau. Kosok-wangsulipun ing nginggil, priyantun wau botên owêl ngêdalakên artå ngantos dasanan rupiyah, ugêr tumånjå kanggénipun ing samukawis ingkang kagalih prêlu, kadostå: Kanggé maragadi putrå ingkang sinau ngudi kasagèdan, maragadi panguburipun ma-	cinorok langkung saking mêsthinipun, manawi badhé mêmundhut punåpå-punåpå kêdah kagalih rumiyin dipuntimbang kaliyan prèlunipun, saupami pinanggih kirang prêlu inggih lajêng sandé pamundhutipun. Saking sangêtipun angatos-atos, sampun ingkang artå kêthipan minggah dhatêng rupiyahan, sanajan namung artå sabribil manawi wêdalipun botèn dunung, tansah dados panggalih, ngéman wêdaling artå sigar wau. Kosok-wangsulipun ing nginggil, priyantun wau botên owêl ngêdalakên artå ngantos dasanan rupiyah, ugêr tumånjå kanggénipun ing samukawis ingkang kagalih prêlu, kadostå: Kanggé maragadi putrå ingkang sinau ngudi kasagèdan, maragadi panguburipun ma-
-[17]-yit ingkang kapiran, têtulung tiyang kasangsaran, kêluwèn såhå sanès-sanèsipun. Malah karså nyadhiyakakên artå pêcah, bénggol, sèn lan bribil, kawadhahan bumbung canthèlakên wontên pakuning såkå dalêm pandhapi, dipuntênggå satunggiling abdi ingkang pinitados. Artå wau sadhiyan kanggé maringi tiyang papriman, ingkang pantês dipunpitulungi, inggih punikå tiyang picak, kuthung, buntung, lumpuh, pincang, laré lolå ingkang dèrèng sagêd pados tedhå piyambak, mångkå botên gadhah ahli waris ingkang wajib ngukup, tuwin sapanunggilanipun. Wêktunipun maringakên katêmtokakên pêndhak énjing antawisipun jam pitu dumugi bêdhug, paringipun undhå-usuk	-[17]-yit ingkang kapiran, têtulung tiyang kasangsaran, kêluwèn såhå sanès-sanèsipun. Malah karså nyadhiyakakên artå pêcah, bénggol, sèn lan bribil, kawadhahan bumbung canthèlakên wontên pakuning såkå dalêm pandhapi, dipuntênggå satunggiling abdi ingkang pinitados. Artå wau sadhiyan kanggé maringi tiyang papriman, ingkang pantês dipunpitulungi, inggih punikå tiyang picak, kuthung, buntung, lumpuh, pincang, laré lolå ingkang dèrèng sagêd pados tedhå piyambak, mångkå botên gadhah ahli waris ingkang wajib ngukup, tuwin sapanunggilanipun. Wêktunipun maringakên katêmtokakên pêndhak énjing antawisipun jam pitu dumugi bêdhug, paringipun undhå-usuk

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
dipunkinten nyêkapi kanggé isarat panulaking sakit kéluwèn, sakêdhikipun tiyang satunggil sabénggol, kathah-kathahipun gangsal sèn, éwådéné wradin-wradining sadintênipun sagêd nêlasakên artå sarupiyah. Sadåyå ingkang papriman wau mawi katiti parikså, saupami katitik badanipun saras, anggèning nglampahi papriman namung sabab saking kêsèd, sungkan rêkaos nyambut damêl botèn kaparingan, lajêng dipuèngetakên supados purun sêtiyar pados têdhå saråna nyambut damêl. Wontên ugi ingkang dinuncêpêng kaladosakên dhatêng nagari, sawênèh wontên ingkang dipundhawuhi nyambut damêl ing dalêmipun, kadostå: Dhangir pémahan, nyapu, bubut-bubut rumput ing palataran ngajêng tuwin kiwå têngênipun dalêm, nyigari kajêng, ngangsu såhå sanès-sanèsipun. Bakdå nyambut damêl, lajêng kaparingan artå minångkå épahipun nyambut damêl,	dipunkinten nyêkapi kanggé isarat panulaking sakit kéluwèn, sakêdhikipun tiyang satunggil sabénggol, kathah-kathahipun gangsal sèn, éwådéné wradin-wradining sadintênipun sagêd nêlasakên artå sarupiyah. Sadåyå ingkang papriman wau mawi katiti parikså, saupami katitik badanipun saras. anggèning nglampahi papriman namung sabab saking kêsèd, sungkan rêkaos nyambut damêl botèn kaparingan, lajêng dipuèngetakên supados purun sêtiyar pados têdhå saråna nyambut damêl. Wontên ugi ingkang dinuncêpêng kaladosakên dhatêng nagari, sawênèh wontên ingkang dipundhawuhi nyambut damêl ing dalêmipun, kadostå: Dhangir pémahan, nyapu, bubut-bubut rumput ing palataran ngajêng tuwin kiwå têngênipun dalêm, nyigari kajêng, ngangsu såhå sanès-sanèsipun. Bakdå nyambut damêl, lajêng kaparingan artå minångkå épahipun nyambut damêl,
[18] dipunkirangi sakêdhik saking bêrahan ingkang limrah, supados botên tuman, kaliyan dipunpangandikani makatên: “Sarèhning aku ketitipan kringêtmu abubut-bubut sukêt, ênyå, iki dhuwit minångkå liruné. Mulané bésuk manèh diéling, åjå sok anjêjaluk, yèn durung rumåså titip.” Kacariyos, priyantun mau kagungan putrå jalêr satunggil åpå parab Radèn Tuwuh, kalébêtakên ing pamulangan agêng supados anggayuh kasagêdan ingkang langkung inggil,	[18] dipunkirangi sakêdhik saking bêrahan ingkang limrah, supados botên tuman, kaliyan dipunpangandikani makatên: “Sarèhning aku ketitipan kringêtmu abubut-bubut sukêt. ênyå, iki dhuwit minångkå liruné. Mulané bésuk manèh diéling, åjå sok anjêjaluk, yèn durung rumåså titip.” Kacariyos, priyantun mau kagungan putrå jalêr satunggil åpå parab Radèn Tuwuh, kalébêtakên ing pamulangan agêng supados anggayuh kasagêdan ingkang langkung inggil,

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
saking panjangkanipun bénjing manawi sampun sêpuh sagêdå dados priyantun agêng sami kalênggahanipun ingkang råmå sukur bagé sèwu sagêd ngungkuli. Ingkang råmå pradhah sangêt, botên ajrih ngêdalakên artå, anggènipun maragadi putrå kanggè sinau warni-warni kasagêdan sampun nêlasakên pintên-pintên èwu rupiyah, éwå samantên malah andadosakên sukå bingahing galih, sabab Radèn Tuwuh sinaunipun langkung tabêri dhasar manah lantip, kathah kasagêdan ingkang sampun kacakup. Guru-gurunipun sami trêsnå asih ing piyambakipun. Kanggé ing jaman samantên, sanajan putraning ngaluhur botên wontên ingkang ngudi kasagêdan ngungkuli Radèn Tuwuh, milå manawi kalêrês wontên pakêmpalaning påra ênèm kalêbêt munggul piyambak, dados pitakènaning ngakathah, kåncå-kåncånipun sami kasor angajèni. Ingkang sarèhning priyantun mau têksih kalêbêt golonganing kinå, dèrèng karså ébah anut ing jaman, panggalihipun: “Botên wontên satunggiling kaluhuran utawi kamulyan sangalam do-	saking panjangkanipun bénjing manawi sampun sêpuh sagêdå dados priyantun agêng sami kalênggahanipun ingkang råmå sukur bagé sèwu sagêd ngungkuli. Ingkang råmå pradhah sangêt, botên ajrih ngêdalakên artå, anggènipun maragadi putrå kanggè sinau warni-warni kasagêdan sampun nêlasakên pintên-pintên èwu rupiyah, éwå samantên malah andadosakên sukå bingahing galih, sabab Radèn Tuwuh sinaunipun langkung tabêri dhasar manah lantip, kathah kasagêdan ingkang sampun kacakup, Guru-gurunipun sami trêsnå asih ing piyambakipun. Kanggé ing jaman samantên, sanajan putraning ngaluhur botên wontên ingkang ngudi kasagêdan ngungkuli Radèn Tuwuh, milå manawi kalêrês wontên pakêmpalaning påra ênèm kalêbêt munggul piyambak dados pitakènaning ngakathah, kåncå-kåncånipun sami kasor angajèni. Ingkang sarèhning priyantun mau têksih kalêbêt golonganing kinå, dèrèng karså ébah anut ing jaman, panggalihipun: “Botên wontên satunggiling kaluhuran utawi kamulyan sangalam do-
-[19]-nya ingkang nyami darajating priyantun, padamêlanipun boten rêkaos, dhaharanipun cêkap, pinundhi-pundhi ingajènan tiyang kathah. Tani, dagang, nukang punikå sadåyå dipunanggêp asor botên kalampah sinêbå-sébå kados priyantun. Awit saking pamanggih inggil punikå, ingkang dados pancêring panggalih putranipun pinuji-puji sagêdå	-[19]-nya ingkang nyami darajating priyantun, padamêlanipun boten rêkaos, dhaharanipun cêkap, pinundhi-pundhi ingajènan tiyang kathah. Tani, dagang nukang punikå sadåyå dipunanggêp asor botên kalampah sinêbå-sébå kados priyantun. Awit saking pamanggih inggil punikå, ingkang dados pancêring panggalih putranipun pinuji-puji sagêdå

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
pikantuk darajat kapriyantunan ingkang luhur. Sarêng Radèn Tuwuh sampun diwåså, mêdal saking pamulangan agêng, kasagêdanipun warni-warni andamêl sukå bingah panggalihipun råmå ibu, rumaos botèn ical anggènipun maragadi kathah, ingkang putrå botên mawi katantun malih padamêlan punåpå ingkang dipunsagêdi tuwin dados karêmênanipun. Lajêng pinêksså kalêbêtakên magang ing kantor rêsidhènan, supados anglampahånå sinau padamêlan ingkang badhé sagêd anjunjung darajat priyantun. Awit saking ajrih, Radèn Tuwuh inggih andhèrèk kémawon dhatêng karsaning sêpuh. Nalikå têksih énggal anggènipun lumêbêt tuwin nyambut damêl sakalangkung tabêri sartå ngatos-atos, sadåyå padamêlan dipunsinau kalayan gampil, dèrèng patos lami piyambakipun dados magang sampun sagêd anindakakên padamêlan juru sêrat, kåncå-kåncånipun sami éram ningali kasagêdanipun, såhå ngintên Radèn Tuwuh temtu énggal kajunjung dados priyantun sartå minggah-minggah anglangkahi ingkang kathah. Ing wasånå pangintênipun ingkang makatên mau lêpat, sabab sanajan padamêlan kantor dipunsagèdi, nanging botèn rêmên, lami-lami manahipun bosên, awis-awis lumêbêt dhatêng kantor, anggènipun-	pikantuk darajat kapriyantunan ingkang luhur. Sarêng Radèn Tuwuh sampun diwåså, mêdal saking pamulangan agêng, kasagêdanipun warni-warni andamêl sukå bingah panggalihipun råmå ibu, rumaos botèn ical anggènipun maragadi kathah, ingkang putrå botên mawi katantun malih padamêlan punåpå ingkang dipunsagêdi tuwin dados karêmênanipun. Lajêng pinêksså kalêbêtakên magang ing kantor rêsidhènan, supados anglampahånå sinau padamêlan ingkang badhé sagêd anjunjung darajat priyantun. Awit saking ajrih, Radèn Tuwuh inggih andhèrèk kémawon dhatêng karsaning sêpuh. Nalikå têksih énggal anggènipun lumêbêt tuwin nyambut damêl sakalangkung tabêri sartå ngatos-atos, sadåyå padamêlan dipunsinau kalayan gampil, dèrèng patos lami piyambakipun dados magang sampun sagêd anindakakên padamêlan juru sêrat, kåncå-kåncånipun sami éram ningali kasagêdanipun, såhå ngintên Radèn Tuwuh temtu énggal kajunjung dados priyantun sartå minggah-minggah anglangkahi ingkang kathah. Ing wasånå pangintênipun ingkang makatên mau lêpat, sabab sanajan padamêlan kantor dipunsagèdi, nanging botèn rêmên, lami-lami manahipun bosên, awis-awis lumêbêt dhatêng kantor, anggènipun-
[20] nyambut damêl purun-purun, kathah padamêlan ingkang lêpat, rêgêd tuwin	[20] nyambut damêl purun-purun, kathah padamêlan ingkang lêpat, rêgêd tuwin

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
botên rampung, ngantos andamêl dukåning pangagêng, sandé sih lan trêsnå, anjabêl pangêbangipun badhe paring pitulung andadosakên priyantun. Sarèhning sampun botên gadhah pangajêng-ngajêng mångkå sok asring dinukanan, Radèn Tuwuh botên kraos, lajèng nyuwun mêdal saking magang kantor rêsidhènan. Tiyang-tiyang sami ngowêl dhatêng kasagêdanipun såhå sangêt anênêtah, punåpå dipundukani lêpating padamêlan supados lêrês, têkå botên tumuntên angatos-atos, malah såyå bingah rumaos pikantuk jalaran anggènipun mêdal saking magang.	botên rampung, ngantos andamêl dukåning pangagêng, sandé sih lan trêsnå, anjabêl pangêbangipun badhe paring pitulung andadosakên priyantun. Sarèhning sampun botên gadhah pangajêng-ngajêng mångkå sok asring dinukanan, Radèn Tuwuh botên kraos, lajèng nyuwun mêdal saking magang kantor rêsidhènan. Tiyang-tiyang sami ngowêl dhatêng kasagêdanipun såhå sangêt anênêtah, punåpå dipundukani lêpating padamêlan supados lêrês, têkå botên tumuntên angatos-atos, malah såyå bingah rumaos pikantuk jalaran anggènipun mêdal saking magang.
Ingkang råmå mirêng mêdalipun putrå saking magang, panggalihipun sakalangkung cuwå sartå muring-muring, Radèn Tuwuh kadhawuhan lumebèt malih magang ing kantor rêsidhènan botên purun, lajèng kalêbètakên magang dhatèng kantor pangadilan. Wontèn ing ngriku inggih kados ingkang sampun, anggènipun rêmên nyambut damêl namung sakêdhap, nuntên medal malih saking magang.	Ingkang råmå mirêng mêdalipun putrå saking magang, panggalihipun sakalangkung cuwå sartå muring-muring, Radèn Tuwuh kadhawuhan lumebèt malih magang ing kantor rêsidhènan botên purun, lajèng kalêbètakên magang dhatèng kantor pangadilan. Wontèn ing ngriku inggih kados ingkang sampun, anggènipun rêmên nyambut damêl namung sakêdhap, nuntên medal malih saking magang.
Ingkang råmå såyå sangêt anggènipun dukå, Radèn Tuwuh lajêng kalêbêtakên magang ing kantor watêr sêtat, supados sinau padamêlan rupi-rupi. Wontên ing kantor ngriku radi gadhah manah rêmên sawatawis, margi kathah padamêlan ingkang piyambakipun dèrèng ngêrtos, sabên dintên sinau anggambar pasitèn, wêwangunan griyå, krêtêg, såhå sanès-sanèsipun, ing nuju sayah anggambar,	Ingkang råmå såyå sangêt anggènipun dukå, Radèn Tuwuh lajêng kalêbêtakên magang ing kantor watêr sêtat, supados sinau padamêlan rupi-rupi. Wontên ing kantor ngriku radi gadhah manah rêmên sawatawis, margi kathah padamêlan ingkang piyambakipun dèrèng ngêrtos, sabên dintên sinau anggambar pasitèn, wêwangunan griyå, krêtêg, såhå sanès-sanèsipun, ing nuju sayah anggambar,

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
lajêng kêsah ningali tiyang dêdamêlan rupi-rupi wontên pabrik prênah sawingkingipun kantor, kadostå: Damêl pirantos saking kajêng,-	lajêng kêsah ningali tiyang dêdamêlan rupi-rupi wontên pabrik prênah sawingikingipun kantor, kadostå: Damêl pirantos saking kajêng,-
[21] tosan êsèng, banon sélå, wêdhi sapanunggilanipun. Asring kémawon Radèn Tuwuh nyêpêng pirantos piyambak tumut dêdamelan, ngantos sagêd damêl: méjå, kursi, bangku, lading sêsaminipun, ugi nyumerêpi dhateng péranganing abên-abênan kapur kanggé griyå gedhong tuwin palèrèd ing lèpèn. Sarêng sarupining padamêlaning kantor watêr sêtat sampun kathah ingkang dipunsagêdi, manahipun wiwit kêmbå, botên lami mêdal malih saking magang, jalaran taksih kirang rêmên. Wêdalipun Radèn Tuwuh saking magang kantor watêr sêtat andadosakên sangêt dukå tuwin prihatos panggalihipun råmå ibu, nanging botên kawêdal, jalaran saking kagêngên trêsnå putrå namung satunggal punikå, manawi dipundukani kuwatos késah saking nagari ngriku, milå lajêng kakèndêlakên kémawon, botên naté dipunpangandikani punåpå-punåpå utawi kadhawuhan andhèrèk amêng-amêng kados adatipun. Kajawi saking punikå, prakawis artå kanggé tumbas pirantosing sinau tuwin nyambut damêl sampun botên kaparingan babar pisan. Saking pangangkahipun ingkang putrå sagêdå kapok, nuntên mantêp anggènipun magang anggayuh darajat priyantun. Panggalihipun råmå ibu	[21] tosan êsèng, banon sélå, wêdhi sapanunggilanipun. Asring kémawon Radèn Tuwuh nyêpêng pirantos piyambak tumut dêdamelan, ngantos sagêd damêl: méjå, kursi, bangku, lading sêsaminipun, ugi nyumerêpi dhateng péranganing abên-abênan kapur kanggé griyå gedhong tuwin palèrèd ing lèpèn. Sarêng sarupining padamêlaning kantor watêr sêtat sampun kathah ingkang dipunsagêdi, manahipun wiwit kêmbå, botên lami mêdal malih saking magang, jalaran taksih kirang rêmên. Wêdalipun Radèn Tuwuh saking magang kantor watêr sêtat andadosakên sangêt dukå tuwin prihatos panggalihipun råmå ibu, nanging botên kawêdal, jalaran saking kagêngên trêsnå putrå namung satunggal punikå, manawi dipundukani kuwatos késah saking nagari ngriku, milå lajêng kakèndêlakên kémawon, botên naté dipunpangandikani punåpå-punåpå utawi kadhawuhan andhèrèk amêng-amêng kados adatipun. Kajawi saking punikå, prakawis artå kanggé tumbas pirantosing sinau tuwin nyambut damêl sampun botên kaparingan babar pisan. Saking pangangkahipun ingkang putrå sagêdå kapok, nuntên mantêp anggènipun magang anggayuh darajat priyantun. Panggalihipun råmå ibu

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
makatên: ”Yå géné anakku lanang kang dakêbang-êbang biså dadi priyayi gêdhé, têkå sulåyå karo panjångkå ora duwé kantêpan mamrih marang darajat kapriyè yèn ilang baé ênggonku maragadi kanggo ngudi kawruh kongsi ngêntèkaké dhuwit éwon rupiyah, ora biså ngarêp-arêp oleh pulihan sênênging ati. Ah, cilåkå bangê-	makatên: “Yå géné anakku lanang kang dakêbang-êbang biså dadi priyayi gêdhé, têkå sulåyå karo panjångkå ora duwé kantêpan mamrih marang darajat kapriyè yèn ilang baé ênggonku maragadi kanggo ngudi kawruh kongsi ngêntèkaké dhuwit éwon rupiyah, ora biså ngarêp-arêp oleh pulihan sênênging ati. Ah, cilåkå bangê-
-[22]-t wong tuwå kang ora diturut pituturé déning anak, sih katrêsnan karo kangèlané mulåsårå wiwit cilik ora katarimå, gêdhé-gêdhé sing males mulyakaké wong tuwå, lagi nurut baé ora gêlêm.” Kacariyos Radèn Tuwuh sasampuning mêdal saking magang, mêksa botên nyupèkakên nyambut damêl maos utawi nyêrat padamêlan ingkang dipunrêmêni, ngantos dados pintên-pintên sêrat anggèning mithati saking **buk**^{3} agêng ingkang kawaos, **trakadhang**$^{(3)}$ inggih nganggit-anggit manut pamanggihipun piyambak ingkang prêlu dipunpèngêti, saking rêmênipun nyambut damêl, ngantos mèh botên gadhah wêktu kanggé ngaso, kalå-kalå Radèn Tuwuh késah anjajah dhusun tègil wånå tarataban, manawi ningali têtanêman, dipunwas-paosakên katiti wontên ing uwit, panggénan lan kasilipun. Wontên ugi têtuwuhan ingkang kabubut utawi kapêndhêt wijinipun kabêktå wangsul badhé dipuntanêm ing pémahan. Sadåyå ingkang prêlu-prêlu pinanggih salêbêtipun anjajah, wontên ing griyå dipunsêrat dados pèngêtan.	-[22]-t wong tuwå kang ora diturut pituturé déning anak, sih katrêsnan karo kangèlané mulåsårå wiwit cilik ora katarimå, gêdhé-gêdhé sing males mulyakaké wong tuwå, lagi nurut baé ora gêlêm.” Kacariyos Radèn Tuwuh sasampuning mêdal saking magang, mêksa botên nyupèkakên nyambut damêl maos utawi nyêrat padamêlan ingkang dipunrêmêni, ngantos dados pintên-pintên sêrat anggèning mithati saking **buk<u>**^{3} agêng ingkang kawaos, **têrkadhang**$^{(3)}$ inggih nganggit-anggit manut pamanggihipun piyambak ingkang prêlu dipunpèngêti, saking rêmênipun nyambut damêl, ngantos mèh botên gadhah wêktu kanggé ngaso, kalå-kalå Radèn Tuwuh késah anjajah dhusun tègil wånå tarataban, manawi ningali têtanêman, dipunwas-paosakên katiti wontên ing uwit, panggénan lan kasilipun. Wontên ugi têtuwuhan ingkang kabubut utawi kapêndhêt wijinipun kabêktå wangsul badhé dipuntanêm ing pémahan. Sadåyå ingkang prêlu-prêlu pinanggih salêbêtipun anjajah, wontên ing griyå dipunsêrat dados pèngêtan.

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Wontên ing griyå sasêla-sêlaning nyambut damêl maos kaliyan nyêrat, damêl pakêbonan wiyaripun botên pintênå, nanging pêpak isi têtanêman ingkang sarwi paédah tuwin asri dipuntingali, kadostå: Pêpêthètan, sêsêkaran, jêjanganan, êmpon-èmpon, wowohan, såhå sanèsipun sarwi sakêdhik. Sarèhnè pancèn dados karêmênanipun sartå ngêrtos dhatêng ngèlmining tanêm tuwuh, dados pamulasaranipun inggih saé dipunlêmi, ka-	Wontên ing griyå sasêla-sêlaning nyambut damêl maos kaliyan nyêrat, damêl pakêbonan wiyaripun botên pintênå, nanging pêpak isi têtanêman ingkang sarwi paédah tuwin asri dipuntingali, kadostå: Pêpêthètan, sêsêkaran, jêjanganan, êmpon-èmpon, wowohan, såhå sanèsipun sarwi sakêdhik. Sarèhnè pancèn dados karêmênanipun sartå ngêrtos dhatêng ngèlmining tanêm tuwuh, dados pamulasaranipun inggih saé dipunlêmi, ka-
-[23]-dhangir, pananêmipun manut piwulang têtanèn ingkang sampun kasêksèn saé. Manawi wontên satunggiling uwit kêrå, alum, katêdhå håmå, sékar gogrog, pêntil dhawah såhå sanès-sanèsipun, tumuntên dipunpadosi kaolak-alik ngantos pinanggih sababipun, inggih punikå katiti prikså godhong, uwit, oyod lan sitinipun. Lajêng binudi sagêdipun tanêman wau waluyå sartå åmå sampun ngantos marèntèk tumular-tular ing uwit sanès-sanèsipun. Sêsêrêpan makatên punikå inggih mêndhêt saking sêrat-sêrat ingkang kawaos, wontên ugi satunggil kalih ingkang mêdal saking rèkå dayanipun piyambak. Sarèhning pamulasaranipun saé, tanêmanipun inggih lêmå-lêmå, godhong warni ijêm lêdhung-lêdhung, uwoh agêng-agêng såhå kathah raosipun langkung écå, sêkar sabên énjing sami mêkrok agêng-agêng gandanipun arum. Sanajan pakêbonan mau namung sakêdhik, ewå samantên	-[23]-dhangir, pananêmipun manut piwulang têtanèn ingkang sampun kasêksèn saé. Manawi wontên satunggiling uwit kêrå, alum, katêdhå håmå, sékar gogrog, pêntil dhawah såhå sanès-sanèsipun, tumuntên dipunpadosi kaolak-alik ngantos pinanggih sababipun, inggih punikå katiti prikså godhong, uwit, oyod lan sitinipun. Lajêng binudi sagêdipun tanêman wau waluyå sartå åmå sampun ngantos marèntèk tumular-tular ing uwit sanès-sanèsipun. Sêsêrêpan makatên punikå inggih mêndhêt saking sêrat-sêrat ingkang kawaos, wontên ugi satunggil kalih ingkang mêdal saking rèkå dayanipun piyambak. Sarèhning pamulasaranipun saé, tanêmanipun inggih lêmå-lêmå, godhong warni ijêm lêdhung-lêdhung, uwoh agêng-agêng såhå kathah raosipun langkung écå, sêkar sabên énjing sami mêkrok agêng-agêng gandanipun arum. Sanajan pakêbonan mau namung sakêdhik, ewå samantên

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
pamêdalipun mårådini sok kakintun dhatêng pårå mitrå têtêpanganipun kanggé tåndhå katrêsnan. Radèn Tuwuh ngatingalakên katabêrèn såhå kasagêdanipun dhatêng nênanêm makatên punikå, Råmå ibu inggih sangêt angalêmbånå ing kawignyanipun, nanging dèrèng sagêd andamêl sukaning panggalih, malah amèwahi prihatos. Ingkang kapisan, têksih anggalih padamêlan têtanèn mau nisthå, punåpå malih tumrapipun putrå priyantun agêng såyå botên pantês sangêt ngantos anglampahi macul. Kaping kalih, éman-éman dhatêng kasagêdan ingkang samantên inggilipun namung katanjakakên ing têtanèn. Dados sa-	pamêdalipun mårådini sok kakintun dhatêng pårå mitrå tètêpanganipun kanggé tåndhå katrêsnan. Radèn Tuwuh ngatingalakên katabêrèn såhå kasagêdanipun dhatêng nênanêm makatên punikå, Råmå ibu inggih sangêt angalêmbånå ing kawignyanipun, nanging dèrèng sagêd andamêl sukaning panggalih, malah amèwahi prihatos. Ingkang kapisan, têksih anggalih padamêlan têtanèn mau nisthå, punåpå malih tumrapipun putrå priyantun agêng såyå botên pantês sangêt ngantos anglampahi macul. Kaping kalih, éman-éman dhatêng kasagêdan ingkang samantên inggilipun namung katanjakakên ing têtanèn. Dados sa-
-[24]-king kêrsanipun råmå ibu mêksâ angarih-arih ingkang putrå purunå magang malih supados ing têmbé sagêd dados priyantun. Anuju satunggil dintên, saking putêk-pêtênging galih, priyantun wau tindak manggihi mitranipun dados priyantun guru agêng ingkang rumiyin mulang Radèn Tuwuh, prêlu nêdhå tulung pirêmbag kadospundi pratikêlipun anggèning badhé mrênahakên ingkang putrå supados bénjingipun botên kapintên. Guru agêng mitranipun andhangani, lajêng tindak sêsarêngan junggil sakrétå badhé manggihi Radèn Tuwuh piyambakan kémawon murih botên pakèwêd anggènipun têtakèn. Sarêng dumugi ing dalêm, guru agêng wau anjujug sênthongipun Radèn	-[24]-king kêrsanipun råmå ibu mêksâ angarih-arih ingkang putrå purunå magang malih supados ing têmbé sagêd dados priyantun. Anuju satunggil dintên, saking putêk-pêtênging galih, priyantun wau tindak manggihi mitranipun dados priyantun guru agêng ingkang rumiyin mulang Radèn Tuwuh, prêlu nêdhå tulung pirêmbag kadospundi pratikêlipun anggèning badhé mrênahakên ingkang putrå supados bénjingipun botên kapintên. Guru agêng mitranipun andhangani, lajêng tindak sêsarêngan junggil sakrétå badhé manggihi Radèn Tuwuh piyambakan kémawon murih botên pakèwêd anggènipun têtakèn. Sarêng dumugi ing dalêm, guru agêng wau anjujug sênthongipun Radèn

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Tuwuh, pinanggih sawêg tilêman kaliyan maos sêrat among tani, kiwå têngènipun kathah kertas suwèkan pating caruwil isi sêratan potlod, cakêt patilêman wontên méjå panyêratan, ing ngriku pinanggih sêrat pèngêtan kaliyan gagang pèn gumléthak tilas kanggé nyêrat. Mênggah ingkang dipunpèngêti wau botên sanès amung prakawis sêsêrêpan ngèlmu tani. Awit saking punikå guru agêng wau sagêd pirså ingkang dados karêmênanipun Radèn Tuwuh, lajêng andangu padamêlan punåpå ingkang dipunrêmêni kanggé saråå pados pangupå jiwå. Radèn Tuwuh amangsuli: "Botên wontên malih margining pados pagêsangan ingkang dados tujuning manah, kajawi saking tani." Sarèhning piyambakipun panci rêmên akathah-kathah anggènipun ngaturi kêtêrangan dhatèng tilas gurunipun, yèn sami padamêl-	Tuwuh, pinanggih sawêg tilêman kaliyan maos sêrat among tani, kiwå têngènipun kathah kertas suwèkan pating caruwil isi sêratan potlod, cakêt patilêman wontên méjå panyêratan, ing ngriku pinanggih sêrat pèngêtan kaliyan gagang pèn gumléthak tilas kanggé nyêrat. Mênggah ingkang dipunpèngêti wau botên sanès amung prakawis sêsêrêpan ngèlmu tani. Awit saking punikå guru agêng wau sagêd pirså ingkang dados karêmênanipun Radèn Tuwuh, lajêng andangu padamêlan punåpå ingkang dipunrêmêni kanggé saråå pados pangupå jiwå. Radèn Tuwuh amangsuli: "Botên wontên malih margining pados pagêsangan ingkang dados tujuning manah, kajawi saking tani." Sarèhning piyambakipun panci rêmên akathah-kathah anggènipun ngaturi kêtêrangan dhatèng tilas gurunipun, yèn sami padamêl-
-[25]-an kanggé pados têdhå, awis ingkang ngungkuli sakécanipun dhatêng têtanèn, sanajan ngétang ngakathah ing pamêdal inggih långkå ingkang nyami. Saupami satunggiling tiyang sêpuh ingkang sampun botên kiyat nyambut damêl awrat, nanging nalikå têksih ênèmipun tabêri têtrukå nånêm **barang**[4] kitri nyithak sabin tuwin pakarangan, sampun têmtu piyambakipun botên kêkirangan têdhå salaminipun gêsang, bêbasan dipuntênggani ngandhapipun kémawon, satunggil-tunggiling uwit sami andhawahakên uwoh munjung dhatêng	-[25]-an kanggé pados têdhå, awis ingkang ngungkuli sakécanipun dhatêng têtanèn, sanajan ngétang ngakathah ing pamêdal inggih långkå ingkang nyami. Saupami satunggiling tiyang sêpuh ingkang sampun botên kiyat nyambut damêl awrat, nanging nalikå têksih ênèmipun tabêri têtrukå nånêm **{k}arang**[4] kitri nyithak sabin tuwin pakarangan, sampun têmtu piyambakipun botên kêkirangan têdhå salaminipun gêsang, bêbasan dipuntênggani ngandhapipun kémawon, satunggil-tunggiling uwit sami andhawahakên uwoh munjung dhatêng

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
ingkang nanêm ngantos sagêd tumurun dhatêng anak putunipun. Radèn Tuwuh ngaturi pratèlan makatên punikå kaliyan anêdahakên sêrat pétangan kasiling têtanèn. Tilas gurunipun gumujêng sukå sartå pitadosing piyambakipun yèn badhê sagèd anindakakèn padamêlan tani kalayan kasil. Nuntên mêdal saking sênthong sarêng-sarêng Radèn Tuwuh badhé mriksani pakêbonan. Sarêng sampun dumugi, guru agêng wau langkung éram ing galih pirså têtanêman warni-warni tuwuhipun sami lêmå-lêmå, pranatanipun saé sapêpanthan tanêman katunggilakên manut bangsanipun, wontên ingkang kajodhok-jodhokakên, uwit satunggil uwoh utawi sêkaripun warni kalih, ngantos botên sagêd andugi katabêrèn tuwin kasagêdanipun Radèn Tuwuh ingkang samantên. Sasampunipun titi mriksani pakêbonan, guru agêng sangêt jumurung dhatêng sêdyanipun Radèn Tuwuh badhé anglampahi têtanèn, sabab sampun pitados saking kasagêdan anggènipun sinau tuwin ingkang dipunêcakakên wontên pakêbonan, saupami	ingkang nanêm ngantos sagêd tumurun dhatêng anak putunipun. Radèn Tuwuh ngaturi pratèlan makatên punikå kaliyan anêdahakên sêrat pétangan kasiling têtanèn. Tilas gurunipun gumujêng sukå sartå pitadosing piyambakipun yèn badhê sagèd anindakakèn padamêlan tani kalayan kasil. Nuntên mêdal saking sênthong sarêng-sarêng Radèn Tuwuh badhé mriksani pakêbonan. Sarêng sampun dumugi, guru agêng wau langkung éram ing galih pirså têtanêman warni-warni tuwuhipun sami lêmå-lêmå, pranatanipun saé sapêpanthan katunggilakên manut bangsanipun, wontên ingkang kajodhok-jodhokakên, uwit satunggil uwoh utawi sêkaripun warni kalih, ngantos botên sagêd andugi katabêrèn tuwin kasagêdanipun Radèn Tuwuh ingkang samantên. Sasampunipun titi mriksani pakêbonan, guru agêng sangêt jumurung dhatêng sêdyanipun Radèn Tuwuh badhé anglampahi têtanèn, sabab sampun pitados saking kasagêdan anggènipun sinau tuwin ingkang dipunêcakakên wontên pakêbonan, saupami
[26] sêmbådå katabêrènipun, têmtu badhé andadosakên kamulyanipun. Guru agêng lajêng lumêbêt ing dalêm pinanggih priyantun ingkang kagungan dalêm, ngandharakên sadåyå pikantukipun aniti pariksa ing méjå panyêratan tuwin pakêbonan, nuntên	[26] sêmbådå katabêrènipun, têmtu badhé andadosakên kamulyanipun. Guru agêng lajêng lumêbêt ing dalêm pinanggih priyantun ingkang kagungan dalêm, ngandharakên sadåyå pikantukipun aniti pariksa ing méjå panyêratan tuwin pakêbonan, nuntên

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
ngaturi rêmbag pamrayogi supados Radèn Tuwuh ingidénan anglampahi padamêlan têtanèn, lajêng kaparingan artå sacêkapipun kanggé pawitan anggarap pasitèn. Dipuncithak kadamêl sabin kaliyan têgil, sampun têmtu bénjing sagêd ngêdalakên kauntungan langkung kathah cêkap kanggé gêsangipun. Wiwitipun priyantun mau botên pisan-pisan anyondhongi dhatêng rêmbag makatên punikå, sabab têksih sangêt angêgungakên darajat priyantun punikå mulyå piyambak, kinurmatan sinébå-sébå ing sêsami. Lan sawangsulipun, kagungan panggalih padamêlan têtanèn inganggêp nisthå botên pantês dipunlampahi **dénå[5] anirk[(4)]** turuning priyantun, panggarapipun rêkaos, kauntungan sakêdhik botên nyêkapi kanggé gêsangipun kanthi sênêng, tandhanipun sadåyå tiyang tani kathahipun yutan awêndran, långkå sangêt ingkang manggih mulyå punåpå malih dados luhur, dêstun namung narimah gêsang nêdhå sekul kaliyan sarêm, manganggé udhêng satunggil lan sruwal ingkang karakêting badanipun, awis-awis sagêd simpên tirah ånå artå. Kajawi saking punikå, manawi ningali anggènipun gêgriyå såyå sangêt andamêlå ngêrês ing manah, salaminipun namung janji gêsang, botên sagêd tumut angraosakên écå lan sakécå.	ngaturi rêmbag pamrayogi supados Radèn Tuwuh ingidénan anglampahi padamêlan têtanèn, lajêng kaparingan artå sacêkapipun kanggé pawitan anggarap pasitèn. Dipuncithak kadamêl sabin kaliyan têgil, sampun têmtu bénjing sagêd ngêdalakên kauntungan langkung kathah cêkap kanggé gêsangipun. Wiwitipun priyantun mau botên pisan-pisan anyondhongi dhatêng rêmbag makatên punikå, sabab têksih sangêt angêgungakên darajat priyantun punikå mulyå piyambak, kinurmatan sinébå-sébå ing sêsami. Lan sawangsulipun, kagungan panggalih padamêlan têtanèn inganggêp nisthå botên pantês dipunlampahi **dén{ing}[5] an{a}k[(4)]** turuning priyantun, panggarapipun rêkaos, kauntungan sakêdhik botên nyêkapi kanggé gêsangipun kanthi sênêng, tandhanipun sadåyå tiyang tani kathahipun yutan awêndran, långkå sangêt ingkang manggih mulyå punåpå malih dados luhur, dêstun namung narimah gêsang nêdhå sekul kaliyan sarêm, manganggé udhêng satunggil lan sruwal ingkang karakêting badanipun, awis-awis sagêd simpên tirah ånå artå. Kajawi saking punikå, manawi ningali anggènipun gêgriyå såyå sangêt andamêlå ngêrês ing manah, salaminipun namung janji gêsang, botên sagêd tumut angraosakên écå lan sakécå.
[27] Guru mitranipun gumujêng ing batos, anggalih priyantun wau dèrèng	[27] Guru mitranipun gumujêng ing batos, anggalih priyantun wau dèrèng

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
gamblang dhatêng lampah såhå paédahipun padamêlan tatanèn, punåpå déné têksih sakêdhik luwang-luwang ciyut ing jajahan, ingkang dipunsumêrêpi sawêg salêbêting wawêngkonipun piyambak, kalêrês botên wontên satunggil-tunggil tiyang tani manggih mulyå sagêd anggarap sitèn wiyar dasanan minggah dhatêng atusan bahu, ingkang limrah namung kiyat sasabin kalih bahu sapangandhap, sampun têmtu kémawon pamêdalipun botên sagêd tirah kanggé simpênan. Guru agêng lajêng nyariyosakên kawontenan ing sanès nagari ingkang tiyangipun sampun sami majêng dhatêng têtanèn, ing ngriku pintên tiyang tani ingkang mulyå lantaran saking pamêdalipun siti, sagêd angawontênakên punåpå ingkang dados kasênênganipun, griyå agêng såhå saé, sugih artå réncang botên kêkirangan. Wontên salêbêting wawêngkonipun prasasat ngratu ing ngajènan tiyang kathah, sanajan wontên måncå pråjå inggih kinèringan sinubå-subå. Awit saking dåyå kasugihanipun. Lajêng anêrangakên kauntungan saking têtanèn mawi kapetang kasilipun satunggil-tunggiling uwit ingkang katanêm, wiyaripun pasitèn ingkang têtanêman tuwin wêktunipun. Wêkasanipun anêrangakên, padamêlan punåpå ingkang wajib linampahan dêning satunggil-tunggilipun tiyang gêsang pados pangupå jiwå, rêringkêsanipun inggih punikå: “Anglampahånå padamêlan ingkang dipunsagêdi sartå	gamblang dhatêng lampah såhå paédahipun padamêlan tatanèn, punåpå déné têksih sakêdhik luwang-luwang ciyut ing jajahan, ingkang dipunsumêrêpi sawêg salêbêting wawêngkonipun piyambak, kalêrês botên wontên satunggil-tunggil tiyang tani manggih mulyå sagêd anggarap sitèn wiyar dasanan minggah dhatêng atusan bahu, ingkang limrah namung kiyat sasabin kalih bahu sapangandhap, sampun têmtu kémawon pamêdalipun botên sagêd tirah kanggé simpênan. Guru agêng lajêng nyariyosakên kawontenan ing sanès nagari ingkang tiyangipun sampun sami majêng dhatêng têtanèn, ing ngriku pintên tiyang tani ingkang mulyå lantaran saking pamêdalipun siti, sagêd angawontênakên punåpå ingkang dados kasênênganipun, griyå agêng såhå saé, sugih artå réncang botên kêkirangan. Wontên salêbêting wawêngkonipun prasasat ngratu ing ngajènan tiyang kathah, sanajan wontên måncå pråjå inggih kinèringan sinubå-subå. Awit saking dåyå kasugihanipun. Lajêng anêrangakên kauntungan saking têtanèn mawi kapetang kasilipun satunggil-tunggiling uwit ingkang katanêm, wiyaripun pasitèn ingkang têtanêman tuwin wêktunipun. Wêkasanipun anêrangakên, padamêlan punåpå ingkang wajib linampahan dêning satunggil-tunggilipun tiyang gêsang pados pangupå jiwå, rêringkêsanipun inggih punikå: “Anglampahånå padamêlan ingkang dipunsagêdi sartå

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
dipunsênêngi." Pitêdah ing nginggil punikå tumancêping panggalihipun priyantun ing-	dipunsênêngi." Pitêdah ing nginggil punikå tumancêping panggalihipun priyantun ing-
-[28]-kang kagungan dalêm, lajêng sukå panarimah dhatêng mitranipun sabab sagêd madhangakên panggalih. Wiwit wêktu punikå, ngêrtos wêwêjanganing kaluhuran, kamulyan tuwin kasugihan, sampun botên kêrså nênacad anginakakên padamêlan têtanèn utawi ngluhurakên darajat priyantun. Ingkang putrå Radèn Tuwuh dipunparingi artå kanggé pawitan ambikak pasitèn, manggih papanipun kadhawuhan malih piyambak ing pundi panggènan ingkang dipunsênêngi. Radèn Tuwuh såkå langkung sukå bingah ing manah, sabab badhé kasêmbadan ingkang dados sêdyanipun, nuntên késah dhatêng padhusunan tuwin wånå tarataban, pados pasitèn ingkang waradin, êloh, pikantuk toyå ilèn, saangsal-angsal kêdah cakêt margi agêng. Sareng sampun pikantuk, pasitèn kaukur watês-watêsipun katêngêran tugu ingkang botên énggal risak, lajêng kacithak sabin kaliyan pakêbonan, dipuntanêmi warni-warni ingkang kasil. Ing pinggir margi kaadêgan griyå agêng såhå saé mawi rinênggå sêsêkaran langkung asri. Ing prênah iringing griyå kaadêgan gudhang agêng panyimpênaning pamêdalipun siti ingkang dèrèng kasadé kaliyan panyimpênan barang-barang pirantos têtanèn, cakêt gudhang prênah radi wingking kadamêl dhêkah alit,	-[28]-kang kagungan dalêm, lajêng sukå panarimah dhatêng mitranipun sabab sagêd madhangakên panggalih. Wiwit wêktu punikå, ngêrtos wêwêjanganing kaluhuran, kamulyan tuwin kasugihan, sampun botên kêrså nênacad anginakakên padamêlan têtanèn utawi ngluhurakên darajat priyantun. Ingkang putrå Radèn Tuwuh dipunparingi artå kanggé pawitan ambikak pasitèn, manggih papanipun kadhawuhan malih piyambak ing pundi panggènan ingkang dipunsênêngi. Radèn Tuwuh såkå langkung sukå bingah ing manah, sabab badhé kasêmbadan ingkang dados sêdyanipun, nuntên késah dhatêng padhusunan tuwin wånå tarataban, pados pasitèn ingkang waradin, êloh, pikantuk toyå ilèn, saangsal-angsal kêdah cakêt margi agêng. Sareng sampun pikantuk, pasitèn kaukur watês-watêsipun katêngêran tugu ingkang botên énggal risak, lajêng kacithak sabin kaliyan pakêbonan, dipuntanêmi warni-warni ingkang kasil. Ing pinggir margi kaadêgan griyå agêng såhå saé mawi rinênggå sêsêkaran langkung asri. Ing prênah iringing griyå kaadêgan gudhang agêng panyimpênaning pamêdalipun siti ingkang dèrèng kasadé kaliyan panyimpênan barang-barang pirantos têtanèn, cakêt gudhang prênah radi wingking kadamêl dhêkah alit,

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kaadêgan griyå panggènanipun tiyang ingkang sami nyambut damêl ing kêbon. Botên kacariyos laminipun, sarêng tatanêman wau sampun medal kasilipun, racak-racak sabên wulan angsal kauntungan ngungkuli balanjanipun ingkang råmå, såyå lami mindhak-mindhak pamêdaling siti. Ing wasånå andadosakên kamulyanipun Radèn Tuwuh, ugi ka-	kaadêgan griyå panggènanipun tiyang ingkang sami nyambut damêl ing kêbon. Botên kacariyos laminipun, sarêng tatanêman wau sampun medal kasilipun, racak-racak sabên wulan angsal kauntungan ngungkuli balanjanipun ingkang råmå, såyå lami mindhak-mindhak pamêdaling siti. Ing wasånå andadosakên kamulyanipun Radèn Tuwuh, ugi ka-
-[29]-jèn kèringan botên bédå kaliyan ingkang kasinungan darajat priyantun, raosing manah ayêm ajênjêm, sanajan nyambut damèl rêkaos inggih dados sênênging manah sabab panci padamêlan wau ingkang dipunrêmêni. 4. Pangaosipun kasagêdan Ing Dhusun Sêtayu prênahipun botên têbih saking nagari, wontên satunggiling pandhé nåmå Wångså Wijåyå, kasagêdanipun namung damêl samukawis pirantos bångså kasar ingkang limrah kanggé dêning tiyang tani ing padhusunan ngriku, inggih punikå: pacul, péncong, wangkil, kêjèn, arit, kudhi, pangot sasaminipun. Wiwit piyambakipun têksih ênèm ngantos sêpuh rupining dêdamêlan prasasat ajêg kémawon, botên wontên kaindhakanipun saé utawi landhêp, punåpå déné ambu didamêl gagrag énggal ingkang langkung migunani kanggénipun ing wêktu punikå dèrèng wontên. Dados dêdamêlanipun botên gadhah dåyå anggêgèndèng murih ngrêmênakên manahipun ingkang	-[29]-jèn kèringan botên bédå kaliyan ingkang kasinungan darajat priyantun, raosing manah ayêm ajênjêm, sanajan nyambut damèl rêkaos inggih dados sênênging manah sabab panci padamêlan wau ingkang dipunrêmêni. 4. Pangaosipun kasagêdan Ing Dhusun Sêtayu prênahipun botên têbih saking nagari, wontên satunggiling pandhé nåmå Wångså Wijåyå, kasagêdanipun namung damêl samukawis pirantos bångså kasar ingkang limrah kanggé dêning tiyang tani ing padhusunan ngriku, inggih punikå: pacul, péncong, wangkil, kêjèn, arit, kudhi, pangot sasaminipun. Wiwit piyambakipun têksih ênèm ngantos sêpuh rupining dêdamêlan prasasat ajêg kémawon, botên wontên kaindhakanipun saé utawi landhêp, punåpå déné ambu didamêl gagrag énggal ingkang langkung migunani kanggénipun ing wêktu punikå dèrèng wontên. Dados dêdamêlanipun botên gadhah dåyå anggêgèndèng murih ngrêmênakên manahipun ingkang

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
badhé tumbas. Sanèsipun Kyai Wångså Wijåyå, ing dhusun wau kalêbêt kathah tiyang dados pandhé, sami gadhah bêsalèn piyambak-piyambak kaadêgakên sangajênging griyå. Déné dêdamêl-anipun sami ugi kados kasêbut nginggil. Botên wontên salah satunggiling pandhé ingkang manahipun malêtik purun marsudi indhaking kasagêdan, kajawi namung nalurèkakên dêdamêlaning lêluhuripun wiwit jaman kinå, dhapur wagu, kasar, kêthul, ngantos jaman samangké lêstantun a-	badhé tumbas. Sanèsipun Kyai Wångså Wijåyå, ing dhusun wau kalêbêt kathah tiyang dados pandhé, sami gadhah bêsalèn piyambak-piyambak kaadêgakên sangajênging griyå. Déné dêdamêl-anipun sami ugi kados kasêbut nginggil. Botên wontên salah satunggiling pandhé ingkang manahipun malêtik purun marsudi indhaking kasagêdan, kajawi namung nalurèkakên dêdamêlaning lêluhuripun wiwit jaman kinå, dhapur wagu, kasar, kêthul, ngantos jaman samangké lêstantun a-
-[30]-won makatên. Milå sarêng kasadé kirang laris såhå mirah, namung langkung sakêdhik sangêt saking pangaos panumbasing tosan. Awit saking punikå panggêsanganipun pandhé ing ngriku awis-awis ingkang cêkap, saupami botên sami nyambi têtanèn tuwin ingkang èstri sêsadéyan mêdal pêkên, têmtu såyå rêkaos gêsangipun. Wontên malih ingkang anjalari panggaotanipun mandhé kirang majêng, inggih punikå botên guyub, saupami satunggiling pandhé nêjå ngindhakakên pangaos, murih pikantuk kauntungan radi kathah murwat kaliyan rêkaosipun nyambut damêl, pandhé sanèsipun botên nimbangi, malah asring kalampahan sok **nyådå**[6] rêgi, supados barang dadamêlanipun laris, tiyang-tiyang ngalêmpak sami **tumbad**[7] dhatêng piyambakipun. Déné pandhé ingkang nêjå ngindhakakên pangaos	-[30]-won makatên. Milå sarêng kasadé kirang laris såhå mirah, namung langkung sakêdhik sangêt saking pangaos panumbasing tosan. Awit saking punikå panggêsanganipun pandhé ing ngriku awis-awis ingkang cêkap, saupami botên sami nyambi têtanèn tuwin ingkang èstri sêsadéyan mêdal pêkên, têmtu såyå rêkaos gêsangipun. Wontên malih ingkang anjalari panggaotanipun mandhé kirang majêng, inggih punikå botên guyub, saupami satunggiling pandhé nêjå ngindhakakên pangaos. murih pikantuk kauntungan radi kathah murwat kaliyan rêkaosipun nyambut damêl, pandhé sanèsipun botên nimbangi, malah asring kalampahan sok **ny{u}då**[6] rêgi, supados barang dadamêlanipun laris, tiyang-tiyang ngalêmpak sami **tumba{s}**[7] dhatêng piyambakipun. Déné pandhé ingkang nêjå ngindhakakên pangaos

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
wau kuwatos barang gadhahipun badhar, lajêng nututi ngandhapakên rêgi, ing manah namung dåyå-dåyå pajêngå sampun ngantos katêndhagan têdhå. Sarèhning pêpajênganipun mirah, anggèning garap purun-purun ambujêng énggalå angsal kathah, luwêsing wangun alusing garapan tuwin landhêpipun pirantos botên pisan-pisan kamanah, ugêr-ugêr dados wujud pirantos sampun cêkap. Tiyang ingkang tumbas inggih långkå sagêd angnyêktosi, dêdamêlan awon saé kaanggêp sami, manawi botên sukå tumbas mirah, barangipun badhar, wêkasan pandhé ingkang ngatos-atos lan saé garapanipun lajêng niru damêl barang kodhèn anut limrah ing kathah. Adat makatên punikå kalèntu sangêt, lêrêsipun kêdah rêbat unggul sa-	wau kuwatos barang gadhahipun badhar, lajêng nututi ngandhapakên rêgi, ing manah namung dåyå-dåyå pajêngå sampun ngantos katêndhagan têdhå. Sarèhning pêpajênganipun mirah, anggèning garap purun-purun ambujêng énggalå angsal kathah, luwêsing wangun alusing garapan tuwin landhêpipun pirantos botên pisan-pisan kamanah, ugêr-ugêr dados wujud pirantos sampun cêkap. Tiyang ingkang tumbas inggih långkå sagêd angnyêktosi, dêdamêlan awon saé kaanggêp sami, manawi botên sukå tumbas mirah, barangipun badhar, wêkasan pandhé ingkang ngatos-atos lan saé garapanipun lajêng niru damêl barang kodhèn anut limrah ing kathah. Adat makatên punikå kalèntu sangêt, lêrêsipun kêdah rêbat unggul sa-
-[31]-éning dêdamêlan kanggé ngindhakakên rêgi, sami arêbat asor, dêdamêlan ingkang sampun saé dipunparsudi murih dados awon. Kacariyos Kyai Wångså Wijåyå gadhah anak jalêr kêkalih, ingkang sêpuh nåmå Wångså Sêntikå sampun émah-émah, misah griyå sartå pados panggêsangan piyambak saking mandhé, nyambut damêl nunggil **sabêsåyèn**[8] kaliyan bapakipun. Ingkang ênèm anåmå Murjåkå dèrèng émah-émah, **têksih**[a] dados rayat tiyang sêpuh, sabên dintên ngréncangi bapakipun mandhé ing bêsalèn. Mênggah kasagêdanipun Murjåkå botên kawon kaliyan pandhé sanèsipun ing padunungan ngriku. Malah kapårå	-[31]-éning dêdamêlan kanggé ngindhakakên rêgi, sami arêbat asor, dêdamêlan ingkang sampun saé dipunparsudi murih dados awon. Kacariyos Kyai Wångså Wijåyå gadhah anak jalêr kêkalih, ingkang sêpuh nåmå Wångså Sêntikå sampun émah-émah, misah griyå sartå pados panggêsangan piyambak saking mandhé, nyambut damêl nunggil **sabêså{l}èn**[8] kaliyan bapakipun. Ingkang ênèm anåmå Murjåkå dèrèng émah-émah, **têksih**[a] dados rayat tiyang sêpuh, sabên dintên ngréncangi bapakipun mandhé ing bêsalèn. Mênggah kasagêdanipun Murjåkå botên kawon kaliyan pandhé sanèsipun ing padunungan ngriku. Malah kapårå

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
ngungkuli, sabab nalikå laré kalêbêtakên sêkolah, dados manahipun lantip sugih rékå, punåpå ingkang kadamêl dadosipun saé sartå rikat. Bedanipun Wångså Sêntikå, botên naté sinau ing pamulangan, sagêdipun namung niru saking båpå lan tånggå têpalih, milå inggih bédå sangêt tandangipun ing damêl tiyang ingkang naté sêkolah kaliyan botên punikå. Sarêng Murjåkå sampun émah-émah, pindhah nåmå Wångså Wiryå, nuntên misah griyå ngajêngakên margi agêng, panggêsangipun ugi dados pandhé nyambut damêl munggil sabêsalèn kaliyan bapakipun, sabab namung padamêlan punikå ingkang dipunsagêdi sartå kulinå wiwit alit. Sarèhné Wångså Wiryå wau dèrèng kathah têtêpanganipun, sanajan anggènipun nyambut damêl langkung tabêri, garapan saé såhå landhêp, éwå samantên awis-awis sangêt ti-	ngungkuli, sabab nalikå laré kalêbêtakên sêkolah, dados manahipun lantip sugih rékå, punåpå ingkang kadamêl dadosipun saé sartå rikat. Bedanipun Wångså Sêntikå, botên naté sinau ing pamulangan, sagêdipun namung niru saking båpå lan tånggå têpalih, milå inggih bédå sangêt tandangipun ing damêl tiyang ingkang naté sêkolah kaliyan botên punikå. Sarêng Murjåkå sampun émah-émah, pindhah nåmå Wångså Wiryå, nuntên misah griyå ngajêngakên margi agêng, panggêsangipun ugi dados pandhé nyambut damêl munggil sabêsalèn kaliyan bapakipun, sabab namung padamêlan punikå ingkang dipunsagêdi sartå kulinå wiwit alit. Sarèhné Wångså Wiryå wau dèrèng kathah têtêpanganipun, sanajan anggènipun nyambut damêl langkung tabêri, garapan saé såhå landhêp, éwå samantên awis-awis sangêt ti-
-[32]-yang ingkang purun tumbas pirantosing têtanèn ing piyambakipun, kålå-kålå dêdamêlanipun badhar ngantos anjalari kacingkrangan têdhå, kêpêkså kêdah nyadé mirah-mirahan kanggé nåmbåk kêkiranganipun. Têrkadhang katitipakên dhatêng Wångså Sêntikå, supados énggalå pajêng. Awit saking kirang laris, mångkå pamêndhêtipun kauntungan namung sakêdhik, lami-lami artå pawitanipun mèh têlas katêdhå, Wångså Wiryå jalêr èstri sakalangkung sêdhih, ngraos botên ngantos lami malih badhé manggih sangsårå agêng lantaran	-[32]-yang ingkang purun tumbas pirantosing têtanèn ing piyambakipun, kålå-kålå dêdamêlanipun badhar ngantos anjalari kacingkrangan têdhå, kêpêkså kêdah nyadé mirah-mirahan kanggé nåmbåk kêkiranganipun. Têrkadhang katitipakên dhatêng Wångså Sêntikå, supados énggalå pajêng. Awit saking kirang laris, mångkå pamêndhêtipun kauntungan namung sakêdhik, lami-lami artå pawitanipun mèh têlas katêdhå, Wångså Wiryå jalêr èstri sakalangkung sêdhih, ngraos botên ngantos lami malih badhé manggih sangsårå agêng lantaran

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kêkirangan têdhå, manawi ngandêlakên pitulungan saking tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk, botên kadugi nandhang wirang, têmtu ing nganggêp tiyang påpå botên dipunajèni déning sêsami. Anuju satunggil dintên, Wångså Wiryå botên lumêbêt nyambut damêl, badanipun karaos lêsu botên gadhah kêkiyatan, jalaran saking kangêngên prihatos, wontên griyå tilêman utawi lungguh lênguk-lênguk sånggå uwang, ingkang dados pangangên-angên botên sanès amung kadospundi rékanipun anggèning pados pangupå jiwå, murih angsalipun kauntungan cêkap kanggé sandhang têdhå salimrahipun tiyang gêsang, pintên banggi gadhah tirahan kanggé jagi-jagi bénjing manawi sampun sêpuh. Dangu-dangu piyambakipun manggih akal ingkang prayogi **linampaham**[9], ing batos makatên: "Bab lakuné golèk pangan såkå dagang, tani lan liya-liyané aku ora biså babar pisan, krånå durung tau nglakoni, déné kabisanku mung dadi pandhé, yaiku kang wajib dakrungkêbi. Ananging sarèhné pagawéyan mau ånå kéné ora kasil, amargå kêntèkan pa-	kêkirangan têdhå, manawi ngandêlakên pitulungan saking tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk, botên kadugi nandhang wirang, têmtu ing nganggêp tiyang påpå botên dipunajèni déning sêsami. Anuju satunggil dintên, Wångså Wiryå botên lumêbêt nyambut damêl, badanipun karaos lêsu botên gadhah kêkiyatan, jalaran saking kangêngên prihatos, wontên griyå tilêman utawi lungguh lênguk-lênguk sånggå uwang, ingkang dados pangangên-angên botên sanès amung kadospundi rékanipun anggèning pados pangupå jiwå, murih angsalipun kauntungan cêkap kanggé sandhang têdhå salimrahipun tiyang gêsang, pintên banggi gadhah tirahan kanggé jagi-jagi bénjing manawi sampun sêpuh. Dangu-dangu piyambakipun manggih akal ingkang prayogi **linampaha{n}**[9], ing batos makatên: "Bab lakuné golèk pangan såkå dagang, tani lan liya-liyané aku ora biså babar pisan, krånå durung tau nglakoni, déné kabisanku mung dadi pandhé, yaiku kang wajib dakrungkêbi. Ananging sarèhné pagawéyan mau ånå kéné ora kasil, amargå kêntèkan pa-
-[33]-pan kalah karo pandhé kang lawas-lawas. Såkå panêmuku ana rong prakårå dalané golèk panguripan mêtu såkå mandhé kang kênå dilakoni. Kapisan: kudu ngalih såkå padunungan kéné marang liyå désa utåwå nagårå kang durung ånå pandhé, mêsthi wong-wong sacêdhaké kono pådhå tuku samubarang piranti bångså wêsi marang aku, mångså dadak kalakonå yèn	-[33]-pan kalah karo pandhé kang lawas-lawas. Såkå panêmuku ana rong prakårå dalané golèk panguripan mêtu såkå mandhé kang kênå dilakoni. Kapisan: kudu ngalih såkå padunungan kéné marang liyå désa utåwå nagårå kang durung ånå pandhé, mêsthi wong-wong sacêdhaké kono pådhå tuku samubarang piranti bångså wêsi marang aku, mångså dadak kalakonå yèn

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kabutuh nganggo piranti mau lungå adoh tuku piranti marang liyå panggonan kongsi lalakon sabêdhug utåwå sadinå. Ing kånå **masthi²** gagaweyanku laris, biså olèh kauntungan timbang karo wêtuning kringêt ênggonku nyambut gawé. Déné kang kapindho: saupåmå aku nêjå têtêp omah-omah ing déså kéné kang wis akèh pandhéné, kudu ngundhakaké kawruh kongsi biså ngungkuli sakèhing pandhé-pandhé mau. Yaiku: garapan alus, wanguné luwês, landhêp lan awèt kanggèné. Kajåbå såkå iku, ambu digawé piranti gagrag anyar kang bêcik sartå luwih migunani ing kéné saiki durung ånå. Lan manèh prêlu bangêt ngêrti marang piranti gawéyan sabrang, sanajan ora biså gawé, nanging biså andandani manåwå rusak, kåyåtå: mêsin andondomi, pêthi wêsi, bêdhil dhokar, krétå lan sapapadhané, cêkaké: saolèh-olèh åjå nganti ambalèkaké sapakoné wong kang akon gawé utåwå andandani. Manåwå aku duwé kapintêran mangkono, **masthi²** bêsalènku sabên dinå ora nganggur lan sugih kasih." Wanci dalu sadèrèngipun tilêm, Wångså Wiryå rêraosan kaliyan ingkang èstri, nyariosakên sadåyå pamanggih ka	kabutuh nganggo piranti mau lungå adoh tuku piranti marang liyå panggonan kongsi lalakon sabêdhug utåwå sadinå. Ing kånå **m{ê}sthi²** gagaweyanku laris, biså olèh kauntungan timbang karo wêtuning kringêt ênggonku nyambut gawé. Déné kang kapindho: saupåmå aku nêjå têtêp omah-omah ing déså kéné kang wis akèh pandhéné, kudu ngundhakaké kawruh kongsi biså ngungkuli sakèhing pandhé-pandhé mau. Yaiku: garapan alus, wanguné luwês, landhêp lan awèt kanggèné. Kajåbå såkå iku, ambu digawé piranti gagrag anyar kang bêcik sartå luwih migunani ing kéné saiki durung ånå. Lan manèh prêlu bangêt ngêrti marang piranti gawéyan sabrang, sanajan ora biså gawé, nanging biså andandani manåwå rusak, kåyåtå: mêsin andondomi, pêthi wêsi, bêdhil dhokar, krétå lan sapapadhané, cêkaké: saolèh-olèh åjå nganti ambalèkaké sapakoné wong kang akon gawé utåwå andandani. Manåwå aku duwé kapintêran mangkono, **m{ê}sthi²** bêsalènku sabên dinå ora nganggur lan sugih kasih." Wanci dalu sadèrèngipun tilêm, Wångså Wiryå rêraosan kaliyan ingkang èstri, nyariosakên sadåyå pamanggih ka-
-[34]-dos ing nginggil wau, lajêng pamit badhé késah anjarah dhusun tuwin nagari, pados padunungan ingkang têksih långkå pandhé sartå kinintên sakécå dipundununggi, utawi nêjå sinau ngindhakakên sêsêrêpan	-[34]-dos ing nginggil wau, lajêng pamit badhé késah anjarah dhusun tuwin nagari, pados padunungan ingkang têksih långkå pandhé sartå kinintên sakécå dipundununggi, utawi nêjå sinau ngindhakakên sêsêrêpan

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
dhatêng pandhé ingkang langkung sagêd lan ningali dêdamêlan bångså tosan ingkang saé, anèh såhå migunani ingkang ing dhusunipun dèrèng wontên, bénjing badhé dipuntiru manawi wangsul. Ingkang èstri dipunpamiti makatên punikå manahipun langkung sêdhih, kêwêdèn anggènipun badhé mangsuli, manawi kamanah-manah sêjanipun ingkang jalêr wau lêrês, pantês dipunturuti, ananging sabab dèrèng naté kakésahan têbih, piyambakipun kuwatos bénjing kabêktå pindhah dhatêng måncå nagari pisah kaliyan tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk. Saupami dipungandhuli ngantos sandé késah, têmtu badhé kêlajêng-lajêng rêkaosipun pados têdhå, toging manah naming sumarah sakajêngipun ingkang jalêr kémawon.	dhatêng pandhé ingkang langkung sagêd lan ningali dêdamêlan bångså tosan ingkang saé, anèh såhå migunani ingkang ing dhusunipun dèrèng wontên, bénjing badhé dipuntiru manawi wangsul. Ingkang èstri dipunpamiti makatên punikå manahipun langkung sêdhih, kêwêdèn anggènipun badhé mangsuli, manawi kamanah-manah sêjanipun ingkang jalêr wau lêrês, pantês dipunturuti, ananging sabab dèrèng naté kakésahan têbih, piyambakipun kuwatos bénjing kabêktå pindhah dhatêng måncå nagari pisah kaliyan tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk. Saupami dipungandhuli ngantos sandé késah, têmtu badhé kêlajêng-lajêng rêkaosipun pados têdhå, togging manah naming sumarah sakajêngipun ingkang jalêr kémawon.
Énjingipun lajêng atåtå-tåtå nyêpakakên panganggé ingkang badhé kabêktå kaliyan pados sangu artå sawontên-wontênipun. Barang-barang salêbêting griyå kinalêmpakakên, pirantosing pandhé kawadhahan ing pêthi dipunkunci. Ingkang èstri dipunatêrakên wangsul dhatêng tiyang sêpuhipun sartå winêling manawi wontên tiyang tatakèn, kasanjangan sawêg késah tutuwi sadhèrèk têbih ing sanès nagari. Sapêngkêripun, barang-barang salêbêting griyå tuwin pirantos pandhé dipunkènbêktå wangsul, karawatånå kalayan saé sampun ngantos wontên ingkang kacicir. Wångså Wiryå lajêng pamit dhatêng bapak biyung, måråå sêpuh jalêr èstri lan	Énjingipun lajêng atåtå-tåtå nyêpakakên panganggé ingkang badhé kabêktå kaliyan pados sangu artå sawontên-wontênipun. Barang-barang salêbêting griyå kinalêmpakakên, pirantosing pandhé kawadhahan ing pêthi dipunkunci. Ingkang èstri dipunatêrakên wangsul dhatêng tiyang sêpuhipun sartå winêling manawi wontên tiyang tatakèn, kasanjangan sawêg késah tutuwi sadhèrèk têbih ing sanès nagari. Sapêngkêripun, barang-barang salêbêting griyå tuwin pirantos pandhé dipunkènbêktå wangsul, karawatånå kalayan saé sampun ngantos wontên ingkang kacicir. Wångså Wiryå lajêng pamit dhatêng bapak biyung, måråå sêpuh jalêr èstri lan

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kakangipun Wång	kakangipun Wång-
-[35]-så Sêntikå. Wanci dalu ngajêngakên banguné énjing piyambakipun mangkat ambêktå buntêl lan panganggé, ingkang èstri ngatêrakên dumugi margi agêng mripatipun tarocosan marêbês mili, kathah-kathah ingkang rinaos awratipun tiyang gêsang pados têdhå, ngantos dipunréncangi tilar griyå pasah tiyang sêpuh, sanak sadhèrèk lan katrêsnan. Ing batos amung nyênyuwun dhatêng ingkang Kuwaos, mugi-mugi pinaringan wilujêng sagêd pinanggih malih såhå kasêbadanå sasêdyanipun.	-[35]-så Sêntikå. Wanci dalu ngajêngakên banguné énjing piyambakipun mangkat ambêktå buntêl lan panganggé, ingkang èstri ngatêrakên dumugi margi agêng mripatipun tarocosan marêbês mili, kathah-kathah ingkang rinaos awratipun tiyang gêsang pados têdhå, ngantos dipunréncangi tilar griyå pasah tiyang sêpuh, sanak sadhèrèk lan katrêsnan. Ing batos amung nyênyuwun dhatêng ingkang Kuwaos, mugi-mugi pinaringan wilujêng sagêd pinanggih malih såhå kasêbadanå sasêdyanipun.
Botên kacariyos lampahipun ing margi, Wångså Wiryå sampun dumugi satunggiling nagari agêng, anjurug ing pêkên panggénan tiyang dhasar warni-warni pirantos bångså tosan. Ing ngriku ningali kathah dadamêlan saé-saé, anèh såhå migunani ingkang dèrèng wontên ing padununganipun, sadåyå dipunpèngêti nåmå lan kanggénipun. Bénjing badhé dipuntiru manawi sampun wangsul. Sarêng dumugi satunggilipun dhasaran radi misah têbih saking ngajêng wau, Wångså Wiryå sumêrêp dagangan bêndho wangun såhå garapanipun langkung saé, dhapur lêncêng aluwês, ing pucuk lancip majêng tigå, ing pinggir anggaligir, têngahipun lêgok, ngêpok rinênggå ukir-ukiran sêsêkaran angrêmit, cakêt garan kasêrat aksårå tatahan mungêl: “Cikêruh.” Ngandhapipun ångkå walandi kanggé pèngêt anêdahakên titimångså nalikå damêl tosan, mamas,	Botên kacariyos lampahipun ing margi, Wångså Wiryå sampun dumugi satunggiling nagari agêng, anjurug ing pêkên panggénan tiyang dhasar warni-warni pirantos bångså tosan. Ing ngriku ningali kathah dadamêlan saé-saé, anèh såhå migunani ingkang dèrèng wontên ing padununganipun, sadåyå dipunpèngêti nåmå lan kanggénipun. Bénjing badhé dipuntiru manawi sampun wangsul. Sarêng dumugi satunggilipun dhasaran radi misah têbih saking ngajêng wau, Wångså Wiryå sumêrêp dagangan bêndho wangun såhå garapanipun langkung saé, dhapur lêncêng aluwês, ing pucuk lancip majêng tigå, ing pinggir anggaligir, têngahipun lêgok, ngêpok rinênggå ukir-ukiran sêsêkaran angrêmit, cakêt garan kasêrat aksårå tatahan mungêl: “Cikêruh.” Ngandhapipun ångkå walandi kanggé pèngêt anêdahakên titimångså nalikå damêl tosan, mamas,

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
singat, gadhing, ugi dipunrênggå ukir-ukiran adi, ing wêkasan garan wau adhapur ngêmbå sirah någå, garudhå, suku kapal såhå sanès-sanèsipun. Satunggil-tung-	singat, gadhing, ugi dipunrênggå ukir-ukiran adi, ing wêkasan garan wau adhapur ngêmbå sirah någå, garudhå, suku kapal såhå sanès-sanèsipun. Satunggil-tung-
-[36]-giling bêndho wontên sarunganipun kajêng utawi wacucal kasêlut mamas langkung gilap. Wångså Wiryå takèn: "Bêndho punikå satunggil rêgi pintên kang?" Ingkang dhasar mangsuli: "Rêginipun undhå-usuk, mawi-mawi agêng alit sartå saéning garapan, ingkang asor piyambak rêgi kalih têngah rupiyah. Punikå ingkang agêng lan saé, rêgi gangsal rupiyah. Manawi pojar akèn damêl ingkang lngkung saé sartå landhêp, nganggé sêlut slåkå garan gadhing, rêginipun ngantos dasanan rupiyah." Wångså Wiryå lêgêg mirêng wangsulan makatên, manahipun érå ningali saéning bêndho dalah sarunganipun, ngalêm dhatêng kawêgiganipun pandhé ingkang andamêl, ing batos: "Saiki têtèlå sumurupku, sanyatané ora murah rêgané kapintêran, kåyå bêndho sing rêgå limang rupiyah kiyé, gêdhéné wêsi kang digawé ora luwih såkå arit ing padununganku kang lumrah kaêdol payu sasuku, dadi undhaking rêgå kongsi tikêl sapuluh iku ora liyå mung ajiné kapintêran. Mangkono ugå rêgané lading, gapit, suduk, kêris sapapadhané. Kabèh gêdhéné wêsi ora piråhå, nanging rêgané larang bangêt. Iku iyå kapintèran kang kuwåwå ngundhaké	-[36]-giling bêndho wontên sarunganipun kajêng utawi wacucal kasêlut mamas langkung gilap. Wångså Wiryå takèn: "Bêndho punikå satunggil rêgi pintên kang?" Ingkang dhasar mangsuli: "Rêginipun undhå-usuk, mawi-mawi agêng alit sartå saéning garapan, ingkang asor piyambak rêgi kalih têngah rupiyah. Punikå ingkang agêng lan saé, rêgi gangsal rupiyah. Manawi pojar akèn damêl ingkang lngkung saé sartå landhêp, nganggé sêlut slåkå garan gadhing, rêginipun ngantos dasanan rupiyah." Wångså Wiryå lêgêg mirêng wangsulan makatên, manahipun érå ningali saéning bêndho dalah sarunganipun, ngalêm dhatêng kawêgiganipun pandhé ingkang andamêl, ing batos: "Saiki têtèlå sumurupku, sanyatané ora murah rêgané kapintêran, kåyå bêndho sing rêgå limang rupiyah kiyé, gêdhéné wêsi kang digawé ora luwih såkå arit ing padununganku kang lumrah kaêdol payu sasuku, dadi undhaking rêgå kongsi tikêl sapuluh iku ora liyå mung ajiné kapintêran. Mangkono ugå rêgané lading, gapit, suduk, kêris sapapadhané, kabèh gêdhéné wêsi ora piråhå, nanging rêgané larang bangêt. Iku iyå kapintèran kang kuwåwå ngundhaké

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
pangaji. Saupåmå ing désaku ånå pandhé kabisané samono, åjå sing mamrih warêg mangan, nyandhang wutuh ora katutuga,. hambok duwéyå karêp gawé omah gêdhong pisan, **masthi²** kasêmbadan karêpé.	pangaji. Saupåmå ing désaku ånå pandhé kabisané samono, åjå sing mamrih warêg mangan, nyandhang wutuh ora katutugan, hambok duwéyå karêp gawé omah gêdhong pisan **m{ê}sthi²** kasêmbadan karêpé.
[37] Wångså Wiryå takèn malih: "Sêaratan ing êpok bêndho mungêl "Cikêruh", punikå têrangipun kadospundi?" Ingkang dhasar: "Cikêruh makatên namaning dhusun padununganipun pandhé ingkang damêl bêndho punikå, déné ångkå anêdahakên titimongså nalikå damêl." Wångså Wiryå: "Punåpå pandhé Cikêruh wau namung damêl bêndho kémawon?" Ingkang dhasar: "Botên, piyambakipun sagêd damêl rupi-rupi pirantos, botên mangsulakên sapakènipun tiyang, ugi sok andadosi samukawis pirantos bångså tosan ingkang risak." Wångså Wiryå: "Punåpå pandhé wau asring kêkésahan têbih utawi mêdal ing pêkên piyambak nyadé dêdamêlanipun?" Ingkang dhasar: "Botên, piyambakipun awis-awis mêdal saking bêsalèn, wontên griyå kémawon dadamêlanipun sampun laris sangêt, kirang barang langkung ingkang tumbas, sabêndintên bakul sami késah dhatêng pasok artå pêpajêngan kaliyan mêndhêt malih barang dagangan, namanipun Kyai pandhé kalok ing	[37] Wångså Wiryå takèn malih: "Sêratan ing êpok bêndho mungêl "Cikêruh", punikå têrangipun kadospundi?" Ingkang dhasar: "Cikêruh makatên namaning dhusun padununganipun pandhé ingkang damêl bêndho punikå, déné ångkå anêdahakên titimongså nalikå damêl." Wångså Wiryå: "Punåpå pandhé Cikêruh wau namung damêl bêndho kémawon?" Ingkang dhasar: "Botên piyambakipun tiyang sagêd damêl rupi-rupi pirantos, botên mangsulakên sapakènipun, ugi sok andadosi samukawis pirantos bångså tosan ingkang risak." Wångså Wiryå, "Punåpå pandhé wau asring kêkésahan têbih utawi mêdal ing pêkên piyambak nyadé dêdamêlanipun?" Ingkang dhasar: "Botên, piyambakipun awis-awis mêdal saking bêsalèn, wontên griyå kémawon dadamêlanipun sampun laris sangêt, kirang barang langkung ingkang tumbas, sabêndintên bakul sami késah dhatêng pasok artå pêpajêngan kaliyan mêndhêt malih barang dagangan, namanipun Kyai pandhé kalok ing

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
pundi-pundi jalaran saking kasagêdanipun.” Wångså Wiryå mirêng cariyosipun tiyang dhasar bêndho. Manahipun kapidêrêng manawi katampèn badhé ngèngèr dhatêng Kyai pandhé ing Cikêruh, sumêjå sinau ngindhakakên kasagêdan prakawis mandhé. Sarêng sampun golonging pamanggih, botên mandhêg tumolih, lajêng pangkat dhatêng Cikêruh madosi griyanipun pandhé. Pêndhak dintên laminipun ing margi, Wångså Wiryå sampun dumugi griyanipun pandhé	pundi-pundi jalaran saking kasagêdanipun.” Wångså Wiryå mirêng cariyosipun tiyang dhasar bêndho. Manahipun kapidêrêng manawi katampèn badhé ngèngèr dhatêng Kyai pandhé ing Cikêruh, sumêjå sinau ngindhakakên kasagêdan prakawis mandhé. Sarêng sampun golonging pamanggih, botên mandhêg tumolih, lajêng pangkat dhatêng Cikêruh madosi griyanipun pandhé. Pêndhak dintên laminipun ing margi, Wångså Wiryå sampun dumugi griyanipun pandhé
[38] Cikêruh, sarêng lumêbêt dhatêng ing bêsalèn manahipun éram ningali pirantos nyambut damêl rupi-rupi, ngantos botên sumêrêp satunggil-tunggiling nåmå lan kanggénipun. Wontên tiyang sawatawis kathahipun angréncangi nyambut damêl mandhé, wontên ingkang nyububi, anggêmblèng, nyingkir nyêpuh såhå sanès-sanèsipun. Wångså Wiryå pinanggih Kyai Pandhé, jawab badhé bêrah nyambut damêl ing sasagêd-sagêd piyambakipun masajakakên yèn sampun naté ngladosi pandhé, ananging têksih bodho balilu dèrèng gadhah kasagêdan punåpå-punåpå. Déné épahan botên mastani, narimah sapawèwèh, ugêr pikantuk têdhå sadintênipun, Kyai Pandhé purun anampani, lajêng kacobå nyambut damêl kados kancanipun, tumandanging damêl katingal cukat, garapan saé lan sugih rékå, nuntên katêmtokakên sadintên angsal bêrahan	[38] Cikêruh, sarêng lumêbêt dhatêng ing bêsalèn manahipun éram ningali pirantos nyambut damêl rupi-rupi, ngantos botên sumêrêp satunggil-tunggiling nåmå lan kanggénipun. Wontên tiyang sawatawis kathahipun angréncangi nyambut damêl mandhé, wontên ingkang nyububi, anggêmblèng, nyingkir nyêpuh såhå sanès-sanèsipun. Wångså Wiryå pinanggih Kyai Pandhé, jawab badhé bêrah nyambut damêl ing sasagêd-sagêd piyambakipun masajakakên yèn sampun naté ngladosi pandhé, ananging têksih bodho balilu dèrèng gadhah kasagêdan punåpå-punåpå. Déné épahan botên mastani, narimah såpåwèwèh, ugêr pikantuk têdhå sadintênipun, Kyai Pandhé purun anampani, lajêng kacobå nyambut damêl kados kancanipun, tumandanging damêl katingal cukat, garapan saé lan sugih rékå, nuntên katêmtokakên sadintên angsal bêrahan

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
satangsul pikantuk têdhahing lêbêt satuwukipun. Wångså Wiryå langkung bingah ing manah, rumaos manggih kabêgjan agêng, sabab salêbêting sinau pikantuk têdhå tuwin artå. Ingkang kanggé minångkå tåndhå sukå panarimah, anggèning nyambut damêl langkung tabêri lan ngatos-atos, supados sagêdå kalunturan sih sartå katrêsnanipun ingkang dipungèngèri. Salaminipun Wångså Wiryå wontên ngriku, kanggêp sangêt pangèngèripun, sabêndintên nyambut damêl angladosi Kyai pandhé ing bêsalèn, maspaosakén anggènipun dêdamêlan ingkang saé-saé tuwin sinau andandosi pirantos rupi-rupi ingkang risak. Sabab saking tabêri talatos ninitèni, kathah	satangsul pikantuk têdhahing lêbêt satuwukipun. Wångså Wiryå langkung bingah ing manah, rumaos manggih kabêgjan agêng, sabab salêbêting sinau pikantuk têdhå tuwin artå. Ingkang kanggé minångkå tåndhå sukå panarimah, anggèning nyambut damêl langkung tabêri lan ngatos-atos, supados sagêdå kalunturan sih sartå katrêsnanipun ingkang dipungèngèri. Salaminipun Wångså Wiryå wontên ngriku, kanggêp sangêt pangèngèripun., sabêndintên nyambut damêl angladosi Kyai pandhé ing bêsalèn, maspaosakén anggènipun dêdamêlan ingkang saé-saé tuwin sinau andandosi pirantos rupi-rupi ingkang risak. Sabab saking tabêri talatos ninitèni, kathah
[39] sangêt indhaking kasagêdanipun, sanajan dèrèng påjå-påjå sami-sami kaliyanKkyai pandhé, nanging saupami katimbang kaliyan sadåyå pandhé ing dhusunipun, sampun kalêbêt onjé piyambak, bénjing manawi wangsul, anêmtokakên dados pangéram-éram kancanipun sartå sagêd angsal kauntungan kathah. Anuju satunggil dintên, Wångså Wiryå pamit badhé mantuk, sabab sampun lami tilar griyå sémah, punåpå déné kangên dhatêng tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk. Ugi sukå panarimah dhatêng Kyai pandhé, sarèhné salaminipn wontên ngriku dipuncêkapi sandhang têdhå tuwin artå såhå winulang rupi-rupi dêdamêlan	[39] sangêt indhaking kasagêdanipun, sanajan dèrèng påjå-påjå sami-sami kaliyan Kyai pandhé, nanging saupami katimbang kaliyan sadåyå pandhé ing dhusunipun, sampun kalêbêt onjé piyambak, bénjing manawi wangsul, anêmtokakên dados pangéram-éram kancanipun sartå sagêd angsal kauntungan kathah. Anuju satunggil dintên, Wångså Wiryå pamit badhé mantuk, sabab sampun lami tilar griyå sémah, punåpå déné kangên dhatêng tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk. Ugi sukå panarimah dhatêng Kyai pandhé, sarèhné salaminipn wontên ngriku dipuncêkapi sandhang têdhå tuwin artå såhå winulang rupi-rupi dêdamêlan

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
ingkang migunani kanggé lantaran pados têdhå, piyambakipun wicantên kathah-kathah nandhakakên agênging panarimah, rumaos botên sagêd malês dhatêng kasaénanipun. Kyai pandhé langkung asih, dipunpamiti manahipun malênggong sêmu awrat kados badhé pisah kaliyan sadhèrèk tunggil wêlat. Nanging botên sagêd anggéndholi, jalaran sumêrêp sami ugi gadhah kawajiban. Wasånå inggih jumurung sartå sukå **pasangok**[10] artå sacêkapipun kanggé ing margi kaliyan ambêktani pirantosing nyambut damêl rupi-rupi ingkang sarwi ringkês såhå ènthèng kabêktå. Wångså Wiryå atåtå-tåtå, sasampunipun mirantos lajêng mangkat. Kacariyos wangsulipun Wångså Wiryå botên mêdal margi nalikå késahipun, sarêng dumugi satunggiling nagari piyambakipun kèndêl sawatawis dintên, dolan-dolan dhatêng bêsalèn ningali pandhé tosan damêl tapèling tracak kapal, andadosi dhokar kré-	ingkang migunani kanggé lantaran pados têdhå, piyambakipun wicantên kathah-kathah nandhakakên agênging panarimah, rumaos botên sagêd malês dhatêng kasaénanipun. Kyai pandhé langkung asih, dipunpamiti manahipun malênggong sêmu awrat kados badhé pisah kaliyan sadhèrèk tunggil wêlat. Nanging botên sagêd anggéndholi, jalaran sumêrêp sami ugi gadhah kawajiban. Wasånå inggih jumurung sartå sukå **pasango{n}**[10] artå sacêkapipun kanggé ing margi kaliyan ambêktani pirantosing nyambut damêl rupi-rupi ingkang sarwi ringkês såhå ènthèng kabêktå. Wångså Wiryå atåtå-tåtå, sasampunipun mirantos lajêng mangkat. Kacariyos wangsulipun Wångså Wiryå botên mêdal margi nalikå késahipun, sarêng dumugi satunggiling nagari piyambakipun kèndêl sawatawis dintên, dolan-dolan dhatêng bêsalèn ningali pandhé tosan damêl tapèling tracak kapal, andadosi dhokar kré-
-[40]-tå såhå sanès-sanèsipun, sadåyå dipuntiti kanggé imbêt-imbêt sêsêrêpan. Ing nuju dintên pêkênan, piyambakipun késah pêkên anjujug panggénan mranggi, ing ngriku ningali dhuwung warni-warni dhapuripun sawêg dipunwarangkani, dipunwarangi tuwin kasadé ing dhasaran. Dangu-dangu mirêng wontên tiyang giginêman, nyariosakên kawêggiganipun satunggiling êmpu ing nagari Kuthårêjå, sagêd damêl niru sawarnining dhapur dhuwung, cundrik,	-[40]-tå såhå sanès-sanèsipun, sadåyå dipuntiti kanggé imbêt-imbêt sêsêrêpan. Ing nuju dintên pêkênan, piyambakipun késah pêkên anjujug panggénan mranggi, ing ngriku ningali dhuwung warni-warni dhapuripun sawêg dipunwarangkani, dipunwarangi tuwin kasadé ing dhasaran. Dangu-dangu mirêng wontên tiyang giginêman, nyariosakên kawêggiganipun satunggiling êmpu ing nagari Kuthårêjå, sagêd damêl niru sawarnining dhapur dhuwung, cundrik,

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
wau sapanunggilanipun damêlan êmpu kinå, ugi sagêd andandosi sarupining tosan aji ingkang risak, kadostå: nyambêt paksi, nyantuni gânjå, nglaras dhuwung ingkang sampun gripis såhå sanès-sanèsipun. Wångså Wiryå kèlu pirêngginêm rêraosanipun tiyang kados nginggil wau, lajêng késah dhatêng nagari Kuthårêjå madosi griyanipun êmpu badhé pados indhaking sêsêpan sapikantukipun. Sarêng sampun pinanggih, piyambakipun api-api andandosakên dhuwung supados kalaras tuwin katêtêpakên ganjanipun. Empu inggih sagah, nanging nêdhå inah sawatawis dintên panggarapipun, sabab ing wêktu punikå kalêrês kathah sangêt padamêlan ingkang prêlu karampungakên tumuntên. Wångså Wiryå ugi narimah dhuwungipun kagarap kantun sartå saguh ngêntosi, ing batos malah andadosakên kabingahan, prasasat angsal pawitan lami wontên ing ngriku kanggé namatakên anggèning nyambut damêl Kyai Êmpu. Piyambakipun sumêrêp wontên pintên-pintên dhuwung ingkang dipundandosi lan dadamêlanipun piyambak. Wontên ingkang sawêg kikiran, kasêpuh, dipunwarangi, kasambêt paksinipun, kasantunan gonjå såhå sanes-	wau sapanunggilanipun damêlan êmpu kinå, ugi sagêd andandosi sarupining tosan aji ingkang risak, kadostå: nyambêt paksi, nyantuni gânjå, nglaras dhuwung ingkang sampun gripis såhå sanès-sanèsipun. Wångså Wiryå kèlu pirêngginêm rêraosanipun tiyang kados nginggil wau, lajêng késah dhatêng nagari Kuthårêjå madosi griyanipun êmpu badhé pados indhaking sêsêpan sapikantukipun. Sarêng sampun pinanggih, piyambakipun api-api andandosakên dhuwung supados kalaras tuwin katêtêpakên ganjanipun. Empu inggih sagah, nanging nêdhå inah sawatawis dintên panggarapipun, sabab ing wêktu punikå kalêrês kathah sangêt padamêlan ingkang prêlu karampungakên tumuntên. Wångså Wiryå ugi narimah dhuwungipun kagarap kantun sartå saguh ngêntosi, ing batos malah andadosakên kabingahan, prasasat angsal pawitan lami wontên ing ngriku kanggé namatakên anggèning nyambut damêl Kyai Êmpu. Piyambakipun sumêrêp wontên pintên-pintên dhuwung ingkang dipundandosi lan dadamêlanipun piyambak. Wontên ingkang sawêg kikiran, kasêpuh, dipunwarangi, kasambêt paksinipun, kasantunan gonjå såhå sanes-
-[41]-sanèsipun. Manahipun såyå éram ngungkuli nalikå wontên ing Cikêruh, inggih punikå ningali pamoring dhuwung pêthak sumêblåk arêsik, wontên ingkang ngulit sêmångkå 1)	-[41]-sanèsipun. Manahipun såyå éram ngungkuli nalikå wontên ing Cikêruh, inggih punikå ningali pamoring dhuwung pêthak sumêblåk arêsik, wontên ingkang ngulit sêmångkå 1)

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Wontên ingkang nyêrat (2) Botên bédå kaliyan pamoring tosan aji damêlanipun pårå êmpu-êmpu jaman kinå. Pikantuk sawatawis dintên laminipun, anggèning andadosakên dhuwung sampun rampung, Wångså Wiryå pamit wangsul kalayan sukå bingah ing manah, Sabab kaindhakanipun kasagêdan wêwah kathah, sanajan dèrèng sagêd damêl dhuwung, dhokar lan karétå, ananging manawi namung andandosi kémawon sampun botên mangsulakên, sagêdå wêwahi kathah margining pados panggêsangan. Wontên margi tansah mikir-mikir padamêlan ingkang badhé dipunlampahi kadospundi anggènipun matrapakên, supados kathah padamêlan sartå cêkap panggarapipun. Sarêng dumugi ing griyå, sakalangkung bingah såhå muji sukå sukur ing Pangéran, sagêd pinanggih ingkang èstri, tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk sami wilujêng. Ngantos angsal pintên-pintên dintên botên lowong tiyang ingkang dhatêng atutuwi, takèn-tinakèn ing kawilujêngan sartå ingkang pinanggih salaminipun kêkésahan. Wångså Wiryå nyariyosakên lalampahanipun saking kawitan dumugi wêkasan, punåpå ingkang pinanggih ing purug gêmêt atapis kaa-	Wontên ingkang nyêrat (2) Botên bédå kaliyan pamoring tosan aji damêlanipun pårå êmpu-êmpu jaman kinå. Pikantuk sawatawis dintên laminipun, anggèning andadosakên dhuwung sampun rampung, Wångså Wiryå pamit wangsul kalayan sukå bingah ing manah, Sabab kaindhakanipun kasagêdan wêwah kathah, sanajan dèrèng sagêd damêl dhuwung, dhokar lan karétå, ananging manawi namung andandosi kémawon sampun botên mangsulakên, sagêdå wêwahi kathah margining pados panggêsangan. Wontên margi tansah mikir-mikir padamêlan ingkang badhé dipunlampahi kadospundi anggènipun matrapakên, supados kathah padamêlan sartå cêkap panggarapipun. Sarêng dumugi ing griyå, sakalangkung bingah såhå muji sukå sukur ing Pangéran, sagêd pinanggih ingkang èstri, tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk sami wilujêng. Ngantos angsal pintên-pintên dintên botên lowong tiyang ingkang dhatêng atutuwi, takèn-tinakèn ing kawilujêngan sartå ingkang pinanggih salaminipun kêkésahan. Wångså Wiryå nyariyosakên lalampahanipun saking kawitan dumugi wêkasan, punåpå ingkang pinanggih ing puruggêmêt atapis kaa-
[42]-ndharakên botên wontên ingkang kalangkungan. Lajêng anêdahakên **angsal**[11] angsal-angsal pirantosing nyambut damêl saking Cikêruh tuwin bêndho, pangot, tapèling tracak kapal såhå sanès-sanèsipun, lan malih	-[42]-ndharakên botên wontên ingkang kalangkungan. Lajêng anêdahakên **(angsal)**[11] angsal-angsal pirantosing nyambut damêl saking Cikêruh tuwin bêndho, pangot, tapèling tracak kapal såhå sanès-sanèsipun, lan malih

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
nyariyosakên kathahing kauntungan saking andandosi rupi-rupi barang bongså tosan damêlan tanah sabrang ingkang sampun risak. Andandosi tosan aji, punikå langkung kathah pamêdalipun tinimbang kaliyan andamêl pirantos, kadostå: nêtêpakên gånjå, padamêlan namung saêjam sagêd tampi épahan sarupiyah. Mêsin andondomi, garapan sadintên pikantuk artå tigang rupiyah têrkadhang langkung.	nyariyosakên kathahing kauntungan saking andandosi rupi-rupi barang bångså tosan damêlan tanah sabrang ingkang sampun risak. Andandosi tosan aji, punikå langkung kathah pamêdalipun tinimbang kaliyan andamêl pirantos, kadostå: nêtêpakên gånjå, padamêlan namung saêjam sagêd tampi épahan sarupiyah. Mêsin andondomi, garapan sadintên pikantuk artå tigang rupiyah têrkadhang langkung.
Tiyang ingkang mirêng éraming manah, botên ngintên késahipun Wångså Wiryå nêjå pados kasagêdan, sabab salaminipun sawêg sapisan punikå tiyang ing dhusun ngriku wontên ingkang gadhah tékad makatên. Déné tiyang sêpuh lan kakangipun sami turut bingah, gadhah pangajêng-ajêng sagêd nunut sinau dadamêlan ngindhakakên kasagêdan. Pandhé sanèsipun wontên ingkang kados Wångså Sêntikå, badhé bêrah nyambut damêl ngiras sinau dêdamêlan, nanging wontên ugi pandhé ingkang manahipun sêdhih, sabab rumaos kawon kasagêdan, têmtu badhé pêjah margi panggêsangipun. Wångså Wiryå sumêrêping sêmu, lajèng cariyos maksudipun tumuju ing tiyang wau sampun ngantos kêlajêng sêdhih, kuwatos ing têmbé pêjah panggêsangipun, inggih punikå piyambakipun badhé dados pandhé saangsal-angsal botên andamêl sadåyå pirantos ingkang kadamêl déning pandhé ing dhusun ngriku, kajawi	Tiyang ingkang mirêng éraming manah, botên ngintên késahipun Wångså Wiryå nêjå pados kasagêdan, sabab salaminipun sawêg sapisan punikå tiyang ing dhusun ngriku wontên ingkang gadhah tékad makatên. Déné tiyang sêpuh lan kakangipun sami turut bingah, gadhah pangajêng-ajêng sagêd nunut sinau dadamêlan ngindhakakên kasagêdan. Pandhé sanèsipun wontên ingkang kados Wångså Sêntikå, badhé bêrah nyambut damêl ngiras sinau dêdamêlan, nanging wontên ugi pandhé ingkang manahipun sêdhih, sabab rumaos kawon kasagêdan, têmtu badhé pêjah margi panggêsangipun. Wångså Wiryå sumêrêping sêmu, lajêng cariyos maksudipun tumuju ing tiyang wau sampun ngantos kêlajêng sêdhih, kuwatos ing têmbé pêjah panggêsangipun, inggih punikå piyambakipun badhé dados pandhé saangsal-angsal botên andamêl sadåyå pirantos ingkang kadamêl déning pandhé ing dhusun ngriku, kajawi

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
manawi dipunanggé piyamba-	manawi dipunanggé piyamba-
-[43]-k, ingkang mirêng sami sukå bingah ing manah såhå ngalêm dhatêng kasaénanipun Wångså Wiryå, malah amujékakên sagêd lulus sêjanipun. Sarêng sampun ngaso sawatawis dintên, Wångså Wiryå atåtå-tåtå, ngadêgakèn bêsalèn ing latar cakêt margi agêng, nuntên wiwit nyambut damêl mandhé, rumiyin dipundamêl rupi-rupi pirantos sarwi satunggil kanggé pola, wangun lan garapanipun saé-saé såhå anèh ing ngriku salaminipun dèrèng naté wontên pandhé andamêl. Sasampuning angsal kathah, lajêng kadhasarakên wontên ngajêng bêsalèn. Tiyang langkung késah dhatêng saking nagari sami kèndêl ningali, ingkang botên bêtah nganggé, kasêngsêm adining pirantos, manahipun kapéngin gadhah, lajêng mojar nêdhå kadamêlakên. Sampun gadhah satunggil kapéngin tumbas malih sanès gagrag, saking saénipun dêdamêlan wau, agêng sangêt dayanipun, anggêgèndèng manahipun kapéngin ingkang badhe tumbas. Sarêng tiyang-tiyang sampun sami sumêrêp, sabêndintên tanpå towong ingkang dhatêng mêling nêdhå kadamèlnå kados pola, têrkadhang nyukani pola piyambak anut karêmênanipun. ngantos kirang wêktu kêkathahan pamêdalan, nuntên rêrêmbagan kaliyan kakangipun Wångså Sêntikå, supados anggêbyag dados satunggil, ngréncangi anggarap dêdamêlan ingkang gampil-gampil.	-[43]-k, ingkang mirêng sami sukå bingah ing manah såhå ngalêm dhatêng kasaénanipun Wångså Wiryå, malah amujékakên sagêd lulus sêjanipun. Sarêng sampun ngaso sawatawis dintên, Wångså Wiryå atåtå-tåtå, ngadêgakèn bêsalèn ing latar cakêt margi agêng, nuntên wiwit nyambut damêl mandhé, rumiyin dipundamêl rupi-rupi pirantos sarwi satunggil kanggé pola, wangun lan garapanipun saé-saé såhå anèh ing ngriku salaminipun dèrèng naté wontên pandhé andamêl. Sasampuning angsal kathah, lajêng kadhasarakên wontên ngajêng bêsalèn. Tiyang langkung késah dhatêng saking nagari sami kèndêl ningali, ingkang botên bêtah nganggé, kasêngsêm adining pirantos, manahipun kapéngin gadhah, lajêng mojar nêdhå kadamêlakên. Sampun gadhah satunggil kapéngin tumbas malih sanès gagrag, saking saénipun dêdamêlan wau, agêng sangêt dayanipun, anggêgèndèng manahipun kapéngin ingkang badhe tumbas. Sarêng tiyang-tiyang sampun sami sumêrêp, sabêndintên tanpå towong ingkang dhatêng mêling nêdhå kadamèlnå kados pola, têrkadhang nyukani pola piyambak anut karêmênanipun, ngantos kirang wêktu kêkathahan pamêdalan, nuntên rêrêmbagan kaliyan kakangipun Wångså Sêntikå, supados anggêbyag dados satunggil, ngréncangi anggarap dêdamêlan ingkang gampil-gampil.

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Wångså Sêntikå inggih purun, awit wêwah kauntungan kathah tinimbang ingkang sampun. Déné Kyai Wångså Wijåyå sampun sêpuh, anakipun jalêr kalih pisan botên sukå bapakipun nyambut damêl, sadåyå sami sagah nyukani têdhå sabên dintên, sacêkapipun manawi purun na-	Wångså Sêntikå inggih purun, awit wêwah kauntungan kathah tinimbang ingkang sampun. Déné Kyai Wångså Wijåyå sampun sêpuh, anakipun jalêr kalih pisan botên sukå bapakipun nyambut damêl, sadåyå sami sagah nyukani têdhå sabên dintên, sacêkapipun manawi purun na-
-[44]-mung dipunkènênggani dhasar polå, nampi artå lan **mabên**[12] rêgi saking tiyang ingkang mêling. Wiwit wèktu punikå gêsangipun Wångså Wiryå sampun kalèbèt sakécå, ingkang katèdhå sadintènipun cèkap, malah sagêd nyèlèngi sakêdhik kanggé jagi-jagi bénjing manawi wontên prêlunipun. Wångså Wiryå dèrèng narimah gadhah pagêsangan samanten punikå, sêdyaning manah badhé ngagêngakên padamêlanipun, pados indhaking kauntungan, misuwurå namanipun griyå bêsalèn dipunêlar langkung agêng, ing lêbêt kapérang-pérang panggènan anggarap damêlan bångså rowå, alit-alit, lan andamêl pirantos ingkang saé-saé. Wontên malih panggènan anggarap bångså kajêng, masah, mêthèl, anggraji tuwin pirantos ambubut. Anuju satunggil dintèn, piyambakipun késah dhatèng nagari ambêktå pola dadamêlanipun nyatunggil, inggih punikå: tapêling tracak kapal, pêdhang, suduk, arit, bêndho, sapanunggilanipun. Sadumuginipun nagari, manggihi tuwan toko ingkang soksadé tapêl tracak kapal	-[44]-mung dipunkènênggani dhasar polå, nampi artå lan **{s}abên**[12] rêgi saking tiyang ingkang mêling. Wiwit wèktu punikå gêsangipun Wångså Wiryå sampun kalèbèt sakécå, ingkang katèdhå sadintènipun cèkap, malah sagêd nyèlèngi sakêdhik kanggé jagi-jagi bénjing manawi wontên prêlunipun. Wångså Wiryå dèrèng narimah gadhah pagêsangan samanten punikå, sêdyaning manah badhé ngagêngakên padamêlanipun, pados indhaking kauntungan, misuwurå namanipun griyå bêsalèn dipunêlar langkung agêng, ing lêbêt kapérang-pérang panggènan anggarap damêlan bångså rowå, alit-alit, lan andamêl pirantos ingkang saé-saé. Wontên malih panggènan anggarap bångså kajêng, masah, mêthèl, anggraji tuwin pirantos ambubut. Anuju satunggil dintèn, piyambakipun késah dhatèng nagari ambêktå pola dadamêlanipun nyatunggil, inggih punikå: tapêling tracak kapal, pêdhang, suduk, arit, bêndho, sapanunggilanipun. Sadumuginipun nagari, manggihi tuwan toko ingkang soksadé tapêl tracak kapal

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
anggèning kilak saking sanès nagari. Wångså Wiryå nêdahakên damêlanipun tapêl sartå sagah damêl nyêkapi pintên kathahipun ingkang têmtu têlas kasadé sapêkênipun, déné pangaos kadamêl sami kaliyan manawi kilak ing sanès nagari sartå sagah ngatêrakên dumugi toko, dados tuwan toko wêwah kauntungan sakathahing wragad kêkilakan. Sarêng pola tapèl dipuntingali langkung saé lan kêkah, manahipun tuwan toko rêmên, lajêng nêmtokakên pintèn kodhi ing dalèm sapêkên anggènipun andugè-	anggèning kilak saking sanès nagari. Wångså Wiryå nêdahakên damêlanipun tapêl sartå sagah damêl nyêkapi pintên kathahipun ingkang têmtu têlas kasadé sapêkênipun, déné pangaos kadamêl sami kaliyan manawi kilak ing sanès nagari sartå sagah ngatêrakên dumugi toko, dados tuwan toko wêwah kauntungan sakathahing wragad kêkilakan. Sarêng pola tapèl dipuntingali langkung saé lan kêkah, manahipun tuwan toko rêmên, lajêng nêmtokakên pintèn kodhi ing dalèm sapêkên anggènipun andugè-
-[45]-ni. Saking toko manggihi tiyang dhåså arit, pangot sapanunggilanipun, katantun manawi purun nyadékakên dêdamêlanipun kados déné pola ingkang kabêktå, mawi janji badhé nyukani épahan sabagéyan saking papajênganipun. Nuntèn manggihi bakul dhuwung kaliyan mranggi, sanjang piyambakipun sagah andandosi sarupining tosan aji ingkang sampun risak. Saking pêkên, késah dhatèng panggénan séwan dhokar, krétå, graji såhå sanès-sanèsipun, cariyos manawi sagah andandosi sawarnining pirantos ingkang risak. Sarêng sampun waradin, Wångså Wiryå mantuk, dumugi ing griyå rêrêmbagan kaliyan kakangipun Wångså Sêntikå, sukå sumêrêp yèn padamêlan badhê wêwah kathah, botên kacêkap dipungarap piyambak, kêdah pados pandhé ingkang purun ngréncangi nyambut damêl mawi balånjå pêndhak pêkênan utawi wulanan kalayan pantês manut	-[45]-ni. Saking toko manggihi tiyang dhåså arit, pangot sapanunggilanipun, katantun manawi purun nyadékakên dêdamêlanipun kados déné pola ingkang kabêktå, mawi janji badhé nyukani épahan sabagéyan saking papajênganipun. Nuntèn manggihi bakul dhuwung kaliyan mranggi, sanjang piyambakipun sagah andandosi sarupining tosan aji ingkang sampun risak. Saking pêkên, késah dhatèng panggénan séwan dhokar, krétå, graji såhå sanès-sanèsipun, cariyos manawi sagah andandosi sawarnining pirantos ingkang risak. Sarêng sampun waradin, Wångså Wiryå mantuk, dumugi ing griyå rêrêmbagan kaliyan kakangipun Wångså Sêntikå, sukå sumêrêp yèn padamêlan badhê wêwah kathah, botên kacêkap dipungarap piyambak, kêdah pados pandhé ingkang purun ngréncangi nyambut damêl mawi balånjå pêndhak pêkênan utawi wulanan kalayan pantês manut

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kasagêdanipun. Wångså Sêntikå sanajan sadhèrèk prênah sêpuh rumaos kawon sagêd, manut kémawon dhatèng pratikêling adhinipun, lajêng késah manggihi pandhé tånggå-tangganipun katantun ngréncangi nyambut damêl badhé kablånjå ngungkuli kasil manawi ngadêg dados pandhé piyambak. Ingkang katantun ngantos gangsal utawi nênêm sami purun, andadosakên bingahipun Wångså Wiryå, angraos badhé kadumugèn sêdyanipun. Énjingipun Wångså Wiryå mranåtå satunggil-tunggiling pandhé katêmtokakên garapanipun. Ingkang dèrèng sagêd dipunwulang, manawi lêpat kalêrêsakên. Wiwit tumapaking damêl jam pitu énjing ngantos jam gangsal sontên, wanci siyang kèndêl kalih tèngah jam. Wiwit.	kasagêdanipun. Wångså Sêntikå sanajan sadhèrèk prênah sêpuh rumaos kawon sagêd, manut kémawon dhatèng pratikêling adhinipun, lajêng késah manggihi pandhé tånggå-tangganipun katantun ngréncangi nyambut damêl badhé kablånjå ngungkuli kasil manawi ngadêg dados pandhé piyambak. Ingkang katantun ngantos gangsal utawi nênêm sami purun, andadosakên bingahipun Wångså Wiryå, angraos badhé kadumugèn sêdyanipun. Énjingipun Wångså Wiryå mranåtå satunggil-tunggiling pandhé katêmtokakên garapanipun. Ingkang dèrèng sagêd dipunwulang, manawi lêpat kalêrêsakên. Wiwit tumapaking damêl jam pitu énjing ngantos jam gangsal sontên, wanci siyang kèndêl kalih tèngah jam. Wiwit.
[46] punikå bêsalènipun langkung agêng såhå **raswéranipun**[(5)] tiyang nyambut damêl, wontên ingkang nyambut damêl pirantosing tatanèn, undhagi, dêdamêl tapêl tracak kapal, andandosi mêsin, dhokar, krétå, dhuwung såhå sanès-sanèsipun. Padamêlan ingkang rêkaos kagarap Wångså Wiryå piyambak, wontên ingkang nganggé rêrênggan sésêkaran tuwin kasêrat nåmå lan titimångså pandamêlipun. Sabêndintên kathah tiyang késah dhatèng tumbas utawi andadosakên. Sakathahing pojaran dipunladosi sapanêdhanipun dhatênging artå tanpå kèndêl kados toyå mili. Sawêg sawatawis taun, Wångså	[46] punikå bêsalènipun langkung agêng såhå **ramé swaranipun**[(5)] tiyang nyambut damêl, wontên ingkang nyambut damêl pirantosing tatanèn, undhagi, dêdamêl tapêl tracak kapal, andandosi mêsin, dhokar, krétå, dhuwung såhå sanès-sanèsipun. Padamêlan ingkang rêkaos kagarap Wångså Wiryå piyambak, wontên ingkang nganggé rêrênggan sésêkaran tuwin kasêrat nåmå lan titimångså pandamêlipun. Sabêndintên kathah tiyang késah dhatèng tumbas utawi andadosakên. Sakathahing pojaran dipunladosi sapanêdhanipun dhatênging artå tanpå kèndêl kados toyå mili. Sawêg sawatawis taun, Wångså

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Wiryå ngadêgakên bêsalèn piyambak, sampun dados tiyang cêkap, sampun dados damêl griyå gêdhong agêng såhå saé pêpak saisinipun, gadhah råjå kåyå, nyanthèlakên panganggé bångså pêpêlikan ingkang pangaos sartå sagêd nyèlèngi artå. Kakangipun Wångså Sêntikå botên nåmå sugih, ananging inggih botên kêkirangan sandhang têdhå, griyanipun agêng såhå kêkah. Déné tiyang sêpuhipun Kyai Wångså Wijåyå jalêr èstri damêlipun namung ngréncangi momong putu kaliyan ngopèni barang kumlêndhang, sandhang têdhå botên kirang, malah asring katantun-tantun kados laré alit, bok manawi gadhah pêpénginan, anakipun sami sagah angawontêni. Tiyang sêpuhipun sangêt muji sukur dhatèng Gusti ingkang Måhå Agung. Rèhning gêsang pinanggih sêpuh såyå mukti såhå sênêng. Gadhah anak jalêr kêkalih sami cêkap-cêkap, gumatos, lan ngajèni dhatêng tiyang sêpuh. Pandhé ingkang andamêli pirantos gagrag lami lêstantun sami malara-	Wiryå ngadêgakên bêsalèn piyambak, sampun dados tiyang cêkap, sampun dados damêl griyå gêdhong agêng såhå saé pêpak saisinipun, gadhah råjå kåyå, nyanthèlakên panganggé bångså pêpêlikan ingkang pangaos sartå sagêd nyèlèngi artå. Kakangipun Wångså Sêntikå botên nåmå sugih, ananging inggih botên kêkirangan sandhang têdhå, griyanipun agêng såhå kêkah. Déné tiyang sêpuhipun Kyai Wångså Wijåyå jalêr èstri damêlipun namung ngréncangi momong putu kaliyan ngopèni barang kumlêndhang, sandhang têdhå botên kirang, malah asring katantun-tantun kados laré alit, bok manawi gadhah pêpénginan, anakipun sami sagah angawontêni. Tiyang sêpuhipun sangêt muji sukur dhatèng Gusti ingkang Måhå Agung. Rèhning gêsang pinanggih sêpuh såyå mukti såhå sênêng. Gadhah anak jalêr kêkalih sami cêkap-cêkap, gumatos, lan ngajèni dhatêng tiyang sêpuh. Pandhé ingkang andamêli pirantos gagrag lami lêstantun sami malara-
-[47]-t, sabab dêdamêlanipun mirah, kirang laris. Dados kauntunganipun namung sakêdhik, mångkå såyå lami waragading gêsang mindhak-mindhak, jalaran sadåyå kabêtahan rêginipun sadåyå awis, rêrêngganing gêgriyå wêwah kathah. Wontên satunggil kalih ingkang rêraosan makatên: “Lantarané Wångså Wiryå dadi wong mulyå mangkono iku, ora liyå mung såkå katabêrèn lan marsudi kapintêran. Aku	-[47]-t, sabab dêdamêlanipun mirah, kirang laris. Dados kauntunganipun namung sakêdhik, mångkå såyå lami waragading gêsang mindhak-mindhak, jalaran sadåyå kabêtahan rêginipun sadåyå awis, rêrêngganing gêgriyå wêwah kathah. Wontên satunggil kalih ingkang rêraosan makatên: “Lantarané Wångså Wiryå dadi wong mulyå mangkono iku, ora liyå mung såkå katabêrèn lan marsudi kapintêran. Aku

Tabel salajêngipun

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
gêtun bangêt, biyèn dhèk isih ênom ora duwé karêp ngupåyå kawruh kåyå dhèwèké, saiki kêduwungku kêtêmu tuwå, wis ora biså uwal såkå kunjårå kacingkrangan. Éwå samono aku nrimå. Barang wis **kêkanjur**[13] prêlu åpå dakgêtuni, mung panyuwunku marang kang Kuwåså, ora tibå awak, tibåhå anak, turunku di pådhå marsudi kapintêran, sabab wis têtélå ajiné akèh tanpå timbang. Kuwåwå anjunjung marang kamulyan.	gêtun bangêt, biyèn dhèk isih ênom ora duwé karêp ngupåyå kawruh kåyå dhèwèké, saiki kêduwungku kêtêmu tuwå, wis ora biså uwal såkå kunjårå kacingkrangan. Éwå samono aku nrimå. Barang wis **kê{b}anjur**[13] prêlu åpå dakgêtuni, mung panyuwunku marang kang Kuwåså, ora tibå awak, tibåhå anak, turunku di pådhå marsudi kapintêran, sabab wis têtélå ajiné akèh tanpå timbang. Kuwåwå anjunjung marang kamulyan.
[48] Isinipun sêrat punikå 1. Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun…….kåcå 3 2. Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå……kåcå 6 3. Cariyos anglampahi paadamêlan ingkang dipunsagêdi sartå dipunrêmêni…kåcå 15 4. Pangaosipun kasagêdan....kåcå 29	[48] Isinipun sêrat punikå 1. Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun ….kåcå 3 2. Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå...…….kåcå 6 3. Cariyos anglampahi padamêlan ingkang dipunsagêdi sartå dipunrêmêni…kåcå 15 4. Pangaosipun kasagêdan....kåcå 29
[*Catatan kaki* kåcå 41] 1. Pamor ngulit sêmångkå, mênawi dipungrayang alus. 2. Pamor gêrat, mênawi dipungrayang kasap. Galêripun kados sêrataning sêpêt.	[*Catatan kaki* kåcå 41] 1. Pamor ngulit sêmångkå, mênawi dipungrayang alus. 2. Pamor gêrat, mênawi dipungrayang kasap. Galêripun kados sêrataning sêpêt.

d. *Aparat kritik* ing *teks* wontên *naskah Sêrat Piwulang*

Aparat kritik wontên panalitèn mênika minangka cathêtan andharan saking *suntingan teks* wontên ing *naskah Sêrat Piwulang*. Kajawi mênikå, aparat kritik ngêwrat sêratan nglêresakên têtêmbungan ingkang dipunjumbuhakên adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) såhå buku *Pedoman Umum Ejaan*

Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan déning *Balai Bahasa Yogyakarta* (1991). *Aparat kritik* mênikå mujudakên tanggêl jawab *ilmiah* saking *kritik teks* wontên ing *naskah Sêrat Piwulang*.

1) *Tabel Aparat Kritik*

Wujud *aparat kritik* kaandharakên mawi *tabel*. Têtêmbungan wontên ing *tabel aparat kritik* dipuntambahi katrangan, supados langkung cèthå. Katrangan kasêbut, antawisipun ngêwrat urutaning *teks* cariyos, ingkang kasêrat mawi ångkå *Romawi* (I: Tinimbang asor aluwung angluhurrakên badanipun; II: Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå; III: Cariyos nglampahi padamêlan ingkang disagêdi sartå dipunrêmêni; IV: Pangaosipun kasagêdan); kåcå lêmbaraning *teks*; såhå urut lariking *teks*. Tuladhanipun, II. 12. 21., katrangan kasêbut sagêd dipunwaos bilih *kritik teks* kasêbut ing teks cariyos nomêr kalih, inggih kanthi irah-irahan Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå, ing kåcå kalihwêlas, såhå wontên larik kaping sêlikur.

Tabel* 29*: Aparat Kritik

No.	Sadèrèngipun *Suntingan Teks*	*Suntingan Teks*	Sasampunipun *Suntingan Teks*	Katrangan
1.	dari	<ji>	dariji	I. 4. 6
2.	masdhi, masthi	{t}	mêsthi	II. 12. 21 ; I. 5. 7. ; I. 5. 20. ; I. 6. 7. ; II. 7. 21. ; II. 12. 4. ; IV. 33. 8.
3.	buk	<u>	buku	III. 22. 8
4.	barang	{k}	karang	III. 25. 5
5.	dénå	{ing}	déning	III. 26. 15
6.	nyådå	{u}	nyudå	IV. 30. 11
7.	tumbad	{s}	tumbas	IV. 30.12
8.	sabêsayèn	{l}	sabêsalèn	IV. 31. 7
9.	linampaham	{n}	linampahan	IV. 32. 20

Tabel salajêngipun

No.	Sadèrèngipun *Suntingan Teks*	*Suntingan Teks*	Sasampunipun *Suntingan Teks*	Katrangan
10.	pasangok	{n}	pasangon	IV. 39. 17
11.	angsal	(angsal)	-	IV. 42. 2
12.	mabên	{s}	sabên	IV. 44. 1
13.	kêkanjur	{b}	kêbanjur	IV.47.10

2) Cathêthan *Aparat Kritik*

Tabel aparat kritik wontên ing nginggil prêlu kaandharakên. Andharaning *aparat kritik* awujud cathêthan ngèngingi *suntingan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* ingkang dipuntindakakên, inggih mênikå nambahi, nggantos, utawi ngirangi aksårå såhå wandå wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Wondéné andharaning *aparat kritik* kanthi urut kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1. dari

Wontên ing prakawis sapisan, têmbung ‘dari’ botên jumbuh kaliyan *konteks* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Ananging, adhêdhasar *konteks*-ipun kaliyan têmbung candhakipun, têmbung ‘dari’ dipuntambahi aksårå ‘j’ såhå ‘i’, satêmah dados têmbung ‘dariji’. Salajêngipun, têmbung dariji asalipun saking ‘driji’. Wondéné têgêsipun têmbung ‘driji’, inggih mênikå “gêgêlitaning tangan (sikil) kang pucuk” (Poerwadarminta, 1939: 75).

2. masdhi såhå masthi

Têmbung ‘masdhi’ såhå ‘masthi’ têgêsipun botên kapanggihakên wontên *Kamus Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå ‘d' wontên ing têmbung masdhi dipungantos aksårå ‘t’ såhå aksårå ‘a’ wontên ing têmbung masthi dipungantos

aksårå ‘ê’, satemah éwah dados têmbung mêsthi. Têgêsipun têmbung ‘mêsthi’, inggih mênikå “nêtêpaké ing sadurungé; wis têtêp; trêp kaya, wis sapantêsé” (Poerwadarminta, 1939: 312).

3. buk

Têmbung ‘buk’ botèn jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Wontên ing prakawis mênikå, têmbung ‘buk’ dipuntambahi aksårå ‘u’, milå têmbungipun dados ‘buku’. Wondéné sasampunipun dipun-*sunting*, têmbung ‘buku’ ing *Baoesastra Djawa* têgêsipun, inggih mênikå “layang”, “layang cathêthan” (Poerwadarminta, 1939: 52).

4. barang

Têmbung ‘nyådå’ mênikå botên jumbuh kaliyan *konteks* wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Salajêngipun, *suntingan* tumrap têmbung ‘barang’ katindakakên kanthi aksårå ‘b’ dipungantos aksårå ‘k’, satêmah têmbung ‘karang’ jumbuh kaliyan *konteks teks*-ipun. Wondéné têgêsipun têmbung ‘karang’, inggih mênikå “wit krambil”, “pomahan”, “pakarangan” (Poerwadarminta, 1939: 189).

5. dénå

Têmbung ‘dênå’ mênikå têgêsipun botên wontên ing *entri Baoesastra Djawa*. Supados têmbung mênikå wontên têgêsipun, lajêng katindakakên kanthi nggantos aksårå ‘a’ dados ‘ing’, satêmah *suntingan* mênikå ngasilakên têmbung ‘déning’. Wondéné têgêsipun têmbung ‘déning’, inggih mênikå “déné”, “marang”, “karo” (Poerwadarminta, 1939: 66).

6. nyådå

Têmbung ‘nyådå’ mênikå botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Salajêngipun, *suntingan* tumrap têmbung ‘nyådå’ katindakakên kanthi aksårå ‘å’ dipungantos aksårå ‘u’, satêmah têmbung ‘nyudå’ wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung ‘nyudå’, inggih mènikå “ngurangi”, “ngélongi”, “sudå” (Poerwadarminta, 1939: 367).

7. tumbad

Têmbung ‘tumbad’ mênikå botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. *Suntingan* ingkang dipundamêl, inggih mênikå aksårå d dipungantos aksårå s, satêmah têmbung ‘tumbad’ éwah dados ‘tumbas’. Wondéné têmbung tumbas miturut Poerwadarminta (1939: 612) ing *Baoesastra Djawa* têgêsipun, inggih mènikå “tuku”.

8. sabêsayèn

Têmbung ‘sabêsayèn’ mênikå botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå ‘y’ dipungantos aksårå ‘l’, satêmah têmbung ‘sabêsalèn’ wontên têgêsipun. Têmbung ‘sabêsalèn’ kadhapuk saking têmbung ‘bêsalèn’ ingkang angsal wuwuhan sa. Têgêsipun têmbung ‘bêsalèn’, inggih mènikå “papaning pandhé nyambut gawé” (Poerwadarminta, 1939: 42).

9. linampaham

Têmbung ‘linampaham’ têgêsipun botên kapanggihakên wontên ing *Baoesastra Djawa*. Wontên ing prakawis mênikå aksårå ‘m’ wontên ing têmbung ‘linampaham’ pérangan pungkasan dipungantos aksårå ‘n’, satêmah éwah dados têmbung ‘linampahan’. Têmbung ‘linampahan’ asalipun saking têmbung linggå

‘lampah’ angsal sêsêlan ‘in’ såhå panambang an. Têgêsipun têmbung ‘lampah’, inggih mênikå “laku” (Poerwadarminta, 1939: 259).

10. pasangok

Têmbung ‘pasangok’ mênikå botên kapanggihakên wontên ing *Baoesastra Djawa*. Salajêngipun, *suntingan* mênikå katindakakên kanthi aksårå ‘k’ wontên ing têmbung ‘pasangok’ dipungantos aksårå ‘n’, satêmah éwah dados têmbung ‘pasangon’. Têgêsipun têmbung ‘pasangon’ wontên ing *Baoesastra Djawa*, inggih mènikå “dhuwit sanguning lêlungan” (Poerwadarminta, 1939: 474).

11. angsal

Têmbung ‘angsal’ dipunicali wontên ing *teks* “Lajêng anêdahakên **angsal**[10] angsal-angsal pirantosing nyambut damêl saking Cikêruh tuwin bêndho, pangot, tapèling tracak kapal såhå sanès-sanèsipun”. Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung ‘angsal’ ing pêthikan mênikå botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun têmbung angsal dipunicali, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Wontên ing ukaranipun, têmbung angsal dipunsêrat kaping tigå, satêmah salah satunggal têmbung dipunicali kémawon.

12. mabên

Têmbung ‘mabên’ mênikå botên kapanggihakên wontên ing *Baoesastra Djawa*. Salajêngipun, *suntingan* têmbung ‘mabên’ mênikå katindakakên kanthi aksårå ‘m’ wontên ing têmbung ‘sabêm’ dipungantos aksårå ‘s’, satêmah ngasilakên têmbung ‘sabên’. Wondéné têgêsipun têmbung ‘sabên’ wontên ing *Baoesastra Djawa*, inggih mênikå “siji-sijiné”, “anggêr” (Poerwadarminta, 1939: 536).

13. kêkanjur

Suntingan têmbung ‘kêkanjur’ katindakakên amargi têmbung ‘kêkanjur’ mênikå botên kapanggihakên wontên ing *entri Baoesastra Djawa*. Salajêngipun, aksårå ‘k’ ing têmbung ‘kêkanjur’ dipungantos aksårå ‘b’, satêmah éwah dados têmbung ‘kêbanjur’. Têmbung ‘kêbanjur’ asalipun saking têmbung ‘banjur’ angsal atêr-atêr ‘kê’. Wondéné têgêsipun têmbung banjur wontên ing *Baoesastra Djawa*, inggih mênikå “nglajêng”, “mlaku têrus”, “têrus mlêbu” (Poerwadarminta, 1939: 28).

e. Temuan sêratan ingkang lêpat

1) *Tabel* têmuan

***Tabel* 30: *Temuan* sêratan ingkang lêpat**

No.	Sadèrèngipun dipunlêrêsakên	Sasampunipun dipunlêrêsakên	Katrangan
1.	pangragapipun	panggarapipun	II. 14.4
2.	sacêkapiun	sacêkapipun	III. 16. 2
3.	trakadhang	têrkadhang	III. 22. 8
4.	anirk	anak	III. 26. 15
5.	raswéranpun	ramé swaranipun	IV. 46. 1

2) Cathêthan têmuan

Tabel temuan sêratan ingkang lêpat prêlu kaandharakên. Andharaning *temuan* sèratan ingkang lêpat katindakakên kanthi nggantos aksårå, pasangan, utawi sandhanganipun. Wondéné andharaning *temuan* sêratan ingkang lêpat kanthi urut kaandharakên makatên.

1. pangragapipun

Têmbung ‘pangragapipun’ ing *teks* “Sawêg gangsal taun laminipun, sagêd damêl malih griyå langkung agêng sakêdhik tinimbang ingkang sampun,

pangragapipun[(1)] radi énggal sartå gampil awit sampun mindhak pratikêlipun sartå wêwah artå ingkang kanggé wragad (II. 14. 4)" botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå 'rå' såhå 'gå' dipunlintu, satêmah éwah dados têmbung 'panggarapipun'. Tembung 'panggarapipun' saking têmbung 'garap' angsal atêr-atêr pang såhå panambang ipun. Têgêsipun têmbung 'garap', inggih mênikå "panindaking pagawéyan" (Poerwadarminta, 1939: 133).

2. sacêkapiun

Têmbung 'sacêkapiun' wontên ing *teks* "satunggil-tunggilipun kapilih ingkang awèt såhå pa-[16]-ntês. Botên kêrså kêkathahên warni tuwin cacah, namung kapêsthi **sacêkapiun**[4] kanggé sontan-santun (III. 16. 2)" botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Salajêngipun, têmbung 'sacêkapiun' dipunéwahi kanthi suku dipunicalakên saking pasangan 'på'. Lajêng sawingkingipun pasangan 'på' dipuntambahi aksårå 'på' angsal sandhangan suku, satêmah ngasilakên têmbung 'sacêkapipun'. Têmbung 'sacêkapipun' kadhapuk saking têmbung linggå 'cêkap' ingkang angsal wuwuhan sêsarêngan 'sa' kaliyan 'ipun'. Wondéné têgêsipun têmbung 'cêkap', inggih mênikå "cukup" (Poerwadarminta, 1939: 631).

3. trakadhang

Têmbung 'trakadhang' mênikå botên kapanggihakên wontên ing *Baoesastra Djawa*. Salajêngipun, têmbung 'trakadhang' dipunlêrêsakên kanthi sandhangan cåkrå wontên ing aksårå 'tå' dipungantos sandhangan pêpêt såhå layar, satêmah ngasilakên têmbung 'têrkadhang'. Wondéné têgêsipun tèmbung

‘têrkadhang’, inggih mênikå “kålå-kålå”, “sok” (Poerwadarminta, 1939: 604). Awit saking mênikå, têmbung mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

4. anirk

Sêratan têmbung ‘anirk’ ing *teks* “Lan sawangsulipun kagungan panggalih padamêlan têtanèn ing nganggêp nisthå botên pantês dipunlampahi dénå **anirk**[(4)] turuning priyantun (III. 26. 15)” lêpat. Salajêngipun, têmbung ‘anirk’ dipunlêrêsakên kanthi sandhangan wulu såhå layar dipunicali, satêmah éwah dados têmbung ‘anak’. Wondéné têgêsipun têmbung ‘anak’ wontên ing *Baoesastra Djawa*, inggih mênikå “putrå” (Poerwadarminta, 1939: 10).

5. raswéranipun

Têmbung ‘raswéranipun’ wontên ing pêthikan *teks* “punikå bêsalènipun langkung agêng såhå **raswéranipun**[5] tiyang nyambut damêl, wontên ingkang nyambut damêl pirantosing tatanèn, undhagi, dêdamêl tapêl tracak kapal, andandosi mêsin, dhokar, krétå, dhuwung såhå sanès-sanèsipun. (IV. 46. 1)” inggih kirang trêp. Salajêngipun, têmbung ‘raswéranipun’ dipunlêrêsakên kanthi taling dipuntambahi aksårå ‘ma’ dados ‘ramé swaranipun’, satêmah têmbung ‘ramé swaranipun’ jumbuh kaliyan *teks*-ipun.

f. *Ciri khas* sêrataning *teks*

Sasanèsipun têmbung-têmbung ingkang kalêbêt ing *aparat kritik* såhå *temuan* sêratan ingkang lêpat ing nginggil, wontên malih têmbung-têmbung ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Wondéné têmbung-têmbung mênikå kasêrat kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel* 31: *Ciri khas* Sêrataning *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang

No.	Têmbung	Katrangan
1.	têksih	II, 7, 3. IV, 31, 8
2.	panci	II, 9, 17. II, 10, 3

Adhêdhasar *tabel* ing nginggil, kapanggihakên kalih têmbung ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Salajêngipun, têmbung-têmbung mênikå kaandharakên mawi têtêmbungan supados langkung cêthå såhå gampil dipunmangrêtosi. Wondéné andharanipun kasêrat wontên ing ngandhap mênikå.

1) têksih

Têmbung ‘têksih’ ing salêbêting *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, têtêp dipunsêrat ‘têksih’. Têmbung ‘têksih’ sami têgêsipun kaliyan têmbung “taksih” (Poerwadarminta, 1939: 599). Ananging, awit *teks Sêrat Piwulang* mênikå kalêbêt *teks* piwulang, milå panyêrating têmbung “taksih” dados “têksih”. Têmbung ‘têksih’ kalêbêt båså lésan.

2) panci

Têmbung ‘panci’ ing salêbêting *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, têtêp dipunsêrat ‘panci’. Têmbung “panci” sami têgêsipun kaliyan têmbung “pancèn”, inggih mênikå “pérangan ingkang sampun dipunpêsthi” (Poerwadarminta, 1939: 466). Ing salêbêting *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, dipunsêrat têmbung ‘panci’ amargi têmbung mênikå minångkå *dialek* ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*.

E. *Terjemahan* sâhâ Cathêthan *Terjemahan Teks* wontèn ing *Naskah Sêrat Piwulang*

1. *Terjemahan Teks* wontèn ing *Naskah Sêrat Piwulang*

Anggènipun ndamêl *terjemahan teks* wontên ing panalitèn mênikâ katindakakên kanthi nggantos basaning sumber, inggih bâsâ Jawi dados bâsâ sasaran, inggih bâsâ Indonesia. *Terjemahan teks* kajumbuhakên kaliyan *konteks isi*. *Terjemahan teks* ingkang dipunginakakên, inggih mênikâ terjemahan harfiah, *terjemahan isi/makna*, sâhâ *terjemahan bebas*. Tigang warnining *terjemahan teks* kasêbut katindakakên kanthi *kontekstual*.

Ing *terjemahan teks* wontên têmbung ingkang botên dipunalih basakakên. Pramilâ ndamêl cathêthan *terjemahan* supados nggampilakên pamaos anggènipun mangrêtosi isining *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Asiling *terjemahan teks* wontên ing *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat ing *tabel* ngandhap mênikâ.

Tabel* 32: Asiling *Terjemahan Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
Sêrat Piwulang Anggitanipun Mas Prawiråsudirjå Mantri guru ing Garung Wånåsåbå Kaêcap ing Indonesische drukkerij Ing Weltevreden 1917	*Serat Piwulang* *Karya* *Mas Prawirasudirja* *Kepala Sekolah di daerah Garung* *Wonosobo* *Dicetak oleh Indonesische drukkerij* *Di Weltevreden* *1917*
[3] 1. Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun Wontên satunggilipun tiyang	*[3]* *1. Daripada merendahkan diri kita lebih baik kita melakukan sesuatu hal yang membuat diri kita dihargai* *Ada salah satu orang tua berbicara*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
sêpuh wicantên dhatêng pårå nèm-nèman makatên: "Wong urip åjå dhêmên asor, bêcik luhurnå awakmu". Ing ngriku wontên tiyang ênèm satunggil pitakèn, "Kadospundi Kyai, têrangipun ungêl-ungêlan ingkang sampèyan lairakên punikå, saking pamanggih kulå kalêbêt élok sangêt, bêdå kaliyan piwulangipun pårå guru tuwin tiyang sêpuh-sêpuh sanèsipun. Ingkang limrah anggènipun mêmulang anak putu utawi pårå murid, supados samiyå andhap-asor, purun ngawon têmbung sakêcap, lampah satindak, angajèni ing sêsami, murih tiyang-tiyang sami rêmên lan asih, sugih sanak sadhèrèk, mitrå tuwin kawanuhan, watêkipun wilujêng. Saupami manggih kasusahan, tumuntên angsal pitulungan saking tiyang sanès. Ing samangké Kyai paring piwulang kosok-wangsulipun, botên kénging	*kepada sekumpulan anak muda seperti berikut: "Orang hidup jangan sering berbuat jelek, berbuat baiklah untuk dirimu."* *Di tempat itu ada seorang pemuda bertanya, "Bagaimana Kyai, jelasnya ajaran-ajaran yang anda sampaikan itu, dari pendapat saya termasuk indah sekali, berbeda dengan ajaran para guru dan para leluhur lainnya, yang biasanya ketika mengajar kepadaanak, cucu, atau para murid, supaya tetap rendah hati, mau tidak banyak berbicara, memperhatikan langkah, menghargai sesama, saling berbagi cinta dan kasih kepada sesama, sehingga menambah tali persaudaraan, kenalan, serta teman dekat, sifatnya baik. Seumpama terdapat halangan atau kesusahan, akan mendapat pertolongan dari orang lain. Oleh karena itu Kyai memberikan ajaran. Sebaliknya, tidak boleh merendahkan, tetap menjunjung diri."*
asor, kêdah angluhurakên badanipun." Tiyang sêpuh mirêng pitakèn makatên punikå sakalangkung sukå bingahing manah sartå angalêmbånå dhatêng tiyang ênèm ingkang pitakèn, yèn piyambakipun satunggiling tiyang titi pariksa nyuraos pikajênganipun wulangan, wicantênipun tiyang sêpuh: " Kowé, ênggèr-	*Orang tua mendengar pertanyaan seperti itu membuat senang hati serta memuji kepada pemuda yang bertanya, bahwa dirinya salah satu orang yang merasa kurang mendapatkan ajaran. Kemudian orang tua berbicara seperti ini: "Kamu, nak*
-[4]- kênå dakarani wong bêgjå, pinaringan ati padhang lan sabar, niti pariksa	*-[4]-* *dapat kusebutkan orang yang beruntung, diberi keluasan hati dan sabar, ingin tahu*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
maksudé pitutur. Yèn mangkono, adat sing uwis kalakon arang kalèru patrapé. Bêdå bangêt karo wong kang watak gugup, unèn-unèn durung pinikir kêpriyé bênêré, kêsusu ditindakaké baé, wêkasan salang surup kalèru panganggoné, anjigung sikil **dari<ji>**[1] jalaraning tibå".	*maksud dari ajaran itu. Jika seperti itu, adat yang sudah terlanjur dilakukan jarang keliru sekali. Sangat berbeda dengan orang yang memiliki watak gugup, perkataan-perkataan belum dipikir bagaimana benarnya, tergesa-gesa segera dilakukan saja, sehingga salah untuk melakukannya, seperti jari kaki menyebabkan jatuh."*
Mungguh unèn-unèn ing dhuwur mau, uwis jårwå, karêpé anyingkirånå samubarang gawé kang ngasoraké awakmu. Sawaliké: "Nglakonånå pagawéyan sing kuwåwå anjunjung awakmu marang kaluhuran, déné jalèntrèhè kåyå ing ngisor iki."	*Mulanya, perkataan di atas itu, sudah jelas, maksudnya hindari perbuatan yang membuatmu rendah. Sebaliknya, "lakukan perbuatan yang bisa membuat dirimu terjunjung. Akan dijelaskan di bawah ini."*
Kang ngasoraké awak, yaiku: 1. mélikan, nyandhang lan mangan kang ora mêtu såkå pêrêsané kringêté dhéwé, liré: "Dhêmên anjêjaluk, ngandêlaké utåwå anjagakaké pawèwèh sartå pitulungané wong liyå, gêdhéné manèh gêlêm anglakoni panggawé ålå. ngêngapusi, nyênyolong, ngutil, nyêbrot, lan sapanunggalané. 2. bodho, jalaran ora gêlêm sinau, têtakon utawå nênitèni kalakuané wong liyå milih kang ålå lan bêcik, sabab lumrahé wong bodho mau disapirakaké déning sapådhå-pådhå, ånå pakumpulané wong akèh, kalungguhaké ing buri panggonan pêtêng. Yèn ånå rêmbug, ora biså urun-urun anggunêm, barêng gêlêm	*Perbuatan yang menghinakan diri kita yaitu:* *1. ingin memiliki, berpakaian dan makan dengan jalan tidak dari hasil keringat kita sendiri. Artinya, mengandalkan atau menunggu pemberian serta pertolongan orang lain. Selebihnya dari itu, maka akan melakukan perbuatan jahat seperti berbohong, lebih parahnya lagi melakukan copet, jambret, dan lain-lain.* *2. bodoh, penyebab tidak mau belajar, bertanya atau melihat kelakuan orang lain antara baik dan jelek, sebab sudah bodoh tidak dapat menempatkan dirinya didalam pergaulan, ada perkumpulan orang banyak, berada paling belakang. Jika ada diskusi, tidak dapat menyampaikan pendapat. Setelah bergabung diskusi, sering keliru, ditertawakan oleh orang*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
nyambungi rêmbug, sok kalèru, digêguyu ing akèh. 3. kêsèd, sungkanan ing samubarang gawé, watêké nyêpa-	*banyak.* *3. malas, dalam melakukan sesuatu, sering pilih-pilih. Sifat-*
-[5]-kki marang kacingkrangan. Mångkå wong iku yèn tumibå mlarat, gugur kaluhurané, kabèh sing pådhå kacukupan kudu arêp maréntah sartå ora ngajèni, déné kang mlarat mau kêpêksså manut, sabab butuh. 4. angkuh, sumangkéyèn, ambêk adigang adigung adiguna, lan sapapadhané. Iki kåyå upamané kumandhang, wong kang andêlêng lan ngrungu **m{ê}sthi²** nirokaké, malah yèn ora kabênêran, pådhå gêthing ngarah bilahiné.	*[5]-nya menjadi egois atau mencari enaknya saja. Maka jika dia jatuh miskin, gugur keluhurannya. Orang-orang yang merasa cukup, harus mau memerintah serta tidak menghargai. Adapun yang miskin terpaksa mengikuti perintah karena butuh.* *4. angkuh, ketika merasa dirinya lebih pintar, lebih kaya, dan lebih kuat. Jika masih bersikap seperti itu, orang lain yang melihat dan mendengar pasti akan menirukan, jika tidak kebetulan, nanti akan dibenci serta celaka.*
Déné kang kuwåwå angluhuraké awakmu, iyå sawaliké ing dhuwur iku, gamblangé takjèrèng manèh kåyå ing ngisor iki. 1. nyandhang manganå såkå kaskayamu dhéwé, åjå dhêmên olèh pawèwèh såkå wong liyå. Saupåmå ånå wong wèwèh ing kowè minångkå tåndhå katrêsnan, tampanånå kalawan sênênging ati, nanging sabisså-bisså tumuli walêsên katrêsnané, sabab yèn ora mangkono, anggêpé wong mau nganggokaké ing kowé, anggarap murah gawé sawênang-wênang lan kurang ngajèni. Såyå akèh ênggoné nganggokaké, wuwuh sêru olèhè ngidak. Luwih manèh	*Adapun yang membuat baik dirimu, iya sebaliknya perbuatan yang ada di atas itu, lebih jelasnya lagi seperti di bawah ini.* *1. sandang pangan dari hasil simpananmu sendiri, jangan mengharap belas kasihan dari orang lain. Seumpama ada orang lain memberimu sebagai tanda terima kasih, terimalah dengan senang hati. Akan tetapi, sedapat mungkin kita membalas budi. Sebab jika tidak seperti itu, anggapan orang lain akan merendahkanmu. Dianggap berbuat sewenang-wenang dan kurang menghargai. Semakin banyak orang yang akan merendahkan. Lebih semena-mena merendahkan terhadap*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
saupåmå anggoné nganggokaké mau ora kalawan mulungé dhéwé, lantaran dijaluki kanthi pêkså anandukaké rosâ lan kuwasané, **m{ê}sthi[2]** anuwuhaké gêthing, ing lair mênêng, nanging batiné ngandhut watu. 2. ditabêri mardi budi, têtakon lan anon tinon marang pari polahé liyå, jaringånå lêlabêté kang bêcik-bêcik, ajå kalèru patrapé: "Anduwèni kawruh mung kanggo umuk umuk-	*diri kita. Lebihnya lagi seumpama pemberian itu lewat orang lain. Lantaran memintanya dengan paksa, akan membuat tidak suka, di dalam lahirnya diam, namun di dalam hati merasa jengkel.* *2. teruslah memelihara kebaikan, bertanya dan lihatlah orang lain dalam bertingkah, dan ambilah sisi baik dari perbuatan orang lain. Jangan salah menerapkan, mempunyai ilmu hanya untuk bersombong di -*
-[6]-kan. Watêké wong kang kapadhan kawruhé dadi asih, déné sing kalindhih panêmuné pådhå wêdi angajèni, åpå manèh wong kang nêdyå ngangsu mamrih marang kawruhmu, såyå bangêt ênggoné sumungkêm. 3. dikêskil ngupåyå kasil, Élingå: "Mångså kang koaanggo nyambut gawé, sanadyan mung sadhélå, iyå ånå ajiné. Lan manèh sing gêmi marang rêjêki, nanging åjå cêthil. Rêjêki iku kang anjalari cukup. Wong kang kacukupan **m{ê}sthi[2]** kajèn kèringan. Luwih manèh yèn murah ati gêlêm dêdånå marang wong kacingkrangan lan kasangsaran, såyå sugih sanak sadulur mitrå kawanuhan, kabèh pådhå guyub suyud ing kowé." 4. nandukna tingkah paripolah luwês sartå andhap-asor, têmbung ruruh amanis, ora agawé pinggêt atining liyå, supåyå wong liyå nimbangånå	*-[6]-ri. Sifat orang lain yang yang sama-sama menjadi sayang. Sedangkan orang yang kalah ilmunya, maka akan merasa takut menghargai. Apalagi orang yang mempunyai niat untuk mengikuti ilmumu. Orang lain akan semakin tunduk kepadamu.* *3. menyisihkan sebagian dari penghasilan, ingatlah, "Waktu kamu digunakan untuk bekerja. Meskipun hanya sebentar, betul-betul dihargai. Dan lagi yang hemat terhadap rezeki, tetapi jangan kikir. Penghasilan itulah yang dapat mencukupi kehidupan kita. Orang yang berkecukupan pasti akan dihargai, dan apalagi memiliki kemauan untuk menyisihkan penghasilan untuk orang fakir dan miskin. Semakin banyak sanak saudara. Semua akan guyub suka memberi terhadap dirimu."* *4. bertingkah lakulah dengan sewajarnya serta rendah hati, berbicaralah yang sopan, serta jangan sampai membuat*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
mangkono marang kowé. Sawisé pådhå kolakoni pituturku ing dhuwur mau, kênå takpasthèkaké dadi luhur awakmu, ora ånå wong kang gawé sawiyah ing kowé. Sadåyå piwulangipun tumancêb ing manah, pårå ênèm ingkang mirêngakên sukå bingah sartå badhé anglampahi pitêdah kalayan têmên-têmên, supados sagêd anggayuhing kautamèn. 2. Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå Ing satunggalipun nagari agêng wontên tiyang nåmå Jåyå Santoså, da-	*orang lain kecewa, supaya orang lain menghargai terhadap dirimu.* *Sesudah kamu melaksanakan ajaranku di atas itu, sudah kupastikan kamu akan dihargai. Tidak ada orang laian yang akan berbuat semena-mena kepadamu.* *Semua ajarannya masuk ke dalam hati. Para anak muda itu yang mendengarkan merasa bahagia serta akan melaksanakan ajaran dengan sungguh-sungguh, supaya dapat meraih keutamaan.* *2. Cerita seseorang memantapkan salah satu niat* *Di salah satu kota besar ada seseorang bernama Jaya Santosa. Bekerja me-*
-[7]-dos mandhor gudhang panyimpênan barang-barang ingkang badhé kaêmotakên dhatêng baitå kapal, angsal balånjå wulanan salawé rupiyah, gadhah anak tigå sami jalêr **têksih**[a] alit-alit sêdhêngipun sumêkul. Sarèhning wontên nagari agêng, sadåyå prêluning ngagêsang mawi tumbas kalayan awis, mångkå rêncang laré alit-alit, botên sagêd nyambi såsadéyan utawi nyambut damêl sanèsipun, sanajan panganggénipun artå balånjå dipunatos-atos, mêjahi sawarnining kasukan ingkang ambêborosi, manahipun narimah ugêr sagêd nêdhå kaliyan manganggé sawatawis pantês, éwådéné sabên	*-[7]-njadi mandor gudang penyimpanan barang-barang yang akan diangkut ke dalam kapal. Mendapatkan uang belanja bulanan 25 rupiah, mempunyai tiga orang anak laki-laki semua masih kecil-kecil dalam masa pertumbuhan.* *Karena tinggal di kota besar, semua kebutuhan hidup harganya mahal semua, maka teman dari anaknya kecil-kecil, tidak dapat sambil berjualan atau bekerja lainnya. Meskipun uang belanja digunakan secara hati-hati, seringkali senang berbuat boros, hatinya merasa dapat makan dan merasa pantas. Apalagi setiap bulan uang belanja habis begitu saja, namun beruntung tidak punya pinjaman sama sekali.*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
pundhatan wulan balanjanipun têlas kémawon, namung bêgjå botên gadhah sambutan. Jåyå Santosa jalêr èstri sakalangkung prihatos, sabab ing têmbé manawi anakipun sampun agêng-agêng, waragading gêsangipun tamtu badhé mindhak kathah, mångkå botên gadhah simpênan artå utawi gêgantungan warni barang ingkang pangaos. Anuju satunggiling dalu wanci sirêp laré, Jåyå Santosa jalêr èstri sami jêjagongan lan rêraosan makatên: "Kêpriyé, Êmbokné? Yèn salawasé urip mangkéné baé, ora biså omah-omah utåwå nyèlèngi såkå dhuwit balånjå **m{ê}sthi**[2] såyå lawas imbah-imbuh rêkasané, bésuk mangsané anakmu gêdhé-gêdhé kudu kapardi marang kapintêran dilêbokaké sêkolah, åpå manèh bakal nyupitaké, sanajan mung bubur sapiring iyå ngêtokaké wragad kanggo slamêtan. Kajåbå såkå iku du-	*Jaya Santosa suami istri semakin prihatin, sebab dimasa mendatang ketika anaknya sudah besar-besar nanti, kebutuhan hidupnya tentu akan semakin banyak, maka tidak mempunyai simpanan uang atau barang yang berharga.* *Menuju suatu malam, ketika anak-anak tidur, Jaya Santosa dan istrinya sama-sama berbicara seperti berikut: "Bagaimana, Bu? Jika selamanya kita hidup seperti ini terus, kita tidak akan dapat hemat atau menabung dari uang belanja, pasti semakin lama menambah kesengsaraan. Besok ketika anakmu sudah besar, supaya pintar harus dimasukkan dalam pendidikan sekolah. Apalagi akan melakukan khitan. Meskipun hanya bubur sepiring, pasti akan mengeluarkan biaya untuk selamatan. Kecuali dari itu be-*
-[8]-rung duwé dhuwit kanggo sadhiyan pangan manåwå ginanjar ånå bêbåyå salah mångså utåwå yèn wis tuwå ora biså nyambut gawé. Kang iku prayogå pikirên, mumpung durung tumibå kasangsaran." Sakèndêlipun Jåyå Santosa rêraosan kados ing nginggil punikå, ingkang èstri manahipun sakalangkung sêdhih, kuwatos sangêt kanalangsan kêkirangan tedhå bénjing sêpuhipun, lajêng rêmbagan badhé	*-[8]-lum punya uang untuk persediaan pangan jika ada halangan suatu saat nanti atau ketika sudah tua dan tidak dapat bekerja. Alangkah baiknya dipikirkan terlebih dahulu, mumpung belum jatuh sengsara."* *Demikian apa yang dikatakan Jaya Santosa seperti di atas. Kemudian hati sang istri merasa lebih sedih, sangat khawatir sengsara kekurangan makan ketika sudah tua nanti. Selanjutnya berbicara akan mengurangi uang belanja*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
nyudå balanjanipun sabên wulan saringgit kalêbêtakên ing cèlèngan. Ingkang tigang rupiyah kanggé nyéwå griyå. Calon waragad sêkolah wiwit dipunwontêni sawulan sarupiyah, dados sabên wulan namung kapanci yåtrå wolulas satêngah rupiyah, punikå kêdah kacêkap-cêkapakên. Sarêng sampun agolong rêmbag, Jåyå Santosâ matur dhatêng pangagêngipun kantor pos, badhé anglêbêti cèlèngan sabên wulan saringgit, pangagêng wau andhangani, lajêng maringi buku alit kaliyan bintang satunggil, minångkå pratåndhå piyambakipun gadhah cèlèngan ing kantor pos. Makatên salajêngipun, Sabên wulan botên naté lowong anggènipun nyèlèngi. Anuju satunggil dintên, wanci Asar Jåyå Santosâ saking gudhang badhé mantuk, wontên têngah margi manggih sêrat sasuwèk, dipunpêndhêt lajêng kawaos awon nganggur kaliyan lumampah, ungêling sêrat makatên: "Bêgjå kang santosâ ngantêpi niyat sawiji, sabab dayané luwih gêdhé, kênå kabasakaké, kuwåwå anjugrugaké gunung watu kang gêdhé dhuwur, biså katêkan sasêdyané."	*setiap bulan satu ringgit dimasukkan kedalam tabungan. Untuk tiga rupiah untuk sewa rumah, calon untuk biaya rumah sudah mulai dicicil satu bulan satu rupiah. Jadi, setiap bulan hanya memegang uang 18,5 rupiah, uang itu harus dicukup-cukupkan.* *Setelah berbincang-bincang, Jaya Santosa berbicara kepada petugas kantor pos, bahwa ia akan menabung satu bulan satu ringgit. Petugas tadi memberitahu. Selanjutnya petugas memberikan buku kecil serta satu bintang, sebagai tanda bahwa dirinya mempunyai tabungan di kantor pos. Begitu selanjutnya, setiap bulan tidak pernah untuk absen menabung.* *Menuju suatu hari, setelah waktu Asar Jaya Santosa pulang dari gudang. Ketika ditengah perjalanan, ia menemukan secarik kertas. Diambilah secarik kertas itu dan setelah itu dibaca, isi dari secarik kertas yaitu, "Beruntunglah siapapun yang kuat memantapkan salah satu niat. Sebab pengaruhnya sangat besar sekali. Dapat diibaratkan, seperti gunung batu yang sangat besar dan tinggi sekali, dapat terkabul janjinya."*
[9] Sasampunipun kawaos, sêrat kalêbêtakên ing kanthonganing rasukanipun, samargi-margi ungêling sêrat ginagas-gagas karaosakên, pinanggih ing manah saé sangêt sartå agêng pigunanipun, ciptanipun:	*[9]* *Sesudah dibaca, kemudian secarik kertas itu dimasukkan ke dalam saku bajunya. Di dalam perjalanan pulang sambil berpikir apa maksud dari tulisan yang ada di secarik kertas tersebut. Hatinya menjadi senang sekali serta besar*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
"Surasané layang iki èdi têmên, isi piwulang luwih mulyå, iki jimat kang gêdhé kasiyaté. Sanajan dalancang mung sasuwèk, ajiné ngungkuli kêncånå sawungkal." Dumugi ing griyå, Jåyå Santosa linggih ngaso wontên ambèn kaliyan médang, nuntên mawartos dhatêng ingkang èstri yèn manggih sêrat suraosipun langkung èdi, kénging kanggé lantaran anjunjung badanipun anggayuh kamulyaning donyå. Wicantênipun: "Êmbokné, anggonku pådhå têmén-têmên ngantêpi niyat, sabên sasi nglêboni cèlèngan saringgit, saiki nêmu sêksi unine layang kiyé, tandhané lagi rong taun baé wis duwé dhuwit sawidak rupiyah, uripku sadinåné kåyå ajêg. Sanajan ånå kurangé sawatårå, ora kongsi gawé sangsarané awakmu." Ingkang èstri nyêlani wicantên: "Inggih pakné, ungêling sêrat niku **panci**[b] yêktos, malah wontên malih bathiné, saniki manah kulå ayêm, badan karaos sêgêr, kêkiyatan ênggih mindhak roså, jalaran saking èngêt gadhah artå cèlèngan wau, kénging kanggé jagi-jagi manawi kêkirangan utawi wontên bêbåyå salah mångså. Bédå sangêt kalih dhèk riyin nalikå dèrèng nyèlèngi, ugêr êmpun mèh cumpêt wulané botên anggêgêm artå, raosing manah langkung sêdhih, mångkå panangisé anak nêdhå sêkul botên kénging disêmadosi, malah kulå piyambak rumaos ang-	*manfaatnya, pikirnya: "Isi surat ini betul-betul bernilai. Berisi ajaran-ajaran lebih mulia. Ini pusaka yang besar khasiatnya. Meskipun hanya secarik kertas, tetapi berkahnya melebihi emas sebatang."* *Sesampainya di rumah, Jaya Santosa duduk istirahat ditempat tidur sambil minum segelas air. Setelah itu memberitahu kepada sang istri bahwa isi secarik kertas yang dibawanya sangat bernilai, dapat untuk jalan menuju kemuliaan dunia. Jaya Santosa berkata: "Bu, aku melakukan niat ini dengan sungguh-sungguh. Setiap bulan menabung satu ringgit, sekarang menemukan saksi bunyi dari surat ini, tandanya baru dua tahun saja sudah memiliki uang enampuluh rupiah,, hidup sehari-hariku terasa konsisten. Meskipun masih ada kekurangan sementara, itu tidak membuat kamu sengsara."* *Kemudian sang istri menyela pembicaraan, "Iya pak, memang bunyi surat itu sangat bermanfaat sekali, dan ada untungnya. Sekarang hatiku tenteram sekali, badan terasa lebih segar., kekuatan juga semakin bertambah, karena mempunyai uang tabungan itu, dapat untuk jaga-jaga jika masih ada kekurangan atau bahaya suatu saat nanti. Beda sekali dengan yang dulu ketika masih belum menabung, hampir sama sekali tidak memegang uang di akhir bulan, rasanya sangat sedih sekali, maka jangan sampai ada tangis anak meminta makan nasi, hatiku sendiri merasa se-*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
-[10]-grangsang, nêmbé nêdhå sêkul ngantos tuwuk ewådéné kêpéngin jajan. Sarêng saniki marêm, awis-awis gadhah pépénginan." Ingkang jalêr mangsuli, "Iyå **panci**[b] mangkono, håwå nêpsuné wong ora duwé lumrah murkå angångså-ångså kåyå wong ngêlih wêtêngé, sok sugih pépénginan. Sanajan mêstas mangan warêg, ånå kêtélå, kimpul, kumudu-kudu arêp ngêmplok, nanging yèn wong kacukupan, sawisé mangan warêg, karåså marêm ånåå kêtan iwak ing ngarêpé êmoh nyuwil." Ingkang èstri sumambêt: "Sarèhning saniki êmpun yêktos dayaning kacêkapan wau andamêl marêm lan ayêming manah, rintên dalu kulå sêsuwun, mugi-mugi lulus pinaringan ati kang santosa, sagêdå nyèlèngi ajêg salaminé." Wangsulanipun ingkang jalêr: "Iyå bênêr, ênggoné nyèlèngi diajêgké, nanging såkå karêpku arêp dakanggo gawé omah sing pantês. Kang sapisan, prêlu ing atasé wong urip kudu duwé panggonan sing têmtu. Kapindhoné, sawisé duwé omah aku imbuh kauntungan sêsasi telung rupiyah, sabab lèrèn olèhè nyèwå. Dhuwit telung rupiyah mau kanggo muwuhi cèlèngan, dadi sêsasiné limang rupiyah satêngah. Katêluné, omah iku mung prêlu kanggo manggon baé, ugå biså ngaling-alingi kanisthan, ngluhuraké	*-[10]-dih, baru makan nasi sudah mempunyai keinginan untuk membeli lagi. Sekarang sudah cukup, hati-hati ketika mempunyai keinginan."* *Selanjutnya sang suami menanggapi: "Iya memang seperti itu, hawa nafsu seseorang tidak punya kendali diibaratkan seperti orang kelaparan, kadang banyak keinginan. Meskipun setelah makan sudah kenyang sekali, ada ketela, kimpul, harus punya hasrat untuk makan lagi. Tetapi jika orang mempunyai sifat kecukupan, sesudah makan kenyang terasa berkah meskipun di depan ada ikan sudah tidak mau makan lagi."* *Selanjutnya sang istri menanggapi lagi: "Sekarang sudah berkecukupan dan merasa tentram. Setiap malam aku sering berdoa, semoga lulus diberi hati yang tentram dan tabah, serta bisa menabung selamanya."* *Jawab sang suami: "Iya benar, kegiatan menabung sebaiknya diteruskan, tetapi aku ingin membangun rumah yang pantas. Yang pertama, orang hidup harus punya tempat yang pantas. Kedua, sesudah punya rumah, aku ingin menaambah keuntungan satu bulan tiga rupiah. Sebab untuk keperluan sewa, uang tiga rupiah itu untuk menambah tabungan. Jadi satu bulan lima rupiah setengah. Ketiga, rumah itu hanya untuk perlu menempati saja. Juga dapat menghindari sifat dusta, meningkatkan derajat, karena orang hidup jika tidak mempunyai rumah, termasuk golongan celaka, meskipun dipakai untuk mencari*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
darajat sawatårå, krånå tumrapé wong bumi manåwå ora duwé omah, kalêbu golongané påpå, sanajan dianggoå golèk pawitan dhuwit nyênyilih utåwå utang-utang iyå diandêl marang kang duwé dhuwit.”	*pinjaman atau utang kepada orang yang mempunyai uang .”*
[11] Ingkang èstri mênggak: “Bok êmpun kêsêså kangêngên panjångkå riyin, Pakné, dhuwit cèlèngan sawidak rupiyah niku ing ngatasé têng nagari agêng, ajêng nyukupi sapintên, mångkå sadåyå dadosan tuwin bahu ingkang anggarap wis sangêt. Manawi ajêng damêl griyå kang pantêsing nagari ngriki, apêsé kêdah nyêpêng artå gangsalatus rupiyah, milå prayogi kasandèkaké mawon kajêng dikå niku, Pakné, gampil bénjing nèk cèlèngané êmpun ngalumpuk kathah, tumuntên diniyati.” Ingkang jalêr: “Panêmu mangkono iku bênêr bangêt, nanging åjå kêsusu mapasi rêmbug, pikirên dhisik dikongsi katêmu bêciké, såkå karêpku mêksså arêp gawé omah, ora dadi sasasi, sataun. Ora dadi sataun, iya sawindu, pati-pati mundur yèn durung rampung, ngirås anyatakaké unèn-unèn kang kasêbut ing layang mau. Mungguh såkå pangiraku, janji langgêng santoså ing ngati, têmên-têmên ênggoné ngantêpi karêpé, kåyå-kåyå ora wurung, bakal katêkan sêjaku. Såpå ngirå rayap kéwan kang gumrêmêt biså gawé gumuk gêdhé lan santoså. Déné kang dhisik aku tuku	*[11]* *Selanjutnya istri Jaya Santosa menyela: “Sudah jangan terburu-buru untuk berpikir jangka panjang terlebih dahulu, pak. Uang tabungan enampuluh rupiah itu masih ada di kota besar. Digunakan untuk mencukupi seberapa, maka semua kebutuhan untuk membangun masih belum cukup. Jika akan membangun rumah yang pantas di kota ini, sialnya harus menyiapkan uang limaratus rupiah. Maka alangkah baiknya disediakan terlebih dahulu kayunya, pak. Besok lebih mudah jika tabungan terkumpul banyak, tetap menjalankan niat.”* *Selanjutnya Jaya Santosa menanggapi lagi: “Pendapatmu itu benar sekali. Tetapi jangan terburu-buru untuk memutuskan. Dipikir terlebih dahulu sisi baiknya. Dari keinginanku tetap ingin membangun rumah. Tidak jadi sebulan, setahun, tetapi satu windu. Tidak apa-apa mundur jika masih belum selesai. Merasa sudah sesuai dengan ajaran-ajaran yang ada di surat itu. Maka dari perkiraanku, janji tentram kuat di hati. Ditekuni dalam mewujudkan keinginan, nanti akan terwujud janjiku. Siapa mengira rayap hewan yang sangat kecil bisa membuat gunung yang besar dan kuat. Adapun dulu*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
pomahan karo dandanan sing bångså awèt,supåyå yèn ånå apêsé ora bisâ banjuraké, gampang didol maném." Ingkang èstri lajêng kèndêl kémawon, botên mangsuli punåpå-punåpå, namung mêmuji sagêdå kasêmbadan sêdyanipun. Jåyå Santoså pados pémahan ing salêbêtipun kithå radi pinggir, murih pikantuk mirah pangaosipun, nanging milih papan ingkang	*aku membeli tanah dan kebun yangawet supaya jika menemukan bahaya tidak dapat dilanjutkan lagi, mudah dijual lagi."* *Istri Jaya Santosa kemudian diam saja, tidak menanggapi apa-apa. Tetapi hanya berharap supaya suaminya dapat menepati janjinya.* *Jaya Santosa kemudian mencari tanah di pinggiran kota. Mendapat harga yang murah. Tetapi memilih tempat yang*
[12] Waradin, cakêt margi agêng tuwin angsal toyå ilèn. Botên antawis lami, sampun pikantuk pakawisan wiyaripun kalih dåså ubin, rêgi sawidak rupiyah sampun kabayar kêncèng. Sabên wulan artå ingkang **m{ê}sthi**[2] dipuncèlèngi katumbasakên kajêng, dêling, gêndhèng såhå sanès-sanèsipun ingkang prêlu kanggé sapikantukipun. Lami-lami sagêd pêpak, lajêng wiwit kagarap, ngundang undhagi ingkang mangêrtos, sabên wulan namung kagarap kawan utawi gangsal dintên, sacêkapipun artå saringgit kanggé épahan undhagi. Déné padamêlan ingkang gampil-gampil, kadostå: Baturing griyå, atrap usuk, gêndhèng, gêdhèg sêsaminipun kagarap piyambak wanci sontên samantukipun saking padamêlan tuwin dintên Ahad, yèn panuju botên nyambut damêl ing gudhang, ingkang dipundamêl rumiyin griyå pawon adêgipun cakêt	*[12]* *cocok. dekat jalan besar serta mendapat aliran air. Tidak menunggu lama, sudah mendapatkan tempat pekarangan luasnya duapuluh petak, harga enampuluh rupiah sudah dibayar lunas.* *Setiap bulan uang yang seharusnya untuk ditabung, digunakan untuk keperluan membeli kayu, bambu, genting, dan lain-lainya yang diperlukan saja. Lama-lama dapat lengkap. Selanjutnya mulai dikerjakan, mengundang tukang kayu yang sudah mengerti. Setiap bulan hanya dikerjakan empat atau lima hari, secukupnya uang dua setengah rupiah digunakan untuk upah tukang kayu. Adapun pekerjaan yang mudah-mudah terlebih dahulu, seperti: pondasi rumah, tulang atap rumah, genting, anyaman bambu sejenisnya dikerjakan sendiri pada waktu sore sepulang dari tempat kerja sampai hari Minggu. Jika tidak bekerja di gudang, yang dikerjakan terlebih dahulu yaitu rumah dapur letaknya di dekat pagar belakang. Ketika sudah jadi, Jaya Santosa tinggal di rumah dapur itu. Di*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
pagêr wingking. Sarêng sampun dados, Jåyå Santosa ngalih dhatêng griyå pawon mau, ing lêbêt namung cêkap patilêman tuwin ambèn alit satunggil, sangêt anggènipun kaluthêkan, sêsak botên sagêd dêdèkèk barang-barang darbékipun, sawarnining barang ingkang bångså agêng: Méjå, kursi såhå sanèsipun katitipakên ing tånggå. Tiyang ingkang katitipan inggih bingah, jalaran sagêd nganggé botên mawi nyênyambut. Artå tigang rupiyah ingkang **m{ê}s{t}hi²** kanggé séwan griyå kawêwahakên artå saringgit wau, dados sawulanipun kanggé epahan anggarap griyå gangsal rupiyah satengah. Saking têmên-têmên ngantêpi niyatipun, salêbêting wolung taun griyå sampun dados, agêngipun cê-	*dalam hanya cukup untuk tempat tidur. Selebihnya cukup sekali. Sesak tidak bisa untuk meletakkan barang-barang lainnya, barang yang besar: meja, kursi, dan lainnya dititipkan di rumah tetangga. Tetangga yang dititipkan merasa senang sekali. Karena dapat menggunakan meskipun hanya dengan meminjam.* *Uang tiga rupiah yang pasti digunakan untuk membayar sewa rumah disisihkan uang satu ringgit itu. Jadi sebulannya untuk upah mengerjakan rumah lima setengah rupiah. Hasil dari mewujudkan niatnya. Delapan tahun kemudian rumah sudah jadi. Luasnya sudah mencu-*
-[13]-kapan, wangunipun saé såhå kêkah. Balungan kajêng jatos kalêrêsan abên-abênanipun. Palataran ngajêng karênggå sêsêkaran. Kiwå têngên waradin såhå rêsik dipunbrangkal sèlå alit-alit, ingkang dipunémbå dalêmipun pårå Walandi. Jåyå Santoså lajêng ngalih anglêbêt griyå énggal, tilasipun kanggé griyå pawon, déné tilas griyå pawon ingkang rumiyin dipunanggé kandhang ayam lan wadhah kajêng. Sarèhnè griyå wau têksih lugas, dèrèng dipunêcèt utawi nganggé rêrênggan murih asri, manahipun Jåyå	*-[13]-kupi, rumahnya baik dan kokoh, kayunya menggunakan kayu jati, halaman depan ditanami bunga-bunga, kiri dan kanan bangunan bersih dipasang batu-batuan yang kecil-kecil, sama seperti rumah-rumah Belanda.* *Kemudian Jaya Santosa masuk ke rumah baru, bekasnya digunakan untuk rumah dapur. Sedangkan bekas dari rumah dapur digunakan untuk kandang ayam dan tempat menyimpan kayu. Setelah rumah baru itu masih belum sempurna, belum dicat atau menggunakan aksesoris yang indah. Hati Jaya Santosa masih sedih sekali, maka setiap bulan*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
Santosâ têksih cuwâ sangêt, milâ sabên wulan artâ ingkang gangsal rupiyah satêngah lêstantun kanggé maragadi, katumbasakên êcèt , kêrè, aling-aling jandhélâ, lampit, lampu sâhâ sanès-sanèsipun isèn-isèning griyâ ngiras kanggé pasrèn. Sarêng sampun rampung sarêrêngganipun, tiningalan langkung asri andamêl sênênging manah. Sok tiyangâ sami ngalêm kantêpanipun tuwin kathah ingkang niru damêl griyâ nulad pratikêlipun Jâyâ Santosâ, dados piyambakipun botên namung damêl sênênging manahipun piyambak kémawon, malah dados tuladanipun ngakathah sâhâ dados pitakènan ing bab tiyang damêl griyâ. Kacariyos, dèrèng lami mandhor gudhang wau nganggèni griyanipun, kalêrêsan wontên walandi dhatêng énggal saking nagari mâncâ, pados sewan griyâ alit-alitan ugêr cêkap dipunanggéni sâhâ pantês, kadadosan nyéwâ griyanipun Jâyâ Santosâ sawulan f 10, ingkang gadhah griyâ kêdah amangsuli nyéwâ griyâ tilasipun rumiyin sawulan f 3, dados piyambakipun gadhah pamêdal sa-	*uang lima setengah rupiah digunakan untuk membiayai. Dibelikan cat, kere, aling-aling, jendela, lampit, lampu, dan lain-lain. Isi-isian rumah untuk tempat tidur. Ketika sudah selesai semuanya, rumah terlihat asri serta membuat hati sangat senang. Orang-orang sekitar memuji ketekunan serta meniru cara Jaya Santosa dalam membangun rumah. Jadi Jaya Santosa tidak hanya membuat senang dirinya sendiri, tetapi menjadi contoh orang banyak dan jadi bahan pertanyaan warga mengenai bab orang membangun rumah.* *Diceritakan belum lama mandor gudang itu menempati rumahnya, kebetulan sekali ada turis Belanda datang dari negara lain mencari rumah sewa kecil dan cukup untuk ditempati, serta kebetulan menyewa rumah Jaya Santosa sebulan f 10. Yang mempunyai rumah harus menanggung beban sewa rumah sebulan f 3. Jadi Jaya Santosa mempunyai pemasukan se-*
-[14]-wulanipun f 35, wragading gêsangipun kaindhakakên f 22, séwâ griyâ f 3, ingkang f 10, ajêg kalêbêtakên dhatêng cèlèngan. Sawêg gangsal taun laminipun, sagêd damêl malih griyâ langkung agêng sakêdhik tinimbang ingkang sampun, **panggarapipun(1)** radi énggal sartâ	*-[14]-bulannya f 35, biaya hidup menghabiskan f 22, sewa rumah f 3, untuk f 10, diteruskan untuk masuk kedalam tabungan. Selang lima tahun lamanya, dapat membangun lagi rumah sedikit lebih besar daripada yang sudah dikerjakan dulu. Pengerjaannya menggunakan gaya baru serta mudah*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
gampil awit sampun mindhak pratikêlipun sartå wêwah artå ingkang kanggé wragad. Griyå wau kaséwakakên malih sawulanipun f 12,50, sapunikå gadhah pamêdal sabên wulan f 47,50. Sarêng sampun gadhah griyå kalih, nuntên damêl griyå alit ingkang dipunanggèni piyambak. Sarèhning mandhor wau sampun sêpuh, lajêng kèndêl saking padamêlan, jalêr èstri manggèn griyå alit, anak-anakipun jalêr sampun misah pados pagêsangan piyambak. Déné artå cèlèngan sawontênipun kapêndhêt kanggé pawitan pados rêjêki sinambi nganggur. Ing wasånå Jåyå Santosa jalêr èstri manggih kamulyan sasampuning sêpuh, artå séwan griyå katêdhå écå, satirahipun kanggé jagi-jagi bok manawi ing têmbé wontên damêlipun, sampun ngantos andamêl rêkaosing anak tuwin sadhèrèk, malah mênawi sagêd luwung têtulung sakiyatipun. Kathah ingkang wicantên makatên: “Uripé Jåyå Santosa kabênêran, bêgjané katêmu tuwå, dadi ånå kanggo liru sudaning kêkuwatan karo påcådriyané. Déné wong kang cilåkå ora mangkono, malaraté kêtêmu tuwå, kêkuwatané wis ora kêna kanggo golèk kasil, pandêlêng, pangrungu, kabèh wis sudå, mung kari håwå nêpsu mêmangan énak kang isih, dadi marakké-	*karena sudah meningkat keterampilannya serta mempunyai uang yang cukup untuk membiayai. Rumah itu disewakan lagi sebulannya f 12,50. Sekarang mempunyai pemasukan satiap bulan f 47,50.* *Setelah memiliki dua rumah, kemudian membangun rumah kecil untuk dirinya. Setelah mandor itu telah memasuki usia tua, kemudian berani keluar dari pekerjaannya. Suami istri menempati rumah kecil, anak laki-lakinya sudah berpisah mencari kehidupan sendiri. Uang tabungan seadanya diambil untuk usaha mencari rejeki sambil menganggur. Pada akhirnya, Jaya Santosa suami istri menemukan ketentraman setelah memasuki usia tua, uang sewa rumah terbilang cukup. Sisanya untuk jaga-jaga jika suatu hari ada pekerjaan. Jangan sampai membuat sengsara sanak saudara, syukur bisa menolong semampunya.* *Banyak yang berbicara seperti ini, ”Hidupnya Jaya Santosa kebetulan. Beruntung ketika sudah memasuki usia tua, jadi ada ganti ketika sudah berkurang kekuatan untuk bekerja. Jika orang celaka tidak seperti itu, melaratnya ketika sudah tua. Kekuatannya sudah tidak dapat untuk mencari hasil. Penglihatan, pendengaran, semua sudah berkurang. Hanya tinggal hawa nafsu makan yang tersisa. Jadi membuat*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
[15] ngimbuhi kacingkrangané, sing akèh pådhå tumibå ing kasangsaran." Ingkang punikå: "Tiyang gêsang prêlu sangêt anjagi wiwit têksih ênèm, anglêmpakakén rêjêki kanggé sangu sasampuning sêpuh." 3. Cariyos anglampahi padamêlan ingkang disagêdi sartå dipunrêmêni. Wontên priyantun agêng sugih artå tuwin donyå brånå pèni-pèni råjåpèni, kagungan dalêm gêdhong pêpak isi pirantosing griyå èdi-èdi, ngingah råjå kåyå: kapal, maéså lan lêmbu sami pêpilihan, ing salêbêtipun nagari ngriku långkå priyantun ingkang sami kasugihanipun. Sarèhning sampun kacêkapan, anggènipun anglampahi padamêlan jênjêm, botên kêkathahên ingkang kagalih. Mênggah ingkang dados jalaraning sugih makatên punikå, sabab balanjanipun kathah, anggènipun ngastå padamêlan sampun lami, mångkå watêkipun gêmi titi ngatos-atos, sagêd sangêt mranåtå salêbêting dalêm, botên wontên padamêlan bundhêt atumpang suh utawi barang ingkang kacicir utawi katlisut. Isèn-isèning dalêm méjå, kursi, lampu, lampit, lêmantun sapanunggilanipun, amung saprêlunipun ingkang kanggé kémawon, ananging sadåyå bångså	*[15]* *menambah kesusahan yang banyak jatuh menuju kesengsaraan."* *Yaitu, "Orang hidup perlu sangat menjaga ketika masih muda mengumpulkan rejeki untuk bekal ketika sudah tua nanti."* *3. Cerita menjalankan pekerjaan yang bisa dilakukan serta disenangi.* *Ada seseorang priyayi agung kaya raya. Mempunyai rumah besar lengkap isi rumahnya elok-elok, memelihara kerbau dan sapi banyak sekali. Di kota itu sendiri langka sekali orang yang sama sepertinya. Setelah sudah cukup, dalam menjalankan pekerjaan aman dan tentram, tidak banyak yang dipikirkan.* *Yang menjadi kaya raya seperti itu, disebabkan belanjanya banyak, kiranya melakukan pekerjaan ini sudah lama. Maka sifatnya teliti dan hati-hati. Bisa mengatur segala keperluan dirumah. Tidak ada pekerjaan yang sulit atau barang tercecer atau hilang. Isi dari rumah yaitu meja, kursi, lampu, lampit, lemari dan lain-lainnya. Hanya seperlunya yang dipakai. Akan tetapi, semua barang yang baik-baik dan awet-awet ditentukan, untuk keperluan harian jika kebetulan akan pergi atau acara perkumpulan. Serta untuk menjamu tamu agung. Satu persatu dipilih yang awet dan pan-*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
pêpêthingan saé-saé sartå awèt kanggénipun. Agêm-agêman katêmtokakên, ingkang kagêm padintênan, paméran manawi kalêrês tindak utawi kekêmpalan, tuwin kanggé pasamuwan agêng, satunggil-tunggilipun kapilih ingkang awèt såhå pa-	
-[16]-ntês, botên kêrså kêkathahên warni tuwin cacah, namung kapêsthi **sacêkapipun**[(2)] kanggé sontan-santun. Abdinipun botên kathah, nanging nyêkapi, sabab milih tiyang ingkang têmên, tabêri, lan ngêrtos ing damêl, sabên wulan kaparingan balånjå langkung kathah tinimbang kaliyan abdinipun priyantun sanès, dados manahipun sami mantêp kumawulå, botên gadhah èngêtan nêjå késah pados pasuwitan malih, amargi sampun sumêrêp botên badhé pikantuk bêndårå ingkang paring balånjå sami kathahipun kados ingkang sampun. Pårå abdi wau sabên dintên sami tumandang ing damêl botên mawi ngêntosi dhawuhing Bêndårå, lajêng cakut anggarap padamêlanipun piyambak-piyambak ingkang sampun katêmtokakên dados cêcêpênganipun. Nganggènipun artå balånja angatos-atos sangêt, sadåyå kanthi étangan lêrês, botên kenging corok-cinorok langkung saking mêsthinipun, manawi badhé mêmundhut punåpå-punåpå kêdah kagalih rumiyin dipuntimbang kaliyan prèlunipun,	*-[16]-ntas. Tidak mau terlalu banyak warna dan jumlahnya, hanya dipakai secukupnya untuk sopan-santun.* *Abdinya tidak terlalu banyak, tetapi mencukupi. Sebab memilih orang yang gigih, tekun, dan mengerti dalam pekerjaan. Setiap bulan diberi belanja lebih banyak daripada abdi priyayi lain. Jadi hatinya terlihat tentram. Tidak mempunyai keinginan lagi untuk mencari pekerjaan lagi. Karena sudah nyaman dengan tuan yang selalu memberikan uang belanja banyak seperti yang sudah diberikan sebelumnya. Para abdi tadi setiap hari melakukan pekerjaan tanpa harus diperintah oleh tuannya. Selanjutnya mengerjakan sesuai tugasnya sendiri-sendiri yang sudah ditentukan menjadi tanggungjawab masing-masing.* *Dalam menggunakan uang belanja senantiasa hati-hati sekali. Semua dihitung dengan benar. Tidak boleh sogok-menyogok lebih dari pastinya. Jika mau mengambil apa-apa, harus dipikirkan terlebih dahulu ditimbang seperlunya. Seumpama kurang perlu, baiknya jangan diambil. Saking terlalu hati-hati. Uang sudah di depan mata. Meskipun hanya uang satu receh, jika*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
saupami pinanggih kirang prêlu inggih lajêng sandé pamundhutipun. Saking sangêtipun angatos-atos, sampun ingkang artå kêthipan minggah dhatêng rupiyahan, sanajan namung artå sabribil manawi wêdalipun botèn dunung, tansah dados panggalih, ngéman wêdaling artå sigar wau. Kosok-wangsulipun ing nginggil, priyantun wau botên owêl ngêdalakên artå ngantos dasanan rupiyah, ugêr tumånjå kanggénipun ing samukawis ingkang kagalih prêlu, kadostå: Kanggé maragadi putrå ingkang sinau ngudi kasagêdan, maragadi panguburipun ma-	*belum sampai tempatnya, selalu menjadi pikiran. Percuma mengeluarkan uang pecahan itu.* *Sebaliknya yang di atas, priyayi itu tidak rela untuk mengeluarkan uang hingga puluhan rupiah, kecuali bermanfaat digunakan untuk kepentingan yang perlu dipikirkan, seperti: untuk membiayai putra belajar menuntut ilmu,, membiayai pemakaman je-*
-[17]-yit ingkang kapiran, têtulung tiyang kasangsaran, kêluwèn såhå sanès-sanèsipun. Malah karså nyadhiyakakên artå pêcah bénggol, sèn lan bribil, kawadhahan bumbung canthèlakên wontên pakuning såkå dalêm pandhapi, dipuntênggå satunggiling abdi ingkang pinitados. Artå wau sadhiyan kanggé maringi tiyang papriman, ingkang pantês dipunpitulungi, inggih punikå tiyang picak, kuthung, buntung, lumpuh, pincang, laré lolå ingkang dèrèng sagêd pados tedhå piyambak, mångkå botên gadhah ahli waris ingkang wajib ngukup, tuwin sapanunggilanipun. Wêktunipun maringakên katêmtokakên pêndhak énjing antawisipun jam pitu dumugi bêdhug, paringipun undhå-usuk dipunkinten nyêkapi kanggé isarat panulaking	*-[17]-nazah yang terlantar, tolong-menolong orang sengsara, kelaparan, dan lain-lainnya. Bahkan juga menyediakan uang pecahan* benggol *(2,5 sen),* sen *(1 sen), dan* bribil *(setengah sen). Diletakkan pada potongan bambu dan digantungkan pada tiang di rumah pendapa, ditunggu oleh salah satu abdi yang dipercarya. Uang itu digunakan untuk diberikan kepada peminta-minta yang pantas ditolongi, yaitu orang buta, orang tidak punya tangan, orang tidak punya kaki, orang lumpuh, orang yang pincang, anak yang belum bisa mencari kerja sendiri, maka tidak mempunyai ahli waris yang wajib mencukupi, dan lain-lainnya. Waktu untuk memberi sudah ditentukan setiap pagi antara pukul tujuh sampai dengan siang waktu bedug. Pemberiannya kira-kira sesuai dengan kebutuhan sehari-hari. Sedikitnya satu orang satu benggol (2,5*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
sakit kéluwèn, sakêdhikipun tiyang satunggil sabénggol, kathah-kathahipun gangsal sèn, éwådéné wradin-wradining sadintênipun sagêd nêlasakên artå sarupiyah. Sadåyå ingkang papriman wau mawi katiti parikså, saupami katitik badanipun saras. anggèning nglampahi papriman namung sabab saking kêsèd, sungkan rêkaos nyambut damêl botèn kaparingan, lajêng dipuèngetakên supados purun sêtiyar pados têdhå sarånå nyambut damêl. Wontên ugi ingkang dinuncêpêng kaladosakên dhatêng nagari, sawênèh wontên ingkang dipundhawuhi nyambut damêl ing dalêmipun, kadosta: Dhangir pémahan, nyapu, bubut-bubut rumput ing palataran ngajêng tuwin kiwå têngênipun dalém, nyigari kajêng, ngangsu såhå sanès-sanèsipun. Bakdå nyambut damèl, lajêng kaparingan artå minångkå épahipun nyambut damêl,	*sen). Paling banyak hanya lima sen. Setiap harinya bisa menghabiskan uang satu rupiah.* *Semua yang meminta-minta itu diperiksa dengan teliti. Seumpama ketahuan badannya sehat, orang itu menerima hanya karena malas dan tidak ingin bekerja keras, lalu orang itu tidak diberikan. Selanjutnya diingatkan untuk senantiasa berikhtiyar dalam mencari makan dengan bekerja. Ada juga yang ditahan dan diserahkan pada negara. Sebagian ada yang diperintah membantu pekerjaan di rumahnya. Seperti: mencangkul, menyapu, memotong rumput di halaman depan serta kanan kiri rumah, memotong kayu, menimba air, dan lain-lain. Setelah melakukan pekerjaan, kemudian orang itu menerima upah hasil bekerja,*
[18] dipunkirangi sakêdhik saking bêrahan ingkang limrah, supados botên tuman, kaliyan dipunpangandikani makatên: "Sarèhning aku ketitipan kringêtmu abubut-bubut sukêt. ênyå, iki dhuwit minångkå liruné. Mulané bésuk manèh diéling, åjå sok anjêjaluk, yèn durung rumåså titip." Kacariyos, priyantun mau kagungan putrå jalêr satunggil åpå parab Radèn Tuwuh, kalébêtakên ing	*[18]* *dikurangi sedikit dari penghasilan seperti biasanya, supaya tidak terbiasa serta diberi nasihat seperti ini, "Setelah aku mendapat bantuan kamu untuk mencabut rumput, ini uang sebagai upah. Makanya besok lagi diingat, jangan sering meminta-minta jika belum merasa membeli."* *Diceritakan priyayi itu mempunyai seorang putra bernama Raden Tuwuh. Dimasukkan di perguruan tinggi supaya*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
pamulangan agêng supados anggayuh kasagêdan ingkang langkung inggil, saking panjangkanipun bénjing manawi sampun sêpuh sagêdå dados priyantun agêng sami kalênggahanipun ingkang råmå sukur bagé sèwu sagêd ngungkuli. Ingkang råmå pradhah sangêt, botên ajrih ngêdalakên artå, anggènipun maragadi putrå kanggè sinau warni-warni kasagêdan sampun nêlasakên pintên-pintên èwu rupiyah, éwå samantên malah andadosakên sukå bingahing galih, sabab Radèn Tuwuh sinaunipun langkung tabêri dhasar manah lantip, kathah kasagêdan ingkang sampun kacakup, Guru-gurunipun sami trêsnå asih ing piyambakipun. Kanggé ing jaman samantên, sanajan putraning ngaluhur botên wontên ingkang ngudi kasagêdan ngungkuli Radèn Tuwuh, milå manawi kalêrês wontên pakêmpalaning påra ênèm kalêbêt munggul piyambak dados pitakènaning ngakathah, kåncå-kåncånipun sami kasor angajèni. Ingkang sarèhning priyantun mau têksih kalêbêt golonganing kinå, dèrèng karså ébah anut ing jaman, panggalihipun: "Botên wontên satunggiling kaluhuran utawi kamulyan sangalam do-	*mempunyai keterampilan yang lebih tinggi. Besar harapan supaya ketika sudah tua bisa menjadi priyayi agung sama seperti ayahnya, syukur bisa melebihi ayahnya. Ayahnya sangat antusias sekali, tidak takut untuk mengeluarkan uang untuk biaya berbagai macam kegiatan belajar anaknya. Biaya yang dikeluarkan untuk pendidikan anaknya sudah menghabiskan beribu-ribu rupiah. Karena itu membuat lebih senang dan bahagia. Sebab Raden Tuwuh belajarnya lebih tekun. Banyak keterampilan yang sudah mencukupi. Guru-gurunya pada saat itu sangat sayang kepadanya. Pada jaman itu, meskipun putra seorang priyayi, tidak ada yang bisa melebihi kepintaran Raden Tuwuh, maka apabila ada perkumpulan para pemuda, ia termasuk paling baik sendiri. Jadi semakin banyak orang bertanya-tanya, semakin banyak teman-temannya yang menghargainya.* *Sebagian orang itu masih termasuk golongan terdahulu. Belum memiliki kemauan untuk berubah sesuai kemajuan zaman. Pemikirannya, "Tidak ada satu-satu kebaikan atau kebahagiaan di du-*
-[19]-nya ingkang nyami darajating priyantun, padamêlanipun boten rêkaos, dhaharanipun cêkap, pinundhi-pundhi ingajènan tiyang kathah. Tani, dagang nukang punikå	*-[19]-nia yang sama dengan derajat priyayi tersebut, pekerjaannya tidak susah, makannya cukup, dan dihargai orang banyak. Bertani, berdagang, dan tukang itu semua dianggap rendah dan*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
sadåyå dipunanggêp asor botên kalampah sinêbå-sébå kados priyantun. Awit saking pamanggih inggil punikå, ingkang dados pancêring panggalih putranipun pinuji-puji sagêdå pikantuk darajat kapriyantunan ingkang luhur. Sarêng Radèn Tuwuh sampun diwåså, mêdal saking pamulangan agêng, kasagêdanipun warni-warni andamêl sukå bingah panggalihipun råmå ibu, rumaos botèn ical anggènipun maragadi kathah, ingkang putrå botên mawi katantun malih padamêlan punåpå ingkang dipunsagêdi tuwin dados karêmênanipun. Lajêng pinêksa kalêbêtakên magang ing kantor rêsidhènan, supados anglampahånå sinau padamêlan ingkang badhé sagêd anjunjung darajat priyantun. Awit saking ajrih, Radèn Tuwuh inggih andhèrèk kémawon dhatêng karsaning sêpuh. Nalikå têksih énggal anggènipun lumêbêt tuwin nyambut damêl sakalangkung tabêri sartå ngatos-atos, sadåyå padamêlan dipunsinau kalayan gampil, dèrèng patos lami piyambakipun dados magang sampun sagêd anindakakên padamêlan juru sêrat, kåncå-kåncånipun sami éram ningali kasagêdanipun, såhå ngintên Radèn Tuwuh temtu énggal kajunjung dados priyantun sartå minggah-minggah anglangkahi ingkang kathah. Ing wasånå pangintênipun ingkang	*tidak perlu dihormati seperti priyayi. Dari pendapat di atas itu, yang menjadi pusat pemikiran putranya satu-satunya bisa mendapatkan derajat priyayi yang tinggi."* *Setelah Raden Tuwuh memasuki usia dewasa, kemudian keluar dari perguruan tinggi. Keterampilannya bermacam-macam membuat senang bapak dan ibunya bahagia. Merasa tidak sia-sia membiayai banyak untuk putranya. Sehingga harapannya bisa bekerja sesuai keterampilan yang dimiliki. Kemudian dimasukkan untuk magang di Kantor Residen, supaya dalam bekerja bisa menjunjung derajat priyayi. Karena takut, Raden Tuwuh hanya bisa menuruti keinginan orangtuanya. Ketika masih awal waktu, Raden Tuwuh bekerja dengan tekun serta hati-hati. Semua pekerjaan dipelajari dengan mudah. Belum sampai lama magang, dirinya sudah dapat melakukan pekerjaan menjadi juru tulis. Teman-temannya heran melihat kemampuannya. Serta sempat mengira Raden Tuwuh tentu cepat terjunjung menjadi priyayi serta membuat langkah-langkah kebaikan semakin bertambah. Dan suatu hari, ternyata perkiraan itu salah. Sebab meskipun bisa melakukan pekerjaan kantor, tetapi dia tidak senang. Lama-lama hatinya merasa bosan. Jarang-jarang masuk ke kantor. Ketika*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
makatên mau lêpat, sabab sanajan padamêlan kantor dipunsagèdi, nanging botèn rêmên, lami-lami manahipun bosên, awis-awis lumêbêt dhatêng kantor, anggènipun-	
[20] nyambut damêl purun-purun, kathah padamêlan ingkang lêpat, rêgêd tuwin botên rampung, ngantos andamêl dukåning pangagêng, sandé sih lan trêsnå, anjabêl pangêbangipun badhe paring pitulung andadosakên priyantun. Sarèhning sampun botên gadhah pangajêng-ngajêng mångkå sok asring dinukanan, Radèn Tuwuh botên kraos, lajèng nyuwun mêdal saking magang kantor rêsidhènan. Tiyang-tiyang sami ngowêl dhatêng kasagêdanipun såhå sangêt anênêtah, punåpå dipundukani lêpating padamêlan supados lêrês, têkå botên tumuntên angatos-atos, malah såyå bingah rumaos pikantuk jalaran anggènipun mêdal saking magang. Ingkang råmå mirêng mêdalipun putrå saking magang, panggalihipun sakalangkung cuwå sartå muring-muring, Radèn Tuwuh kadhawuhan lumebèt malih magang ing kantor rêsidhènan botên purun, lajèng kalêbètakên magang dhatèng kantor pangadilan. Wontèn ing ngriku inggih kados ingkang sampun, anggènipun rêmên nyambut damêl namung sakêdhap, nuntên medal malih saking magang. Ingkang råmå såyå sangêt	*[20]* *dia bekerja jadi sesuka hati. Banyak pekerjaan yang salah, kotor, serta belum selesai, sampai membuat sedih para pimpinannya. Tetap sabar dan memaklumi karena akan memberi pertolongan untuk menjadikan seorang priyayi. Setelah sudah tidak mempunyai harapan lagi, maka seringkali mendapat teguran keras. Raden Tuwuh sudah tidak nyaman lagi. Kemudian meminta untuk keluar dari magang kantor residen. Orang-orang kemudian terkejut terhadap keterampilannya yang sangat membantu. Apa yang sudah diberitahu salahnya dalam bekerja supaya benar, tetapi tidak dijalankan dengan hati-hati. Justru dia semakin senang karena merasa mendapat alasan untuk keluar dari tempat pekerjaannya.* *Ayahnya mendengar kabar bahwa putranya keluar dari pekerjaannya, perasaannya menyesal dan marah-marah. Raden Tuwuh diperintahkan untuk bekerja kembali ke kantor residen, tetapi dia tidak mau. Selanjutnya dia diterima bekerja di kantor pengadilan. Ketika bekerja di kantor pengadilan, sama seperti yang terjadi sebelumnya. Dia hanya merasakan kesenangan saat bekerja hanya sebentar saja. Kemudian keluar lagi dari pekerjaannya.*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
anggènipun dukå, Radèn Tuwuh lajêng kalêbêtakên magang ing kantor watêr sêtat, supados sinau padamêlan rupi-rupi. Wontên ing kantor ngriku radi gadhah manah rêmên sawatawis, margi kathah padamêlan ingkang piyambakipun dèrèng ngêrtos, sabên dintên sinau anggambar pasitèn, wêwangunan griyå, krêtêg, såhå sanès-sanèsipun, ing nuju sayah anggambar, lajêng kêsah ningali tiyang dêdamêlan rupi-rupi wontên pabrik prênah sawingkingipun kantor, kadostå: Damêl pirantos saking kajêng,-	*Mendengar kabar itu, ayahnya menjadi sangat sedih. Selanjutnya Raden Tuwuh didaftarkan di kantor dinas pengairan. Supaya belajar bekerja berbagai macam pekerjaan. Di tempat kerja barunya, dirinya mempunyai perasaan sama saja dengan sebelumnya karena banyak pekerjaan yang masih belum dia mengerti. Setiap hari dia belajar menggambar saluran air, bangunan rumah, jembatan, dan lain-lainnya. Ketika kelelahan dalam menggambar, kemudian dia melihat orang membuat bermacam-macam peralatan di pabrik belakang kantor seperti: membuat peralatan dari kayu,*
[21] tosan êsèng, banon sélå, wêdhi sapanunggilanipun. Asring kémawon Radèn Tuwuh nyêpêng pirantos piyambak tumut dêdamelan, ngantos sagêd damêl: méjå, kursi, bangku, lading sêsaminipun, ugi nyumerêpi dhateng péranganing abên-abênan kapur kanggé griyå gedhong tuwin palèrèd ing lèpèn. Sarêng sarupining padamêlaning kantor watêr sêtat sampun kathah ingkang dipunsagêdi, manahipun wiwit kêmbå, botên lami mêdal malih saking magang, jalaran taksih kirang rêmên. Wêdalipun Radèn Tuwuh saking magang kantor watêr sêtat andadosakên sangêt dukå tuwin prihatos panggalihipun råmå ibu, nanging botên kawêdal, jalaran saking kagêngên trêsnå putrå namung	*[21]* *besi seng, batu bata, batu, pasir, dan sejenisnya. Sering sekali Raden Tuwuh ikut bergabung. Sampai-sampai ia bisa membuat meja, kursi, bangku, pisau, dan alat lainnya. Bahkan juga mengetahui bahan-bahan lainnya seperti kapur yang digunakan untuk membuat rumah dan pembatas sungai. Setelah mengetahui macam-macam pekerjaan kantor dinas pengairan sudah bisa dilakukan, hatinya mulai terbuka. Tidak butuh waktu lama kemudian dia keluar lagi dari pekerjaannya lagi. Karena masih kurang senang.* *Keluarnya Raden Tuwuh dari pekerjaan kantor dinas pengairan membuat bapak ibunya sedih serta prihatin. Tetapi kemarahan bapak ibu tidak diluapkan, karena Raden Tuwuh merupakan putra satu-satunya. Jika*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
satunggal punikå, manawi dipundukani kuwatos késah saking nagari ngriku, milå lajêng kakèndêlakên kémawon, botên naté dipunpangandikani punåpå-punåpå utawi kadhawuhan andhèrèk amêng-amêng kados adatipun. Kajawi saking punikå, prakawis artå kanggé tumbas pirantosing sinau tuwin nyambut damêl sampun botên kaparingan babar pisan. Saking pangangkahipun ingkang putrå sagêdå kapok, nuntên mantêp anggènipun magang anggayuh darajat priyantun. Panggalihipun råmå ibu makatên: "Yå géné anakku lanang kang dakêbang-êbang biså dadi priyayi gêdhé, têkå sulåyå karo panjångkå ora duwé kantêpan mamrih marang darajat kapriyè yèn ilang baé ênggonku maragadi kanggo ngudi kawruh kongsi ngêntèkaké dhuwit éwon rupiyah, ora biså ngarêp-arêp oleh pulihan sênênging ati. Ah, cilåkå bangê-	*dimarahi, mereka khawatir suatu saat nanti akan pergi dari kota ini. Maka selanjutnya berani tidak pernah diberi nasihat apa-apa atau diperintah untuk mengikuti adat sebelumnya. Selain itu juga, persoalan uang untuk membeli peralatan belajar dan bekerja sudah tidak diberikan lagi. Harapannya supaya putranya menyesal, serta mempunyai keinginan kembali magang untuk meningkatkan derajat priyayi. Pemikiran bapak ibu seperti berikut," Iya memang kenyataannya seperti ini putraku yang sudah kudambakan besok menjadi priyayi agung, dating bermasalah dengan langkahnya yang tidak mempunyai keyakinan, derajatnya hilang. Bagaimana jika tidak akan kubiayai lagi untuk sekolah, karena sudah menghabiskan ribuan rupiah. Tidak bisa membuat pulih senangnya hati. Sangat celaka sekal-*
-[22]-t wong tuwå kang ora diturut pitutur dening anak, sih katrêsnan karo kangèlané mulåsårå wiwit cilik ora katarimå, gêdhé-gêdhé sing males mulyakaké wong tuwå, lagi nurut baé ora gêlêm." Kacariyos Radèn Tuwuh sasampuning mêdal saking magang, mêksa botên nyupèkakên nyambut damêl maos utawi nyêrat padamêlan ingkang dipunrêmêni, ngantos dados pintên-pintên sêrat anggèning mithati saking **buk<u>**[3] agêng ingkang	*-[22]-i apabila nasihat orang tua yang tidak dituruti oleh anak tercintanya, dengan susahnya payah dari kecil tidak terima. Maka dari kecil hingga besar tidak bisa mewujudkan keinginan orang tua., serta menurut orang tua saja tidak mau."* *Diceritakan Raden Tuwuh setelah keluar dari pekerjaannya, dia hanya membaca atau menulis lamaran pekerjaan ketempat yang dia senangi. Sampai ada beberapa surat yang dia pilih dari beberapa buku besar yang ia baca,*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
kawaos, **têrkadhang**[(3)] inggih nganggit-anggit manut pamanggihipun piyambak ingkang prêlu dipunpèngêti, saking rêmênipun nyambut damêl, ngantos mèh botên gadhah wêktu kanggé ngaso, kalå-kalå Radèn Tuwuh késah anjajah dhusun tègil wånå tarataban, manawi ningali têtanêman, dipunwas-paosakên katiti wontên ing uwit, panggénan lan kasilipun. Wontên ugi têtuwuhan ingkang kabubut utawi kapêndhêt wijinipun kabêktå wangsul badhé dipuntanêm ing pémahan. Sadåyå ingkang prêlu-prêlu pinanggih salêbêtipun anjajah, wontên ing griyå dipunsêrat dados pèngêtan. Wontên ing griyå sasêla-sêlaning nyambut damêl maos kaliyan nyêrat, damêl pakêbonan wiyaripun botên pintênå, nanging pêpak isi têtanêman ingkang sarwi paédah tuwin asri dipuntingali, kadostå: Pêpêthètan, sêsêkaran, jêjanganan, êmpon-èmpon, wowohan, såhå sanèsipun sarwi sakêdhik. Sarèhnè pancèn dados karêmênanipun sartå ngêrtos dhatêng ngèlmining tanêm tuwuh, dados pamulasaranipun inggih saé dipunlêmi, ka-	*kadang-kadang ia menulis menurut pendapatnya sendiri yang perlu diingat. Saking senangnya bekerja, sampai lupa tidak mempunyai waktu untuk istirahat. Sewaktu-waktu Raden Tuwuh pergi keliling desa, lading, dan hutan. Ketika melihat tanaman, diperhatikan dengan teliti dari pohonnya, tempatnya, dan hasilnya. Ada juga tanaman yang dicabut atau diambil bijinya saja, dibawa pulang untuk ditanam di ladang belakang rumah. Sesampainya dirumah, semua yang dirasa perlu-perlu ketika melihat hasil berkeliling di dusun sebelah, di rumah ditulis menjadi bahan catatan.* *Pada saat di rumah, disaat waktu luang bekerja, ia membaca dan menulis. Serta merancang perkebunan luasnya belum seberapa. Tetapi lengkap isi tanaman yang memberi manfaat serta asri dipandang oleh mata seperti: ubi-ubian, bunga-bunga, sayur-sayuran, rempah-rempah, buah, dan lainnya. Setelah memang menjadi keinginannya serta paham mengenai ilmu tanaman, menjadi awal pemeliharaan untuk memberi pupuk, menca-*
-[23]-dhangir, pananêmipun manut piwulang têtanèn ingkang sampun kasêksèn saé. Manawi wontên satunggiling uwit kêrå, alum, katêdhå håmå, sékar gogrog, pêntil dhawah såhå sanès-sanèsipun, tumuntên dipunpadosi kaolak-alik ngantos	*-[23]-ngkul tanah. Penanamannya disesuaikan dengan ajaran pertanian yang sudah terbukti baik. Jika ada salah satu pohon kering, layu, terserang hama, daunnya rontok, buah yang masil kecil sudah jatuh, dan lain-lainnya. Dicari sampai mengerti penyebabnya, yaitu*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
pinanggih sababipun, inggih punikå katiti prikså godhong, uwit, oyod lan sitinipun. Lajèng binudi sagêdipun tanêman wau waluyå sartå åmå sampun ngantos marèntèk tumular-tular ing uwit sanès-sanèsipun. Sêsêrêpan makatên punikå inggih mêndhêt saking sêrat-sêrat ingkang kawaos, wontên ugi satunggil kalih ingkang mêdal saking rèkå dayanipun piyambak. Sarèhning pamulasaranipun saé, tanêmanipun inggih lêmå-lêmå, godhong warni ijêm lêdhung-lêdhung, uwoh agêng-agêng såhå kathah raosipun langkung écå, sêkar sabên énjing sami mêkrok agêng-agêng gandanipun arum. Sanajan pakêbonan mau namung sakêdhik, ewå samantên pamêdalipun måråd ini sok kakintun dhatêng påra mitrå têtêpanganipun kanggé tåndhå katrêsnan. Radèn Tuwuh ngatingalakên katabêrèn såhå kasagêdanipun dhatêng nênanêm makatên punikå, Råmå ibu inggih sangêt angalêmbånå ing kawignyanipun, nanging dèrèng sagêd andamêl sukaning panggalih, malah amèwahi prihatos. Ingkang kapisan, têksih anggalih padamêlan têtanèn mau nisthå, punåpå malih tumrapipun putrå priyantun agêng såyå botên pantês sangêt ngantos anglampahi macul. Kaping kalih, éman-éman dhatêng kasagêdan ingkang samantên inggilipun namung katanjakakên ing têtanèn. Dados sa-	*diperiksa daun, pohon, akar, dan tanahnya. Selanjutnya diusahakan sedapat mungkin tanaman itu pulih serta hama jangan sampai menjalar-jalar ke tanaman lainnya. Pengetahuan seperti ini mengambil dari buku-buku yang telah dibaca. Ada juga salah satunya dihasilkan dari hasil usahanya sendiri.* *Setelah pemeliharaannya baik, tanamannya tumbuh subur, daun-daun berwarna hijau lebat-lebat, buahnya besar-besar dan rasanya lebih enak, bunga-bunga setiap pagi bemekaran besar-besar serta berbau harum. Meskipun luas kebunnya tidak besar, tetapi penghasilannya merata dan sering dikirim kepada para mitra-mitranya untuk tanda cinta kasih.* *Raden Tuwuh sudah bisa tekun dan keterampilan dalam hal bercocok tanam meningkat. Bapak ibunya sangat berbangga hati, tetapi masih belum bisa membuat senang pikirannya. Justru bapak ibunya semakin prihatin. Yang pertama karena masih berpikir bahwa pekerjaan petani termasuk pekerjaan yang rendah, apalagi untuk putra seorang priyayi semakin tidak pantas melakukan pekerjaan mencangkul. Yang kedua sayang sekali dengan keterampilan yang sudah diraih hanya digunakan untuk melakukan bercocok tanam. Jadi ti-*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
-[24]-king kêrsanipun råmå ibu mêksså angarih-arih ingkang putrå purunå magang malih supados ing têmbé sagêd dados priyantun. Anuju satunggil dintên, saking putêk-pêtênging galih, priyantun wau tindak manggihi mitranipun dados priyantun guru agêng ingkang rumiyin mulang Radèn Tuwuh, prêlu nêdhå tulung pirêmbag kadospundi pratikêlipun anggèning badhé mrênahakên ingkang putrå supados bénjingipun botên kapintên. Guru agêng mitranipun andhangani, lajêng tindak sêsarêngan junggil sakrétå badhé manggihi Radèn Tuwuh piyambakan kémawon murih botên pakèwêd anggènipun têtakèn. Sarêng dumugi ing dalêm, guru agêng wau anjujug sênthongipun Radèn Tuwuh, pinanggih sawêg tilêman kaliyan maos sêrat among tani, kiwå têngènipun kathah kertas suwèkan pating caruwil isi sêratan potlod, cakêt patilêman wontên méjå panyêratan, ing ngriku pinanggih sêrat pèngêtan kaliyan gagang pèn gumléthak tilas kanggé nyêrat. Mênggah ingkang dipunpèngêti wau botên sanès amung prakawis sêsêrêpan ngèlmu tani. Awit saking punikå guru agêng wau sagêd pirsså ingkang dados karêmênanipun Radèn Tuwuh, lajêng andangu padamêlan punåpå ingkang dipunrêmêni kanggé saråna pados pangupå jiwå. Radèn Tuwuh amangsuli:	*-[24]-dak sesuai dengan keinginan bapak ibu yang berharap supaya putranya kembali bekerja di kantor supaya kelak di kemudian hari dapat menjadi priyayi.* *Menuju suatu hari, dari suntuk pemikiran, priyayi itu pergi menemui kenalannya yang menjadi guru besar yang dulu pernah mengajar Raden Tuwuh. Intinya yaitu meminta tolong supaya bisa membujuk putranya untuk bisa kembali menjadi priyayi agung. Guru besar memberitahu, supaya pergi bersama-sama menggunakan kereta untuk menemui Raden Tuwuh sendirian saja supaya tidak sungkan ketika akan bertanya.* *Sesampainya dirumah, guru besar itu langsung menuju kamar Raden Tuwuh. Raden Tuwuh sedang tiduran sambil membaca buku-buku bab pertanian. Kiri kanan banyak sobekan kertas isi tulisan pensil. Di dekat tempat tidurnya ada meja untuk menulis. Disitu ada buku peringatan dan gagang tersebar bekas untuk menulis. Isi dari buku harian itu hanya bab ilmu pertanian. Berawal dari sana, guru besar itu bisa melihat apa yang menjadi kesenangan Raden Tuwuh. Kemudian mencari tahu tentang pekerjaan apa yang disenangi untuk sarana mendapatkan penghasilan.* *Raden Tuwuh menanggapi, "Tidak ada lagi jalan mencari kehidupan yang sesuai dengan keinginan hati, kecuali dari tani." Dia sadar setelah dirinya memang senang banyak hal, dia memberi keterangan kepada gurunya itu jika tujuan beke-*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
"Botên wontên malih margining pados pagêsangan ingkang dados tujuning manah, kajawi saking tani." Sarèhning piyambakipun panci rêmên akathah-kathah anggènipun ngaturi kêtêrangan dhatèng tilas gurunipun, yèn sami padamêl-	
-[25]-an kanggé pados têdhå, awis ingkang ngungkuli sakécanipun dhatêng têtanèn, sanajan ngétang ngakathah ing pamêdal inggih långkå ingkang nyami. Saupami satunggiling tiyang sêpuh ingkang sampun botên kiyat nyambut damêl awrat, nanging nalikå têksih ênèmipun tabêri têtrukå nånêm **{k}arang**[4] kitri nyithak sabin tuwin pakarangan, sampun têmtu piyambakipun botên kêkirangan têdhå salaminipun gêsang, bêbasan dipuntênggani ngandhapipun kémawon, satunggil-tunggiling uwit sami andhawahakên uwoh munjung dhatêng ingkang nanêm ngantos sagêd tumurun dhatêng anak putunipun. Radèn Tuwuh ngaturi pratèlan makatên punikå kaliyan anêdahakên sêrat pétangan kasiling têtanèn. Tilas gurunipun gumujêng sukå sartå pitadosing piyambakipun yèn badhê sagèd anindakakèn padamêlan tani kalayan kasil. Nuntên mêdal saking sênthong sarêng-sarêng Radèn Tuwuh badhé mriksani pakêbonan. Sarêng sampun dumugi, guru agêng wau langkung éram ing galih pirsâ têtanêman warni-warni tuwuhipun sami lêmå-lêmå, pranatanipun saé	*-[25]-ja adalah untuk mencari makan. Jarang yang melebihi nikmatnya dalam bekerja sebagai petani. Meskipun terhitung banyak pengeluarannya. Seumpama salah satu orang tua sudah tidak kuat bekerja, tetapi ketika masih muda tekun membuat tempat untuk pohon yang menghasilkan panen di halaman. Sudah tentu dirinya tidak akan kekurangan makan selamanya. Setelah ditunggu-tunggu, nanti satu persatu pohonnya sudah menghasilkan buah pada musimnya sampai turun-temurun hingga anak cucu.* *Raden Tuwuh memberi penjelasan seperti itu dan sekalian menunjukkan buku hasil dari bercocok tanam. Sang gurunya tertawa bahagia serta percaya bahwa muridnya bisa melakukan pekerjaan bertani dan mendapatkan hasilnya. Kemudian keduanya keluar dari kamar bersama-sama, Raden Tuwuh akan memeriksa perkebunan bersama sang guru. Setelah sudah sampai, guru besar itu kaget setelah melihat bermacam-macam tanaman yang tumbuh baik, penataannya bagus sesuai dengan jenisnya, ada yang dijodohkan. Satu pohon tumbuh bunga dua jenis. Sampai tidak bisa menyangka dengan ketekunan*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
sapêpanthan katunggilakên manut bangsanipun, wontên ingkang kajodhok-jodhokakên, uwit satunggil uwoh utawi sêkaripun warni kalih, ngantos botên sagêd andugi katabêrèn tuwin kasagêdanipun Radèn Tuwuh ingkang samantên. Sasampunipun titi mriksani pakêbonan, guru agêng sangêt jumurung dhatêng sêdyanipun Radèn Tuwuh badhé anglampahi têtanèn, sabab sampun pitados saking kasagêdan anggènipun sinau tuwin ingkang dipunêcakakên wontên pakêbonan, saupami	*dan keterampilan Raden Tuwuh seperti itu.* *Sesudah memeriksa perkebunan, guru besar itu mengapresiasi atas pencapaian Raden Tuwuh melakukan bercocok tanam. Sebab sudah percaya dari kemampuan belajar mengenai perkebunan serta mengimplementasi apa yang sudah diperoleh. Seumpama*
[26] sêmbådå katabêrènipun, têmtu badhé andadosakên kamulyanipun. Guru agêng lajêng lumêbêt ing dalêm pinanggih priyantun ingkang kagungan dalêm, ngandharakên sadåyå pikantukipun aniti pariksa ing méjå panyêratan tuwin pakêbonan, nuntên ngaturi rêmbag pamrayogi supados Radèn Tuwuh ingidénan anglampahi padamêlan têtanèn, lajêng kaparingan artå sacêkapipun kanggé pawitan anggarap pasitèn. Dipuncithak kadamêl sabin kaliyan têgil, sampun têmtu bénjing sagêd ngêdalakên kauntungan langkung kathah cêkap kanggé gêsangipun. Wiwitipun priyantun mau botên pisan-pisan anyondhongi dhatêng rêmbag makatên punikå, sabab têksih sangêt angêgungakên darajat priyantun punikå mulyå piyambak,	*[26]* *tetap tekun, tentu akan menjadikannya sukses.* *Selanjutnya guru besar masuk kedalam rumah untuk menemui priyayi yang mempunyai rumah untuk menjelaskan semua yang didapatkan ketika melihat di meja tulis dan perkebunan. Serta menyampaikan pendapat supaya Raden Tuwuh diijinkan untuk melakukan pekerjaan bertani. Kemudian diberi uang secukupnya untuk modal awal usaha perkebunan, dan juga untuk membuat sawah sekaligus lading yang tentunya besok bisa menghasilkan keuntungan lebih banyak serta cukup untuk kebutuhan hidupnya.* *Awalnya priyayi itu tidak sekali-sekali mementingkan pembahasan itu, sebab masih mengagungkan derajat dirinya mulia sendiri, dihormati oleh sesama. Dan kemudian dia mempunyai*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
kinurmatan sinébå-sébå ing sêsami. Lan sawangsulipun, kagungan panggalih padamêlan têtanèn inganggêp nisthå botên pantês dipunlampahi **dén{ing}[5] an{a}k[(4)]** turuning priyantun, panggarapipun rêkaos, kauntungan sakêdhik botên nyêkapi kanggé gêsangipun kanthi sênêng, tandhanipun sadåyå tiyang tani kathahipun yutan awêndran, långkå sangêt ingkang manggih mulyå punåpå malih dados luhur, dêstun namung narimah gêsang nêdhå sekul kaliyan sarêm, manganggé udhêng satunggil lan sruwal ingkang karakêting badanipun, awis-awis sagêd simpên tirah ånå artå. Kajawi saking punikå, manawi ningali anggènipun gêgriyå såyå sangêt andamêlå ngêrês ing manah, salaminipun namung janji gêsang, botên sagêd tumut angraosakên écå lan sakécå.	*pemikiran bahwa pekerjaan bertani adalah nista dan tidak pantas dikerjakan oleh anak turun priyayi. Pekerjaannya susah, keuntungan sedikit tidak mencukupi untuk hidup senang. Tandanya semua orang tani kebanyakan belum bisa menemukan kemuliaan. Karena hanya menerima hidup makan nasi dan garam dengan memakai ikat kepala dan celana untuk menutupi badannya, syukur-syukur bisa untuk menyimpan sisa uang. Selain itu, ketika melihat rumah para petani, semakin membuat prihatin. Selamanya hanya janji untuk bertahan hidup, tetapi tidak bisa ikut merasakan hidup nyaman.*
[27] Guru mitranipun gumujêng ing batos, anggalih priyantun wau dèrèng gamblang dhatêng lampah såhå paédahipun padamêlan tatanèn, punåpå déné têksih sakêdhik luwang-luwang ciyut ing jajahan, ingkang dipunsumêrêpi sawêg salêbêting wawêngkonipun piyambak, kalêrês botên wontên satunggil-tunggil tiyang tani manggih mulyå sagêd anggarap sitèn wiyar dasanan minggah dhatêng atusan bahu, ingkang limrah namung kiyat sasabin kalih bahu	*[27]* *Guru besar tersenyum di dalam batin. Pemikiran priyayi itu belum mengerti terhadap tahapan serta manfaat dari pekerjaan bertani. Apalagi masih sedikit pengetahuannya. Yang diketahui hanyalah pemikirannya sendiri. Memang tidak ada satu-satunya orang bertani menemukan kemuliaan bisa mengerjakan tanah seluas lebih dari sepuluh atau seratus bahu. Biasanya hanya kuat mengerjakan satu sawah dua bahu atau bawahnya lagi. Sudah tentu saja keuntungannya tidak ada sisa untuk*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
sapangandhap, sampun têmtu kémawon pamêdalipun botên sagêd tirah kanggé simpênan. Guru agêng lajêng nyariyosakên kawontenan ing sanès nagari ingkang tiyangipun sampun sami majêng dhatêng têtanèn, ing ngriku pintên tiyang tani ingkang mulyå lantaran saking pamêdalipun siti, sagêd angawontênakên punåpå ingkang dados kasênênganipun, griyå agêng såhå saé, sugih artå réncang botên kêkirangan. Wontên salêbêting wawêngkonipun prasasat ngratu ing ngajènan tiyang kathah, sanajan wontên måncå prājå inggih kinèringan sinubå-subå. Awit saking dåyå kasugihanipun. Lajêng anêrangakên kauntungan saking têtanèn mawi kapetang kasilipun satunggil-tunggiling uwit ingkang katanêm, wiyaripun pasitèn ingkang têtanêman tuwin wêktunipun. Wêkasanipun anêrangakên, padamêlan punåpå ingkang wajib linampahan déning satunggil-tunggilipun tiyang gêsang pados pangupå jiwå, rêringkêsanipun inggih punikå: "Anglampahånå padamêlan ingkang dipunsagêdi sartå dipunsênêngi." Pitêdah ing nginggil punikå tumancêping panggalihipun priyantun ing-	*simpanan. Selanjutnya Guru besar menceritakan keadaan di negara lain yang mana masyarakatnya sudah maju terhadap bidang pertanian. Di negeri itu beberapa orang tani sukses karena hasil dari mengolah tanah. Dapat mewujudkan apa saja yang menjadi kesenangannya seperti rumah luas dan baik, banyak uang, teman tidak kekurangan. Diibaratkan seperti orang terpandang di depan orang banyak, meskipun ada tamu asing tetap ditakuti dan dihormati, karena berkat dari kekayaannya. Selanjutnya, menerangkan keuntungan dari pertanian serta terhitung hasilnya satu persatu pohon yang ditanam, luasnya tanah yang digunakan untuk bercocok tanam serta waktu pengerjaannya. Pada akhirnya menjelaskan, pekerjaan apa yang wajib dilakukan oleh salah satu orang hidup, yaitu mencari rejeki. ringkasnya adalah: lakukan pekerjaan yang dapat dilakukan dan disenangi.* *Petunjuk di atas itu diterima oleh priyayi ya-*
-[28]-kang kagungan dalêm, lajêng sukå panarimah dhatêng mitranipun sabab sagêd madhangakên panggalih. Wiwit wêktu punikå, ngêrtos wêwêjanganing kaluhuran, kamulyan	*-[28]-ng mempunyai rumah dengan senang. Selanjutnya ia menerima perkataan temannya sebab dapat memberi pencerahan kepadanya. Mulai waktu sekarang, sudah mengerti arti dari*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
tuwin kasugihan, sampun botên kêrså nênacad anginakakên padamêlan têtanèn utawi ngluhurakên darajat priyantun. Ingkang putrå Radèn Tuwuh dipunparingi artå kanggé pawitan ambikak pasitèn, manggih papanipun kadhawuhan malih piyambak ing pundi panggènan ingkang dipunsênêngi. Radèn Tuwuh såkå langkung sukå bingah ing manah, sabab badhé kasêmbadan ingkang dados sêdyanipun, nuntên késah dhatêng padhusunan tuwin wånå tarataban, pados pasitèn ingkang waradin, êloh, pikantuk toyå ilèn. saangsal-angsal kêdah cakêt margi agêng. Sareng sampun pikantuk, pasitèn kaukur watês-watêsipun katêngêran tugu ingkang botên énggal risak, lajêng kacithak sabin kaliyan pakêbonan, dipuntanêmi warni-warni ingkang kasil. Ing pinggir margi kaadêgan griyå agêng såhå saé mawi rinênggå sêsêkaran langkung asri. Ing prênah iringing griyå kaadêgan gudhang agêng panyimpênaning pamêdalipun siti ingkang dèrèng kasadé kaliyan panyimpênan barang-barang pirantos têtanèn, cakêt gudhang prênah radi wingking kadamêl dhêkah alit, kaadêgan griyå panggènanipun tiyang ingkang sami nyambut damêl ing kêbon. Botên kacariyos laminipun, sarêng tatanêman wau sampun medal kasilipun, racak-racak sabên wulan	*keluhuran, kesuksesan, dan kekayaan, sudah tidak mau menjelek-jelekkan lagi pekerjaan tani atau menjunjung derajat priyayi. Putranya, Raden Tuwuh diberi uang untuk modal awal membuka usaha. Selain itu, diperintahkan memilih sendiri tempat yang disenangi.* *Kemudian Raden Tuwuh merasa senang dan bahagia, sebab akan terwujud apa yang menjadi keinginannya. Selanjutnya pergi ke desa dan hutan, mencari tanah yang dirasa nyaman, elok, mendapat aliran air, diusahakan dapat yang dekat dengan jalan besar. Setelah mendapatkan tanah, diukur batas-batasnya kemudian ditancapkan tugu yang tidak cepat rusak. Selanjutnya dibuat sawah dan perkebunan, ditanami bermacam-macam tanaman yang cepat mendapat hasil. Dipinggir jalan dibangun rumah besar dan baik sambil menunggu tanaman lebih asri disamping rumah dibangun gudang besar sebagai tempat penyimpanan penghasilan dari hasil tanaman yang belum terjual dan penyimpanan barang-barang perlengkapan pertanian. Tidak jauh dari gudang, lebih tepatnya di bagian belakang dibuat rumah kecil untuk tempat tinggal orang yang bekerja di kebun.* *Tidak diceritakan lamanya, setelah tanaman itu memperoleh keuntungan, setiap bulan memperoleh hasil keuntungannya melebihi belanja bapaknya, semakin lama penghasilan dari tanaman semakin meningkat. Di akhir membuat Raden Tuwuh mendapat*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
angsal kauntungan ngungkuli balanjanipun ingkang råmå, såyå lami mindhak-mindhak pamêdaling siti. Ing wasånå andadosakên kamulyanipun Radèn Tuwuh, ugi ka-	*kemuliaan dan dihar-*
-[29]-jèn kèringan botên bédå kaliyan ingkang kasinungan darajat priyantun, raosing manah ayêm ajênjêm, sanajan nyambut damèl rêkaos inggih dados sênênging manah sabab panci padamêlan wau ingkang dipunrêmêni. 4. Pangaosipun kasagêdan Ing Dhusun Sêtayu prênahipun botên têbih saking nagari, wontên satunggiling pandhé nåmå Wångså Wijåyå, kasagêdanipun namung damêl samukawis pirantos bångså kasar ingkang limrah kanggé déning tiyang tani ing padhusunan ngriku, inggih punikå: pacul, péncong, wangkil, kêjèn, arit, kudhi, pangot sasaminipun. Wiwit piyambakipun têksih ênèm ngantos sêpuh rupining dêdamêlan prasasat ajêg kémawon, botên wontên kaindhakanipun saé utawi landhêp, punåpå déné ambu didamêl gagrag énggal ingkang langkung migunani kanggénipun ing wêktu punikå dèrèng wontên. Dados dêdamêlanipun botên gadhah dåyå anggêgèndèng murih ngrêmênakên manahipun ingkang badhé tumbas. Sanèsipun Kyai Wångså Wijåyå, ing dhusun wau kalêbêt kathah tiyang dados pandhé, sami gadhah bêsalèn piyambak-piyambak	*-[29]-gai tidak berbeda dengan derajat priyayi. Dihatinya terasa senang dan tentram meskipun bekerja sangat susah, tetapi menjadi senang di dalam hati sebab memang pekerjaan ini yang disenangi.* *4. Keterampilan yang bisa dilakukan* *Di Dusun Setayu, lebih jelasnya tidak jauh dari kota. Ada salah satu* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang bernama Kyai Wangsa Wijaya. Keterampilannya hanya membuat beberapa alat kasar yang biasanya digunakan untuk orang tani di dusun itu, yaitu cangkul, pencong, wangkil, kejen, celurit, kudi, pangot, dan lain-lain. Ketika dirinya masih muda hingga tua sepertinya pekerjaannya masih sama saja. Tidak ada hasil pekerjaannya baik atau tajam. Apalagi dibuat gaya baru yang lebih berguna untuk waktu itu masih belum ada. Jadi dari hasil pekerjaannya tidak mempunyai daya tarik dan minat orang yang ingin membeli.* *Selain dari Kyai Wangsa Wijaya, di dusun itu termasuk banyak orang bekerja menjadi* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi). Sama mempunyai besalen sendiri-sendiri didirikan persis di depan rumah. Pekerjaannya membuat alat sama seperti yang disebutkan di atas. Tidak ada salah satu* pandhé *(orang yang*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
kaadêgakên sangajênging griyå. Déné dêdamêl-anipun sami ugi kados kasêbut nginggil. Botên wontên salah satunggiling pandhé ingkang manahipun malêtik purun marsudi indhaking kasagêdan, kajawi namung nalurèkakên dêdamêlaning lêluhuripun wiwit jaman kinå, dhapur wagu, kasar, kêthul, ngantos jaman samangké lêstantun a-	*membuat peralatan dari besi) yang tidak mempunyai keinginan untuk meningkatkan keterampilan. Kecuali hanya membuat alat sesuai apa yang dikerjakan leluhur jaman kuno. Bentuknya jelek, kasar, tumpul, sampai sekarang masih melestarikan sep-*
-[30]-won makatên. Milå sarêng kasadé kirang laris såhå mirah, namung langkung sakêdhik sangêt saking pangaos panumbasing tosan. Awit saking punikå panggêsanganipun pandhé ing ngriku awis-awis ingkang cêkap, saupami botên sami nyambi têtanèn tuwin ingkang èstri sêsadéyan mêdal pêkên, têmtu såyå rêkaos gêsangipun. Wontên malih ingkang anjalari panggaotanipun mandhé kirang majêng, inggih punikå botên guyub, saupami satunggiling pandhé nêjå ngindhakakên pangaos. murih pikantuk kauntungan radi kathah murwat kaliyan rêkaosipun nyambut damêl, pandhé sanèsipun botên nimbangi, malah asring kalampahan sok **ny{u}då**[6] rêgi, supados barang dadamêlanipun laris, tiyang-tiyang ngalêmpak sami **tumba{s}**[7] dhatêng piyambakipun. Déné pandhé ingkang nêjå ngindhakakên pangaos wau kuwatos barang gadhahipun badhar, lajêng nututi ngandhapakên rêgi, ing manah namung dåyå-dåyå pajêngå	*-[30]-erti itu. Maka dari itu, hasil karyanya kurang laku dan murah. Hanya lebih sedikit sekali dari membeli bahan baku. Oleh karena itu, kehidupan* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) di dusun tersebut jarang ada yang berkecukupan. Seumpama tidak melakukan kerja sampingan bertani dan atau istri berjualan di pasar tentu semakin susah hidupnya.* *Adalagi yang membuat* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) kurang maju, yaitu tidak guyub rukun. Seumpama salah satu* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) mendapatkan pesanan, maka mendapat keuntungan lebih banyak daripada susahnya melakukan pekerjaan.* Pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) lainnya tidak menimbang, seringkali menurunkan harga, supaya barang dagangannya cepat laku. Orang-orang berbondong-bondong untuk membeli ditempat dirinya. Sedangkan* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang masih membuat pesanan itu khawatir jika barang dagangannya tidak*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
sampun ngantos katêndhagan têdhå. Sarèhning pêpajênganipun mirah, anggèning garap purun-purun ambujêng énggalå angsal kathah, luwêsing wangun alusing garapan tuwin landhêpipun pirantos botên pisan-pisan kamanah, ugêr-ugêr dados wujud pirantos sampun cêkap. Tiyang ingkang tumbas inggih långkå sagêd angnyêktosi, dêdamêlan awon saé kaanggêp sami, manawi botên sukå tumbas mirah, barangipun badhar, wêkasan pandhé ingkang ngatos-atos lan saé garapanipun lajêng niru damêl barang kodhèn anut limrah ing kathah. Adat makatên punikå kalèntu sangêt, lêrêsipun kêdah rêbat unggul sa-	*laku. Selanjutnya* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) tersebut juga mengikuti untuk menurunkan harga pasaran, di hati hanya merasa laku sampai kekurangan makan. Setelah laku dengan harga murah, ketika mengerjakan diburu mendapatkan keuntungan banyak. Halus dan baik hasil pekerjaan tidak sekali-kali terjadi. Janji membuat wujud alat sudah cukup. Orang-orang sudah jarang membeli, hasil karyanya baik atau jelek dianggap sama saja. Jika tidak dibeli dengan harga murah, barangnya akan berkarat. Ciri khas* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang hati-hati dan baik hasil pekerjaannya selanjutnya meniru membuat barang beberapa kodi menurut biasanya. Kebiasaan itu sangat disalahkan, alangkah baiknya harus merebut unggul ba-*
-[31]-éning dêdamêlan kanggé ngindhakakên rêgi, sami arêbat asor, dêdamêlan ingkang sampun saé dipunparsudi murih dados awon. Kacariyos Kyai Wångså Wijåyå gadhah anak jalêr kêkalih, ingkang sêpuh nåmå Wångså Sêntikå sampun émah-émah, misah griyå sartå pados panggêsangan piyambak saking mandhé, nyambut damêl nunggil **sabêså{l}èn**[8] kaliyan bapakipun. Ingkang ênèm anåmå Murjåkå dèrèng émah-émah, **têksih**[a] dados rayat tiyang sêpuh, sabên dintên ngrancangi bapakipun mandhé ing bêsalèn. Mênggah kasagêdanipun Murjåkå	*-[31]-ik barang dagangan untuk meningkatkan harga. Sama-sama merebut harga rendah. Hasil buatan yang sudah baik diubah menjadi jelek.* *Diceritakan Kyai Wangsa Wijaya mempunyai dua anak laki-laki. Yang tertua bernama Wangsa Sentika, sudah berumah tangga, pisah rumah serta mencari kehidupan sendiri dari* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi). Bekerja menumpang satu besalen dengan bapaknya. Yang termuda bernama Murjaka belum berumah tangga, masih menjadi tanggungan orang tua, setiap hari ikut bapaknya bekerja di besalen. Keterampilan* pandhé *(orang yang*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
botên kawon kaliyan pandhé sanèsipun ing padunungan ngriku. Malah kapårå ngungkuli, sabab nalikå laré kalêbêtakên sêkolah, dados manahipun lantip sugih rékå, punåpå ingkang kadamêl dadosipun saé sartå rikat. Bedånipun Wångså Sêntikå, botên naté sinau ing pamulangan, sagêdipun namung niru saking båpå lan tånggå têpalih, milå inggih bédå sangêt tandangipun ing damêl tiyang ingkang naté sêkolah kaliyan botên punikå. Sarêng Murjåkå sampun émah-émah, pindhah nåmå Wångså Wiryå, nuntên misah griyå ngajêngakên margi agêng, panggêsangipun ugi dados pandhé nyambut damêl munggil sabêsalèn kaliyan bapakipun, sabab namung padamêlan punikå ingkang dipunsagêdi sartå kulinå wiwit alit. Sarèhné Wångså Wiryå wau dèrèng kathah têtêpanganipun, sanajan anggènipun nyambut damêl langkung tabêri, garapan saé såhå landhêp, éwå samantên awis-awis sangêt ti-	*membuat peralatan dari besi) Murjaka tidak terlalu jelek daripada* pandé *lainnya didusun itu. Dan lebih baik lagi. Sebab ketika disekolahkan, keterampilannya semakin meningkat serta pengetahuannya luas. Apa yang dibuat hasilnya menjadi baik sekali serta berkualitas. Bedanya dengan Wangsa Sentika, tidak pernah belajar di perguruan, memiliki kemampuan hanya meniru dari bapak dan tetangga sebelah. Maka dari itu, beda sekali cara bekerja orang yang bersekolah dengan orang yang tidak pernah sekolah .* *Setelah Murjana sudah berumah tangga, kemudian berganti nama menjadi Wangsa Wirya. Kemudian menempati rumah baru didekat jalan besar. Kehidupannya juga menjadi* pandé*, bekerja menumpang satu besalen dengan bapaknya. Sebab hanya pekerjaan itu yang ditekuni dan terbiasa dari kecil. Setelah Wangsa Wirya tadi belum banyak kenalan. Meskipun bekerja dengan sangat tekun, hasil buatannya baik serta tajam, pada jaman itu jarang-jarang sekali or-*
-[32]-yang ingkang purun tumbas pirantosing têtanèn ing piyambakipun, kålå-kålå dêdamêlanipun badhar ngantos anjalari kacingkrangan têdhå, kêpêksa kêdah nyadé mirah-mirahan kanggé nåmbåk kêkiranganipun. Têrkadhang katitipakên dhatêng Wångså Sêntikå, supados énggalå pajêng. Awit saking kirang laris, mångkå pamêndhêtipun kauntungan namung sakêdhik, lami-lami artå	*-[32]-ang yang mau membeli alat tani yang dihasilkannya. Kadang-kadang barang buatannya berkarat sampai membuat kekurangan makan. Terpaksa harus menjual barang dagangannya dengan harga murah-murah untuk menutupi kekurangannya. Kadang barang dagangannya dititipkan kepada Wangsa Sentika, supaya cepat laku. Setelah kurang laku, maka penghasilan keuntungan hanya sedikit. Semakin lama*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
pawitanipun mèh têlas katêdhå, Wångså Wiryå jalêr èstri sakalangkung sêdhih, ngraos botên ngantos lami malih badhé manggih sangsårå agêng lantaran kêkirangan têdhå, manawi ngandêlakên pitulungan saking tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk, botên kadugi nandhang wirang, têmtu ing nganggêp tiyang påpå botên dipunajèni déning sêsami. Anuju satunggil dintên, Wångså Wiryå botên lumêbêt nyambut damêl, badanipun karaos lêsu botên gadhah kêkiyatan, jalaran saking kangêngên prihatos, wontên griyå tilêman utawi lungguh lênguk-lênguk sånggå uwang, ingkang dados pangangên-angên botên sanès amung kadospundi rékanipun anggèning pados pangupå jiwå, murih angsalipun kauntungan cêkap kanggé sandhang têdhå salimrahipun tiyang gêsang, pintên banggi gadhah tirahan kanggé jagi-jagi bénjing manawi sampun sêpuh. Dangu-dangu piyambakipun manggih akal ingkang prayogi **linampaha{n}**[9], ing batos makatên: "Bab lakuné golèk pangan såkå dagang, tani lan liya-liyané aku ora biså babar pisan, krånå durung tau nglakoni, déné kabisanku mung dadi pandhé, yaiku kang wajib dakrungkêbi. Ananging sarèhné pagawéyan mau ånå kéné ora kasil, amargå kêntèkan pa-	*uang pengeluarannya cepat habis untuk makan. Wangsa Wirya suami istri menjadi sedih. Merasa tidak lama lagi akan menemui kehidupan sengsara besar karena kekurangan makan. Jika mengandalkan pertolongan dari orang tua serta sanak saudara, tidak akan menemukan kemuliaan hidup. Tentu orang lain menganggap seperti orang mengemis dan tidak akan dihargai oleh sesama.* *Menuju suatu hari, Wangsa Wirya tidak masuk kerja, badannya terasa lesu dan tidak mempunyai kekuatan. Karena masih merasa prihatin. Di rumah hanya tiduran atau duduk-duduk sambil menyangga kepala dengan telapak tangan. Yang menjadi keinginan tidak lain bagaimana susahnya mencari kehidupan. Hanya mendapatkan keuntungan cukup untuk kebutuhan makan secukupnya orang hidup. Mempunyai biaya sisa untuk jaga-jaga besok ketika sudah tua nanti. Lama-lama dia menemukan pemikiran sebagai berikut," Bab mencari makan dari berdagang, tani, dan lain-lain aku tidak dapat sama sekali, karena belum pernah melakukan. Hanya pekerjaan* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) ini yang dapat aku lakukan. Akan tetapi, setelah pekerjaan itu tidak membuahkan hasil. Karena minim peng-*
-[33]-pan kalah karo pandhé kang lawas-lawas. Såkå panêmuku ana rong	*-[33]-alaman dengan* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang sudah*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
prakårå dalané golèk panguripan mêtu såkå mandhé kang kênå dilakoni. Kapisan: kudu ngalih såkå padunungan kéné marang liyå déså utåwå nagårå kang durung ånå pandhé, mêsthi wong-wong sacêdhaké kono pådhå tuku samubarang piranti bångså wêsi marang aku, mångså dadak kalakonå yèn kabutuh nganggo piranti mau lungå adoh tuku piranti marang liyå panggonan kongsi lalakon sabêdhug utåwå sadinå. Ing kånå **m{ê}sthi²** gêgaweyanku laris, biså olèh kauntungan timbang karo wêtuning kringêt ênggonku nyambut gawé. Déné kang kapindho: saupåmå aku nêjå têtêp omah-omah ing déså kéné kang wis akèh pandhéné, kudu ngundhakaké kawruh kongsi biså ngungkuli sakèhing pandhé-pandhé mau. Yaiku: garapan alus, wanguné luwês, landhêp lan awèt kanggèné. Kajåbå såkå iku, ambu digawé piranti gagrag anyar kang bêcik sartå luwih migunani ing kéné saiki durung ånå. Lan manèh prêlu bangêt ngêrti marang piranti gawéyan sabrang, sanajan ora biså gawé, nanging biså andandani manåwå rusak, kåyåtå: mêsin andondomi, pêthi wêsi, bêdhil dhokar, krétå lan sapapadhané, cêkaké: saolèh-olèh åjå nganti ambalèkaké sapakoné wong kang akon gawé utåwå andandani. Manåwå aku duwé kapintêran mangkono, **m{ê}sthi²** bêsalènku sabên dinå ora nganggur lan sugih kasih.”	*lama-lama. Dari penemuanku ada dua cara jalan untuk mencari kehidupan keluar dari* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang dapat dilakukan. Yang pertama, Harus keluar dari dusun ini menuju ke dusun lain atau kota lain yang sama sekali belum ada* pandhé*. Pasti orang-orang disekitar sana membeli macam-macam alat besi kepadaku. Dapat dilakukan jika butuh tempat lain meskipun hanya setengah hari atau satu hari. Di sana pasti daganganku laku. Dapat memperoleh keuntungan daripada waktu aku bekerja dulu. Kemudian yang kedua, seumpama aku tetap tinggal di dusun ini yang sudah banyak* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi), aku harus meningkatkan keterampilan supaya dapat melebihi orang-orang yang bekerja sebagai* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi). Yaitu: hasil buatan halus, bagus, tajam, dan awet untuk dipakai. Selain itu juga, dapat membuat alat model baru yang baik serta lebih berguna untuk disini yang belum ada. Dan apalagi perlu sekali mengerti alat yang dibuat oleh dusun seberang. Meskipun tidak dapat membuat, tetapi dapat membenahi jika rusak. Seperti, mesin jahit, peti besi, pistol dokar, kereta, dan sejenisnya. Singkatnya, diusahakan jangan sampai mengembalikan siapapun orang yang menyuruh untuk membuat atau membenahi. Jika aku mempunyai kepintaran seperti itu, pasti besalenku setiap hari tidak menganggur dan banyak*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
Wanci dalu sadèrèngipun tilêm, Wångså Wiryå rêraosan kaliyan ingkang èstri, nyariosakên sadåyå pamanggih ka-	*membawakan hasil."* *Waktu malam sebelum tidur, Wangsa Wirya berbicara dengan istrinya. Menceritakan semua pemikiran seper-*
-[34]-dos ing nginggil wau, lajêng pamit badhé késah anjarah dhusun tuwin nagari, pados padunungan ingkang têksih långkå pandhé sartå kinintên sakécå dipundunungi, utawi nêjå sinau ngindhakakên sêsêrêpan dhatêng pandhé ingkang langkung sagêd lan ningali dêdamêlan bångså tosan ingkang saé, anèh såhå migunani ingkang ing dhusunipun dèrèng wontên, bénjing badhé dipuntiru manawi wangsul. Ingkang èstri dipunpamiti makatên punikå manahipun langkung sêdhih, kêwêdèn anggènipun badhé mangsuli, manawi kamanah-manah sêjanipun ingkang jalêr wau lêrês, pantês dipunturuti, ananging sabab dèrèng naté kakésahan têbih, piyambakipun kuwatos bénjing kabêktå pindhah dhatêng måncå nagari pisah kaliyan tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk. Saupami dipungandhuli ngantos sandé késah, têmtu badhé kêlajêng-lajêng rêkaosipun pados têdhå, toging manah namung sumarah sakajêngipun ingkang jalêr kémawon. Énjingipun lajêng atåtå-tåtå nyêpakakên panganggé ingkang badhé kabêktå kaliyan pados sangu artå sawontên-wontênipun. Barang-barang salêbêting griyå kinalêmpakakên, pirantosing pandhé kawadhahan ing	*-[34]-ti di atas itu, kemudian pamit akan pergi menuju dusun lain atau kota lain untuk mencari tempat yang masih langka* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) serta dirasa nyaman untuk ditempati, atau belajar meningkatkan pengetahuan tentang* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) supaya dalam membuat alat bisa lebih baik, aneh dan berguna untuk dusunnya yang belum pernah ada. Besok akan ditiru ketika sudah pulang. Istrinya dipamiti seperti itu dan hatinya merasa sedih. Takut ketika akan menanggapi. Jika pemikiran dari sang suami ada benarnya, pantas dituruti. Akan tetapi, sebab belum pernah berpergian jauh. Dirinya khawatir jika suatu saat nanti pindah ke negara lain pisah dengan orang tua dan sanak saudara. Seumpama tetap ikut sampai akhir tentu akan terus-terusan susahnya mencari makan, pada akhirnya hatinya hanya dipasrahkan kepada laki-laki saja.* *Selanjutnya diwaktu pagi bergegas-gegas menyiapkan perlengkapan yang akan dibawa dan membawa uang saku seadanya saja. Barang-barang yang ada di dalam rumah dikumpulkan. Peralatan* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) dimasukkan ke dalam peti dan dikunci. Selanjutnya istri Wangsa Wirya diantar pulang kerumah orang tuanya serta memberi pesan jika orang lain ada*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
pêthi dipunkunci. Ingkang èstri dipunatêrakên wangsul dhatêng tiyang sêpuhipun sartå winêling manawi wontên tiyang têtakèn, kasanjangan sawêg késah tutuwi sadhèrèk têbih ing sanès nagari. Sapêngkêripun, barang-barang salêbêting griyå tuwin pirantos pandhé dipunkènbêktå wangsul, karawatånå kalayan saé sampun ngantos wontên ingkang kacicir. Wångså Wiryå lajêng pamit dhatêng bapak biyung, mårå sêpuh jalêr èstri lan kakangipun Wång-	*yang bertanya, dijawab sedang pergi ikut saudara jauh di negara lain. Selanjutnya, barang-barang di dalam rumah dan peralatan* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) dibawa pulang. Dirawat dengan baik jangan sampai ada yang tercecer. Wangsa Wirya kemudian pamit kepada bapak ibu, mertua laki-laki dan perempuan, dan kakaknya, Wang-*
-[35]-så Sêntikå. Wanci dalu ngajêngakên banguné énjing piyambakipun mangkat ambêktå buntêl lan panganggé, ingkang èstri ngatêrakên dumugi margi agêng mripatipun tarocosan marêbês mili, kathah-kathah ingkang rinaos awratipun tiyang gêsang pados têdhå, ngantos dipunréncangi tilar griyå pasah tiyang sêpuh, sanak sadhèrèk lan katrêsnan. Ing batos amung nyênyuwun dhatêng ingkang Kuwaos, mugi-mugi pinaringan wilujêng sagêd pinanggih malih såhå kasêbadanå sasêdyanipun. Botên kacariyos lampahipun ing margi, Wångså Wiryå sampun dumugi satunggiling nagari agêng, anjurug ing pêkên panggénan tiyang dhasar warni-warni pirantos bångså tosan. Ing ngriku ningali kathah dadamêlan saé-saé, anèh såhå migunani ingkang dèrèng wontên ing padununganipun, sadåyå dipunpèngêti nåmå lan	*-[35]-sa Sentika. Waktu malam berlalu, berlanjut pada waktu pagi, dirinya berangkat membawa pakaian dan bekal seadanya, istrinya mengantarkan sampai jalan besar, air matanya mengalir deras, banyak-banyak yang merasa bahwa orang hidup harus berjuang mencari makan, sampai-sampai harus meninggalkan rumah, orang tua, sanak saudara, dan kecintaan. Di dalam batin hanya berdoa kepada Yang Maha Kuasa, semoga diberikan keselamatan bisa bertemu lagi serta diwujudkan keinginannya.* *Tidak diceritakan selama perjalanannya, Wangsa Wirya sudah sampai di salah satu kota besar. Kemudian langsung menuju ke pasar tempat orang-orang berjualan macam-macam peralatan besi. Di situ melihat banyak hasil buatan yang baik-baik, aneh serta berguna bagi yang sama sekali belum ada di dusunnya. Semua diberi nama dan gunanya. Besok akan ditiru jika sudah pulang. Setelah sampai salah satu*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
kanggénipun. Bénjing badhé dipuntiru manawi sampun wangsul. Sarêng dumugi satunggilipun dhasaran radi misah têbih saking ngajêng wau, Wångså Wiryå sumêrêp dagangan bêndho wangun såhå garapanipun langkung saé, dhapur lêncêng aluwês, ing pucuk lancip majêng tigå, ing pinggir anggaligir, têngahipun lêgok, ngêpok rinênggå ukir-ukiran sêsêkaran angrêmit, cakêt garan kasêrat aksårå tatahan mungêl: "Cikêruh." Ngandhapipun ångkå walandi kanggé pèngêt anêdahakên titimångså nalikå damêl tosan, mamas, singat, gadhing, ugi dipunrênggå ukir-ukiran adi, ing wêkasan garan wau adhapur ngêmbå sirah någå, garudhå, suku kapal såhå sanès-sanèsipun. Satunggil-tung-	*lapak agak terpisah jauh dari depan tadi, Wangsa Wirya melihat barang dagangan bendo bagus dan buatannya lebih baik, bentuknya luwes, di ujung tajam bercabang tiga, dipinggir sangat indah, tengahnya berlubang, terdapat hiasan ukir-ukiran bunga yang rumit sekali. Di dekat pegangan ditulis huruf pahatan bertuliskan : Cikeruh. Bawahnya angka belanda untuk pengingat waktu ketika membuat alat besi, logam, tanduk, gading juga dihiasi ukir-ukiran yang indah. Di akhir pegangan tadi digambar kepala naga, burung garuda, ujung kapal, dan lain-lainnya. Salah sa-*
-[36]-giling bêndho wontên sarunganipun kajêng utawi wacucal kasêlut mamas langkung gilap. Wångså Wiryå takèn: "Bêndho punikå satunggil rêgi pintên kang?" Ingkang dhasar mangsuli: "Rêginipun undhå-usuk, mawi-mawi agêng alit sartå saéning garapan, ingkang asor piyambak rêgi kalih têngah rupiyah. Punikå ingkang agêng lan saé, rêgi gangsal rupiyah. Manawi pojar akèn damêl ingkang lngkung saé sartå landhêp, nganggé sêlut slåkå garan gadhing, rêginipun ngantos dasanan rupiyah." Wångså Wiryå lêgêg mirêng wangsulan makatên, manahipun érå	*-[36]-satu bendo ada sarungan kayu atau kulit digosok dengan logam supaya lebih mengkilap.* *Wangsa Wirya bertanya: "Bendo ini satu harganya berapa kang?"* *Selanjutnya penjual menanggapi: "Harganya bermacam-macam, tergantung besar kecilnya bendo serta kualitas hasil buatannya. Yang paling bawah harganya dua setengah rupiah. Itu yang besar dan baik, harganya lima rupiah. Jika ujarannya disuruh membuat lebih baik dan tajam, memakai gosokan dari ukiran kayu, harganya sampai puluhan rupiah."* *Wangsa Wirya kaget mendengar jawaban seperti itu. Hatinya malu setelah*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
ningali saéning bêndho dalah sarunganipun, ngalêm dhatêng kawêgiganipun pandhé ingkang andamêl, ing batos: "Saiki têtèlå sumurupku, sanyatané ora murah rêgané kapintêran, kåyå bêndho sing rêgå limang rupiyah kiyé, gêdhéné wêsi kang digawé ora luwih såkå arit ing padununganku kang lumrah kaêdol payu sasuku, dadi undhaking rêgå kongsi tikêl sapuluh iku ora liyå mung ajiné kapintêran. Mangkono ugå rêgané lading, gapit, suduk, kêris sapapadhané, kabèh gêdhéné wêsi ora piråhå, nanging rêgané larang bangêt. Iku iyå kapintèran kang kuwåwå ngundhaké pangaji. Saupåmå ing désaku ånå pandhé kabisané samono, åjå sing mamrih warêg mangan, nyandhang wutuh ora katutugan, hambok duwéyå karêp gawé omah gêdhong pisan **m{ê}sthi**[2] kasêmbadan karêpé.	*melihat baiknya bendo dan sarungannya. Memuji kepada kemampuan* pandé *yang membuat. Di dalam batinnya: "Sekarang aku sudah mengerti, kenyataan tidak murah harga kepintaran seperti bendo yang memiliki harga lima rupiah ini. Besarnya besi yang dibuat tidak lebih dari clurit di dusunku yang biasanya dijual hanya laku satu suku. Jadi naiknya harga sampai sepuluh itu tidak lain dari hasil kepintarannya. Begitu juga harga pisau, gapit,suduk keris dan sejenisnya. Semua besarnya besi tidak seberapa. Tetapi harganya sangat mahal sekali. Kepintaran itu yang membuat keterampilan meningkat. Seumpama di desaku ada* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang memiliki keterampilan seperti itu. Jangan ada yang mengharap kenyang makan sisa, menyandang keutuhan tidak terwujud, meskipun mempunyai keinginan untuk membangun rumah besar pasti bakal terwujud.*
[37] Wångså Wiryå takèn malih: "Sêratan ing êpok bêndho mungêl "Cikêruh", punikå têrangipun kadospundi?" Ingkang dhasar: "Cikêruh makatên namaning dhusun padununganipun pandhé ingkang damêl bêndho punikå, déné ångkå anêdahakên titimångså nalikå damêl." Wångså Wiryå: "Punåpå pandhé Cikêruh wau namung damêl bêndho kémawon?"	*[37]* *Wangsa Wirya bertanya lagi: "Tulisan yang ada di ujung bendo itu "Cikeruh", itu bagaimana maksunya?"* *Penjual menanggapi: "Cikeruh adalah nama dusun tempat* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang membuat bendo ini. Sedangkan tulisan angka menunjukkan waktu ketika membuat."* *Wangsa Wirya: "Apakah* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) Cikeruh itu hanya membuat bendo saja?"*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
Ingkang dhasar: "Botên piyambakipun tiyang sagêd damêl rupi-rupi pirantos, botên mangsulakên sapakènipun, ugi sok andadosi samukawis pirantos bångså tosan ingkang risak." Wångså Wiryå, "Punåpå pandhé wau asring kékésahan têbih utawi mêdal ing pêkên piyambak nyadé dêdamêlanipun?" Ingkang dhasar: "Botên, piyambakipun awis-awis mêdal saking bêsalèn, wontên griyå kémawon dadamêlanipun sampun laris sangêt, kirang barang langkung ingkang tumbas, sabêndintên bakul sami késah dhatêng pasok artå pêpajêngan kaliyan mêndhêt malih barang dagangan, namanipun Kyai pandhé kalok ing pundi-pundi jalaran saking kasagêdanipun." Wångså Wiryå mirêng cariyosipun tiyang dhasar bêndho. Manahipun kapidêrêng manawi katampèn badhé ngèngèr dhatêng Kyai Pandhé ing Cikêruh, sumêjå sinau ngindhakakên kasagêdan prakawis mandhé. Sarêng sampun golonging pamanggih, botên mandhêg tumolih, lajêng pangkat dhatêng Cikêruh madosi griyanipun pandhé. Pêndhak dintên laminipun ing margi, Wångså Wiryå sampun dumugi griyanipun pandhé	*Penjual menanggapi: "Tidak, orang-orang bisa membuat macam-macam peralatan, tidak mengembalikan tiap pekannya, juga sering membenahi beberapa peralatan besi yang rusak."* *Wangsa Wirya: "Apakah* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) ini sering berpergian jauh atau keluar menuju pasar sendiri untuk menjual hasil buatannya?"* *Selanjutnya penjual menanggapi lagi, "Tidak, dirinya jarang-jarang keluar dari besalen. Di rumah saja barang dagangannya sudah laris sekali, kurang lebih barang ludes terbeli. Setiap hari penjual pergi untuk memasok uang keuntungan dan mengambil lagi barang dagangan. Namanya Kyai* Pandhé *terkenal dimana-mana. Karena dari keterampilannya."* *Wangsa Wirya mendengar cerita orang penjual bendo. Hatinya masih belum lega jika belum menemui langsung Kyai* Pandhé *di Cikeruh. Tujuannya untuk belajar meningkatkan keterampilan perkara* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi). Setelah mendengarkan pendapat, tidak berhenti berjuang. Selanjutnya pergi menuju Desa Cikeruh mencari rumah* pandhé. *Setiap hari lamanya di jalan, Wangsa Wirya sudah sampai di rumahnya* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi)*
[38] Cikêruh, sarêng lumêbêt dhatêng ing bêsalèn manahipun éram ningali	*[38]* *Cikeruh. Setelah masuk ke besalen, hatinya takjub melihat peralatan untuk*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
pirantos nyambut damêl rupi-rupi, ngantos botên sumêrêp satunggil-tunggiling nåmå lan kanggénipun. Wontên tiyang sawatawis kathahipun angréncangi nyambut damêl mandhé, wontên ingkang nyububi, anggêmblèng, nyingkir nyêpuh såhå sanès-sanèsipun. Wångså Wiryå pinanggih Kyai Pandhé, jawab badhé bêrah nyambut damêl ing sasagêd-sagêd piyambakipun masajakakên yèn sampun naté ngladosi pandhé, ananging têksih bodho balilu dèrèng gadhah kasagêdan punåpå-punåpå. Déné épahan botên mastani, narimah sapawèwèh, ugêr pikantuk têdhå sadintênipun, Kyai Pandhé purun anampani, lajêng kacobå nyambut damêl kados kancanipun, tumandanging damêl katingal cukat, garapan saé lan sugih rékå, nuntên katêmtokakên sadintên angsal bêrahan satangsul pikantuk têdhahing lêbêt satuwukipun. Wångså Wiryå langkung bingah ing manah, rumaos manggih kabêgjan agêng, sabab salêbêting sinau pikantuk têdhå tuwin artå. Ingkang kanggé minångkå tåndhå sukå panarimah, anggèning nyambut damêl langkung tabêri lan ngatos-atos, supados sagêdå kalunturan sih sartå katrêsnanipun ingkang dipungèngèri.	*bekerja membuat macam-macam. Sampai tidak tahu satu persatu nama alat dan kegunaannya untuk apa. Kebanyakan orang-orang saling membantu dalam mengerjakan alat. Ada yang memompa, membentuk pola dengan dipukul, pengerasan, dan lain-lainnya. Wangsa Wirya kemudian bertemu Kyai* Pandhé*. Dirinya berkata bahwa akan bekerja sedapat mungkin jika dirinya sudah pernah menekuni* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi). Akan tetapi, masih bodoh sekali belum mempunyai keterampilan apa-apa. Adapun untuk upah sangat tidak menentukan, Menerima dari hasil pemberian. Serta mendapat makan setiap harinya. Kyai* Pandhé *bersedia untuk menerima. Selanjutnya dicoba bekerja seperti temannya. Melakukan pekerjaan terlihat terampil, hasil pekerjaannya baik dan tulisannya indah. Ditentukan sehari mendapatkan upah setangsul serta mendapatkan jatah makan sekenyangnya. Wangsa Wirya hatinya sangat senang dan bahagia, merasa menemukan keberuntungan yang besar. Sebab selain dari belajar bisa mendapat makan dan uang, untuk sebagai ungkapan tanda terima kasih. Dalam melaksanakan pekerjaan lebih tekun dan hati-hati, supaya bisa mendapatkan kasih sayang dalam mengabdi.*
Salaminipun Wångså Wiryå wontên ngriku, kanggêp sangêt pangèngèripun., sabêndintên nyambut damêl angladosi Kyai Pandhé ing	*Selama Wangsa Wirya berada di tempat itu, dianggap baik sekali pengabdiannya. Setiap hari bekerja meladeni Kyai* Pandhé *di besalen,*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
bêsalèn, maspaosakên anggènipun dêdamêlan ingkang saé-saé tuwin sinau andandosi pirantos rupi-rupi ingkang risak. Sabab saking tabêri talatos ninitèni, kathah	*memperhatikan dalam membuat barang yang baik-baik serta belajar membenahi macam-macam peralatan yang rusak. Sebab dari tekun dan teliti, banyak*
[39] sangêt indhaking kasagêdanipun, sanajan dèrèng påjå-påjå sami-sami kaliyan Kyai pandhé, nanging saupami katimbang kaliyan sadåyå pandhé ing dhusunipun, sampun kalêbêt onjé piyambak, bénjing manawi wangsul, anêmtokakên dados pangéram-éram kancanipun sartå sagêd angsal kauntungan kathah. Anuju satunggil dintên, Wångså Wiryå pamit badhé mantuk, sabab sampun lami tilar griyå sémah, punåpå déné kangên dhatêng tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk. Ugi sukå panarimah dhatêng Kyai pandhé, sarèhné salaminipn wontên ngriku dipuncêkapi sandhang têdhå tuwin artå såhå winulang rupi-rupi dêdamêlan ingkang migunani kanggé lantaran pados têdhå, piyambakipun wicantên kathah-kathah nandhakakên agênging panarimah, rumaos botên sagêd malês dhatêng kasaénanipun. Kyai pandhé langkung asih, dipunpamiti manahipun malênggong sêmu awrat kados badhé pisah kaliyan sadhèrèk tunggil wêlat. Nanging botên sagêd anggéndholi, jalaran sumêrêp sami ugi gadhah kawajiban. Wasånå inggih jumurung sartå sukå **pasango{n}**[10] artå sacêkapipun	*[39]* *sekali keterampilan yang sudah dimilikinya. Meskipun belum dapat menyamai keterampilan Kyai* Pandhé*, tetapi seumpama dibandingkan dengan* pandé *di dusunnya, sudah termasuk* pandé *yang paling baik. Besok jika sudah pulang, akan disegani oleh teman-temannya serta mendapatkan keuntungan banyak.* *Menuju suatu hari, Wangsa Wirya pamit akan pulang, sebab sudah lama meninggalkan rumah serta istri. Apalagi sudah rindu kepada orangtua serta sanak saudara, juga mengucapkan banyak terima kasih kepada Kyai* Pandhé*. Setelah sudah lama bekerja di tempat itu, dicukupi kebutuhan sandang pangan juga uang dan macam-macam ajaran hasil pekerjaan yang berguna, untuk mencari makan. Dirinya berbicara banyak menandakan terima kasih yang sebesar-besarnya. Merasa tidak bisa membalas terhadap kebaikannya. Kyai* Pandé *lebih sayang, dipamiti hatinya merasa sedih seperti akan pisah dengan saudara. Tetapi tidak bisa mengikuti. Karena sama-sama mempunyai kewajiban. Dan akhir diberi bekal uang secukupnya untuk di jalan dan untuk mencari alat bekerja macam-macam yang ringkas dan ringan untuk dibawa. Wangsa Wirya selanjutnya*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
kanggé ing margi kaliyan ambêktani pirantosing nyambut damêl rupi-rupi ingkang sarwi ringkês såhå ènthèng kabêktå. Wångså Wiryå atåtå-tåtå, sasampunipun mirantos lajêng mangkat. Kacariyos wangsulipun Wångså Wiryå botên mêdal margi nalikå késahipun, sarêng dumugi satunggiling nagari piyambakipun kèndêl sawatawis dintên, dolan-dolan dhatêng bêsalèn ningali pandhé tosan damêl tapèling tracak kapal, andadosi dhokar kré-	*bergegas. Setelah itu kemudian berangkat pulang menuju kampung halamannya.* *Diceritakan pulangnya Wangsa Wirya tidak melewati jalan ketika pada saat berangkat. Setelah sampai salah satu negara sendiri, dirinya tidak langsung menuju dusun tempat tinggalnya. Suatu hari, dirinya jalan-jalan menuju besalen melihat* pandé *besi membuat tapel kapal, membenahi dokar kere-*
-[40]-tå såhå sanès-sanèsipun, sadåyå dipuntiti kanggé imbêt-imbêt sêsêrêpan. Ing nuju dintên pêkênan, piyambakipun késah pêkên anjujug panggénan mranggi, ing ngriku ningali dhuwung warni-warni dhapuripun sawêg dipunwarangkani, dipunwarangi tuwin kasadé ing dhasaran. Dangu-dangu mirêng wontên tiyang giginêman, nyariosakên kawêggiganipun satunggiling êmpu ing nagari Kuthårêjå, sagêd damêl niru sawarnining dhapur dhuwung, cundrik, wau sapanunggilanipun damêlan êmpu kinå, ugi sagêd andandosi sarupining tosan aji ingkang risak, kadostå: nyambêt paksi, nyantuni gonjå, nglaras dhuwung ingkang sampun gripis såhå sanès-sanèsipun. Wångså Wiryå kèlu pirêngginêm rêraosanipun tiyang kados nginggil wau, lajêng késah	*-[40]-ta dan lain-lainnya. Semua dilihat untuk tambah-tambah pengetahuan. Menuju ke pasar harian, dirinya pergi ke pasar menuju tempat membuat rangka. Disitu melihat banyak macam-macam besi yang akan dirangkai. Dirangkai untuk menjadi barang dagangan. Lama-lama mendengar ada orang berpakaian hitam, menceritakan kemampuan salah satu empu di kota Kuthareja bisa membuat keris tiruan, golok, dan barang buatan empu jaman kuna. Juga bisa membenahi macam-macam barang besi yang rusak. Seperti: sambit burung, menyalin dasar keris, melaraskan dasaran yang sudah tipis dan lain-lainnya.* *Wangsa Wirya tertarik apa yang disampaikan seseorang seperti diatas. Kemudian bergegas pergi menuju ke negara Kuthareja mencari rumah empu untuk meningkatkan pengetahuan secukupnya. Setelah sudah bertemu, dirinya bergegas membuat duwung*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
dhatêng nagari Kuthårêjå madosi griyanipun êmpu badhé pados indhaking sêsêpan sapikantukipun. Sarêng sampun pinanggih, piyambakipun api-api andandosakên dhuwung supados kalaras tuwin katêtêpakên ganjanipun. Empu inggih sagah, nanging nêdhå inah sawatawis dintên panggarapipun, sabab ing wêktu punikå kalêrês kathah sangêt padamêlan ingkang prêlu karampungakên tumuntên. Wångså Wiryå ugi narimah dhuwungipun kagarap kantun sartå saguh ngêntosi, ing batos malah andadosakên kabingahan, prasasat angsal pawitan lami wontên ing ngriku kanggé namatakên anggèning nyambut damêl Kyai Êmpu. Piyambakipun sumêrêp wontên pintên-pintên dhuwung ingkang dipundandosi lan dadamêlanipun piyambak. Wontên ingkang sawêg kikiran, kasêpuh, dipunwarangi, kasambêt paksinipun, kasantunan gonjå såhå sanes-	*supaya selaras dengan dasarannya. Empu juga menyanggupi, tetapi harus makan inang sementara waktu sebab waktu itu kebetulan banyak sekali pekerjaan yang harus diselesaikan. Wangsa Wirya juga menerima duwungnya dikerjakan belakangan serta sanggup menunggu. Di dalam batin menjadikannya sangat bahagia, merasa seperti mendapatkan ilmu lama di tempat itu untuk menuntaskan pekerjaan Kyai Empu. Dirinya mengerti ada bermacam-macam duwung yang dibenahi dan hasil buatannya sendiri. Ada yang sedang dikikir, pengerasan, dirangkai, disambung burungnya, dipasang dasaran dan lain-*
-[41]-sanèsipun. Manahipun såyå éram ngungkuli nalikå wontên ing Cikêruh, inggih punikå ningali pamoring dhuwung pêthak sumêblak arêsik, wontên ingkang ngulit sêmångkå 1) Wontên ingkang nyêrat (2) Botên bédå kaliyan pamoring tosan aji damêlanipun pårå êmpu-êmpu jaman kinå. Pikantuk sawatawis dintên laminipun, anggèning andadosakên dhuwung sampun rampung, Wongså	*-[41]-lainnya. Hatinya sangat heran melebihi ketika berada di Cikeruh, yaitu melihat pamor keris yang terlihat bersih serta mengkilap. Ada yang kulit semangka 1), Ada yang menulis 2) tidak beda dengan hasil pamor pusaka besi hasil buatan para empu-empu jaman kuno.* *Setelah beberapa hari lamanya, pengerjaan keris sudah selesai. Wangsa Wirya pamit pulang dengan keadaan senang dan bahagia. Sebab keterampilannya sudah bertambah*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
Wiryå pamit wangsul kalayan sukå bingah ing manah, Sabab kaindhakanipun kasagêdan wêwah kathah, sanajan dèrèng sagêd damêl dhuwung, dhokar lan karétå, ananging manawi namung andandosi kémawon sampun botên mangsulakên, sagêdå wêwahi kathah margining pados panggêsangan. Wontên margi tansah mikir-mikir padamêlan ingkang badhé dipunlampahi kadospundi anggènipun matrapakên, supados kathah padamêlan sartå cêkap panggarapipun. Sarêng dumugi ing griyå, sakalangkung bingah såhå muji sukå sukur ing Pangéran, sagêd pinanggih ingkang èstri, tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk sami wilujêng. Ngantos angsal pintên-pintên dintên botên lowong tiyang ingkang dhatêng atutuwi, takèn-tinakèn ing kawilujêngan sartå ingkang pinanggih salaminipun kêkésahan. Wångså Wiryå nyariyosakên lêlampahanipun saking kawitan dumugi wêkasan, punåpå ingkang pinanggih ing purug gêmêt atapis kaa-	*banyak, meskipun belum bisa membuat keris, dokar, dan kereta. Akan tetapi, jika hanya untuk membenahi saja sudah tidak akan mengembalikan lagi. Masih banyak jalan untuk mencari kehidupan. Di dalam perjalanan yang selalu dipikir-pikir yaitu pekerjaan yang akan dilakukan bagaimana cara menempatkan supaya banyak pekerjaan serta cukup pengerjaannya.* *Setelah sampai di rumah, dengan rasa bahagia serta bersyukur kepada Tuhan. Bisa bertemu dengan istri, orangtua dan sanak saudara dalam keadaan sehat. Sampai berhari-hari banyak orang datang ke rumah. Bertanya-tanya tentang keselamatan serta apa yang ditemukan selama ia pergi. Wangsa Wirya menceritakan langkahnya dari awal sampai akhir. Apa yang ditemukan sudah rinci dij-.*
-[42]-ndharakên botên wontên ingkang kalangkungan. Lajêng anêdahakên **(angsal)**[11] angsal-angsal pirantosing nyambut damêl saking Cikêruh tuwin bêndho, pangot, tapèling tracak kapal såhå sanès-sanèsipun, lan malih nyariyosakên kathahing kauntungan saking andandosi rupi-rupi barang bångså tosan damêlan tanah sabrang ingkang	*-[42]-elaskan tidak ada yang berlebihan. Selanjutnya menunjukkan oleh-oleh peralatan bekerja dari Cikeruh yaitu golok, pisau, gagang cangkul dan lain-lainnya. Dan juga menceritakan banyak keuntungan dari memperbaiki macam-macam barang besi buatan tanah seberang yang sudah rusak. Memperbaiki besi pusaka lebih banyak penghasilannya dibandingkan dengan membuat alat*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
sampun risak. Andandosi tosan aji, punikå langkung kathah pamêdalipun tinimbang kaliyan andamêl pirantos, kadostå: nêtêpakên gonjå, padamêlan namung saêjam sagêd tampi épahan sarupiyah. Mêsin andondomi, garapan sadintên pikantuk artå tigang rupiyah têrkadhang langkung. Tiyang ingkang mirêng éraming manah, botên ngintên késahipun Wångså Wiryå nêjå pados kasagêdan, sabab salaminipun sawêg sapisan punikå tiyang ing dhusun ngriku wontên ingkang gadhah tékad makatên. Déné tiyang sêpuh lan kakangipun sami turut bingah, gadhah pangajêng-ajêng sagêd nunut sinau dadamêlan ngindhakakên kasagêdan. Pandhé sanèsipun wontên ingkang kados Wångså Sêntikå, badhé bêrah nyambut damèl ngiras sinau dêdamêlan, nanging wontên ugi pandhé ingkang manahipun sêdhih, sabab rumaos kawon kasagêdan, têmtu badhé pêjah margi panggêsangipun. Wångså Wiryå sumêrêping sêmu, lajêng cariyos maksudipun tumuju ing tiyang wau sampun ngantos kêlajêng sêdhih, kuwatos ing têmbé pêjah panggésangipun, inggih punikå piyambakipun badhé dados pandhé saangsal-angsal botên andamêl sadåyå pirantos ingkang kadamêl déning pandhé ing dhusun ngriku, kajawi manawi dipunanggé piyamba-	*seperti: membuat peralatan, seperti menentukan jenis, pengerjaan hanya satu jam bisa menerima upah serupiah. Mesin jahit, pengerjaan sehari mendapatkan uang tiga rupiah, kadang lebih banyak.* *Orang yang mendengar sangat kagum sekali. Tidak menyangka perginya Wangsa Wirya untuk meningkatkan keterampilan. Sebab selama ini baru pertama kali orang di dusun itu ada yang mempunyai tekad seperti itu. Sedangkan orang tua dan kakaknya sangat bangga sekali. Mempunyai harapan supaya bisa ikut belajar meningkatkan keterampilan membuat barang lainnya.* Pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) lainnya ada yang ingin seperti Wangsa Sentika, yaitu akan belajar meningkatkan keterampilan di besalennya. Tetapi ada juga* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang hatinya sedih. Sebab merasa keterampilannya sangat sedikit sekali, tentu jalan hidupnya akan sulit. Wangsa Wirya memahami apa yang menjadi pemikiran* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) lainnya. Kemudian menceritakan maksud dari orang itu jangan sampai terlarut sedih. Khawatir suatu saat nanti kehidupannya menjadi sulit, yaitu dirinya akan menjadi* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) asal-asalan tidak membuat semua peralatan yang dibuat oleh* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) di dusun itu. Kecuali dipakai sendir-*
-[43]-k, ingkang mirêng sami sukå	*-[43]-i, selanjutnya yang mendengar*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
bingah ing manah såhå ngalêm dhatêng kasaénanipun Wångså Wiryå, malah amujékakên sagêd lulus sêjanipun. Sarêng sampun ngaso sawatawis dintên, Wångså Wiryå atåtå-tåtå, ngadêgakên bêsalèn ing latar cakêt margi agêng, nuntên wiwit nyambut damêl mandhé, rumiyin dipundamêl rupi-rupi pirantos sarwi satunggil kanggé pola, wangun lan garapanipun saé-saé såhå anèh ing ngriku salaminipun dèrèng naté wontên pandhé andamêl. Sasampuning angsal kathah, lajêng kadhasarakên wontên ngajêng bêsalèn. Tiyang langkung késah dhatêng saking nagari sami kèndêl ningali, ingkang botên bêtah nganggé, kasêngsêm adining pirantos, manahipun kapéngin gadhah, lajêng mojar nêdhå kadamêlakên. Sampun gadhah satunggil kapéngin tumbas malih sanès gagrag, saking saénipun dêdamêlan wau, agêng sangêt dayanipun, anggêgèndèng manahipun kapéngin ingkang badhe tumbas. Sarêng tiyang-tiyang sampun sami sumêrêp, sabêndintên tanpå towong ingkang dhatêng mêling nêdhå kadamèlnå kados pola, têrkadhang nyukani pola piyambak anut karêmênanipun, ngantos kirang wêktu kêkathahan pamêdalan, nuntên rêrêmbagan kaliyan kakangipun Wångså Sêntikå, supados anggêbyag dados satunggil, ngréncangi anggarap dêdamêlan ingkang gampil-gampil.	*merasa bahagia dan menghargai kebaikan Wangsa Wirya. Sampai-sampai memuji karena bisa melewati cobaannya.* *Setelah istirahat beberapa hari, Wangsa Wirya bergegas untuk mendirikan besalen di halaman dekat jalan besar. Kemudian memulai bekerja sebagai* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi). Awalnya dibuat bermacam-macam peralatan serta membuat salah satu pola. Bagus dan pekerjaannya baik-baik dan anehnya selama ini belum pernah ada* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang membuat. Setelah mendapatkan banyak, selanjutnya diletakkan di depan besalen. Orang dari negara lain berani melihat. Sedangkan yang tidak butuh memakai, tersenyum karena kualitas alatnya, hatinya ingin memiliki. Selanjutnya meminta untuk dibuatkan. Sudah mempunyai satu keinginan untuk membeli lagi dengan gaya lain. Dari baiknya hasil buatan tadi, bagus sekali kualitasnya. Membuat jatuh hatinya ingin membeli lagi. Setelah orang-orang sudah mengerti, setiap hari tanpa ditawari yang datang banyak sekali untuk memesan seperti pola. Kadang-kadang memberi pola menurut kemauannya sendiri. Sampai kurang waktu untuk mengerjakan pesanan. Kemudian Wangsa Wirya berdiskusi dengan kakaknya, Wangsa Sentika. Supaya menjadi satu besalen untuk menemani mengerjakan pesanan yang mudah-mudah. Wangsa Sentika menyanggupi. Karena mendapatkan*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
Wongså Sêntikå inggih purun, awit wêwah kauntungan kathah tinimbang ingkang sampun. Déné Kyai Wångså Wijåyå sampun sêpuh, anakipun jalêr kalih pisan botên sukå bapakipun nyambut damêl, sadåyå sami sagah nyukani têdhå sabêndintên, sacêkapipun manawi purun na-	*keuntungan lebih banyak daripada yang dulu. Adapun Kyai Wangsa Wijaya sudah memasuki usia tua, anak laki-laki tidak mengijinkan bapaknya bekerja. Semua menyanggupi untuk memberi makan setiap hari. Secukupnya jika bersedia te-*
-[44]-mung dipunkènênggani dhasar polå, nampi artå lan **{s}abên**[12] rêgi saking tiyang ingkang mêling. Wiwit wèktu punikå gêsangipun Wångså Wiryå sampun kalêbêt sakécå, ingkang katêdhå sadintênipun cêkap, malah sagêd nyèlèngi sakêdhik kanggé jagi-jagi bénjing manawi wontên prêlunipun. Wångså Wiryå dèrèng narimah gadhah pagêsangan samanten punikå, sêdyaning manah badhé ngagêngakên padamêlanipun, pados indhaking kauntungan, misuwurå namanipun griyå bêsalèn dipunêlar langkung agêng, ing lêbêt kapérang-pérang panggènan anggarap damèlan bångså rowå, alit-alit, lan andamêl pirantos ingkang saé-saé. Wontên malih panggènan anggarap bångså kajêng, masah, mêthèl, anggraji tuwin pirantos ambubut. Anuju satunggil dintèn, piyambakipun késah dhatèng nagari ambêktå pola dadamêlanipun nyatunggil, inggih punikå: tapêling tracak kapal, pêdhang, suduk, arit, bêndho, sapanunggilanipun. Sadumuginipun nagari, manggihi	*-[44]-tapi dimintai pertolongan untuk menunggu pola, menerima uang sesuai harga dari orang yang memesan. Mulai waktu sekarang hidupnya Wangsa Wirya sudah nyaman. Kebutuhan makan setiap harinya sudah cukup. Bahkan bisa menabung sedikit demi sedikit untuk jaga-jaga jika ada keperluan masa mendatang.* *Wangsa Wirya belum menerima kenyamanan hidup selama ini. Keinginan hati akan meningkatkan usahanya. Mencari banyak keuntungan. Rumah besalen ditambah lebih luas. Di dalam dibagi-bagi tempat untuk mengerjakan bangsa sedang, kecil-kecil, dan membuat peralatan yang baik-baik. Ada lagi tempat untuk mengerjakan bangsa kayu, menghaluskan, memotong, menggergaji serta membuat alat bubut.* *Menuju suatu hari, dirinya pergi menuju kota lain dengan membawa pola buatan sendiri. Yaitu: gagang cangkul, pedang, tusuk, clurit, golok, dan lain-lain. Sesampainya di kota, kemudian menemui tuan toko yang sering menjual gagang cangkul kulakan dari negara lain. Wangsa Wirya menunjukkan buatannya gagang serta sanggup membuat berapa banyak yang dibutuhkan setiap pekannya. Dan*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
tuwan toko ingkang soksadé tapêl tracak kapal anggèning kilak saking sanès nagari. Wångså Wiryå nêdahakên damêlanipun tapêl sartå sagah damêl nyêkapi pintên kathahipun ingkang têmtu têlas kasadé sapêkênipun, déné pangaos kadamêl sami kaliyan manawi kilak ing sanès nagari sartå sagah ngatêrakên dumugi toko, dados tuwan toko wêwah kauntungan sakathahing wragad kêkilakan. Sarêng pola tapèl dipuntingali langkung saé lan kêkah, manahipun tuwan toko rêmên, lajêng nêmtokakên pintên kodhi ing dalêm sapêkên anggènipun andugè-	*membuat sama dengan ketika kulak di negara lain serta sanggup mengantarkan sampai toko. Jadi tuan toko memperoleh keuntungan lebih banyak dari biaya kulak. Setelah pola gagang diperiksa lebih baik dan kokoh, membuat hati tuan toko senang. Selanjutnya menentukan berapa kodi dalam sepekan untuk menyetor-*
-[45]-ni. Saking toko manggihi tiyang dhåså arit, pangot sapanunggilanipun, katantun manawi purun nyadékakên dêdamêlanipun kados déné pola ingkang kabêktå, mawi janji badhé nyukani épahan sabagéyan saking pêpajênganipun. Nuntên manggihi bakul dhuwung kaliyan mranggi, sanjang piyambakipun sagah andandosi sarupining tosan aji ingkang sampun risak. Saking pêkên, késah dhatèng panggénan séwan dhokar, krétå, graji såhå sanès-sanèsipun, cariyos manawi sagah andandosi sawarnining pirantos ingkang risak. Sarêng sampun waradin, Wångså Wiryå mantuk, dumugi ing griyå rèrêmbagan kaliyan kakangipun Wångså Sêntikå, sukå sumêrêp yèn padamêlan badhê wêwah kathah, botên kacêkap dipungarap	*-[45]-kan. Dari toko memesan sepuluh clurit, pisau dan sejenisnya. Jika mau menyediakan buatannya seperti pola yang dibawa, serta janji akan memberi keuntungan upah sebagian dari hasil penjualannya. Kemudian menemui penjual keris dan rangka. Kemudian langsung sanggup untuk memperbaiki macam pusaka yang sudah rusak. Dari pasar pergi ke tempat sewa dokar, kereta, gergaji, dan lain-lainnya. Cerita jika ia sanggup memperbaiki macam-macam alat. Setelah merasa sudah cukup, Wangsa Wirya pulang. Sesampainya dirumah, kemudian berdiskusi dengan kakaknya, Wangsa Sentika. Menjelaskan bahwa pengerjaan peralatan akan membutuhkan banyak tenaga. Tidak cukup jika dikerjakan sendiri. Harus mencari* pandé *yang bersedia untuk membantu mengerjakan pesanan setiap*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
piyambak, kêdah pados pandhé ingkang purun ngréncangi nyambut damêl mawi balånjå pêndhak pêkênan utawi wulanan kalayan pantês manut kasagêdanipun. Wongså Sêntikå sanajan sadhèrèk prênah sêpuh rumaos kawon sagêd, manut kémawon dhatèng pratikêling adhinipun, lajêng késah manggihi pandhé tånggå-tangganipun katantun ngréncangi nyambut damêl badhé kablånjå ngungkuli kasil manawi ngadêg dados pandhé piyambak. Ingkang katantun ngantos gangsal utawi nênêm sami purun, andadosakên bingahipun Wångså Wiryå, angraos badhé kadumugèn sêdyanipun. Énjingipun Wångså Wiryå mranåtå satunggil-tunggiling pandhé katêmtokakên garapanipun. Ingkang dèrèng sagêd dipunwulang, manawi lêpat kalêrêsakên. Wiwit tumapaking damêl jam pitu énjing ngantos jam gangsal sontên, wanci siyang kèndêl kalih tèngah jam. Wiwit.	*pekan atau bulan menurut keterampilannya. Wangsa Sentika meskipun saudara tua merasa belum bisa terampil, terserah saja dengan keinginan adiknya. Selanjutnya pergi menemui* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) tetangga. Tetangganya menyanggupi membantu mengerjakan supaya bisa melebihi ketika masih menjadi* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) sendiri. Kemudian yang sanggup sampai lima atau enam orang, menjadikan Wangsa Wirya bahagia. Merasa bakal terwujud keinginannya.* *Paginya Wangsa Wirya berunding dengan satu-persatu* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) untuk ditentukan apa yang dikerjakan. Yang belum bisa dilatih, jika salah dibenarkan. Waktu untuk memulai mengerjakan jam tujuh pagi sampai jam lima sore. Waktu siang istirahat dua setengah jam. Mulai*
[46] punikå bêsalènipun langkung agêng såhå **ramé swaranipun(5)** tiyang nyambut damêl, wontên ingkang nyambut damêl pirantosing tatanèn, undhagi, dêdamêl tapêl tracak kapal, andandosi mêsin, dhokar, krétå, dhuwung såhå sanès-sanèsipun. Padamêlan ingkang rêkaos kagarap Wångså Wiryå piyambak, wontên ingkang nganggé rêrênggan sêsêkaran	*[46]* *sekarang besalennya lebih besar dan ramai suara orang bekerja. Ada yang mengerjakan peralatan tani, tukang, membuat gagang cangkul, memperbaiki mesin, dokar, kereta, keris, dan lain-lainnya. Pekerjaan yang susah dikerjakan Wangsa Wirya sendiri. Ada yang menulis nama dan waktu pengerjaannya. Setiap hari banyak orang pergi membeli atau memperbaiki. banyak pesanan diladeni*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
tuwin kasêrat nåmå lan titimångså pandamêlipun. Sabêndintên kathah tiyang késah dhatèng tumbas utawi andadosakên. Sakathahing pojaran dipunladosi sapanêdhanipun dhatêng ing artå tanpå kèndêl kados toyå mili. Sawêg sawatawis taun, Wångså Wiryå ngadêgakên bêsalèn piyambak, sampun dados tiyang cêkap, sampun dados damêl griyå gêdhong agêng såhå saé pêpak saisinipun, gadhah råjå kåyå, nyanthèlakên panganggé bångså pêpêlikan ingkang pangaos sartå sagêd nyèlèngi artå. Kakangipun Wångså Sêntikå botên nåmå sugih, ananging inggih botên kêkirangan sandhang têdhå, griyanipun agêng såhå kêkah. Déné tiyang sêpuhipun Kyai Wångså Wijåyå jalêr èstri damêlipun namung ngréncangi momong putu kaliyan ngopèni barang kumlêndhang, sandhang têdhå botên kirang, malah asring katantun-tantun kados laré alit, bok manawi gadhah pêpénginan, anakipun sami sagah angawontêni. Tiyang sêpuhipun sangêt muji sukur dhatèng Gusti ingkang Måhå Agung. Rèhning gêsang pinanggih sêpuh såyå mukti såhå sênêng. Gadhah anak jalêr kêkalih sami cêkap-cêkap, gumatos, lan ngajèni dhatêng tiyang sêpuh. Pandhé ingkang andamêli pirantos gagrag lami lêstantun sami malara-	*secukupnya menerima uang seperti air mengalir.* *Setelah beberapa tahun, Wangsa Wirya mendirikan bêsalèn (tempat untuk membuat peralatan besi) sendiri, sudah menjadi orang berkecukupan, sudah membangun rumah besar baik dan lengkap isinya, mempunyai hewan peliharaan, menggantungkan aksesoris perhiasan yang berharga, serta menyediakan kotak kecil untuk menabung uang. Kakaknya Wangsa Sentika tidak terlalu kaya. Akan tetapi, tidak kekurangan sandang pangan, rumahnya luas dan kokoh. Adapun orang tuanya, Kyai Wangsa Wijaya suami istri pekerjaannya hanya membantu merawat cucu dan menjaga barang pesanan, sandang pangan tidak kekurangan, bahkan sering sekali ditawari seperti anak kecil. Jika mempunyai keinginan, semua anaknya sanggup mewujudkan. Orang tuanya berdoa dan bersyukur kepada Tuhan Yang Maha Agung, karena sudah menemukan kehidupan setelah memasuki masa tua semakin mulia dan senang. Mempunyai dua anak laki-laki, kedua-duanya berkecukupan, peduli dan menghormati kepada orang tua.* Pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) yang tetap saja melestarikan membuat alat gaya lama sudah melara-*
-[47]-t, sabab dadamêlanipun mirah,	*-[47]-t, sebab harganya murah, kurang*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
kirang laris. Dados kauntunganipun namung sakêdhik, mångkå såyå lami waragading gêsang mindhak-mindhak, jalaran sadåyå kabêtahan rêginipun sadåyå awis, rêrêngganing gêgriyå wêwah kathah. Wontên satunggil kalih ingkang rêraosan makatên: "Lantarané Wångså Wiryå dadi wong mulyå mangkono iku, ora liyå mung såkå katabêrèn lan marsudi kapintêran. Aku gêtun bangêt, biyèn dhèk isih ênom ora duwé karêp ngupåyå kawruh kåyå dhèwèké, saiki kêduwungku kêtêmu tuwå, wis ora biså uwal såkå kunjårå kacingkrangan. Éwå samono aku nrimå, barang wis **kê{b}anjur**[13] prêlu åpå dakgêtuni, mung panyuwunku marang kang Kuwåså, ora tibå awak, tibåhå anak, turunku di pådhå marsudi kapintêran, sabab wis têtélå ajiné akèh tanpå timbang, kuwåwå anjunjung marang kamulyan.	*laku. Jadi keuntungannya hanya sedikit. Maka semakin lama biaya hidup semakin banyak. Semua kebutuhan harganya meningkat. Ada satu dua orang yang berbicara seperti ini, "Penyebab Wangsa Wirya sudah menjadi orang yang bahagia, karena tidak lain dari hasil ketekunan dan belajar meningkatkan keterampilannya. Aku menyesal sekali, dulu ketika masih muda tidak punya keinginan berusaha meningkatkan pengetahuan dan keterampilan seperti dirinya. Sekarang penyesalanku terjadi pada saat sudah tua. Dengan demikian sudah tidak dapat terlepas dari kemelaratan. Sekarang aku menerima akibatnya, sudah terlanjur tidak perlu disesali. Hanya permintaanku kepada Yang Maha Kuasa, supaya anugerah-Nya tidak diberikan kepada diriku, berilah anugerah-Nya kepada anak keturunanku untuk belajar meningkatkan kepintaran. Sebab anugerah-Nya itu menunjukkan bahwa sangat berharga tanpa ada tandingannya. Senantiasa menjunjung derajat kemuliaan.*
[48] Isinipun sêrat punikå 1. Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun ….kåcå 3 2. Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå...…….kåcå 6 3. Cariyos anglampahi paadamêlan ingkang dipunsagêdi sartå dipunrêmêni…kåcå 15 4. Pangaosipun kasagêdan....kåcå 29	*[48]* *Isinya serat ini* *1. Daripada menghinakan diri kita lebih baik kita melakukan hal sesuatu yang diri kita dihargai…halaman 3.* *2. Cerita seseorang memantapkan salah satu niat…halaman 6.* *3. Cerita menjalankan pekerjaan yang bisa dilakukan serta disenangi…halaman 15* *4. Keterampilan yang dilakukan*

Tabel salajêngipun

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	***Terjemahan*-ipun**
	...halaman 29
[*Catatan kaki* kåcå 41] 1. Pamor ngulit sêmångkå, mênawi dipungrayang alus. 2. Pamor gêrat, mênawi dipungrayang kasap. Galêripun kados sêrataning sêpêt.	*[Catatan kaki halaman 41]* *1. Pamor kulit semangka, jika dipegang halus.* 2. *Pamor garis, jika dipegang tidak halus. Garisnya seperti garis serabut kelapa..*

2. Cathêthan *Terjemahan Teks* wontên ing *Naskah Sêrat Piwulang*

Saking asiling *terjemahan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* ing nginggil, kapanggihakèn têmbung-têmbung ingkang angèl dipunalihbasakakên. Pramilå, dipunbêtahakên cathêthan *terjemahan* ingkang dipunginakakên kanggé nggampilakên anggènipun nêgêsi têmbung-têmbung ingkang angel dipun-*terjemah*-akên. Wondéné asiling cathêthan *terjemahan teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1) Wèltêvrédhên

Têmbung Wèltêvrédhên mênikå dipunpanggihakên wontên ing pérangan ngandhap irah-irahaning kåcå. Têgêsipun Wèltêvrédhên, inggih mênikå dhaerah pusat pamaréntah jaman *penjajahan* Walandi wontên ing kithå Batavia (Tim Penyusun, lumantar http://encyclopedia.jakarta-tourism.go.id/post/Weltevreden). Samênikå, dhaérah Wéltêvrédhên éwah dados Kithå Jakarta Pusat.

2) *f*

Salajêngipun, aksårå '*f*'' kapanggihakên wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* pérangan irah-irahan "Cariyosipun ngantêpi salah satunggaling sêdyå". Wondéné têgêsipun aksårå '*f*'', inggih mênikå lambang

saking *Florin* (guldhen). *Florin*, inggih mènikå *satuan mata uang* ingkang dipunanggé nalikå jaman *penjajahan* Walandi (Desra, lumantar https://desranov.blogspot.com/2015/05/konversi-nilai-mata-uang-zaman.html).

3) Bêsalèn

Têmbung ‘bêsalèn’ mênikå kapanggihakên wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* pérangan irah-irahan “pangaosipun kasagêdan”. Wondéné têgêsipun têmbung ‘bêsalèn’, inggih mènikå “papaning pandhé kanggé nyambut damêl” (Poerwadarminta, 1939: 42).

4) Pandhé

Têmbung ingkang salajêngipun, inggih mênikå têmbung ‘pandhé’. Têmbung ‘pandhé’ dipunpanggihakên wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* pérangan irah-irahan “Pangaosipun kasagêdan”. Adhêdhasar *kamus Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939: 464) têgêsipun têmbung ‘pandhé’, inggih mênikå “tukang gawé piranti saking wêsi”.

5) Sêtangsul utawi sêtali

Salajêngipun ingkang pungkasan, inggih mênikå têmbung ‘sêtangsul’. Wondéné têgêsipun têmbung ‘sêtangsul’, inggih mênikå “kathahing artå sami kaliyan 25 sèn” (Poerwadarminta, 1939: 560). Wondéné satunggal sèn mênikå sami kaliyan $\frac{1}{100}$ rupiyah (Poerwadarminta, 1939: 550). Awit saking mênikå, manawi kajumbuhakên kaliyan rupiyah, sêtangsul jumbuh kaliyan sêprasakawan rupiyah.

F. Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*

Sêrat Piwulang kalêbêt satunggaling *naskah* ingkang ngêwrat piwulang *moral*. Piwulang *moral* ingkang dipunandharakên wontên ing panalitèn mênikå kapérang dados tigang *kategori*, inggih mênikå piwulang *moral* gayut kaliyan manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng sêsami, såhå manungså tumrap piyambakipun. Adhêdhasar andharaning *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* mênikå kaandharakên kanthi wujud cariyos. Pramilå sadèrèngipun kêdah dipunmangrêtosi parågå-parågå wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Wondéné parågå-parågå sagêd dipunmangrêtosi saking *tabel* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel* 33 : Pårågå wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang

Teks	**Parågå**	***Karakter***
Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun	Kyai sêpuh	Paring tulådhå piwulang asor såhå piwulang ngluhurakên badanipun pårå nènèman.
	Pårå nènèman	Ngraosakên taksih kirang piwulang saking tiyang sêpuh.
Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå	Jåyå Santosa	Tékadipun agêng, gêmi anggènipun ngginakakên artå.
	Jåyå Santosa èstri	Sarujuk dhatêng pamanggihipun sémahipun, tansah ndêdonga supados sémahipun sagêd nindakakên satunggaling sêdyanipun sémahipun inggih Jåyå Santosa kakung.
Cariyos nglampahi padamêlan ingkang disagêdi sartå dipunrêmêni	Priyantun agêng	Gêmi, ngatos-atos, nênacad padamêlanipun tiyang sanès
	Radèn Tuwuh	Anakipun priyantun agêng, jirih, tabêri ngudi kasagêdan.

Tabel salajêngipun

Teks	**Parågå**	***Karakter***
Pangaosipun kasagêdan	Wångså Wijåyå	Botên purun marsudi ngindhakakên kasagêdan bab pandhé.
	Wångså Sêntikå	Anak pambajêng Wångså Wijåyå, sampun émah-émah. Watêkipun sami kaliyan bapakipun, inggih mênikå botên purun marsudi ngindhakakên kasagêdan bab pandhé.
	Murjåkå utawi Wångså Wiryå	Anak ragil Wångså Wijåyå. Nalikå taksih jêjåkå, namanipun inggih mênikå Murjåkå. Salajêngipun, nalikå sampun sêpuh, namanipun gantos Wångså Wiryå. Wångså Wiryå gadhah tékad ngindhakakên kasagêdan bab pandhé kados bapakipun.
	Salah satunggal têtanggi ingkang rêraosan	Gêtun såhå narimå, amargi nalikå jaman ênèm botên marsudi ngindhakakên kasagêdan pandhé kados Wångså Wiryå.

Salajêngipun wontên ugi *alur* såråsilah kakluargan wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*. Wondéné *alur*-ipun kadamêl mawi *bagan* kados ing ngandhap mênikå.

a) Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun

Bagan* 1 : Såråsilah parågå *teks tinimbang asor aluwung ngluhurakên badanipun



b) Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå

Bagan* 2 : Såråsilah kakluargan wontên *teks cariyosipun tiyang ngantêpi sêdyå



c) Cariyos nglampahi padamêlan ingkang dipunsagêdi sartå dipunrêmêni

Bagan* 3 : Såråsilah kakluargan wontên *teks cariyos nglampahi padamêlan ingkang dipunsagêdi sartå dipunrêmêni



d) Pangaosipun kasagêdan

Bagan* 4 : Sâråsilah kakluargan wontên *teks pangaosipun kasagêdan



Sasampunipun ndamêl *bagan* sâråsilah kakluargan, anggènipun ngrêmbag *teks* kawrat ing *naskah Serrat Piwulang* mênikå dipunjumbuhakên kaliyan Al-Qur'an såhå Hadits. Salajêngipun, wontên ugi *teks* sanèsipun ingkang dipunjumbuhakên kaliyan *teks* mênikå inggih *teks Sêrat Wulangrèh* såhå *teks Sêrat Nitiprånå*. Ancasipun ngginakakên kalih *teks* mênikå inggih wontên sapérangan *teks* mênikå jumbuh kaliyan piwulang *moral* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*.

Salajêngipun, tigang jinising piwulang *moral* mênikå dipunsêrat lumantar *tabel*. *Butir* piwulang *moral* ingkang dipunsêrat ing *table* dipunandharakên ing pangrêmbagipun. Ananging, sadèrèngipun dipunandharakên katrangan ingkang nêdahakên piwulang *moral* dipuntambahi mawi ångkå Romawi (I: Tinimbang asor aluwung angluhurakên badanipun; II: Cariyosipun tiyang ngantêpi

satunggiling sêdyå; III: Cariyos nglampahi padamêlan ingkang dipunsagêdi sartå dipunrêmêni; IV: Pangaosipun kasagêdan) såhå lêmbaran kacaning *teks*.

Tuladhanipun II.9, katranganipun nêdahakên bilih *indikator* piwulang *moral* wontên ing *teks* nomêr kalih kanthi irah-irahan Cariyosipun tiyang ngantêpi satunggiling sêdyå ing kåcå 9.Salajêngipun, wondéné *tabel pengkategorian* piwulang *moral* wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Piwulang manungså dhumatêng Gusti

Gayutipun manungså dhumatêng Gusti, inggih mênikå saking kuwajibaning manungså dhumatêng Gusti. Kêwajibanipun inggih mênikå nindakakên sadåyå mênåpå ingkang dados dhawuhipun såhå nilar sadåyå ingkang dados awisanipun. Wondéné piwulang *moral* manungså dhumatêng Gusti wontên ing *teks Sêrat Piwulang* kasêrat mawi *tabel* ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 34: Piwulang *Moral* antawisipun Manungså dhumatêng Gusti**

No.	**Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang***	***Terjemahan***
1.	Nyênyuwun namung dhumatêng Gusti	Ingkang èstri sumambêt, "Sarèhning saniki êmpun yêktos dayaning kacêkapan wau andamêl marêm lan ayêming manah. **Rintên dalu kulå sêsuwun, mugi-mugi lulus pinaringan ati kang santoså. Sagêdå nyèlèngi ajêg salaminé.**" (II.10)	*Selanjutnya istri Jaya Santosa menanggapi lagi, "Sekarang sudah berkecukupan dan merasa tentram.* ***Setiap malam aku sering berdoa, semoga lulus diberi hati yang tentram dan sentosa, serta bisa sering menabung selamanya.****"*

Tabel salajêngipun

No.	**Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang***	***Terjemahan***
		Ingkang èstri lajêng kèndêl kémawon. Botên mangsuli punåpå-punåpå. **Namung mêmuji sagêdå kasêmbadan sêdyanipun**. (II.11)	*Istri Jaya Santosa kemudian diam saja, tidak menjawab apa-apa lagi.* ***Tetapi hanya berharap supaya suaminya bisa menepati janjinya***.
		Ing batos among **nyênyuwun dhatêng ingkang Kuwaos, mugi-mugi pinaringan wilujêng sagêd pinanggih malih såhå kasêbadanå sasêdyanipun**. (IV.35)	*Di dalam hati hanya* ***meminta kepada Yang Maha Kuasa, semoga diberikan keselamatan serta dapat bertemu lagi dan keinginannya dapat terwujud***.
		Mung **panyuwunku marang kang Kuwåså, ora tibå awak, tibåhå anak, turunku di pådhå marsudi kapintêran. Sabab wis têtélå ajiné akèh tanpå timbang. Kuwåwå anjunjung marang kamulyan**. (IV.47)	***Hanya permintaanku kepada Yang Maha Kuasa, supaya anugerah-Nya tidak diberikan kepada diriku, berilah anugerah-Nya kepada anak keturunanku untuk belajar meningkatkan kepintaran, sebab anugerah-Nya itu menunjukkan bahwa sangat berharga tanpa ada tandingannya. Senantiasa dapat menjunjung derajat kemuliaan.***
2.	Tansah munjukakên sokur dhumatêng	Tiyang sêpuhipun sangêt **muji sukur dhatèng Gusti ingkang Måhå Agung. Rèhning**	*Orang tuanya* ***berdoa dan bersyukur kepada Tuhan Yang Maha Agung, karena***

Tabel salajêngipun

No.	Piwulang *Moral*	Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*	*Terjemahan*
	Gusti	**gêsang pinanggih sêpuh såyå mukti såhå sênêng. Gadhah anak jalêr kêkalih sami cêkap-cêkap, gumatos lan ngajèni dhatêng tiyang sêpuh.** (IV.46)	***sudah menemukan kehidupan setelah memasuki masa tua semakin mulia dan senang. Mempunyai dua anak laki-laki kedua-duanya berkecukupan, peduli dan menghormati kepada orang tua.***

Saking *tabel* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih piwulang *moral* manungså dhumatêng Gusti inggih ingkang gayut kaliyan nyênyuwun namung dhumatêng Gusti såhå tansah munjukakên sokur dhumatêng Gusti. Wondéné piwulang *moral* kasêbut kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

a. Nyênyuwun namung dhumatêng Gusti

Piwulang *moral* antawisipun manungså dhumatêng Gusti ingkang sapisan, inggih mênikå nyênyuwun namung dhumatêng Gusti. Wujud piwulang nyênyuwun namung dhumatêng Gusti wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 47. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Wontên satunggil kalih ingkang rêraosan makatên: "Lantarané Wångså Wiryå dadi wong mulyå mangkono iku, ora liyå mung såkå katabêrèn lan marsudi kapintêran. Aku gêtun bangêt, biyèn dhèk isih ênom ora duwé karêp ngupåyå kawruh kåyå dhèwèké, saiki kêduwungku kêtêmu tuwå, wis ora biså uwal såkå kunjårå kacingkrangan. Éwå samono aku nrimå. Barang wis kêbanjur prêlu åpå dakgêtuni, **mung panyuwunku marang kang Kuwåså, ora tibå awak, tibåhå anak, turunku di pådhå marsudi kapintêran, sabab wis têtélå ajiné akèh tanpå timbang.** Kuwåwå anjunjung marang kamulyan. (IV. 47)
>
> *Terjemahan*-ipun,

Ada satu dua orang yang bergunjing seperti ini, "Penyebab Wangsa Wirya sudah menjadi orang yang mulia, karena tidak lain dari hasil ketekunan dan berusaha meningkatkan keterampilannya. Aku menyesal sekali. Dulu ketika masih muda tidak punya keinginan seperti dirinya. Sekarang menemukan penyesalan di saat tua. Sudah tidak dapat lepas dari kesengsaraan. Sekarang aku hanya dapat menerima, serta tidak perlu meratapi lagi jika sudah terlanjur. ***Hanya permintaanku kepada Yang Maha Kuasa, supaya anugerah-Nya tidak diberikan kepada diriku, berilah anugerah-Nya kepada anak keturunanku untuk belajar meningkatkan kepintaran, sebab anugerah-Nya itu menunjukkan bahwa sangat berharga tanpa ada tandingannya.*** *Senantiasa dapat menjunjung derajat kemuliaan.*

Pêthikan ing nginggil ngandharakên bilih salah satunggaling tiyang ingkang rêraosan rumaos "gêtun", amargi rikålå jaman ênèm rumiyin botên marsudi ngindhakakên kasagêdan bab pandhé kados Wångså Wiryå. Awit saking mênikå, kawontênaning tiyang ingkang rêraosan mênikå dados sangsårå. Salajêngipun, tiyang ingkang rêraosan mênikå marsudi nyênyuwun dhumatêng Gusti supados anakipun sagêd marsudi kapintêran. Prakawis mênikå nêdahakên bilih manungså kêdah nyênyuwun dhumatêng Gusti. Ananging, botên namung nyênyuwun dhumatêng Gusti kémawon, tiyang mênikå kêdah marsudi supados mênåpå ingkang dados panyuwunanipun sagêd dipunijabahi déning Gusti.

Adhêdhasar pêthikan *teks* ing nginggil, nyênyuwun dhumatêng Gusti mênikå katindakakên lumantar dongå. Dongå inggih mênikå nyênyuwun utawi pangajêng-ajêng pitulungan ingkang asipat saé dhumatêng Gusti, kados tå nyênyuwun kasaénan, kawilujêngan, nyênyuwun supados angsal rêjêki ingkang *halal*, såhå sanèsipun (Kurniawan, lumantar https://www.gurupen didikan.co.id/pengertian-doa/). Wontên ing pêthikan *teks* ingkang kawrat ing

naskah Sêrat Piwulang ing nginggil, ndêdonga ingkang dipuntindakakên, inggih mênikå marsudi nyênyuwun supados anakipun sagêd marsudi kapintêran.

Salajêngipun, wontên malih pêthikan *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 33 dumugi 35 ingkang nêdahakên nyênyuwun namung dhumatêng Gusti. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Wanci dalu sadèrèngipun tilêm, Wångså Wiryå rêraosan kaliyan ingkang èstri, nyariosakên sadåyå pamanggih ka-[34]-dos ing nginggil wau, lajêng pamit badhé késah anjarah dhusun tuwin nagari, pados padunungan ingkang têksih långkå pandhé sartå kinintên sakécå dipundununggi, utawi nêjå sinau ngindhakakên sêsêrêpan dhatêng pandhé ingkang langkung sagêd lan ningali dêdamêlan bångså tosan ingkang saé, anèh såhå migunani ingkang ing dhusunipun dèrèng wontên, bénjing badhé dipuntiru manawi wangsul. Ingkang èstri dipunpamiti makatên punikå manahipun langkung sêdhih, kêwêdèn anggènipun badhé mangsuli, manawi kamanah-manah sêjanipun ingkang jalêr wau lêrês, pantês dipunturuti, ananging sabab dèrèng naté kakésahan têbih, piyambakipun kuwatos bénjing kabêktå pindhah dhatêng måncå nagari pisah kaliyan tiyang sêpuh tuwin sanak sadhèrèk. Saupami dipungandhuli ngantos sandé késah, têmtu badhé kêlajêng-lajêng rêkaosipun pados têdhå, togging manah mungsu marah sakajêngipun ingkang jalêr kémawon.
>
> Énjingipun lajêng atåtå-tåtå nyêpakakên panganggé ingkang badhé kabêktå kaliyan pados sangu artå sawontên-wontênipun. Barang-barang salêbêting griyå kinalêmpakakên, pirantosing pandhé kawadahan ing pêthi dipunkunci. Ingkang èstri dipunatêrakên wangsul dhatêng tiyang sêpuhipun sartå winêling manawi wontên tiyang têtakèn, kasanjangan sawêg késah tutuwi sadhèrèk têbih ing sanès nagari. Sapêngkêripun, barang-barang salêbêting griyå tuwin pirantos pandhé dipunkènbêktå wangsul, karawatånå kalayan saé sampun ngantos wontên ingkang kacicir. Wångså Wiryå lajêng pamit dhatêng bapak biyung, måråå sêpuh jalêr èstri lan kakangipun Wång-[35]-så Sêntikå. Wanci dalu ngajêngakên banguné énjing piyambakipun mangkat ambêktå buntêl lan panganggé, ingkang èstri ngatêrakên dumugi margi agêng mripatipun tarocosan marêbês mili, kathah-kathah ingkang rinaos awratipun tiyang gêsang pados têdhå, ngantos dipunréncangi tilar griyå pasah tiyang sêpuh, sanak sadhèrèk lan katrêsnan Ing batos among **nyênyuwun dhatêng ingkang kuwaos, mugi-**

mugi pinaringan wilujêng sagêd pinanggih malih såhå kasêbadanå sasêdyanipun. (IV.33-35).

Terjemahan teks-ipun

Waktu malam sebelum tidur, Wangsa Wirya berbicara dengan istrinya. Menceritakan semua pendapat seper-[34]-ti di atas itu, kemudian pamit akan pergi menuju dusun lain atau kota lain untuk mencari tempat yang masih langka pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) serta dirasa nyaman untuk ditempati, atau belajar meningkatkan pengetahuan tentang* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) supaya dalam membuat alat bisa lebih baik, aneh dan berguna untuk dusunnya yang belum pernah ada. Besok akan ditiru ketika sudah pulang. Istrinya dipamiti seperti itu dan hatinya merasa sedih. Takut ketika akan menanggapi. Jika pemikiran dari sang suami ada benarnya, pantas dituruti. Akan tetapi, sebab belum pernah berpergian jauh. Dirinya khawatir jika suatu saat nanti pindah ke negara lain pisah dengan orang tua dan sanak saudara. Seumpama tetap ikut sampai akhir tentu akan terus-terusan susahnya mencari makan, karena yang wajib menafkahi hanya laki-laki saja.*

Selanjutnya diwaktu pagi bergegas-gegas menyiapkan perlengkapan yang akan dibawa dan membawa uang saku seadanya saja. Barang-barang yang ada di dalam rumah dikumpulkan. Peralatan pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) dimasukkan ke dalam peti dan dikunci. Selanjutnya istri Wangsa Wirya diantar pulang kerumah orang tuanya serta memberi pesan jika orang lain ada yang bertanya, dijawab sedang pergi ikut saudara jauh di negara lain. Selanjutnya, barang-barang di dalam rumah dan peralatan* pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) dibawa pulang. Dirawat dengan baik jangan sampai ada yang tercecer. Wangsa Wirya kemudian pamit kepada bapak ibu, mertua laki-laki dan perempuan, dan kakaknya, Wang-[35]-sa Sentika. Waktu malam berlalu, berlanjut pada waktu pagi, dirinya berangkat membawa pakaian dan bekal seadanya, istrinya mengantarkan sampai jalan besar, air matanya mengalir deras, banyak-banyak yang merasa bahwa orang hidup harus berjuang mencari makan, sampai-sampai harus meninggalkan rumah, orang tua, sanak saudara, dan kecintaan. Di dalam batin hanya* ***meminta kepada Yang Maha Kuasa, semoga diberikan keselamatan serta dapat bertemu lagi dan keinginannya dapat terwujud***.

Pêthikan ing nginggil ngandharakên bilih Wångså Wiryå pamit badhé pados padunungan ingkang dèrèng wontên pandhé utawi sinau ngindhakakên kasagêdan bab pandhé. Salajêngipun, Wångså Wiryå pamit dhatêng tiyang sêpuhipun, måråh sêpuhipun, såhå kakangipun, inggih Wångså Sêntikå. Kathah ingkang rinaos bilih tiyang gêsang mênikå manawi pados têdhå, ngantos dipunréncangi nilarakên sanak sadhèrek. Wångså Wiryå èstri namung sagêd nyênyuwun dhumatêng Gusti, supados sémahipun inggih Wångså Wiryå pinaringan wilujêng, sagêd pinanggih malih, såhå dipunijabahi sêdyanipun.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, wosipun sami kaliyan pêthikan *teks* sadèrèngipun, inggih mênikå nyênyuwun namung dhumatêng Gusti. Kados ingkang sampun kaandharakên ing nginggil, bilih salah satunggaling cårå kanggé nyênyuwun dhumatêng Gusti, inggih mênikå lumantar dongå. Dongå dipuntindakakên kanthi éklas såhå saèstu tumus dumugi têlênging manahipun tamtu badhé dipuntampi déning Gusti. Têgêsipun éklas, inggih mênikå anggènipun ndêdonga mênikå kanthi niyat namung mligi dhumatêng Gusti Allah. Sasanèsipun mênikå, anggènipun ndêdongå ugi kanthi *lafal* ingkang langkung cêthå, saèstu, såhå langkung saé manawi mangrêtosi wosipun dongå ingkang dipun-*lafal*-akên mênikå.

Bab nyênyuwun namung dhumatêng Gusti, manawi kajumbuhakên kaliyan agami Islam, Allah SWT *berfirman* ing QS. Fussilat *ayat* 36. Wondené *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *Dan jika setan mengganggumu dengan suatu godaan, maka mohonlah perlindungan kepada Allah. Sungguh, Dialah Yang Maha Mendengar, Maha Mengetahui.* (https://quran.kemenag.go.id/index.php/sura/41/36)

Saking pêthikan QS. Fussilat *ayat* 36, nêdahakên bilih Gusti Pangéran ndhawuhi manungså supados nyênyuwun namung dhumatêng Panjênênganipun. Dados, Gusti Pangéran mirêng såhå mangrêtos mênåpå ingkang dados panyuwunanipun manungså. Awit saking mênikå, tiyang Jawi kêdah nyênyuwun såhå mêmuji dhumatêng Gusti Pangéran.

Adhêdhasar pêthikan saking *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih manungså mênikå kêdah nyênyuwun dhumatêng Gusti. Nyênyuwun dhumatêng Gusti mênikå hakipun manungså minångkå titahipun Gusti. Ananging, manawi nyênyuwun mênikå botên énggal dipun-*ijabahi* déning Gusti Pangéran. Pramilå, manungså sampun ngantos gampil mupus, kêdah gadhah asipat sarèh, longgar, sabar, såhå sampun ngantos kêndhat anggènipun nyênyuwun.

Sanèsipun nyênyuwun, manungså ugi kêdah ngupåyå. Ngupåyå têgêsipun sami kaliyan *ikhtiar*. Manungså kêdah *ikhtiar* supados mênåpå ingkang dados panyuwunanipun sagêd dipunijabahi déning Gusti Allah. Ananging, sadèrèngipun *ikhtiar*, manungså ugi kêdah miwiti kanthi ndêdongå rumiyin, supados anggènipun nindakakên salah satunggaling upåyå sagêd dianugrahi lancar såhå kanthi *ikhtiar* sagêd kasil. *Ikhtiar* mênikå wajib ukumipun. Pramilå, sok-sintênå kémawon ingkang nindakakên *ikhtiar*, *ikhtiar*-ipun badhé dipunsêrat minångkå ngibadah såhå angsal *pahala* saking Gusti Allah.

Ndêdongå såhå ngupåyå sajatosipun dèrèng cêkap, amargi taksih wontên satunggal prakawis ingkang kêdah dipuntindakakên, inggih mênikå *tawakal*. *Tawakal* têgêsipun, inggih mênikå *berserah diri* dhumatêng Gusti Allah (Tim

Penyusun, lumantar https://suaramuslim.net/gabungkan-usaha-doa-dan-tawakal/). Wontên ing Jawi, *tawakal* dipuntindakakên kanthi pasrah, sumarah, sumèlèh, såhå suméndhé. Pasrah inggih mênikå samukawis ingkang dipuntindakakên asilipun gumantung Gusti. Sumarah inggih mênikå sadåyå ingkang dipunlampahi gumantung Gusti ingkang hakaryå jagad. Sumèlèh inggih mênikå sadåyå pikiran mênikå namung Gusti ingkang ngijabahi. Suméndhé inggih mênikå sadåyå pagêsangan wontên ing alam donyå mênikå dipunpasrahakên dhumatêng Gusti.

Salajêngipun, wontên *firman* Allah lumantar ayat suci ing salêbêting *Al-Qur'an* ingkang ngandharakên bab *tawakal* dhumatêng Gusti Allah. Andharan bab *tawakal* dhumatêng Gusti Allah mênikå, kasêrat ing *QS Ali Imran* ayat 159. Wondéné *terjemahanipun* kados ing ngandhap mênikå.

> *"Kemudian apabila kamu telah membulatkan tekad, maka bertawakallah kepada Allah. Sesungguhnya Allah menyukai orang-orang yang bertawakal pada-Nya"*

Pêthikan *QS. Ali Imran ayat* 159 ing nginggil mênikå, sagêd dipunmangrêtosi bilih manawi manungså sampun mantêp tékadipun, lajêng sagêd *tawakal* dhumatêng Gusti Allah. Gusti Allah rêmên dhatêng manungså ingkang purun *tawakal* dhumatêng Gusti Allah. Gusti Allah langkung mangrêtos kapan upåyå såhå ndêdongå manungså mênikå dipunijabahi. Salajêngipun, Gusti Allah dèrèng ngijabahi sadåyå upåyå såhå pandonganing manungså, amargi Gusti Allah sampun mangrêtos bilih manungså dèrèng cumawis kanggé nampi mênåpå ingkang dados kasunyatanipun.

Lumantar *tawakal* dhumatêng Gusti Allah, manungså tamtu langkung cumawis kanggé nampi kasunyatan. Manungså ingkang botên *tawakal*, tamtu

badhé gêtun manawi upåyå såhå panyuwunanipun botên utawi dèrèng dipunijabahi. Kosok-wangsulipun, manungså ingkang *tawakal* tamtu sabar nampi sinartan ngupåyå såhå ndêdongå kanthi *istiqamah*. Manungså ingkang *tawakal* botên badhé mupus, amargi mangrêtos bilih kapan upåyå såhå panyuwunanipun manungså badhé dipunijabahi déning Gusti Allah.

Manawi upåyå såhå panyuwunanipun dipunijabahi, tamtu manungså munjukakên sokur amargi sadåyå asiling upåyå såhå pandonganing manungså mênikå asalipun saking pêparinganipun Gusti Allah. Dados, supados manungså dipunparingi lancar sadåyå prakawis, pramilå manungså mênikå kêdah ngêcakakên *trilogi religius*, inggih mênikå ndêdongå, *ikhtiar*, såhå *tawakal*.

b. tansah munjukakên sokur dhumatêng Gusti

Sasanèsipun nyênyuwun dhumatêng Gusti, tumindak ingkang kêdah katindakakên inggih mênikå tansah munjukakên sokur dhumatêng Gusti. Tumindak mênikå kacuplik wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 46 larik 10-23 saking nginggil. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Sawêg sawatawis taun, Wångså Wiryå ngadêgakên bêsalèn piyambak, sampun dados tiyang cêkap, sampun dados damêl griyå gêdhong agêng såhå saé pêpak saisinipun, **gadhah råjå kåyå**, nyanthèlakên panganggé **bångså pêpêlikan** ingkang pangaos sartå **sagêd nyèlèngi artå**. Kakangipun Wångså Sêntikå botên nåmå sugih, ananging inggih botên **kêkirangan sandhang têdhå, griyanipun agêng såhå kêkah**. Déné tiyang sêpuhipun Kyai Wångså Wijåyå jalêr èstri damêlipun namung ngréncangi momong putu kaliyan ngopèni barang kumlêndhang, sandhang têdhå botên kirang, malah asring katantun-tantun kados laré alit, bok manawi gadhah pêpénginan, anakipun sami sagah angawontêni. **Tiyang sêpuhipun sangêt muji sukur dhatèng Gusti ingkang Måhå Agung. Rèhning gêsang pinanggih sêpuh såyå mukti såhå sênêng. Gadhah**

anak jalêr kêkalih sami cêkap-cêkap, gumatos, lan ngajèni dhatêng tiyang sêpuh. (IV.46.10-23).

Terjemahan-ipun

Setelah beberapa tahun, Wangsa Wirya mendirikan bêsalèn *(tempat untuk membuat peralatan besi) sendiri, sudah menjadi orang berkecukupan,* ***sudah membangun rumah besar baik dan lengkap isinya, mempunyai hewan peliharaan, menggantungkan aksesoris perhiasan yang berharga, serta menyediakan kotak kecil untuk menabung uang****. Kakaknya Wangsa Sentika tidak terlalu kaya. Akan tetapi,* ***tidak kekurangan sandang pangan, rumahnya luas dan kokoh****. Adapun orang tuanya, Kyai Wangsa Wijaya suami istri pekerjaannya hanya membantu merawat cucu dan menjaga barang pesanan, sandang pangan tidak kekurangan, bahkan sering sekali ditawar seperti anak kecil. Jika mempunyai keinginan, anaknya semua sanggup mewujudkan.* ***Orang tuanya berdoa dan bersyukur kepada Tuhan Yang Maha Agung, karena sudah menemukan kehidupan setelah memasuki masa tua semakin mulia dan senang. Mempunyai dua anak laki-laki, kedua-duanya berkecukupan, peduli dan menghormati kepada orang tua****.*

Pêthikan ing nginggil ngandharakên bilih gêsangipun Wångså Sêntikå såhå Wångså Wiryå sami cêkap. Wondéné Wångså Wiryå sagêd ngadêgakên bêsalèn piyambak, têgêsipun Wångså Wiryå sampun gadhah pagêsangan piyambak. Salajêngipun, inggih mênikå "griyå gêdhong pêpak saisinipun", têgêsipun Wångså Wiryå kalêbêt tiyang ingkang mulyå sangêt amargi saking tabêri ngindhakakên kasagêdan bab pandhé, satêmah asil saking pêpajêngan pirantos mênikå sagêd kanggé ndamêl griyå ingkang saé såhå agêng. Wångså Wiryå ugi gadhah råjå kåyå, têgêsipun manawi manungså gadhah kéwan utawi råjå kåyå, tamtu gêsangipun dados makmur.

Salajêngipun, Wångså Wiryå gadhah pêpêlikan, kados tå gêlang, kalung, anting-anting ingkang ngginakakên intên. Dados, Wångså Wiryå tumbas pêpêlikan kanggé tåndhå katrêsnan dhatêng èstrinipun. Salajêngipun, ingkang

pungkasan inggih mênikå gadhah tabungan, têgêsipun Wångså Wiryå mangrêtos bilih kanthi nyèlèngi sagêd kanggé bok-bilih wontên prêlunipun Wångså Wiryå. Wondéné kakangipun Wångså Wiryå, inggih mênikå Wångså Sêntika gêsangipun botên kados Wångså Wiryå, Ananging, sandhang têdhå Wångså Sêntikå botên kêkirangan sartå griyanipun agêng såhå kêkah.

Tiyang sêpuhipun Wångså Wiryå såhå Wångså Sêntikå, inggih mênikå Kyai Wångså Wijåyå nyambut damêl namung ngrumat putunipun såhå njagi barang pêsênan. Manawi tiyang sêpuhipun wontên pêpénginan, Wångså Sêntikå såhå Wångså Wiryå sagêd angawontêni. Salajêngipun, Wångså Wijåyå jalêr èstri munjukakên sokur såhå ndêdongå dhumatêng Gusti amargi anakipun kêkalih sami cêkap-cêkap, gumatos, såhå ngajèni dhatêng tiyang sêpuhipun.

Adhêdhasar pêthikan *teks* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså kêdah munjukakên sokur dhumatêng Gusti. Sokur inggih mênikå pamuji dhumatêng Gusti Allah ingkang sampun sukå pambiyantu (Tim Penyusun, lumantar https://www.bacaanmadani.com/2016/07/makna-syukur-dalam-panda nganagama-islam.html). Dados, munjukakên sokur dhumatêng Gusti inggih mênikå mêmuji kanthi ngaturakên panuwun dhumatêng Gusti awit sadåyå nikmat ingkang sampun kaparingakên. Wujud sokur wontên pêthikan *teks* ing nginggil, inggih mênikå anakipun kêkalih gêsangipun cêkap, gumatos, såhå ngajéni tiyang sêpuhipun.

Munjukakên sokur dhumatêng Gusti sagêd katindakakên kanthi sakawan cårå, inggih mênikå kanthi lésan, manah, obahing badan, såhå njagi *nikmat*. Sokur kanthi lésan, inggih mênikå ngaturakên pamuji kanthi lésan bilih piyambakipun

sampun kaparingan nikmat ingkang tanpå upami. Salajêngipun, munjukakên sokur lumantar manah inggih mênikå mahyakakên raos trêsnå dhumatêng Gusti.

Wondéné sokur kanthi obahing badan, inggih mênikå tumindak sokur ingkang katindakakên kanthi patuh såhå taat saking sadåyå dhawuhipun Gusti. Salajêngipun ingkang pungkasan, inggih mênikå sokur kanthi njågå nikmat. Manawi manungså kaparingan nikmat saking Gusti, kêdah dipunginakakên kanthi saèstu, tuladhanipun manungså angsal nikmat kasarasan, kuwajibanipun manungså, inggih mênikå njagi awak supados botên gampil sakit.

Bab tansah munjukakên sokur dhumatêng Gusti, manawi kajumbuhakên kaliyan agami Islam, Allah SWT *berfirman* ing QS. Ali Imran *ayat* 145. Wondené *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *"Dan setiap yang bernyawa tidak akan mati kecuali dengan izin Allah, sebagai ketetapan yang telah ditentukan waktunya. Barangsiapa menghendaki pahala dunia, niscaya Kami berikan kepadanya pahala (dunia) itu, dan barangsiapa menghendaki pahala akhirat, Kami berikan (pula) kepadanya pahala (akhirat) itu, dan Kami akan memberi balasan kepada orang-orang yang bersyukur"* (https://quran.kemenag.go.id/index.php/sura/3/145).

Saking *terjemahan* QS. Ali Imran *ayat* 145 ing nginggil nêdahakên bilih manungså kêdah munjukakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah. Gusti Allah badhé paring piwalês dhatêng manungså ingkang taksih munjukakên sokur, inggih mênikå manungså ingkang ngèstokakên dhawuhipun Gusti Allah. Sadåyå pèparinganipun Gusti ingkang kathah utawi sakêdhik mênikå kêdah dipunginakakên kanthi wicaksånå.

Kosok-wangsulipun saking têmbung sokur, inggih mênikå *kufur*. Tumindak *kufur* mênikå tumindak awon ingkang botên nêdahakên utawi botên ngakêni bilih sadåyå nikmat mênikå kaparingakên déning Gusti Allah. *Kufur*

mênikå kalêbêt tumindak awon ingkang kêdah dipuntêbihi. Wondéné supados manungså mênikå dados tiyang ingkang tansah munjukakên sokur dhumatêng Gusti, pramilå wontên tigang cårå ingkang sagêd katindakakên (Tim Penyusun, lumantar https://darunnajah.com/cara-mengungkapkan-rasa-bersyukur-sesuait untunanrasulullahsaw/). Tigang cårå mênikå kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

a) Pitados bilih sadåyå mênikå gadhahipun Gusti Pangéran.
b) Tansah ngaturakên panuwun dhatêng tiyang sanès.
c) Dhikir, inggih mênikå pamuji kanthi nyêbut asmå Gusti.

2. Piwulang manungså dhatêng sêsami

Manungså botên sagêd gêsang piyambak ing alam donyå mênikå. Kanthi makatên, manungså kêdah tumindak ingkang saé dhatêng sêsami, tuladhanipun dhatêng tiyang sanès, kéwan, sasanèsipun ugi dhatêng *lingkungan*. Wondéné piwulang *moral* tumrap manungså dhatêng sêsami kasêrat mawi *table* ing ngandhap mênikå.

***Tabel* 35: Piwulang *Moral* antawisipun Manungså dhatêng Sêsami**

No.	Piwulang *Moral*	Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*	*Terjemahan*
1.	Bêkti dhatêng tiyang sêpuh	… Awit saking ajrih, **Radèn Tuwuh inggih andhèrèk kémawon dhatêng karsaning sêpuh**. (III.19)	*... Karena rasa takutnya,* ***Raden Tuwuh hanya bisa menuruti saja terhadap keinginan orang tuanya****.*
		… Ingkang ênèm anåmå Murjåkå dèrèng émah-émah, têksih dados rayat tiyang sêpuh, **sabên dintên ngrancangi bapakipun mandhé ing bêsalèn**.	*... Yang termuda bernama Murjaka belum berumah tangga. Masih menjadi tanggungan orang tua,* ***setiap hari menemani bapaknya***

Tabel salajêngipun

No.	**Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang***	***Terjemahan***
		(IV.31)	***bekerja di besalen***.
		… Déné tiyang sêpuhipun Kyai Wångså Wijåyå jalêr èstri damêlipun namung ngréncangi momong putu kaliyan ngopèni barang kumlêndhang, sandhang têdhå botên kirang, malah asring katantun-tantun kados laré alit, **bok manawi gadhah pêpénginan, anakipun sami sagah angawontêni**. (IV.46)	*... Adapun orang tuanya, Kyai Wangsa Wijaya suami istri bekerja hanya membantu merawat cucu dan menjaga barang pesanan. Sandang pangan tidak kekurangan, bahkan sering sekali ditawari seperti anak kecil.* ***Jika mempunyai keinginan, semua anaknya sanggup mewujudkan***.
2.	Tulung-tinulung	... Malah kêrså **nyadhiyakakên artå pêcah bénggol, sèn, lan bribil. Kawadhahan bumbung canthèlakén wontên pakuning såkå dalêm pandhapi, dipuntênggå satunggiling abdi ingkang pinitados. Artå wau sadhiyan kanggé maringi tiyang papriman ingkang pantês dipuntulungi**. (III.17)	*... Bahkan juga* ***menyediakan uang pecahan* bénggol (*2,5 sen*), sèn (*1 sen*), *dan* bribil (*setengah sen*). *diletakkan pada potongan bambu dan digantungkan pada tiang di dalam rumah pendopo, ditunggu oleh salah satu abdi yang dipercaya. Uang itu disediakan untuk diberikan kepada peminta-minta yang pantas ditolongi.*** (III.17)
3.	Malês budi	… Lajêng wiwit kagarap, **ngundang undhagi ingkang mangêrtos. Sabên wulan namung**	*... Kemudian mulai dikerjakan,* ***meminta bantuan kepada tukang kayu yang sudah***

Tabel salajêngipun

No.	Piwulang *Moral*	Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*	*Terjemahan*
		kagarap kawan utawi gangsal dintên, sacêkapipun artå saringgit kanggé épahan undhagi. Déné padamêlan ingkang gampil-gampil, kados tå: baturing griyå, atrap usuk, gêndhèng, gêdhèg sêsaminipun kagarap piyambak wanci sontên samantukipun saking padamêlan tuwin dintên Ahad. (II.12)	***paham. Setiap bulan hanya dikerjakan empat atau lima hari, secukupnya uang satu ringgit digunakan untuk upah tukang kayu**. Adapun pekerjaan yang mudah-mudah seperti: pondasi rumah, tulang atap rumah, genting, anyaman bambu sejenisnya dikerjakan sendiri pada waktu sore sepulang dari tempat kerja dan hari Minggu.*
		... Sarèhning pamula-saranipun saé, tanêmanipun inggih lêmå-lêmå, godhong warni ijêm lêdhung-lêdhung, uwoh agêng-agêng såhå kathah raosipun langkung écå, sêkar sabên énjing sami mêkrok agêng-agêng gandanipun arum. Sanajan pakêbonan wau namung sakêdhik, **ewå samantên pamêdalipun mårådini sok kakintun dhatêng pårå mitrå têtêpanganipun kanggé tåndhå katrêsnan**. (III.23)	*... Setelah perawatannya baik, tanamannya juga tumbuh subur-subur. daun berwarna hijau lebat-lebat, buahnya besar-besar dan rasanya lebih enak, setiap pagi bunga-bunga bemekaran besar-besar dan berbau harum. Meskipun kebunnya terlihat kecil, **tetapi penghasilannya merata dan kadang-kadang dikirim kepada para mitra yang dikenalinya untuk tanda rasa cinta kasih**.*
4.	Sampun ngantos nênacad padamêlan	Wiwit wêktu punikå, ngêrtos wêwêjanganing kaluhuran, kamulyan tuwin kasugihan, **sampun botên**	*Mulai waktu sekarang, sudah mengerti arti dari keluhuran, kesuksesan, dan kekayaan, **sudah***

Tabel salajêngipun

No.	Piwulang *Moral*	Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*	*Terjemahan*
	tiyang sanès	**kêrså nênacad anginakakên padamêlan têtanèn utawi ngluhurakên darajat priyantun**. Ingkang putrå Radèn Tuwuh dipunparingi artå kanggé pawitan ambikak pasitèn, manggih papanipun kadhawuhan malih piyambak ing pundi panggènan ingkang dipunsênêngi. (III.28).	***tidak akan menjelek-jelekkan lagi pekerjaan tani atau menjunjung derajat priyayi.*** *Putranya, Raden Tuwuh diberi uang untuk modal awal membuka usaha, selain itu diperintah memilih sendiri tempat yang disenangi.*

Saking *tabel* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih piwulang *moral* gayutipun manungså dhatêng sêsami, inggih mênikå bêkti dhatêng tiyang sêpuh, tulung-tinulung, malês budi, såhå sampun ngantos nênacad padamêlanipun tiyang sanès. Wondéné sadayanipun kaandharakên ing ngandhap mênikå.

a. Bêkti dhatêng tiyang sêpuh

Piwulang *moral* manungså dhatêng sêsami ingkang sapisan, inggih mênikå bêkti dhatêng tiyang sêpuh. Miturut Poerwadarminta (1939: 39), têgêsipun bêkti, inggih mênikå ‘pakurmatan’, ‘pawèwèh’. Wujud bêkti dhatêng tiyang sêpuh wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 31 larik 3-8 saking nginggil. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Kacariyos Kyai Wångså Wijåyå gadhah anak jalêr kêkalih, ingkang sêpuh nåmå Wångså Sêntikå sampun émah-émah, misah griyå sartå pados panggêsangan piyambak saking mandhé, nyambut damêl nunggil **sabêså{l}èn**[8] kaliyan bapakipun. Ingkang ênèm anåmå Murjåkå dèrèng émah-émah, têksih dados rayat tiyang sêpuh, **sabên dintên ngréncangi bapakipun mandhé ing bêsalèn**. (IV.31.3-8)

Terjemahan-ipun

Diceritakan Kyai Wangsa Wijaya mempunyai dua anak laki-laki. Yang tertua bernama Wangsa Sentika, sudah berumah tangga, pisah rumah serta mencari kehidupan sendiri dari pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi). Bekerja menumpang satu besalen dengan bapaknya. Yang termuda bernama Murjaka belum berumah tangga, masih menjadi tanggungan orang tua,* ***setiap hari ikut menemani bapaknya bekerja di*** **bêsalèn.**

Pêthikan ing nginggil ngandharakên bilih Wångså Wijåyå gadhah anak jalêr kalih. Anak ingkang pambajêng, inggih mênikå Wångså Sêntikå. Wångså Sêntikå sampun "émah-émah". Wångså Sêntikå nyambut damêl wontên bêsalèn kagunganipun bapakipun. Wondéné anak ingkang ragil namanipun, inggih mênikå Murjåkå. Sabên dintênipun Murjåkå ngréncangi bapakipun mandhé wontên ing bêsalèn. Pêthikan ing nginggil nêdahakên bilih tumindakipun Murjåkå mênikå kalêbêt salah satunggaling tumindak bêkti dhatêng tiyang sêpuhipun.

Salajêngipun, wontên malih pêthikan *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå larik 16-20 saking nginggil ingkang nêdahakên manungså kêdah bêkti dhatêng tiyang sêpuh. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

Déné tiyang sêpuhipun Kyai Wångså Wijåyå jalêr èstri damêlipun namung ngréncangi momong putu kaliyan ngopèni barang kumlêndhang, sandhang têdhå botên kirang, malah asring katantun-tantun kados laré alit, **bok-manawi gadhah pêpénginan, anakipun sami sagah angawontêni**. (IV.46.16-20)

Terjemahan-ipun

Adapun orang tuanya, Kyai Wangsa Wijaya suami istri bekerja hanya menjaga barang pesanan. Sandang pangan tidak kekurangan, bahkan sering sekali ditawari seperti anak kecil. ***Jika mempunyai keinginan, semua anaknya sanggup mewujudkan***.

Pêthikan *teks* ing nginggil nêdahakên bilih tiyang sêpuhipun Wångså Wiryå såhå Wångså Sêntikå, inggih mênikå Kyai Wångså Wijåyå damêlipun namung ngrumat putunipun såhå njagi barang pêsênan. Sandhang têdhanipun botên kêkirangan, asring kémawon katantun kados laré alit. Salajêngipun, bok-bilih tiyang sêpuhipun wontên pêpénginan, Wångså Wiryå såhå Wångså Sêntikå sagah angawontêni pêpénginan tiyang sêpuhipun. Pramilå, Wångså Wiryå såhå Wångså Sêntikå nyêkécakakên gêsangipun tiyang sêpuhipun, inggih mênikå Kyai Wångså Wijåyå.

Adhêdhasar kalih pêthikan *teks* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså kêdah bêkti dhatêng tiyang sêpuh. Tiyang sêpuh tansah maringi katrêsnan dhatêng anakipun. Minångkå anak ugi tansah ngabêkti dhatêng tiyang sêpuhipun. Tiyang sêpuh sampun nggulåwênthah anakipun kanthi sabar. Salah satunggaling cårå anggènipun bêkti dhatêng tiyang sêpuh, inggih mênikå tansah ndêdongå kanggé tiyang sêpuh, nindakakên dhawuhipun, såhå nyêkécakakên gêsanging tiyang sêpuh.

Gusti Allah dhawuh dhatêng manungså supados bêkti dhatêng tiyang sêpuhipun. Allah *berfirman* ing QS. Al-Ahqaf *ayat* 15. Wondéné *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *"Dan Kami perintahkan kepada manusia agar berbuat baik kepada kedua orang tuanya. Ibunya telah mengandungnya dengan susah payah, dan melahirkannya dengan susah payah (pula). Masa mengandung sampai menyapihnya selama tiga puluh bulan, sehingga apabila dia (anak itu) telah dewasa dan umurnya mencapai empat puluh tahun dia berdoa, "Ya Tuhanku, berilah aku petunjuk agar aku dapat mensyukuri nikmat-Mu yang telah Engkau limpahkan kepadaku dan kepada kedua orang tuaku dan agar aku dapat berbuat kebajikan yang Engkau ridai; dan berilah aku kebaikan yang akan mengalir sampai kepada anak cucuku. Sesungguhnya*

aku bertobat kepada Engkau dan sungguh, aku termasuk orang muslim." (https://quran.kemenag.go.id/index.php/sura/46/15).

Adhêdhasar pêthikan QS. Al-Ahqaf *ayat* 15, sagêd dipunmangrêtosi bilih Gusti Pangéran paring dhawuh dhatêng manungså supados tansah bêkti dhatêng tiyang sêpuh. Manawi salah satunggal utawi kêkalihipun taksih sugêng dumugi sêpuh, supados dipunrimat kanthi saé såhå matur ngginakakên têtêmbungan ingkang botên ngantos andamêl dukaning tiyang sepuhipun, inggih mênikå ngênaki tyasing tiyang sêpuh.

Salajêngipun bab manungså kêdah bêkti dhatêng tiyang sêpuh wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Wulangrèh* Pupuh Maskumambang (Pandito, lumantar https://e5631.wordpress.com/2016/01/06/serat-wulangreh-pupuh-maskumambang). Wontên ukårå "pramilå råmå ibu dèn bêktèni", têgêsipun inggih anak kêdah bêkti dhatêng tiyang sêpuh, amargi bapak såhå ibu mênikå *perantara* anggènipun mangrêtosi pagêsangan ing alam donyå. Salajêngipun anak sagêd pintêr såhå marsudi amargi panggulåwênthahipun bapak såhå ibu. Sadèrèngipun *akil baligh*, tiyang sêpuh kêdah nggulåwênthah anakipun, supados manawi sampun *akil baligh* sagêd *mandiri*. Awit saking mênikå, minångkå anak kêdah bêkti dhatêng tiyang sêpuh.

Jumbuh kaliyan pêthikan *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* ing nginggil, inggih mênikå manungså kêdah bêkti dhatêng tiyang sepuhipun. Tiyang sêpuh mênikå kados déné pêpadhanging jagad, amargi awit saking lair dhatêng donyå ngantos émah-émah botên pêdhot saking katrêsnanipun tiyang sêpuh kêkalih. Pramilå tiyang sêpuh kêdah tansah kabingahakên manahipun supados tansah wontên raos katrêsnan anak dhatêng tiyang sêpuh.

Prakawis mênikå jumbuh kaliyan paribasan “mikul dhuwur mêndêm jêro” (Nugroho, lumantar https://www.kompasiana.com/arsianto/552cb87d6ea834246a8b4578/makna-mikul-dhuwur-mendhem-jero-bagi-pendidikan-karakter). Têgêsipun “mikul dhuwur” inggih mênikå manungså tansah *menjunjung tinggi derajat* tiyang sêpuh. Wondéné têgêsipun “mêndêm jêro”, inggih mênikå manungså kêdah nyimpên kasaénanipun tiyang sêpuh ing manahipun saprêlu supados sagêd tansah kèngêtan såhå sampun ngantos ngrisak nåmå saénipun tiyang sêpuh.

Salajêngipun Endraswara (2003: 147) ngandharakên bilih wontên gangsal wêwalêr supados wontên ing alam donyå mênikå anak tansah wilujêng. Wondéné wêwalêripun kasêrat makatên : sampun ngantos (1) kapusan, (2) nindakakên tumindak awon dhatêng masarakat, (3) ndamêl dukaning tiyang sêpuh, såhå botên kénging (4) rumaos rikuh, såhå (5) rêsah.

b. Tulung-tinulung

Piwulang *moral* manungså dhatêng sêsami ingkang ångkå kalih, inggih mênikå tulung-tinulung. Wujud piwulang tansah tulung-tinulung wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 16 såhå 17. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Kosok-wangsulipun ing nginggil, priyantun wau botên owêl ngêdalakên artå ngantos dasanan rupiyah, ugêr tumånjå kanggénipun ing samukawis ingkang kagalih prêlu, kados tå: **Kanggé maragadi putrå ingkang sinau ngudi kasagêdan, maragadi panguburipun ma-[17]-yit ingkang kapiran, têtulung tiyang kasangsaran, kêluwèn såhå sanès-sanèsipun**. **Malah kêrså nyadhiyakakên artå pêcah bénggol, sèn, lan bribil**. Kawadhahan bumbung canthèlakén wontên pakuning såkå dalêm pandhapi, dipuntênggå satunggiling abdi ingkang pinitados. **Artå wau**

sadhiyan kanggé maringi tiyang papriman, ingkang pantês dipuntulungi. (III,16-17)

Terjemahan-ipun

Sebaliknya yang diatas, priyayi itu tidak rela untuk mengeluarkan uang hingga puluhan rupiah, kecuali bermanfaat digunakan untuk kepentingan yang perlu dipikirkan, seperti: ***untuk membiayai putra belajar menuntut ilmu, membiayai pemakaman je-[17]-nazah yang terlantar, tolong-menolong orang sengsara, kelaparan, dan lain-lainnya****.* ***Bahkan juga menyediakan uang pecahan 2,5 sen, 1 sen, dan setengah sen.*** *Diletakkan pada potongan bambu, kemudian digantungkan di tiang rumah pendapa, ditunggu oleh salah satu abdi yang dipercaya.* ***Uang itu digunakan untuk diberikan kepada peminta-minta yang pantas ditolong.***

Pêthikan ing nginggil ngandharakên bilih priyantun agêng botên owêl ngêdalakên artå dasanan rupiyah kajawi kanggé ingkang prêlu dipunpênggalih. Salajêngipun ingkang dipunbiyantu, inggih mênikå maragadi putrå ngudi kasagêdan, maragadi panguburipun mayit ingkang kapiran, têtulung tiyang kasangsaran, kêluwèn, såhå sanès-sanèsipun. Salajêngipun, priyantun agêng kêrså nyadhiyakakên artå pêcahan bénggol, sèn, såhå bribil ingkang kawadhahan wontên bumbung dipuncanthèlakên wontên såkå dalêm pandhåpi dalêmipun, såhå dipuntênggå déning salah satunggaling abdi ingkang pinitados. Artå mênikå dipunginakakên kanggé sadhiyan maringi dhatêng tiyang papriman ingkang pantês dipuntulungi.

Adhêdhasar pêthikan *teks* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså mênikå kêdah tulung-tinulung dhatêng tiyang sanès. Tulung-tinulung mênikå kalêbêt tumindak ingkang saé. Manungså kêdah gadhah raos wêlas-asih supados sagêd nggadhahi sipat tulung-tinulung dhatêng tiyang sanès ingkang mbêtahakên pitulungan.

Tulung-tinulung inggih mênikå tumindak sukå pambiyantu dhatêng sintên kémawon ingkang mbêtahakên (Pramono, lumantar http://ciputrauceo. net/blog/2016/2/4/etika-tolong-menolong-agar-tidak-menyakiti-oranglain?rq=tol ong%20menolong). Ancasipun inggih mênikå supados ngirangi sêsanggan tiyang sanès kanthi nindakakên tumindak tartamtu. Wujuding pambiyantu mênikå sagêd arupi tanågå, wêkdal, dånå mênåpå déné pamrayogi (Aslamiyah, lumantar https://www.kompasiana.com/syuaibah/5beb971e12ae944c10141223/kenapa-har us-tolongmenolong ?page=a ll).

Tulung-tinulung kalêbêt salah satunggaling upåyå ndamêl *kerukunan*-ing masarakat. Manawi masarakat sami rukun, pagêsanganipun tamtu badhé ayêm, têntrêm, såhå bingah. Tulung-tinulung katindakakên tanpå ningali umur, *status sosial*, mênåpå déné pangkating tiyang ingkang mbêtahakên. Tumindak mênikå prêlu dipunlêstantunakên amargi manungså kalêbêt *makhluk sosial*, inggih mênikå *makhluk* ingkang mbêtahakên tiyang sanès ing pagêsanganipun. Manungså botên sagêd gêsang piyambak, pramilå kêdah nindakakên tulung-tinulung.

Bab tulung-tinulung ugi dipunwulangakên ing agami Islam. Gusti Allah ndhawuhi manungså supados tulung-tinulung dhatêng sêsami. Gusti Allah *berfirman* ing *QS. Al-Maidah ayat* 2. Wondéné *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *"Dan tolong-menolonglah kamu dalam (mengerjakan) kebajikan dan takwa, dan jangan tolong-menolong dalam berbuat dosa dan pelanggaran. Dan bertakwalah kamu kepada Allah, sesungguhnya Allah amat berat siksa-Nya."* (https://quran.kemenag.go.id/index.php/sura/5/2).

Pêthikan *QS. Al-Maidah ayat 2* ing nginggil ngandharakên bilih Gusti Pangéran dhawuh dhatêng manungså supados nindakakên tumindak tulung-

tinulung. Tumraping manungså, sasagêd-sagêdipun kêdah nindakakên tumindak tulung-tinulung dhatêng tiyang sanès Tulung-tinulung kêdah katindakakên ing bab kabêcikan ingkang botên nêrak anggêr-anggêr. Manawi manungså tulung-tinulung ing bab botên saé, badhé dipunwalês déning Gusti Allah. Awit saking mênikå, manungså kêdah nindakakên tulung-tinulung dhatêng sintên kémawon, supados sagêd ndamêl *kerukunan*-ing masarakat.

Tulung-tinulung mênikå ugi dipuntindakakên kanthi manah ingkang éklas, kados unèn-unèn ‘sêpi ing pamrih, ramé ing gawé’. Unèn-unèn mênikå ngêwrat têgês bilih manawi badhé sukå pitulungan dhatêng tiyang sanès, saénipun inggih kanthi éklasing manah. Sampun ngantos gadhah pamrih, awit raos ingkang makatên kalêbêt watak ingkang awon. Sasanèsipun mênikå, watak ingkang makatên ugi badhé ngrênggangakên pasadhèrèkan.

c. Malês budi

Piwulang *moral* manungså dhatêng sêsami ingkang pungkasan, inggih mênikå males budi. Wujud piwulang malês budi wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* ing kåcå 12 larik 6-12 saking nginggil. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Lajêng wiwit kagarap, **ngundang undhagi ingkang mangêrtos. Sabên wulan namung kagarap kawan utawi gangsal dintên, sacêkapipun artå saringgit kanggé épahan undhagi.** Déné padamêlan ingkang gampil-gampil, kados tå: baturing griyå, atrap usuk, gêndhèng, gêdhèg sêsaminipun kagarap piyambak wanci sontên samantukipun saking padamêlan tuwin dintên Ahad. (II.12.6-12)
>
> *Terjemahan*-ipun
>
> *Kemudian mulai dikerjakan,* ***meminta bantuan tukang yang sudah paham. Setiap bulan hanya dikerjakan empat atau lima hari, secukupnya uang dua setengah rupiah digunakan untuk upah tukang.***

> *Adapun pekerjaan yang mudah-mudah seperti: pondasi rumah, tulang atap rumah, genting, gedek, dan sejenisnya dikerjakan sendiri pada waktu sore sepulang dari tempat kerja dan hari Minggu.*

Pêthikan ing nginggil ngandharakên bilih Jåyå Santoså nyuwun pambiyantu dhatêng tukang kanggé ndamêl griyå. Wêkdalipun ndamêl sabên wulan namung sakawan ngantos gangsal dintên. Minångkå tåndhå katrêsnan, Jåyå Santoså paring épah dhatêng undhagi kathahipun satunggal ringgit. Wondéné pérangan ingkang gampil-gampil, kados tå baturing griyå, atrap usuk, gêndhèng, gêdhèg sêsaminipun dipungarap Jåyå Santoså wanci sontên samantukipun saking padamêlan såhå dintên Ahad.

Adhêdhasar pêthikan *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså kêdah malês budi dhatêng tiyang sanès ingkang sampun paring pambiyantu. Salajêngipun, tiyang sampun sukå pambiyantu angsal ganjaran minångkå tåndhå panuwun såhå tåndhå katrêsnan. Malês budi inggih mênikå malês kasaénan tiyang sanès minångkå tåndhå panuwun såhå tåndhå katrêsnan (Arisandi, lumantar http://www.tzuchi.or.id/read-berita/mengajarkan-arti-balas-budi-sejak-dini/3961). Ancasipun nindakakên malês budi, inggih mênikå kanggé malês tiyang sanès ingkang sampun paring pambiyantu.

Bab males budi ugi dipunwulangakên wontên agami Islam. Nabi Muhammad SAW *bersabda* wontên *hadits* (Tuasikal, lumantar https://rumaysho.com/284-membalas-kebaikan-orang-lain.html). Wondéné *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *"Siapa yang memohon perlindungan dengan mengatasnamakan Allah, maka lindungilah dia. Dan siapa yang meminta dengan mengatasnamakan*

> *Allah, maka berilah ia. Dan siapa yang berbuat baik kepadamu, balaslah kebaikannya. Jika anda tidak mampu, maka doakanlah dia sampai dia tahu bahwa kalian telah memberinya yang setimpal." (Abu Dawud: 9-Kitab Az Zakah, 38-Bab 'Athiyatu Man Sa-ala billah)*

Pêthikan *hadits* ing nginggil ngandharakên bilih sok-sintênå ingkang tumindak saé dhatêng tiyang ingkang dipunbiyantu, sasagêd-sagêdipun tiyang ingkang dipunbiyantu malês kasaénaning tiyang ingkang paring pambiyantu. Manawi botên sagêd, tiyang ingkang dipunbiyantu ndêdongå ngantos mangrêtos bilih tiyang ingkang dipunbiyantu mênikå sampun malês kabêcikan mênikå.

Tiyang ingkang sampun dipunbiyantu, sasagêd-sagêdipun malês kasaénaning tiyang ingkang sampun sukå pambiyantu. Awit saking mênikå, manungså sampun ngantos kêsupèn dhatêng kasaéanipun tiyang ingkang sampun paring pambiyantu. Wontên ing masarakat Jawi, wontên satunggaling awisan ingkang ngêwrat piwulang bab malês kasaénaning tiyang sanès, inggih mênikå "åjå lali marang kabêcikaning liyan". Têgêsipun, unèn-unèn mênikå inggih manungså sampun ngantos kêsupèn dhatêng kasaénaninpun tiyang sanès. Awit saking mênikå, manungså *dianjurkan* malês kasaénan tiyang sanès.

d. Sampun ngantos nênacad padamêlanipun tiyang sanès

Piwulang *moral* manungså dhatêng sêsami ingkang pungkasan, inggih mênikå sampun ngantos nênacad padamêlanipun tiyang sanès. Wujud piwulang malês budi wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* ing kåcå 27 dumugi 28. Wondéné pêthikanipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> Guru agêng lajêng nyariyosakên kawontênaning sanès nagari ingkang tiyangipun sampun sami majêng dhatêng têtanèn, ing ngriku pintên tiyang tani ingkang mulyå lantaran saking pamêdalipun siti, sagêd angawontênakên punåpå ingkang dados kasênênganipun, griyå agêng såhå

saé, sugih artå, réncang botên kêkirangan. Wontên salêbêting wêwêngkonipun prasasat ngratu ingajènan tiyang kathah, sanajan wontên måncå pråjå inggih kinéringan sinubå-subå, awit saking dåyå kasugihanipun. Lajêng anêrangakên kauntungan saking têtanèn mawi kapétang kasilipun satunggil-tunggiling uwit ingkang katanêm, wiyaripun pasitèn ingkang têtanêman tuwin wêktunipun. Wêkasanipun anêrangakên, padamêlan punåpå ingkang wajib linampahan déning satunggil-tunggilipun tiyang gêsang pados pangupå jiwå, rêringkêsanipun inggih punikå: "Anglampahånå padamêlan ingkang dipunsagêdi sartå dipunsênêngi."

Pitêdah ing nginggil punikå tumancêping panggalihipun priyantun ing-[28]-kang kagungan dalêm, lajêng sukå panarimah dhatêng mitranipun sabab sagêd madhangakên panggalih. Wiwit wêktu punikå, ngêrtos wêwêjanganing kaluhuran, kamulyan tuwin kasugihan, **sampun botên kêrså nênacad anginakakên padamêlan têtanèn utawi ngluhurakên darajat priyantun**. Ingkang putrå Radèn Tuwuh dipunparingi artå kanggé pawitan ambikak pasitèn, manggih papanipun kadhawuhan malih piyambak ing pundi panggènan ingkang dipunsênêngi. (IV,27-28)

Terjemahan-ipun

Selanjutnya Guru besar menceritakan keadaan di negara lain yang mana masyarakatnya sudah maju terhadap bidang pertanian. Di negeri itu beberapa orang tani sukses karena hasil dari mengolah tanah. Dapat mewujudkan apa saja yang menjadi kesenangannya seperti rumah luas dan baik, banyak uang, teman tidak kekurangan. Diibaratkan seperti orang terpandang di depan orang banyak, meskipun ada tamu asing tetap ditakuti dan dihormati, karena berkat dari kekayaannya. Selanjutnya, menerangkan keuntungan dari pertanian serta terhitung hasilnya satu persatu pohon yang ditanam, luasnya tanah yang digunakan untuk bercocok tanam serta waktu pengerjaannya. Pada akhirnya menjelaskan, pekerjaan apa yang wajib dilakukan oleh salah satu orang hidup, yaitu mencari rejeki. ringkasnya adalah: lakukan pekerjaan yang dapat dilakukan dan disenangi.

Petunjuk di atas itu diterima oleh priyayi ya-[28]-ng mempunyai rumah dengan senang. Selanjutnya ia menerima perkataan temannya sebab dapat memberi pencerahan kepadanya. Mulai waktu sekarang, sudah mengerti arti dari keluhuran, kesuksesan, dan kekayaan, ***sudah tidak mau menjelek-jelekkan lagi pekerjaan tani atau menjunjung derajat priyayi****.*

Putranya, Raden Tuwuh diberi uang untuk modal awal membuka usaha. Selain itu, diperintahkan memilih sendiri tempat yang disenangi.

Pêthikan *teks* ing nginggil ngandharakên bilih guru mitrå nyariyosakên kawontênaning sanès nagari ingkang tiyangipun sampun majêng dhatêng têtanèn. Tiyang tani ing nagari ngriku gêsangipun mulyå, amargi saking asil saking pamêdalipun siti. Salajêngipun, sagêd ngawontênakên mênåpå ingkang dados pêpénginanipun kados griyanipun agêng såhå saé, sugih artå, såhå kåncå botên kêkirangan. Sasampunipun dipuncariyosi mitranipun, priyantun mênikå nampi mênåpå ingkang dados pamanggih mitranipun. Salajêngipun priyantun mênikå sampun botên kêrså nênacad padamêlan têtanèn utawi ngluhurakên darajat priyantun. Salajêngipun putrå priyantun, Radèn Tuwuh dipunsukani artå såhå dipundhawuhi pados pasitèn piyambak ingkang dipunrêmêni.

Adhêdhasar pêthikan ukara saking *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang*, sagêd dipunmangrêtosi bilih tiyang gêsang ing alam donyå mênikå sampun ngantos nênacad padamêlan tiyang sanès. Manungså mênikå botên kénging rumaos langkung sampurnå tinimbang tiyang sanès. Nênacad inggih mênikå tumindak ingkang ngasorakên tiyang sanès (Tim Penyusun, http://www.mainotes.com/2017/04/ budaya-jelek-mencacat-menyacat.html).

Bab sampun ngantos nênacad padamêlanipun tiyang sanès dipunwulangakên wontên agami Islam. Gusti Allah *berfirman* wontên *QS Al-Hujurat ayat* 11. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

"Hai orang-orang yang beriman, janganlah sekumpulan orang laki-laki merendahkan kumpulan yang lain, boleh jadi yang ditertawakan itu lebih baik dari mereka. Dan jangan pula sekumpulan perempuan merendahkan kumpulan lainnya, boleh jadi yang direndahkan itu lebih baik."

Pêthikan *ayat Al-Qur'an* ing nginggil ngandharakên bilih manungså botên kénging ngasorakên dhatêng tiyang sanès, amargi sagêd kémawon tiyang ingkang dipunasorakên langkung saé tinimbang manungså ingkang ngasorakên. Gusti Allah botên rêmên dhatêng manungså ingkang gadhah sipat nênacad, amargi sipat mênikå kalêbêt sipat ingkang awon.

Nabi Muhammad SAW *bersabda* wontên *Hadits Riwayat* Abu Daud såhå Tirmidzi (https://rumaysho.com/7592-jangan-menghina-dan-meremehkan-orang-lain.html). Wondéné *terjemahan*-ipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> *Jika ada seseorang yang menghinamu dan mempermalukanmu dengan sesuatu yang ia ketahui ada padamu, maka janganlah engkau membalasnya dengan sesuatu yang engkau ketahui ada padanya. Akibat buruk biarlah ia yang menanggungnya." (HR. Abu Daud no. 4084 dan Tirmidzi no. 2722. Al Hafizh Abu Thohir mengatakan bahwa sanad hadits ini shahih. Al Hafizh Ibnu Hajar menyatakan bahwa hadits ini shahih).*

Pêthikan *hadits* ing nginggil ngandharakên bilih manawi wontên tiyang sanès ingkang ngasorakên, sampun ngantos malês tumindak ingkang sami. Prakawis angsal piwalês ingkang awon, sampun dados tanggêl jawabipun tiyang ingkang ngasorakên mênikå. Saking pêthikan *hadits* ing nginggil sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså kêdah têpå salirå.

Têpå salirå inggih mênikå tumut ngraosakên mênåpå ingkang dipunraosakên déning tiyang sanès adhêdhasar dhirinipun piyambak. Têpå salirå kêdah dipunêcakakên wontên ing kalangan masarakat. Awit sadåyå tiyang mênikå gadhah manah ingkang kêdah dipunjagi antawisipun tiyang satunggal kaliyan tiyang sanèsipun. Sabên manungså botên purun manawi manahipun dipunkuciwani déning tiyang sanès.

Salajêngipun, bab sampun ngantos nênacad padamêlanipun tiyang sanès ugi dipunwulangakên wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Wulangrèh* pupuh Durmå (lumantar Wangsa, Sulistyo, såhå Suyanto. 2019: 326). Wontên tigang prakawis ingkang ndamêl manungså mênikå saé. Ingkang sapisan, inggih mênikå manungså sampun ngantos ngluhurakên tumrap piyambakipun. Ingkang ångkå kalih, inggih mênikå sampun ngantos nênacad dhatêng kawontênanipun tiyang sanès. Salajêngipun ingkang ångkå tigå, inggih mênikå manungså sampun ngantos ngasorakên dhatêng tumindak tiyang sanès.

Tumindak ngasorakên padamêlanipun tiyang sanès botên wontên paédahipun mênåpå-nåpå. Manawi ngantos ngasorakên padamêlan tiyang sanès, tiyang ingkang ngasorakên mênikå angsal piwalês saking Gusti Allah. Wontên ing papan pundi kémawon, kathah tumindak ingkang langkung saé dipunlampahi tinimbang nênacad padamêlanipun tiyang sanès, amargi sadåyå manungså mênikå sami wontên ing ngarsanipun Gusti Allah. Pramilå, tiyang gêsang ing alam donyå mênikå sampun ngantos nênacad dhatêng padamêlan tiyang sanès. Tumindak nênacad mênikå sagêd dados tumindak ingkang saé manawi tiyang ingkang nênacad mênikå sukå pamrayogi, supados tiyang sanès botên kuciwå.

Supados manungså botên gadhah sipat nênacad padamêlanipun tiyang sanès, manungså kêdah ngêcakakên tumindak têpå salirå. Manungså ingkang tansah ngêcakakên tumindak têpå salirå kalêbêt manungså ingkang saé. Gêsangipun ugi badhé manggihakên kawilujêngan amargi tansah njagi manahipun tiyang sanès, satêmah botên badhé angsal tumindak ingkang botên saé saking tiyang sanès.

3. Piwulang manungså tumrap piyambakipun

Piwulang *moral* ingkang pungkasan, inggih mênikå piwulang *moral* manungså tumrap piyambakipun. Gayutipun manungså kaliyan piyambakipun, inggih mênikå kanggé ndamêl kapribadèn ingkang saé, satêmah tumindakipun botên ngrugèkakên piyambakipun mênåpå malih tiyang sanès. Wondéné piwulang *moral* manungså tumrap piyambakipun wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kasêrat mawi *tabel* ing ngandhap mènikå.

***Tabel* 36: Piwulang *Moral* antawisipun Manungså tumrap Piyambakipun**

No.	**Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang***	***Terjemahan***
1.	Gêmi	… Lajêng rêmbagan badhé **nyudå balanjanipun sabên wulan saringgit kalêbêtakên ing cèlèngan. Ingkang tigang rupiyah kanggé nyéwå griyå. Calon waragad sêkolah wiwit dipunwontêni sawulan sarupiyah, dados sabên wulan namung kapanci yåtrå wolulas satêngah rupiyah, punikå kêdah kacêkap-cêkapakên.**	*Selanjutnya berbicara* ***akan mengurangi uang belanja setiap bulan satu ringgit dimasukkan ke dalam tabungan. Untuk tiga rupiah untuk biaya sewa rumah, calon untuk biaya sekolah sudah mulai dicicil satu bulan satu rupiah. Jadi, setiap bulan hanya memegang uang 18,5 rupiah, uang itu harus dicukup-cukupkan.***
		… Jalaran saking èngêt **gadhah artå cèlèngan wau, kénging kanggé jagi-jagi manawi kêkirangan utawi wontên bêbåyå salah mångså**. (II.9)	*... Sebab masih ingat* ***mempunyai uang tabungan itu, dapat digunakan untuk berjaga-jaga jika ada kekurangan atau bahaya suatu saat nanti.***

Tabel salajêngipun

No.	**Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang***	***Terjemahan***
		… Ingkang punikå: **tiyang gêsang prêlu sangêt anjagi wiwit têksih ênèm anglêmpakakên rêjêki kanggé sangu sasampuning sêpuh**. (II.15)	*... Yaitu,* ***orang hidup sangat perlu menjaga ketika masih muda mengumpulkan rejeki untuk bekal ketika sudah tua nanti****.*
		… Anggènipun ngastå padamêlan sampun lami, mångkå **watêkipun gêmi, titi, ngatos-atos. Sagêd sangêt mranåtå salêbêting dalêm**. (III.15)	*... Kiranya melakukan pekerjaan ini sudah lama, maka* ***sifatnya hemat, teliti, hati-hati dalam mengatur keperluan di dalam rumah****.*
2.	Tansah pados ngèlmi	… kang kapindho: saupåmå aku nêjå têtêp omah-omah ing désâ kéné kang wis akèh pandhéné, **kudu ngundhakaké kawruh kongsi biså ngungkuli sakèhing pandhé-pandhé mau. Yaiku: garapan alus, wanguné luwês, landhêp lan awèt kanggèné. Kajåbå såkå iku, ambu digawé piranti gagrag anyar kang bêcik sartå luwih migunani ing kéné saiki durung ånå**. Lan manèh prêlu bangêt ngêrti marang piranti	*… yang kedua, seumpama aku tetap bertempat tinggal di dusun ini yang sudah banyak pande,* ***maka harus mengasah kemampuan supaya dapat melebihi pande-pande lainnya. Yaitu: hasil buatan halus, bentuknya menarik, tajam, dan awet untuk dipakai. Selain itu, juga membuat alat gaya baru yang baik serta lebih berguna untuk disini yang belum ada****. Dan apalagi perlu sekali mengerti alat yang*

Tabel salajêngipun

No.	Piwulang *Moral*	Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*	*Terjemahan*
		gawéyan sabrang, sanajan ora biså gawé, nanging biså andandani manåwå rusak, (IV.33)	*dibuat dusun seberang. Meskipun tidak dapat membuat, tetapi dapat membenahi jika rusak.*
3.	Tansah nindakakên tumindak saé	**1. nyandhang manganå såkå kas kayamu dhéwé, åjå dhêmên olèh pawèwèh såkå wong liyå. Saupåmå ånå wong wèwèhing kowè minångkå tåndhå katrêsnan, tampanånå kalawan sênênging ati, nanging sabiså-biså tumuli walêsên katrêsnané, sabab yèn ora mangkono, anggêpé wong mau nganggokaké ing kowé, anggarap murah gawé sawênang-wênang lan kurang ngajèni. Såyå akèh ênggoné nganggokaké, wuwuh sêru olèhè ngidak. Luwih manèh saupåmå anggoné nganggokaké mau ora kalawan mulungé dhéwé, lantaran dijaluki kanthi pêksså anandukaké roså lan kuwasané, m{ê}sthi1 anuwuhaké gêthing,**	**1. *sandang pangan dari hasil simpananmu sendiri, jangan mengharap belas kasihan orang lain. Seumpama ada orang lain memberimu sebagai tanda terima kasih, terimalah dengan senang hati. Tetapi sebisa-bisanya kita membalas budi. Sebab jika tidak seperti itu, anggapan orang lain akan merendahkanmu. Dianggap berbuat sewenang-wenang dan kurang menghargai. Semakin banyak orang yang akan merendahkan. Lebih semena-mena merendahkan terhadap diri kita. Lebihnya lagi seumpama pemberian itu lewat orang lain. Lantaran memintanya dengan paksa, akan membuat tidak suka, di dalam lahirnya diam, namun di***

Tabel salajêngipun

No.	Piwulang *Moral*	Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*	*Terjemahan*
		ing lair mênêng, nanging batiné ngandhut watu. (IV.5)	***dalam hati merasa jengkel.***
		2. ditabêri mardi budi, têtakon lan anon tinon marang paripolahé liyå, jaringånå lêlabêté kang bêcik-bêcik, ajå kalèru patrapé: "Anduwèni kawruh mung kanggo umuk-umuk-[6]-kan. Watêké wong kang kapadhan kawruhé dadi asih, déné sing kalindhih panêmuné pådhå wêdi angajèni, åpå manèh wong kang nêdyå ngangsu mamrih marang kawruhmu, såyå bangêt ênggoné sumungkêm. (IV.5-6)	**2. *teruslah memelihara kebaikan, bertanya dan lihatlah orang lain dalam bertingkah, dan ambilah sisi baik dari perbuatan orang lain. Jangan salah menerapkan, mempunyai ilmu hanya untuk bersombong di-[6]-ri. Sifat orang lain yang yang sama-sama menjadi sayang. Sedangkan orang yang kalah ilmunya, maka akan merasa takut menghargai. Apalagi orang yang mempunyai niat untuk mengikuti ilmumu. Orang lain akan semakin tunduk kepadamu.***
		3. dikêskil ngupåyå kasil, Élingå: "Mångså kang koaanggo nyambut gawé, sanadyan mung sadhélå, iyå ånå ajiné. Lan manèh sing gêmi marang rêjêki, nanging åjå cêthil.	**3. *menyisihkan sebagian dari penghasilan, ingatlah, "Waktu kamu digunakan untuk bekerja. Meskipun hanya sebentar, betul-betul dihargai. Dan lagi***

Tabel salajêngipun

No.	Piwulang *Moral*	Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*	*Terjemahan*
		Rêjêki iku kang anjalari cukup. Wong kang kacukupan m{ê}sthi[1] kajèn kéringan. Luwih manèh yèn murah ati gêlêm dêdånå marang wong kacingkrangan lan kasangsaran, såyå sugih sanak sadulur mitrå kawanuhan, kabèh pådhå guyub suyud ing kowé." (IV.6)	***yang hemat terhadap rezeki, tetapi jangan kikir. Penghasilan itulah yang dapat mencukupi kehidupan kita. Orang yang berkecukupan pasti akan dihargai, dan apalagi memiliki kemauan untuk menyisihkan uang untuk orang fakir dan miskin. Semakin banyak sanak saudara dan teman dekat. Semua akan guyub suka memberi terhadap dirimu."***
		4. nandukna tingkah paripolah luwês sartå andhap-asor, têmbung ruruh amanis, ora agawé pinggêt atining liyå, supåyå wong liyå nimbangånå mangkono marang kowé. (IV.6)	**4.** ***bertingkah lakulah dengan sewajarnya serta rendah hati, berbicaralah yang sopan, serta jangan sampai membuat orang lain kecewa, supaya orang lain menghargai terhadap dirimu.***
4.	Sampun ngantos nindakakên tumindak ingkang ngasorakên badanipun	**1. mélikan, nyandhang lan mangan kang ora mêtu såkå pêrêsané kringêté dhéwé, liré: "Dhêmên anjêjaluk, ngandêlaké utåwå anjagakaké**	***1. ingin memiliki, berpakaian dan makan dengan jalan tidak dari hasil keringat kita sendiri. Artinya, mengandalkan atau menunggu pemberian serta***

Tabel salajêngipun

No.	Piwulang *Moral*	Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*	*Terjemahan*
	piyambak	**pawèwèh sartå pitulungané wong liyå, gêdhéné manèh gêlêm anglakoni panggawé ålå, ngêngapusi, nyênyolong, ngutil, nyêbrot, lan sapanunggalané.** (IV.4)	***pertolongan orang lain. Selebihnya dari itu, maka akan melakukan tindakan kejahatan seperti berbohong, lebih parahnya lagi melakukan copet, jambret, dan lain-lain.***
		2. bodho, jalaran ora gêlêm sinau, têtakon utawi nênitèni kalakuané wong liyå milih kang ålå lan bêcik, sabab lumrahé wong bodho mau disapirakaké déning sapådhå-pådhå, ånå pakumpulané wong akèh, kalungguhaké ing buri panggonan pêtêng. Yèn ånå rêmbug, ora biså urun-urun anggunêm, barêng gêlêm nyambungi rêmbug, sok kalèru, digêguyu ing akèh. (IV.4)	***2. bodoh, penyebab tidak mau belajar, bertanya atau melihat kelakuan orang lain antara baik dan jelek. Sebab sudah bodoh tidak dapat menempatkan dirinya di dalam pergaulan, ada perkumpulan orang banyak, berada paling belakang. Jika ada diskusi, tidak dapat menyampaikan pendapat. Setelah bergabung diskusi, sering sekali keliru, ditertawakan oleh orang banyak.***
		3. Kêsèd, sungkanan ing samubarang gawé, watêké nyêpa-[5]-kki marang kacingkrangan.	***3. malas, dalam melakukan sesuatu, sering pilih-pilih. Sifat-[5]-nya menjadi egois atau mencari enaknya saja. Maka***

Tabel salajêngipun

No.	Piwulang *Moral*	Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang*	*Terjemahan*
		Mångkå wong iku yèn tumibå mlarat, gugur kaluhurané, kabèh sing pådhå kacukupan kudu arêp maréntah sartå ora ngajèni, déné kang mlarat mau kêpêkså manut, sabab butuh. (IV.4-5)	***jika dia jatuh miskin, gugur keluhurannya. Orang-orang yang merasa cukup, harus mau memerintah serta tidak menghargai. Sedangkan yang miskin terpaksa mengikuti perintah karena butuh.***
		4. angkuh, sumangké yèn, ambêk adigang adigung adigunå, lan sapapadhané. Iki kåyå upamané kumandhang, wong kang andêlêng lan ngrungu m{ê}sthi[1] nirokaké, malah yèn ora kabênêran, pådhå gêthing ngarah bilahiné. (IV.5)	***4. angkuh, ketika merasa dirinya lebih pintar, lebih kaya, dan lebih kuat. Jika masih bersikap seperti itu, orang lain yang melihat dan mendengar pasti akan menirukan, jika tidak kebetulan, nanti akan dibenci dan celaka.***
5.	Gêtun, kacingkrangan, såhå mupus	… Wontên satunggil kalih ingkang rêraosan makatên: "Lantarané Wångså Wiryå dadi wong mulyå mangkono iku, ora liyå mung såkå katabêrèn lan marsudi kapintêran. **Aku gêtun bangêt, biyèn dhèk isih ênom ora duwé karêp ngupåyå kawruh kåyå dhèwèké, saiki kêduwungku kêtêmu tuwå, wis ora biså uwal**	*Ada satu dua orang yang berbicara seperti ini, "Penyebab Wangsa Wirya sudah menjadi orang yang bahagia, karena tidak lain dari hasil ketekunan dan belajar meningkatkan keterampilannya.* ***Aku menyesal sekali, dulu ketika masih muda tidak punya keinginan***

Tabel salajêngipun

No.	**Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral* wontên *Teks* ingkang kawrat ing *Naskah Sêrat Piwulang***	***Terjemahan***
		såkå kunjårå kacingkrangan. **Éwå samono aku nrimå, barang wis kêbanjur prêlu åpå dakgêtuni**, (IV.47)	***berusaha meningkatkan pengetahuan dan keterampilan seperti dirinya. Sekarang penyesalanku terjadi pada saat sudah tua. Dengan demikian sudah tidak dapat terlepas dari kemelaratan. Sekarang aku menerima akibatnya, sudah terlanjur tidak perlu disesali.***

Saking *tabel* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih piwulang *moral* gayutipun manungså tumrap piyambakipun, inggih mênikå gêmi, tansah pados ngèlmi, tansah nindakakên tumindak ingkang saé, sampun ngantos nindakakên tumindak ingkang ngasorakên badanipun piyambak, rumaos gêtun, kacingkrangan, såhå mupus. Sadayanipun kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

a. Gêmi

Piwulang *moral* manungså tumrap piyambakipun ingkang sapisanan, inggih mênikå gêmi. Miturut Poerwadarminta (1939: 142) têgêsipun têmbung gêmi, inggih mênikå "kanthi ngirit lan ngati-ati panganggoning barang". Wujud piwulang manungså kêdah gêmi wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 7 ngantos 8. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

Anuju satunggiling dalu wanci sirêp laré, Jåyå Santosa jalêr èstri sami jêjagongan lan rêraosan makatên: "Kêpriyé, Êmbokné? Yèn salawasé urip mangkéné baé, ora biså omah-omah utåwå nyèlèngi såkå dhuwit balånjå **m{ê}sthi^2** såyå lawas imbah-imbuh rêkasané, bésuk mangsané anakmu gêdhé-gêdhé kudu kapardi marang kapintêran dilêbokaké sêkolah, åpå manèh bakal nyupitaké, sanajan mung bubur sapiring iyå ngêtokaké wragad kanggo slamêtan. Kajåbå såkå iku du-[8]-rung duwé dhuwit kanggo sadhiyan pangan manåwå ginanjar ånå bêbåyå salah mångså utåwå yèn wis tuwå ora biså nyambut gawé. Kang iku prayogå pikirên, mumpung durung tumibå kasangsaran."

Sakèndêlipun Jåyå Santoså rêraosan kados ing nginggil punikå, ingkang èstri manahipun sakalangkung sêdhih, kuwatos sangêt kanalangsan kêkirangan têdhå bénjing sêpuhipun, lajêng rêmbagan **badhé nyudå balanjanipun sabên wulan saringgit kalêbêtakên ing cèlèngan. Ingkang tigang rupiyah kanggé nyéwå griyå. Calon waragad sakolah wiwit dipunwontêni sawulan sarupiyah, dados sabên wulan namung kapanci yåtrå wolulas satêngah rupiyah, punikå kêdah kacêkap-cêkapakên.** (II.7-8)

Terjemahan-ipun

Menuju suatu malam, ketika anak-anak tidur, Jaya Santosa dan istrinya sama-sama berbicara seperti berikut: "Bagaimana, Bu? Jika selamanya kita hidup seperti ini terus, kita tidak akan dapat hemat atau menabung dari uang belanja, pasti menambah kesengsaraan. Besok ketika anakmu sudah besar, supaya pintar harus dimasukkan dalam pendidikan sekolah. Apalagi akan melakukan khitan. Meskipun hanya bubur sepiring, pasti akan mengeluarkan biaya untuk selamatan. Kecuali dari itu be-[8]-lum punya uang untuk persediaan pangan jika ada halangan suatu saat nanti atau ketika kita sudah tua dan tidak dapat bekerja. Alangkah baiknya dipikirkan terlebih dahulu, mumpung belum jatuh sengsara."

Demikian apa yang dikatakan Jaya Santosa seperti di atas. Kemudian hati sang istri merasa sedih sekali, sangat khawatir sengsara kekurangan makan ketika sudah tua nanti. Selanjutnya, mendiskusikan ***akan mengurangi uang belanja setiap bulan satu ringgit dimasukkan ke dalam tabungan. Uang tiga rupiah digunakan untuk biaya sewa rumah, calon untuk biaya sekolah sudah mulai dicicil satu bulan satu rupiah. Jadi, setiap bulan hanya memegang uang Rp. 18,5, uang itu harus dicukup-cukupkan.***

Pêthikan ing nginggil nyariyosakên Jåyå Santoså jalêr èstri rêraosan bilih rêmbagan bilih manawi botên nyèlèngi artå, satêmah badhé manggihakên gêsang ingkang sangsårå. Salajêngipun, sémahipun Jåyå Santoså manahipun sêdhih såhå kuwatos manawi bénjing sêpuh badhé nêmahi sangsårå gêsangipun. Awit saking mênikå, Jåyå Santoså såhå sémahipun badhé nyudå artå blanjanipun. Artå satunggal ringgit kalêbêtakên wontên cèlèngan, artå tigang rupiyah dipunginakakên kanggé séwan griyå, såhå calon kanggé wragad sêkolah sampun dipuncicil sêwulan satungal rupiyah. Pramilå sabên wulan namung kantun artå Rp 18,5. Salajêngipun, artå Rp 18,5 mênikå kêdah dipuncêkap-cêkapakên.

Saking pêthikan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså kêdah gêmi dhatêng bandhanipun, mliginipun tiyang ingkang sampun nyambut damêl, amargi båndhå mênikå namung titipanipun Gusti. Anggènipun njagi bandhanipun, manungså sagêd ngginakakên båndhå mênikå kanthi saprêlunipun. Gusti Allah botên rêmên dhatêng manungså ingkang botên gêmi utawi boros. Kados *firman* Allah ing *QS. Al-An'am ayat* 141. Wondéné *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mènikå.

> *"Makanlah buahnya apabila ia berbuah dan berikanlah haknya (zakatnya) pada waktu memetik hasilnya, tapi janganlah berlebih-lebihan. Sesungguhnya Allah tidak menyukai orang-orang yang berlebihan"* (https://quran.kemenag.go.id/index.php/sura/6/141).

Pêthikan *QS. Al-An'am ayat* 141 ing nginggil ngandharakên bilih Gusti Allah dhawuh dhatêng manungså supados ngginakakên båndhå kanthi saprêlunipun. Ananging, sampun ngantos båndhå mênikå dipunginakakên kanthi boros. Salajêngipun, Gusti Allah botên rêmên dhatêng manungså ingkang gadhah tumindak boros.

Saking pêthikan *ayat* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså ingkang gadhah sipat gêmi mênikå dipunrêmêni déning Gusti Allah. Sipat gêmi mênikå ugi kathah paédahipun. Salah satunggalipun, inggih mênikå manawi sawêkdal-wêkdal wontên kabêtahan, sagêd ngginakakên artå mênåpå déné barang ingkang dipunsimpên. Kanthi makatên, manungså kêdah gêmi kaliyan mênåpå ingkang dados gadhahipun. Tumindak gêmi mênikå kêdah dipunêcakakên supados botên ngêcèh-cèh barang supados sagêd gadhah simpênan ingkang sagêd dipunginakakên sawêkdal-wêkdal.

Tiyang ingkang sampun nyambut damêl ugi kêdah sagêd nyisihakên pamêdal kanggé tabungan, amargi tiyang gêsang mênikå botên salaminipun sagêd nyambut damêl. Pramilå kêdah nggadhahi sipat gêmi supados pagêsangan ing bénjing sagêd nyêkapi kabêtahaning gêsang tanpå ndamêl sisahipun tiyang sanès. Tiyang ingkang sampun anggadhahi padamêlan såhå sampun anggadhahi pamêdal ugi sampun ngantos nilar ing padamêlanipun amargi padamêlan mênikå wujud jêjibahan såhå tanggêl jawab ingkang kêdah dipuntindakakên déning manungså.

Sasampunipun angsal pamêdal, manungså ugi kêdah ngêcakakên kabêtahan ingkang kêdah dipuncêkapi. Kabêtahan manungså wontên tigang warni, inggih mênikå *primer* (sandhang, pangan, papan), *sekunder* (*hiburan*, pirantos griyå, pirantos sinau), såhå *tersier* (griyå agêng, pêpêlikan). Ananging, kabêtahan ingkang wajib dipuncêkapi, inggih mênikå kabêtahan *primer*. Manawi kabêtahan *primer* mênikå botên sagêd dipuncêkapi, satêmah kabêtahan sanèsipun botên sagêd dipuncêkapi. Pramilå, wontên ing kulåwargå, kabêtahan ingkang dipuncêkapi rumiyin, inggih mênikå kabêtahan *primer*.

Saking andharan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih paédahipun nggadhahi sipat gêmi mênikå saé sangêt, amargi sipat mênikå sagêd mêpêr håwå nêpsu ingkang awon. Håwå nêpsu ingkang awon, inggih mênikå boros. Tiyang ingkang gadhah sipat boros kalêbêt tumindak ingkang awon såhå botên dipunrêmêni déning Gusti Allah. Kanthi makatên, manungså wajib nyambut damêl kanggé nyêkapi kabêtahan sabên dintên. Salajêngipun, tumindak gêmi mênikå kêdah dipuntindakakên dhatêng manungså. Manungså ingkang anggadhahi sipat gêmi mênikå sagêd ndadosakên tumuju ing kasaénan gêsang. Pramilå, sipat mênikå kêdah dipungladhi supados tansah katindakakên déning sadåyå masarakat kanggé nglampahi gêsang bêbrayan ing alam donyå mênikå.

b. Tansah pados ngèlmi

Piwulang *moral* manungså tumrap piyambakipun ingkang ångkå kalih, inggih mênikå tansah pados ngèlmi. Têgêsipun têmbung ngèlmi, inggih mênikå ‘kawruh’ (Poerwadarminta, 1939: 383). Ancasipun manungså kêdah pados ngèlmi, inggih mênikå sagêd ngindhakakên kasagêdan (http://www.ilmusipil.com/tujuan-mencari-ilmu). Wujud piwulang tansah pados ngèlmi wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 32 ngantos 34. Wondéné pêthikanipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> Dangu-dangu piyambakipun manggih akal ingkang prayogi **linampaha{n}**[9], ing batos makatên: “Bab lakuné golèk pangan såkå dagang, tani lan liya-liyané aku ora biså babar pisan, krånå durung tau nglakoni, déné kabisan dumung dadi pandhé, yaiku kang wajib dakrungkêbi. Ananging sarèhné pagawéan mau ånå kéné ora kasil, amargå kêntèkan pa-[33]-pan kalah karo pandhé kang lawas-lawas. Såkå panêmuku ana rong prakårå dalané golèk panguripan mêtu såkå mandhé kang kênå dilakoni. Kapisan: kudu ngalih såkå padunungan kéné marang liyå déså utåwå nagårå kang durung ånå pandhé, mêsthi wong-wong

sacêdhaké kono pådhå tuku samubarang piranti bångså wêsi marang aku, mångså dadak kalakonå yèn kabutuh nganggo piranti mau lungå adoh tuku piranti marang liyå panggonan kongsi lêlakon sabêdhug utåwå sadinå. Ing kånå **m{ê}sthi²** gêgawéanku laris, biså olèh kauntungan timbang karo wêtuning kringêt ênggonku nyambut gawé. Déné kang kapindho: saupåmå aku nêjå têtêp omah-omah ing désa kéné kang wis akèh pandhéné, **kudu ngundhakaké kawruh kongsi biså ngungkuli sakèhing pandhé-pandhé mau**. Yaiku: garapan alus, wanguné luwês, landhêp lan awèt kanggéné. Kajåbå såkå iku, ambu digawé piranti gagrag anyar kang bêcik sartå luwih migunani ing kéné saiki durung ånå. Lan manèh prêlu bangêt ngêrti marang piranti gawéyan sabrang, sanajan ora biså gawé, nanging biså andandani manåwå rusak, kåyå tå: mêsin andondomi, pêthi wêsi, bêdhil dhokar, krétå, lan sapapadhané, cêkaké: saolèh-olèh åjå nganti ambalèkaké såpå koné wong kang akon gawé utåwå andandani. Manåwå aku duwé kapintêran mangkono, **m{ê}sthi²** bêsalènku sabên dinå ora nganggur lan sugih kasih."

Wanci dalu sadèrèngipun tilêm, Wångså Wiryå rêraosan kaliyan ingkang èstri, nyariyosakên sadåyå pamanggih ka-[34]-dos ing nginggil wau, lajêng pamit badhé késah anjarah dhusun tuwin nagari, pados padunungan ingkang taksih långkå pandhé sartå kinintên sakécå dipundununungi, utawi **nêjå sinau ngindhakakên sêsêrêpan dhatêng pandhé ingkang langkung sagêd lan ningali dêdamêlan bångså tosan ingkang saé, anèh såhå migunani ingkang ing dhusunipun dèrèng wontên**, bénjing badhé dipuntiru manawi wangsul. (IV.32-34)

Terjemahan-ipun

Lama-lama dia menemukan pemikiran sebagai berikut, "Bab mencari makan dari berdagang, tani, dan lain-lain aku tidak dapat sama sekali. Karena belum pernah melakukan. Hanya pekerjaan pandhé *(orang yang membuat peralatan dari besi) ini yang dapat aku lakukan. Akan tetapi, setelah pekerjaan itu tidak membuahkan hasil. Karena minim peng-[33]-alaman dengan* pandhé *yang sudah lama-lama. Dari penemuanku ada dua cara jalan untuk mencari kehidupan keluar dari* pandhé *yang dapat dilakukan.*

Yang pertama, Harus keluar dari dusun ini menuju ke dusun lain atau kota lain yang sama sekali belum ada pandhé*. Pasti orang-orang di sekitar sana membeli macam-macam alat besi kepadaku. Dapat dilakukan jika butuh tempat lain meskipun hanya setengah hari atau satu hari. Di sana pasti daganganku laku. Dapat memperoleh keuntungan daripada*

waktu aku bekerja dulu. Kemudian yang kedua, seumpama aku tetap tinggal di dusun ini yang sudah banyak pandhé*,* ***aku harus meningkatkan keterampilan supaya dapat melebihi orang-orang yang bekerja sebagai*** **pandhé***. Yaitu: hasil buatan halus, bagus, tajam, dan awet untuk dipakai.*

Selain itu juga, dapat membuat alat model baru yang baik serta lebih berguna untuk di sini yang belum ada. Serta apalagi perlu sekali mengerti alat yang dibuat oleh dusun seberang. Meskipun tidak dapat membuat, tetapi dapat membenahi jika rusak. Seperti, mesin jahit, peti besi, pistol dokar, kereta, dan sejenisnya. Singkatnya, diusahakan jangan sampai mengembalikan siapapun orang yang menyuruh untuk membuat atau membenahi. Jika aku mempunyai kepintaran seperti itu, pasti besalenku setiap hari tidak menganggur dan banyak membawakan hasil."

Waktu malam sebelum tidur, Wangsa Wirya berbicara dengan istrinya. Menceritakan semua pemikiran seper-[34]-ti di atas itu, kemudian pamit akan pergi menuju dusun lain atau kota lain untuk mencari tempat yang masih langka pandhé *serta dirasa nyaman untuk ditempati, atau* ***belajar meningkatkan pengetahuan tentang*** **pandhé** ***supaya dalam membuat alat bisa lebih baik, aneh dan berguna untuk dusunnya yang belum pernah ada****. Besok akan ditiru ketika sudah pulang.*

Pêthikan *teks* ing nginggil ngandharakên bilih Wångså Wiryå manggihakên kalih cårå supados gêsangipun sagêd mulyå. Ingkang sapisan, inggih mênikå késah wontên ing nagari sanès ingkang dèrèng wontên pandhé. Salajêngipun, cårå ingkang ångkå kalih, inggih mênikå têtêp manggèn wontên dhusun mênikå, nanging kêdah ngindhakakên kasagêdan supados sagêd ngungkuli pandhé sanèsipun. Salajêngipun wanci dalu sadèrèngipun saré, Wångså Wiryå nyariyosakên sadåyå pamanggihipun mênikå dhatêng sémahipun såhå pamit badhé késah wontên ing dhusun sanès utawi nagari sanès.

Ancasipun késah dhatêng nagari sanès, inggih mênikå pados padunungan ingkang taksih dèrèng wontên pandhé utawi nêjå sinau ngindhakakên kasagêdan bab pandhé. Manawi sampun sinau ngindhakakên pandhé, bénjing asilipun badhé

dipuntiru manawi sampun wangsul wontên ing dhusunipun. Adhêdhasar pêthikan *teks* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså kêdah tansah srêgêp anggènipun pados ngèlmi. Kados déné Wångså Wiryå badhé sinau ngindhakakên kasagêdan mandhé. Awit saking mênikå, manungså tansah pados ngèlmi supados anggènipun nglampahi pagêsangan sagêd kalampahan kanthi saé.

Bab tansah pados ngèlmi dipunwulangakên wontên ing agami Islam. Allah *berfirman* ing *QS. Al-Mujadalah ayat* 11. Wondéné *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> "*Wahai orang-orang yang beriman!Apabila dikatakan kepadamu,"Berilah kelapangan didalam majelis, maka lapangkanlah, niscaya Allah akan memberi kelapangan untukmu. Dan apabila dikatakan berdirilah kamu, maka berdirilah, niscaya Allah akan mengangkat derajat orang-orang yang beriman diantara kamu dan orang-orang yang berilmu beberapa derajat*" (https://quran.kemenag.go.id/index.php/sura/58/11).

Pêthikan *QS. Al-Mujadalah ayat* 11 ing nginggil ngandharakên bilih Gusti Allah badhé paring gampil dhatêng manungså ingkang tansah marsudi pados ngèlmi wontên pamulangan. Salajêngipun, Gusti Allah dhawuh dhatêng manungså supados nindakakên ngibadah sholat, satêmah Gusti Allah ugi badhé njunjung drajat manungså ingkang tansah ngêcakakên ngèlmi saking pamulangan. Salajêngipun Gusti Allah ugi sêtiti dhatêng mênåpå ingkang dipuntindakakên déning sadåyå manungså ing alam donyå mênikå.

Manawi wontên pêpénginan supados gêsangipun mulyå såhå sampurnå, satêmah manungså kêdah tansah marsudi pados ngèlmi. Pados ngèlmi mênikå ukumipun wajib såhå botên têpang watêsing yuswå. Salajêngipun, marsudi pados ngèlmi ugi wontên paédahipun. Wondéné paédah pados ngèlmi miturut

(https://www.bingkaiwarta.com/read/mari-mencari-ilmu-dan-memahami-manfaatnya) kasêrat makatên : mangrêtosi (1) lampahing gêsang alam donyå, (2) tumindak ingkang saé såhå awon, såhå angsal (3) kamulyaning gêsang, såhå (4) kawicaksanan gêsang.

c. Tansah nindakakên tumindak saé

1) *Mandiri*

Wujud piwulang *moral* saé ingkang sapisan, inggih mênikå *mandiri*. Wujud piwulang *mandiri* wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 5 larik 10-21 saking nginggil. Wondéné pêthikanipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå

1. **nyandhang manganå såkå kaskayamu dhéwé, åjå dhêmên olèh pawèwèh såkå wong liyå.** Saupåmå ånå wong wèwèhing kowè minångkå tåndhå katrêsnan, tampanånå kalawan sênênging ati, nanging sabiså-biså tumuli walêsên katrêsnané, sabab yèn ora mangkono, anggêpé wong mau nganggokaké ing kowé, anggarap murah gawé sawênang-wênang lan kurang ngajèni. Såyå akèh ênggoné nganggokaké, wuwuh sêru olèhè ngidak. Luwih manèh saupåmå anggoné nganggokaké mau ora kalawan mulungé dhéwé, lantaran dijaluki kanthi pêkså anandukaké rosâ lan kuwasané, m{ê}sthi[1] anuwuhaké gêthing, ing lair mênêng, nanging batiné ngandhut watu. (I. 5.11-21)

Terjemahan-ipun

1. ***sandang pangan dari hasil simpananmu sendiri, jangan mengharap belas kasihan dari orang lain.*** *Seumpama ada orang lain memberimu sebagai tanda terima kasih, terimalah dengan senang hati. Akan tetapi, sedapat mungkin kita membalas budi. Sebab jika tidak seperti itu, anggapan orang lain akan merendahkanmu. Dianggap berbuat sewenang-wenang dan kurang menghargai. Semakin banyak orang yang akan merendahkan. Lebih semena-mena merendahkan terhadap diri kita. Lebihnya lagi seumpama pemberian itu lewat orang lain. Lantaran memintanya dengan paksa, akan membuat tidak suka, di dalam lahirnya diam, namun di dalam hati merasa jengkel.*

Pethikan ing nginggil nyariyosakên Kyai sêpuh ngandharakên piwulang saé ingkang sapisan, inggih mênikå "nyandhang manganå såkå kas kayamu dhéwé". Têgêsipun, inggih mênikå manungså nyêkapi sandhang pangan saking kêkiyatan pamêdalipun piyambak. Manawi wontên tiyang sanès nyukani minångkå tåndhå katrêsnan, dipuntampi kanthi manah ingkang bingah. Ananging, sasagêd-sagêdipun manungså kêdah malês budi, sabab manawi botên makatên, tiyang sanès botên rêmên dhatêng manungså ingkang sampun dipunbiyantu.

Saking pêthikan *teks* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså kêdah *mandiri*. Têgêsipun *mandiri*, inggih mênikå sagêd nindakakên mênåpå-nåpå botên ngandêlakên tiyang sanès (https://www.temukanpengertian.com/2013/09/pengertian-mandiri.html). Bab tansah nindakakên tumindak mandiri dipunwulangakên wontên *hadist*. Nabi Muhammad SAW *bersabda* wontên *HR Bukhari*. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> *Dari Abi Abdillah (Zubair) bin Awwam Radhiyallahu 'anhu, ia berkata: Rasulullah bersabda: "Sesungguhnya, seorang di antara kalian membawa tali-talinya dan pergi ke bukit untuk mencari kayu bakar yang diletakkan di punggungnya untuk dijual sehingga ia bisa menutup kebutuhannya, adalah lebih baik daripada meminta-minta kepada orang lain, baik mereka memberi atau tidak". [HR Bukhari, no. 1471]. (https://meilana.wordpress.com/2010/02/07/berdikari-menjaga-diri-dari-meminta-minta-kepada-orang-lain/).*

Pêthikan *hadist* ing nginggil ngandharakên bilih Nabi Muhammad SAW rêmên dhatêng manungså ingkang ngupåyå pados kajêng bakar kanggé sadéyan tinimbang manungså ingkang ngandêlakên pitulungan tiyang sanès. Salajêngipun, Nabi Muhammad SAW dhawuh dhatêng umatipun supados botên kénging

ngandêlakên pitulungan tiyang sanès, sinaosa tiyang sanès sukå pambiyantu utawi botên sukå pambiyantu.

Adhêdhasar pêthikan *hadist* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså kêdah ngêcakakên tumindak *mandiri*. Manungså sagêd *mandiri* manawi sampun sagêd nyêkapi kabêtahan piyambakipun såhå kulåwarganipun. Manungså tansah nyambut damêl kanthi ngginakakên tanågå såhå pikiran, supados sagêd nyêkapi kabêtahan sabên dintênipun.

Tumrap manungså, tumindak *mandiri* kêdah dipungladhi, supados manungså sagêd nglampahi pagêsangan alam donyå kanthi saé. Salajêngipun ngêcakakên tumindak *mandiri* ugi wontên paédahipun. Wondéné paédah ngêcakakên tumindak miturut Fahmedsunu (lumantar https://brainly.co.id /tugas/6537421) kasêrat makatên : ndadosakên (1) tanggêl jawab, (2) *kreatif*, (3) *percaya diri*, såhå ngindhakakên (4) dåyå *mental*, såhå (5) kasagêdan.

2) Tansah ngêcakakên *akhlak*

Salajêngipun piwulang ingkang saé ångkå kalih, inggih mênikå tansah gladhi *akhlak*. Wujud piwulang tansah gladhi *akhlak* wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 5 ngantos 6. Wondené pêthikanipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> **2. ditabêri mardi budi, têtakon lan anon tinon marang paripolahé liyå, jaringånå lêlabêté kang bêcik-bêcik, ajå kalèru patrapé: "Anduwèni kawruh mung kanggo umuk-umuk-[6]-kan. Watêké wong kang kapadhan kawruhé dadi asih, déné sing kalindhih panêmuné pådhå wêdi angajèni, åpå manèh wong kang nêdyå ngangsu mamrih marang kawruhmu, såyå bangêt ênggoné sumungkêm.** (IV.5-6)

Terjemahan-ipun

2. ***teruslah memelihara kebaikan, bertanya dan lihatlah orang lain dalam bertingkah, dan ambilah sisi baik dari perbuatan orang lain. Jangan salah menerapkan, mempunyai ilmu hanya untuk bersombong di-[6]-ri. Sifat orang lain yang yang sama-sama menjadi sayang. Sedangkan orang yang kalah ilmunya, maka akan merasa takut menghargai. Apalagi orang yang mempunyai niat untuk mengikuti ilmumu. Orang lain akan semakin tunduk kepadamu.***

Pêthikan *teks* ing nginggil ngandharakên bilih Kyai sêpuh ngandharakên piwulang saé ingkang ångkå kalih, inggih mênikå tansah tabêri marsudi budi. Têgêsipun, inggih mênikå tansah tabêri marsudi *budi pekerti*. Kathah-kathah anggènipun têtakon såhå ningali tumindak tiyang sanès. Salajêngipun dipunpêndhêt ingkang saé, nanging sampun ngantos lêpat anggènipun ngêcakakên. Têgêsipun, inggih mênikå ngêcakakên namung kanggé umuk-umukkan. Salajêngipun tumindak manungså ingkang sami kawruhipun, satêmah ndadosakên asih. Déné manungså ingkang kalah ngèlminipun, satêmah sami ajrih anggènipun ngajéni. Salajêngipun, manungså ingkang kalah ngèlminipun badhé sumungkêm dhatêng manungså ingkang tansah marsudi ngêcakakên *budi pekerti*.

Adhêdhasar pêthikan *teks* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså kêdah tabêri mardi budi. Têgêsipun sami kaliyan ngêcakakên *akhlak*. Têmbung *akhlak* asalipun saking båså Arab, inggih mênikå "*Al-Khulk*" ingkang ngêrat têgês "*tabeat*", "*perangai*", "*tingkah laku*" (https://www.gurupendidikan.co.id/pengertian-akhlak). Miturut Al Jurjani (lumantar https://www.gurupendidikan.co.id/pengertian-akhlak/) têgêsipun *akhlak*, inggih mênikå salah satunggaling tumindak ingkang saé utawi awon ingkang dipunêcakakên tumrap

manungså ingkang ngasilakên tumindak-tumindak ingkang gampil tånpå mênggalih.

Ancasipun *akhlak*, inggih mênikå ndadosakên manungså minångkå *makhluk* ingkang sampurnå. Salajêngipun ancasipun nyinaoni ngèlmi *akhlak*, inggih mênikå sagêd mangrêtosi tumindak saé såhå awon, supados manungså sagêd ngêcakakên tumindak ingkang saé såhå nêbihakên tumindak-tumindak ingkang awon (https://www.radiorodja.com/47243-pengertian-akhlak-macam-macam-akhlak-dan-dalil-tentang-akhlak/). Salajêngipun bab tansah ngêcakakên *akhlak* dipunwulangakên wontên agami Islam. Gusti Allah *berfirman* wontên *QS. Al-Qalam ayat* 4. Wondéné *terjemahan*-ipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå

> *"Dan sesungguhnya engkau (Muhammad) berada di atas budi pekerti yang agung"*

Pêthikan *teks* ing nginggil ngandharakên bilih sajatosipun mênåpå kémawon ingkang dados tumindakipun Nabi Muhammad SAW dipundadosakên tulådhå tumrap sadåyå manungså. Bab tansah ngêcakakên *akhlak* ugi dipunwulangakên wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Nitiprånå* (Nurhidayati, lumantar http://staff.uny.ac.id/sites/default/files/penelitian/Nurhidayati,%20S.Pd.%20M.%20Hum./SERAT%20NITIPRANA.pdf).

Pêthikan *teks* ingkang kawrat ing *Sêrat Nitiprånå* ngandharakên bilih *keluhuran budi*, inggih mênikå mangrêtosi tumindak saé ingkang dipunêcakakên tumrap manungså. Salajêngipun manawi ngadhêp tiyang ingkang luhur, sagêd nindakakên andhap-asor såhå botên nindakakên tumindak ingkang awon dhatêng tiyang sanès. Pratåndhå ingkang salajêngipun, inggih mênikå ngêcakakên tumindak saé såhå nêbihakên tumindak awon.

Salajêngipun, jumbuh kaliyan pêthikan *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 5 ngantos 6, inggih mênikå manungså tansah tabêri marsudi ngêcakakên *akhlak*. Tumrap manungså, sasagêd-sagêdipun kêdah ngêcakakên *akhlak*. Salajêngipun tansah ngêcakakên *akhlak* ugi wontên paédahipun. Wondéné paédah tansah ngêcakakên *akhlak* miturut (https://dalamislam.com/ akhlaq/manfaat-mempelajari-ilmu-akhlak) kasêrat makatên : (1) Gampil anggènipun nyinaoni ngèlmi, (2) Kalêbêt manungså ingkang saé, (3) Dipunrêmêni Gusti Allah, såhå (4) angsal *pahala* tanpå wontên watêsipun.

3) *Dermawan*

Piwulang saé ingkang ångkå tigå, inggih *dermawan*. Wujud piwulang *moral dermawan* wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 6 larik 4-10 saking nginggil. Wondéné pêthikanipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

3. dikêskil ngupåyå kasil, Élingå: "Mångså kang koaanggo nyambut gawé, sanadyan mung sadhélå, iyå ånå ajiné. Lan manèh sing gêmi marang rêjêki, nanging åjå cêthil. Rêjêki iku kang anjalari cukup. Wong kang kacukupan m{ê}sthi[1] kajèn kéringan. Luwih manèh yèn murah ati gêlêm dêdånå marang wong kacingkrangan lan kasangsaran, såyå sugih sanak sadulur mitrå kawanuhan, kabèh pådhå guyub suyud ing kowé." (IV.6.4-10)

Terjemahan-ipun

3. menyisihkan sebagian dari penghasilan, ingatlah, "Waktu kamu digunakan untuk bekerja. Meskipun hanya sebentar, betul-betul dihargai. Dan lagi yang hemat terhadap rezeki, tetapi jangan kikir. Penghasilan itulah yang dapat mencukupi kehidupan kita. Orang yang berkecukupan pasti akan dihargai, dan apalagi memiliki kemauan untuk menyisihkan uang untuk orang fakir dan miskin. Semakin banyak sanak saudara dan teman dekat. Semua akan guyub suka memberi terhadap dirimu."

Pêthikan *teks* ing nginggil nyariyosakên Kyai sêpuh ngandharakên piwulang ingkang saé ingkang ångkå tigå, inggih mênikå "dikêskil ngupåyå kasil". Têgêsipun, inggih mênikå manungså tansah tabêri marsudi ngupåyå nyambut damêl. Wontên ing pagêsangan alam donyå mênikå, manungså tansah ngginakakên wêkdal mênikå kanggé nyambut damêl. Sinaoså namung sêdhélå, nanging kêdah dipunajèni. Salajêngipun, manungså kêdah gêmi dhatêng rêjêki, nanging sampun ngantos cêthil. Salajêngipun, manungså ingkang kacukupan tamtu dipunajèni, såhå rêmên dêdånå kanthi éklas dhatêng tiyang ingkang kacingkrangan såhå kasangsaran. Manawi rêmên dêdånå, satêmah dipunrêmêni dhatêng tiyang sanès. Sadåyå sami guyub rukun såhå ngajèni dhatêng manungså ingkang tansah rêmên dêdånå.

Adhêdhasar pêthikan *teks* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså tansah ngêcakakên tumindak *dermawan*. Rafi (lumantar https://brainly.co.id/tugas/13158568), ngandharakên bilih têgêsipun tumindak *dermawan*, inggih mênikå rêmên nyukani båndhå ingkang dipungadhahi dhatêng tiyang sanès ingkang mbêtahakên kanthi sênênging manah såhå éklas. Bab tansah *dermawan* mênikå ugi dipunwulangakên wontên agami Islam. Wontên *hadits* ingkang ngêwrat tansah nindakakên tumindak *dermawan*. Wondéné *terjemahan*-ipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> *"Sahabat Anas mengisahkan: "Pada suatu hari ada seseorang yang datang menemui Rasulullah, lalu beliau memberinya hadiah berupa kambing sebanyak satu lembah. Spontan lelaki itu berlari menemui kaumnya dan berkata kepada mereka: "Wahai kaumku, hendaknya kalian semua segera masuk Islam, karena sesungguhnya Muhammad memberi pemberian yang sangat besar, seakan ia tidak pernah takut kemiskinan"*

(HR. Muslim, lumantar https://muslim.or.id/22082-antara-kedekatan-kita-dengan-al-quran-dan-sifat-dermawan.html).

Pêthikan *hadits* ing nginggil ngandharakên bilih salah satunggaling tiyang manggihi Nabi Muhammad SAW. Salajêngipun, Nabi Muhammad SAW sukå méndå cacahipun satunggal *lembah*. Tiyang ingkang dipunsukani méndå rêmên, salajêngipun ngandharakên bilih Nabi Muhammad SAW rêmên maringi båndhå mênikå kanthi sênênging manah tånpå ajrih dhatêng kacingkrangan.

Tumrap manungså, sasagêd-sagêdipun tumindak *dermawan* kêdah dipungladhi. Sajatosipun båndhå mênikå namung titipanipun Gusti Allah. Awit saking mênikå, manawi bandhanipun pinaringan langkung, pramilå båndhå mênikå dipunsukakakên dhatêng tiyang sanès ingkang mbêtahakên. Tuladhanipun, inggih mênikå manawi artanipun mênikå longgar, artanipun mênikå sagêd dipunsukakakên dhatêng *Panti Asuhan*, utawi tiyang ingkang mbêtahakên Tumindak mênikå dipunrêmêni såhå angsal pahala saking Gusti Allah. Salajêngipun, tiyang ingkang dipunbiyantu ugi rêmên dhatêng manungså ingkang *dermawan*, satêmah pasadhèrèkanipun tansah rumakêt.

4) Andhap-asor

Piwulang saé ingkang pungkasan, inggih mênikå andhap-asor. Wujud piwulang andhap-asor wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 6 larik 11-16 saking nginggil. Wondéné pêthikanipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

4. **nandukna tingkah paripolah luwês sartå andhap-asor, têmbung ruruh amanis, ora agawé pinggêt atining liyå, supåyå wong liyå nimbangånå mangkono marang kowé.** (IV.6.11-16)

Terjemahan-ipun

4. ***bertingkah lakulah dengan sewajarnya serta rendah hati, berbicaralah yang sopan, serta jangan sampai membuat orang lain kecewa, supaya orang lain menghargai terhadap dirimu.***

Pêthikan *teks* ing nginggil nyariyosakên Kyai sêpuh ngandharakên piwulang saé ingkang pungkasan, inggih mênikå "nandukna tingkah paripolah luwês sartå andhap-asor". Têgêsipun, inggih mênikå tansah sopan såhå andhap-asor. Salajêngipun, anggènipun matur ngginakakên têmbung-têmbung ingkang saé, supados botên ndamêl kuciwaning tiyang sanès såhå tiyang sanès sami angajèni dhatêng tiyang ingkang tansah nindakakên andhap-asor.

Adhêdhasar pêthikan *teks* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih wontên ing pagêsangan, manungså tansah ngêcakakên tumindak andhap-asor. Miturut Poerwadarminta (1939: 11) têgêsipun têmbung "andhap-asor", inggih mênikå "trêp ênggoné ngajéni awaké (ora gumêdhé)". Titikan tiyang gêsang gadhah sipat andhap-asor miturut Al-Haddad (lumantar https://bincang syariah.com/kalam/inilah-ciri-orang-yang-rendah-hati-menurut-sayyid-abdullah-bin-alawi/) kasêrat makatên : (1) purun sukå pambiyantu dhatêng tiyang sanès tanpå nggatosakên kauntungan sanèsipun, (2) sagêd nampi pamrayogi tiyang sanès, såhå (3) botên kêsupèn ngaturakên agunging panuwun dhatêng sok-sintênå kémawon ingkang sukå pambiyantu dhatêng piyambakipun.

Bab andhap-asor ugi dipunwulangakên wontên ing agami Islam. Gusti Allah *berfirman* wontên *QS. Al-Furqan ayat* 63 (https://quran.kemenag.go.id/). Wondéné *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *"Adapun hamba-hamba Tuhan Yang Maha Pengasih itu adalah orang-orang yang berjalan di bumi dengan rendah hati dan apabila orang-orang*

bodoh menyapa mereka (dengan kata-kata yang menghina), mereka mengucapkan salam,"

Pêthikan *ayat* ing nginggil ngandharakên bilih déné manungså ingkang badhé kaparingan ridhå saking Gusti Allah, inggih mênikå manungså mlampah kanthi andhap-asor. Têgêsipun, inggih mênikå wontên ing pundi kémawon, manungså tansah andhap-asor såhå botên ngluhurakên piyambakipun. Salajêngipun, inggih mênikå manawi wontên tiyang sanès matur ngginakakên têmbung-têmbung ingkang kirang pantês, sampun ngantos malês ngginakakên têmbung-têmbung ingkang kirang pantês ugi. Ananging, dipunwangsuli kanthi ngginakakên têmbung-têmbung ingkang saé.

Salajêngipun, bab andhap-asor ugi kasêrat wontên *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Wulangreh* pupuh Sinom pådå 18 (Al-Marie, lumantar https://bambangkhusenalmarie.wordpress.com/2017/12/12/kajian-wulangreh-238-andhap-asor-anamurlampah/). Wontên ukårå "andhap-asor anggoné anamur lampah", têgêsipun inggih andhap-asor anggènipun nindakakên lampah såhå botên ngluhurakên badanipun piyambakipun.

Salajêngipun, pêthikan *teks* ing nginggil jumbuh kaliyan pêthikan *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 6 larik 11-16 saking nginggil, inggih mênikå tansah ngêcakakên tumindak andhap-asor. Wontên ing pagêsangan alam donyå mênikå, tumindak andhap-asor kêdah dipungladhi, supados sampun ngantos nindakakên pangandikan tiyang sêpuh, inggih mênikå botên kénging gadhah sipat adigang, adigung, såhå adigunå. Têgêsipun, inggih mênikå sampun ngantos sampun ngantos ngandêlakên kakiyatan, kaluhuran, såhå kapintêran.

Salajêngipun, tumindak andhap-asor ugi wontên paédahipun. Wondéné paédahipun andhap-asor miturut Cikita (lumantar https://www.idntimes.com/life/inspiration/ruthcikitaoctavianisimarmata/keuntungan-rendah-hatic1c2) kasêrat makatên: (1) manahipun tansah langkung ayêm, (2) langkung kathah kancanipun, såhå (3) tiyang sanès sami angaosi.

d. Sampun ngantos nindakakên tumindak ingkang ngasorakên badanipun piyambak

1) Mélikan

Piwulang *moral* ngasorakên ingkang sapisanan, inggih mênikå mélikan. Wujud piwulang mélikan wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 4 larik 12-16 saking nginggil. Wondéné pêthikanipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

1. mélikan, nyandhang lan mangan kang ora mêtu såkå pêrêsané kringêté dhéwé, liré: "Dhêmên anjêjaluk, ngandêlaké utåwå anjagakaké pawèwèh sartå pitulungané wong liyå, gêdhéné manèh gêlêm anglakoni panggawé ålå, ngêngapusi, nyênyolong, ngutil, nyêbrot, lan sapanunggalané. (IV.4.12-16)

Terjemahan-ipun

1. ingin memiliki, berpakaian dan makan dengan jalan tidak dari hasil keringat kita sendiri. Artinya, mengandalkan atau menunggu pemberian serta pertolongan orang lain. Selebihnya dari itu, maka akan melakukan perbuatan jahat seperti berbohong, lebih parahnya lagi melakukan copet, jambret, dan lain-lain.

Pêthikan *teks* ing nginggil ngandharakên bilih tumindak mélikan mênikå dipuntindakakên kanthi nyandhang såhå nêdhå botên saking asiling nyambut damêl. Têgêsipun, inggih rêmên anjêjaluk såhå ngandêlakên pitulungan saking tiyang sanès. Manawi botên sagêd mujudakên mênåpå ingkang dados

pêpénginanipun, satêmah manungså nindakakên tumindak ingkang awon, kados ngêngapusi, nyênyolong, ngutil, nyêbrot, såhå sanèsipun.

Adhêdhasar andharan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih manungså sampun ngantos nindakakên tumindak mélikan. Têgêsipun mélikan, inggih mênikå "kêpéngin ndarbèni", "arêp ngêpèk" (Poerwadarminta, 1939: 301). Tiyang gêsang sagêd dados mélikan, amargi tiyang mênikå botên sagêd mêpêr håwå nêpsunipun såhå botên munjukakên sukur mênåpå ingkang dados anugrah saking Gusti. Awit saking mênikå, tiyanng mênikå nindakakên tumindak ingkang awon, supados sagêd mujudakên mênåpå ingkang dados pêpénginanipun.

Salajêngipun, bab mélikan mênikå ugi dipunwulangakên wontên agami Islam. Nabi Muhammad SAW *bersabda* wontên *hadits* Hakim bin Hizaam RA (lumantar https://almanhaj.or.id/2981-hukum-meminta-minta-mengemis-menurut-syariat-islam.html). Wondéné *terjemahan*-ipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> *"Wahai Hakiim! Sesungguhnya harta itu indah dan manis. Barang siapa mengambilnya dengan berlapang hati, maka akan diberikan berkah padanya. Barang siapa mengambilnya dengan kerakusan (mengharap-harap harta), maka Allah tidak memberikan berkah kepadanya, dan perumpamaannya (orang yang meminta dengan mengharap-harap) bagaikan orang yang makan, tetapi ia tidak kenyang (karena tidak ada berkah padanya). Tangan yang di atas (yang memberi) lebih baik daripada tangan yang di bawah (yang meminta)".*

Pêthikan *hadits* ing nginggil ngandharakên bilih Nabi Muhammad SAW dhawuh dhatêng Hakim manawi tiyang gêsang nampi samukawis barang kanthi manah ingkang *serakah*, satêmah Gusti Allah botên sukå barokah dhatêng tiyang mênikå. Wontên pêpalih, inggih mênikå "*tangan yang di atas lebih baik daripada*

tangan yang di bawah". Têgêsipun, inggih mênikå tiyang gêsang sampun ngantos asring nyênyuwun dhatêng tiyang sanès tanpå wontên kabêtahan ingkang migunani, milå tiyang gêsang tansah ngupåyå kanggé nyèkapi kabêtahan piyambakipun.

Salajêngipun, pêthikan *ayat* ing nginggil jumbuh kaliyan pêthikan *teks* ingkang kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 4 larik 12-16, inggih mênikå tiyang gêsang sampun ngantos gadhah sipat mélikan. Awit saking mênikå, tiyang gêsang kêdah nêbihi sipat mélikan såhå ngupåyå nyêkapi kabêtahan ingkang migunani tumrap piyambakipun. Al-Ghazzali (lumatar https://islami.co/tiga-cara-mengendalikan-hawa-nafsu/) wontên tigang cårå nêbihakên sipat mélikan. Wondéné tigang cårå mênikå kasêrat makatên: (1) mêpêr pêpénginan, (2) nambah sêsanggan ngibadah dhumatêng Gusti, såhå (3) nyênyuwun pitulungan dhumatêng Gusti ingkang Måhå Agung.

2) Bodho

Piwulang *moral* awon ingkang ångkå kalih, inggih mênikå bodho. Wujud bodho wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 4 larik 17-23 saking nginggil. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

2. bodho, jalaran ora gêlêm sinau, têtakon utawi nênitèni kalakuané wong liyå milih kang ålå lan bêcik, sabab lumrahé wong bodho mau disapirakaké déning sapådhå-pådhå, ånå pakumpulané wong akèh, kalungguhaké ing buri panggonan pêtêng. Yèn ånå rêmbug, ora biså urun-urun anggunêm, barêng gêlêm nyambungi rêmbug, sok kalèru, digêguyu ing akèh. (IV.4.17-23)

Terjemahan-ipun

2. bodoh, penyebab tidak mau belajar, bertanya atau melihat kelakuan orang lain antara baik dan jelek. Sebab sudah bodoh tidak dapat

menempatkan dirinya di dalam pergaulan, ada perkumpulan orang banyak, berada paling belakang. Jika ada diskusi, tidak dapat menyampaikan pendapat. Setelah bergabung diskusi, sering sekali keliru, ditertawakan oleh orang banyak.

Pêthikan ing nginggil nyariyosakên Kyai sêpuh ngandharakên piwulang awon ing *teks* ångkå kalih, inggih mênikå bodho. Tiyang dados bodho, amargi botên rêmên sinau, nyuwun priksa, såhå ningali tumindak tiyang sanès antawisipun ingkang saé såhå awon. Manawi sampun bodho, wontên ing pakêmpalan sampun botên sagêd ngêcakakên piyambakipun. Manawi wontên pirêmbagan, botên sagêd sukå pamanggih såhå asring lêpat, mila asring ugi digêgujêng tiyang sanès.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih tiyang gêsang sampun ngantos gadhah sipat bodho. Miturut Poerwadarminta (1939: 56), têgêsipun têmbung bodho, inggih mênikå "angèl mangrêtiné marang piwulang", "mångså". Wontên gangsal titikan tumrap tiyang ingkang bodho, miturut Utama (https://koinworks.com/blog/ciri-orang-bodoh/). Wondéné titikanipun kasêrat makatên: (1) rêmên nyalahakên tiyang sanès, (2) rumaos langkung lêrês såhå kêdah lêrês, (3) langkung *agresif* manawi wontên prakawis, (4) botên nggatosakên kabêtahanipun tiyang sanès, såhå (5) rumaos langkung saé tinimbang tiyang sanès. Awit saking mênikå, manawi tiyang gêsang nggadhahi sipat bodho, tamtu botên dipunrêmêni tiyang sanès.

Prayoginipun, manawi wontên ing pakêmpalan, tiyang gêsang sagêd mapakakên piyambakipun. Ananging, tiyang gêsang kêdah nggatosakên tåtå krami wontên ing pakêmpalan. Manawi botên sagêd ngêcakakên tåtå krami wontên ing pakêmpalan, satêmah tiyang mênikå botên dipunrêmêni tiyang sanès såhå dipunanggêp tiyang ingkang bodho.

Salajêngipun, wontên ênêm cårå supados tiyang gêsang botên bodho miturut Maulana (https://umroh.com/blog/jangan-jadi-orang-yang-bodoh-ini-6-caramenceg ah-sifat-jahil/), makatên: a) sampun ngantos gampil dukå kanggé urusan ingkang botên migunani, b) micårå kanggé prakawis ingkang wontên paédahipun. c) nggatosakên manawi badhé sukå pamrayogi, d) tansah nyimpên wêwados, e) tansah milih tiyang ingkang sagêd dipunpitados, såhå f) kêdah mangrêtosi tiyang ingkang sagêd dipundadosakên kåncå ingkang saé.

3) Kêsèd

Piwulang *moral* awon ingkang ångkå tigå, inggih mênikå kêsèd. Wujud kêsèd wontên *teks* kawrat ing *naskah Sêrat Piwulang* kåcå 4 larik 24 ngantos kåcå 5 larik 1-4 saking nginggil. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

3. Kêsèd, sungkanan ing samubarang gawé, watêké nyêpa-[5]-ki marang kacingkrangan. Mångkå wong iku yèn tumibå mlarat, gugur kaluhurané, kabèh sing pådhå kacukupan kudu arêp maréntah sartå ora ngajèni, déné kang mlarat mau kêpêksså manut, sabab butuh. (IV.4-5.24-4)

Terjemahan-ipun

3. malas, dalam melakukan sesuatu, sering pilih-pilih. Sifat-[5]-nya menjadi egois atau mencari enaknya saja. Keika dia jatuh miskin, gugur keluhurannya. Orang-orang yang merasa cukup, harus mau memerintah serta tidak menghargai. Adapun yang miskin terpaksa mengikuti perintah karena butuh.

Pêthikan ing nginggil nyariyosakên Kyai sêpuh ngandharakên piwulang awon ingkang ångkå tigå, inggih mênikå kêsèd. Têgêsipun, inggih mênikå manawi nyambut damêl, sipatipun dados kêsèd. Salajêngipun, manawi sampun kacingkrangan, sampun cabar kaluhuranipun. Awit saking mênikå, tiyang ingkang kacingkrangan dipuninå tiyang sanès. Salajêngipun, tiyang ingkang kacingkrangan

mênikå manut préntah saking tiyang ingkang gêsangipun cêkap, amargi sampun botên wontên cårå malih.

